ABATBAY DA'WLETOV

# HA'ZİRGİ QARAQALPAQ TİLİ

## FONETİKA

JOQARI OQIW ORNININ'
FİLOLOGİYA FAKULTETİ USHIN SABAQLIQ

*O'zbekstan Respublikası Joqarı ha'm orta arnawlı bilim ministrligi ta'repinen tastıyıqlang'an*

NO'KIS
«QARAQALPAQSTAN»
2005

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

**Da'wletov A.**
**Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika.** Joqarı oqıw ornının filologiya fakulteti ushın sabaqlıq. No'kis, "Qaraqalpaqstan" baspası, 2005-jıl, 208 bet.

O'zbekstan Ilimler Akademiyasının' akademigi, filologiya ilin lerinin' doktorı, professor Abatbay Da'wletov — qaraqalpaq til bilin onın' ayrıqsha fonetika tarawı boyınsha ko'pten berli jemisli miyn etip kiyatırg'an alım. Onın' to'rtinshi ret ıqshamlastırılıp baspad shıg'arılıp otırg'an bul sabaqlıg'ı joqarg'ı oqıw orınlarının' filolog talabalarına arnalıp jazılg'an. Kitapta ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' sesl du'zilisine segmentlik ha'm supersegmentlik qubılıslar retinc sıpatlama berilgen.

Sabaqlıq joqarı oqıw ornının' oqıw jobası menen bag'darlamaları sa'ykes tayarlang'an.

Juwaplı redaktor:
*filologiya ilimlerinin' doktorı* **M. Qudaybergenov**

Pikir bildiriwshiler:
**M. Da'wletov** — *filologiya ilimlerinin' doktorı;*
**O. Dospanov** — *filologiya ilimlerinin' doktorı, professor;*
**B. Qaliev** — *filologiya ilimlerinin' doktorı, professor;*
**Sh. A'bdina'zimov** — *filologiya ilimlerinin' doktorı.*

D $\frac{4602000000 - 346}{M - 357(04) - 2005}$ B — 2005

ISBN 5- 8272 - 0285 - 1

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2005

## ALG'I SO'Z

Joqarg'ı oqıw orınlarının' tariyxında birinshi ma'rtebe „Qaraqalpaqstan" baspası ta'repinen 1979-jılı talabalarg'a arnalg'an „Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika, leksikologiya" sabaqlıq kitabı baspadan shıqqan edi. 1994-jılı bul kitap „Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika" degen at penen qayta islenip, tolıqtırılıp, 14 baspa tabaq ko'leminde ekinshi ret basıp shıg'arıldı. 1999-jılı bul kitap tolıqtırılıp 21 baspa tabaq ko'leminde 3-ret baspadan shıqtı. Kitaptın' ol basılımı bes jıl mu'ddette oqıytug'ın talabalarg'a, aspirantlar ha'm qa'nigeli xızmetkerlerge arnalg'an edi. Endi bakalavryattın' ashılıwı ha'm oqıw mu'ddetinin' to'rt jılg'a kemiwi menen oqıw saatlarının' ıqshamlasıwı na'tiyjesinde kitaptın' 3-basılımındag'ı ayırım temalardı qısqartıwg'a, ayırımların pu'tkilley alıp taslawg'a tuwra keldi. Bakalavrlar ushın qıyınshılıq tuwdıratug'ın, magistraturada yamasa aspiranturada u'yreniliwi mu'mkin bolg'an ayırım teren' teoriyalıq mazmundag'ı temalar: „Qaraqalpaq tili seslik du'zilisin izertlewdin' teoriyalıq derekleri", „Tildegi ulıwmalıq seslik qubılıslar", „Fonemanın' sistema do'retiwge qatnası", „Singarmonizmnin' ta'biyatı", „Singarmonizmnin' fonologiyalıq xızmeti" ha'm t.b.; sonday-aq „Tu'rkiy tilleri seslik du'zilisinin' izertleniwi", „Qaraqalpaq tili seslik du'zilisinin' izertleniwi", „Singarmonizmnin' izertleniwi" temaları sabaqlıqtın' bul basılımına kirgizilmedi. Son'g'ı u'sh tema jo'ninde „Qaraqalpaq til biliminin' tariyxı" (Da'wletov A., Qudaybergenov M. No'kis, 2001, 13-23 b.b.) kitabında mag'lıwmat berilgenligi esapqa alındı. Sonday-aq sabaqlıqtın' bul basılımında su'wretlerdin' ko'pshiligi qısqartıldı.

Solay etip, „Fonetika" sabaqlıg'ının' a'dewir jetilistirilip qayta isleniwi, sonday-aq bakalavryat ushın ıqshamlıraq sabaqlıqtın' talap etiliwi, en' baslısı a'welgi basılımlarının' oqıwshılar qolına tarqalıp ketip, siyrek ushırasatug'ın kitaplar qatarınan orın alıwı,

solay etip bul кitaptın' ha'zir oqıp atırg'an talabalar qolında bolmawı onı qayta basıp shıg'arıwdın' za'ru'rligin tuwg'ızdı.

Bul кitap avtordın' usı ilim tarawı boyınsha islep ju'rgen ilimiy miynetinin' ha'm usı atamadag'ı кurstan joqarı oqıw orınlarında кo'p jıllardan berli oqıp ju'rgen leкtsiyalarının' jemisi bolıp tabıladı. Sabaqlıq joqarg'ı oqıw orınlarının' „Qaraqalpaq tili ha'm a'debiyatı" qa'nigeligine arnalıp du'zilgen usınday atamadag'ı oqıw bag'darlamasına sa'yкes кeledi.

Sabaqlıqta tiyкarınan qaraqalpaq til biliminde qa'liplesip turaqlasqan, кo'pten berli jumsalıp sin'isip кetкen tiyкarg'ı tu'sinikler ha'm atamalar qollanıldı. Sonın' menen qatar tyurкologiyalıq a'debiyatlarda basqa avtorlar ta'repinen ele paydalanılmag'an tu'sinikler menen atamalar da tartınbay qollanılg'an. Bulardın' qatarına qaraqalpaq tilindegi fonetiкalıq diftonglardın' fonemalıq quramın anıqlawdı, ayırım fonemalarg'a artiкulyatsiyalıq ha'm aкustiкalıq jaqtan sıpatlama beriwdi ha'm t. b. nı кirgiziwge boladı. Sonday-aq lingvistiкa iliminin' jan'alıqları tiyкarında ayırım burıng'ı tu'sinikler qayta qaralıp, geypara o'zgerisler engizildi. Kitaptın' en' a'welgi basılımındag'ıdan o'zgeshe piкirlerdi dawıssızlardın' fonemalıq quramın qayta qarap shıg'ıwdan, singarmonizm ha'm pa'tкe baylanıslı bo'limlerden кo'riwge boladı. Sonday-aq orıs tilinen tiккeley alıng'an bir qansha atamalar mu'mкin bolg'anınsha qaraqalpaqsha so'zler menen almastırıldı.

Avtor o'zinin' esitiw ha'm so'ylew ag'zaları ta'repinen sezgen jay baqlawların кereк orınlarda eкsperimental mag'lıwmatlar menen tolıqtırdı. Ko'rsetpeli materiallar sıpatında кitapta rentgenogramma, palatogramma, su'wretleri paydalanıldı. Bul materiallar sabaqlıqtag'ı tiyкarg'ı tu'sinikler ha'm piкirlerdi tastıyıqlap, olardın' isenimli bolıwın ta'miyin etedi.

Sabaqlıqta onın' tu'siniwge qolaylı bolıwına ha'm bayanlawdın' ilimiyliginin' qatan' saqlanıwına ayrıqsha dıqqat awdarıldı.

Tildin' seslik du'zilisi jo'ninde miynetler do'retiw til biliminin' basqa tarawlarına salıstırg'anda u'lкen o'zgeshelikler ine ha'm qıyınshılıqlarına iye. Sonlıqtan sabaqlıqtın' aldag'ı waqıtta ele de jetilisiwi ushın o'zlerinin' bahalı piкirlerin bildiretug'ın qa'nigelerge o'zimizdin' minnetdarshılıg'ımızdı bildiremiz.



# FONETİKA – TİL SESLERİ HAQQINDA İLİM

## §1. Fonetikanın' izertlew obekti

Ja'miyette en' za'ru'rli ha'm og'ada a'hmiyetli xızmetti — adamlar ortasında qarım-qatnas jasaw quralı wazıypasın atqaratug'ın til seslerden quraladı. Tildin' o'mir su'riwi, jasawı sesler arqalı bolatug'ınlıg'ı, oylawımızdın' tiккeley shınlıqqa aylanıwı til arqalı, til sesleri arqalı isкe asatug'ınlıg'ı ilimpazlar ta'repinen tolıq da'liyllengen edi. Tildin' usı seslik ta'repi ha'm seslerge baylanıslı bolg'an tu'rli qubılıslar til biliminin' fonetiкa tarawında izertlenedi. Tildegi seslerdin' jasalıwın ha'm esitiliwin, seslerdin' qurılısın, tu'rli seslik nızamlardı (singarmonizm, seslerdin' almasıwı, qısqarıwı, tu'sip qalıwı ha'm t.b.), tildin' buwın qurılısın, pa't normasın, intonatsiyasın fonetiкa ilimi izertleydi. Sonday-aq so'zlerdin' durıs aytılıwı ha'm jazılıw qa'deleri de fonetiкag'a baylanıslı ma'seleler bolıp sanaladı.

Tildegi barlıq sesler tutas bir sistemanı quraydı. Bul sestin' tutas til sistemasına кiretug'ınlıg'ı onın' tildegi basqa seslerge qatnasında, qarama-qarsı qoyılıwında, o'z-ara salıstırılıwında anıq кo'rinedi. Tildin' fonemalıq qurılısın anıqlaw, qansha dawıslı ha'm dawıssızlardın' o'z aldına dara fonema xızmetinde jumsalatug'ınlıg'ın, olardın' so'z ma'nisin ha'm formasın ayırıwg'a qatnasın anıqlaw ayrıqsha a'hmiyetкe iye boladı. So'zde geypara jag'daylardın' sebebinen ayırım seslerdin' tu'sip qalıw yamasa almasıw qubılısları ushırasadı. Sonday-aq qon'sılas seslerdin', buwınlardın' o'z-ara ta'sirine baylanıslı, pa'tкe ha'm tag'ı basqa fonetiкalıq jag'daylarg'a baylanıslı sesler belgili da'rejede o'zgerislerge ushırap, bir-birine u'ylesip кeledi. Mine, bunday qubılıslardın' barlıg'ı fonetiкanın' birden-bir tiyкarg'ı izertlew obeкti bolıp tabıladı.

A'lbette, til sesleri adamnın' so'ylew ag'zalarının' tiккeley qatnası arqalı jasaladı. So'ylew ag'zaları adamlardın' biologiyalıq



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

jaqtan tirishilik etiw ushın kerekli bolg'an mu'sheleri xızmetin atqarıw menen birge olardın'(adamlardın') ja'miyettegi en' a'hmiyetli qatnas quralı bolg'an tildi, so'ylewdi payda etiwshi ag'zaları bolıp ta sanaladı. Tildegi sesler birinen son' biri izbe-izlik penen aytıladı, al bir neshe sesti bir waqıtta ten'inen aytıw mu'mkin emes. Tilde aytılatug'ın sesler ta'biyattag'ı tolıp atırg'an seslerdin' bir tu'ri bolıp, olardın' ha'r qaysısı o'zlerine ta'n akustikalıq sıpatlamasına iye boladı. So'ylew ag'zaları ha'm olardın' seslerdi payda etiwdegi xızmeti, seslerdin' akustikalıq ta'repi fonetikada izertlenedi. Buwın, pa't, intonatsiya til sesleri menen tıg'ız baylanıslı boladı. Olardı bildiretug'ın ayrıqsha sesler joq. Basqasha aytqanda buwın, pa't, intonatsiya tildin' materiallıq ta'repi, fizikalıq forması bolg'an seslerden bo'lek turmaydı. Kerisinshe, olar til birlikleri bolg'an sesler menen birlikte, sesler arqalı tutas so'zlerde ha'm ga'plerde ko'rinedi. Sonlıqtan tildegi sesler arqalı ju'zege shıg'atug'ın bunday qubılıslar da fonetikada izertlenedi.

Bizin' ha'zirgi jazıwımız (kirill, latın jazıwları) seslik jazıw bolıp, ha'r bir seslik tip — ha'r bir fonema (geyde birneshe fonemalar) qabıl etilgen sha'rtli tan'ba menen belgilenedi. A'lipbedegi ha'riplerden, barlıq sha'rtli tan'balardan durıs paydalanıp, so'zlerdi ha'mme bir qıylı etip durıs jazıw ma'seleleri ko'pshilik jag'dayda fonetikag'a baylanıslı sheshiledi. Sonday-aq awızsha so'ylew o'z normasına, o'zgesheligine iye boladı. Awızsha so'ylew mudamı jazıw menen sa'ykes kele bermewi mu'mkin. Tildin' awızsha ha'm jazba ta'repleri bir-birine tıg'ız baylanıslı bolıw menen birge olar ayırmashılıqlarg'a da iye boladı. Tildin' awızsha so'ylew normaları, jazıw qa'deleri tikkeley fonetikag'a baylanıslı du'ziledi. Tildin' awızsha ha'm jazba ta'repleri fonetikanın' tikkeley izertlew obektine kiredi.

## §2. Fonetikanın' a'hmiyeti ha'm til biliminin' basqa tarawları menen baylanısı

So'zlerdi grammatikalıq baylanısqa tu'sirip, ga'p quraw arqalı adam o'z oy-pikirin bildiredi. So'z ha'm ga'p ma'ni bildiretug'ın til birlikleri boladı. Ses jeke turıp semantikalıq ma'ni bildire



almaydı, biraq so'zlerdin' o'zi seslerden quraladı. Sonlıqtan so'z ha'm ga'p penen seslerdi bir qatarg'a qoyıp, olardın' u'shewin ten'dey qatnastag'ı til birlikleri dewge bolmaydı. Til birlikleri ortasında seslerdin' tutqan ornın belgilewde, a'sirese, proffessor L.R. Zinderdin' mına pikiri itibarg'a ılayıq: „Tilde traditsiyalıq tu'sinik bolg'an ha'r qıylı u'sh element bir-birinen ayırılıp turadı: sesler, grammatika ha'm so'zlik degen pikir qayta qarawdı talap qıladı. Seslik ta'repi bul tildin' u'shinshi bir elementi emes, al so'zlerdin' ha'm grammatikalıq usıllardın' jasawının' za'ru'rli forması. So'zlik ha'm grammatikalıq qurılıs tildin' mazmunın qurasa, al seslik ta'repi tildin' materiallıq negizin, onın' fizikalıq formasın quraydı desek boladı.[1] Solay etip sesler so'zlerdin', grammatikalıq formalardın', ulıwma tildin' o'mir su'riwin ta'miyin etiwshi en' za'ru'rli til birligi bolıp sanaladı.

Fonetika a'meliy jaqtan da u'lken a'hmiyetke iye boladı. Mekteplerde sawatlılıqqa u'yretiw — durıs oqıtıw, durıs jazdırıw metodikasının' ko'p g'ana ma'seleleri fonetikag'a baylanıslı sheshiledi. Tildin' awızsha ha'm jazba ta'replerinin' o'z-ara baylanısı menen ayırmashılıqların esapqa alıw oqıwshılardı sawatlılıqqa u'yretiwde u'lken a'hmiyetke iye boladı.

Burın jazıwı bolmag'an xalıqlardın' a'lipbesi menen jazıwın do'retiw, burın jazıwı bar xalıqlardın' jazıwın tag'ı da jetilistiriw sıyaqlı a'meliy jaqtan u'lken a'hmiyetke iye bolg'an ma'seleler fonetikag'a tiykarlana otırıp sheshiledi. Tildin' awızeki so'ylew qa'delerin tolıq bilgende g'ana ko'pshilikke amalg'an bayanatlardı, radio xabarların durıs oqıw mu'mkin. A'debiy tildin' imla qa'delerin belgilew bolsa, fonetikanın' a'meliy jaqtan baslı ma'selelerinin' biri bolıp esaplanadı.

Fonetika, leksikologiya, morfologiya, sintaksis ha'zirgi qaraqalpaq til biliminin' bo'lek-bo'lek tarawları bolıp, olar bir-birinen u'lken o'zinshelik o'zgeshelikleri, keskin ayırmashılıqlarına iye bolıw menen bir qatarda o'z-ara tıg'ız baylanıslı da boladı. O'ytkeni bul tarawlardın' ba'rinin' de izertleytug'ın birden-bir obekti — ha'zirgi janlı qaraqalpaq a'debiy tili. Ha'zirgi qaraqalpaq til biliminin' joqarıda ko'rsetilgen ha'r bir tarawı qaraqalpaq tilinin' belgili bir ta'repin jan-jaqlı teren' izertleydi.

[1] *Зиндер Л. Р.* Общая фонетика. Л., 1960, 8-бет.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Bul izertlewde tutas tildin' basqa ta'repleri de na'zerden sırtta qalmawı tiyis.

Leksikologiya, morfologiya ha'm sintaksiste tildin' fizikalıq (seslik) ta'repine ayrıqsha itibar berilmesten-aq, onın' ma'ni an'latıwshılıq ta'repi na'zerde tutıladı; bul tarawlardın' izertlew obekti tildin' dara turg'anda ma'ni bildiretug'ın birlikleri — so'z, so'z dizbegi, ga'pler boladı. Fonetika bul tarawlar ortasında ayrıqsha orın tutadı. O'ytkeni fonetikanın' izertlew obekti bolg'an ses o'z-o'zinen semantikalıq ma'ni bildirmeydi. Al sesler so'zlerde jumsalıp, so'zlerdin' ma'nisin ha'm formasın o'zgertiwge tikkeley qatnasadı. Sonlıqtan fonetika tildin' sotsiallıq ta'repi menen bir qatarda onın' fizikalıq-akustikalıq jag'ın da izertleydi.

Fonetika o'z aldına ilim sıpatında grammatikag'a da, leksikologiyag'a da qarama-qarsı qoyılatug'ın tildin' ayrıqsha tarawı ekenligine ko'pshilik ilimpazlar o'z waqtında u'lken dıqqat awdarg'an edi. Sonın' menen birge fonetika leksikologiya, morfologiya ha'm sintaksis penen tıg'ız baylanıslı boladı. Fonetikanın' leksikologiya menen baylanıslı ekenligi sonda — leksikologiyanın' negizgi izertlew obekti bolg'an so'zler bir-birinen sesler arqalı, seslik o'zgeshelikleri arqalı ayırılıp turadı. Tek tildegi omonim so'zler g'ana seslik o'zgesheliklerisiz-aq ha'r tu'rli ma'ni bildiredi. Mısalı: *tal* — atlıq so'z ma'nisinde, *tal* — feyil so'z ma'nisinde; *at* — atlıq, *at* — feyil ma'nisinde ha'm t.b. So'zlerdin' seslerden quralatug'ınının' o'zi fonetika menen leksikologiyanın' baylanıslı ekenligin ko'rsetedi.

Fonetika morfologiya menen baylanıslı boladı. So'zlerge ha'r qıylı morfologiyalıq formalar qosılıw arqalı seslerdin' o'zgeriwleri, almasıwları, tu'birdin' son'g'ı buwınının' juwan ya jin'ishkeligine qaray qosımtalardın' juwan, jin'ishke bolıp keliwi ha'm tag'ı basqalar fonetika menen morfologiyanın' tıg'ız baylanıslı ekenin ko'rsetedi: Mısalı: *kitap-kitabı, shanaq-shanag'ı, balalı-bilimli, jetker-atqar* ha'm t.b.

Fonetika sintaksis penen de baylanıslı boladı. Xabar, u'ndew, soraw, buyrıq sıyaqlı ga'plerdin' ha'r bir tu'ri o'zlerine ta'n bolg'an intonatsiyasına iye boladı. Olar aytılıwda intonatsiyalıq jaqtan bir-birinen ayrılıp turadı. Sonday-aq bir tu'rli ga'plerdin' o'zi ha'r qıylı jag'daylarg'a, ortalıqqa baylanıslı tu'rlishe intonatsiya menen aytılıwı mu'mkin. Kerekli so'zlerge tın'lawshının' dıqqatın



awdarıw ushın pa't qoyıp, ko'terin'ki aytıw, ayırım ga'p ag'zalarınan keyin pauza islew, tutas ga'ptegi so'zlerdin' melodikalıq jaqtan qubılmalı (ba'lent-pa's, sozımlı-qısqa) bolıp aytılıwı — mine, bulardın' ba'ri oy-pikirdin' anıq ha'm tu'sinikli bolıwın ta'miyin etedi. Frazalıq pa't, pauza, melodika — intonatsiyanın' ajıralmas sın'arları. Al, intonatsiya bolsa, seslik qubılıs bolıp sanaladı. Bunnan fonetikanın' sintaksis penen baylanıslı ekeni an'lanadı.

Fonetika lingvistikalıq emes ilimler menen de baylanıslı boladı. Fonetika ba'rinen burın akustika ha'm fiziologiya menen baylanıslı. Fonetika sonday-aq meditsinanın' ayırım tarawları menen de baylanıslı boladı.

## § 3. Fonetikanın' tarawları

Fonetika tildegi seslerdi ha'm seslerge baylanıslı bolg'an barlıq qubılıslardı ha'r ta'repleme tolıq izertleydi. Seslerdin' so'ylew ag'zaları ta'repinen jasalıwı, olardın' akustikalıq sıpatlaması, seslerdin' ha'r qıylı tariyxıy da'wirlerde o'zgerisler menen rawajlanıp keliwi, ha'zirgi tildegi jag'dayı, bir topardag'ı ha'm ha'r qıylı topardag'ı tillerdin' seslik jaqtan jaqın-alıslıg'ı sıyaqlı bir-birine baylanıslı bolg'an, sonın' menen birge ha'r qaysısın o'z aldına alıp, teren' izertlewdi talap etetug'ın bul ma'seleler fonetikanın' ha'r tu'rli tarawlarında so'z etiledi. Fonetikanın' o'zi sol tarawlardın' jıynag'ınan turadı.

Jeke tildin' seslik du'zilisi sol jeke tildin' fonetikasında u'yreniledi. Ma'selen, qaraqalpaq tilinin' seslik du'zilisi qaraqalpaq tilinin' fonetikasında, orıs, o'zbek, qazaq tilinin' seslik du'zilisi, sa'ykes sol tillerdin' fonetikalarında izertlenedi. Jeke tildin' fonetikası menen birlikte til biliminde ulıwma fonetika da boladı. Ulıwma fonetika du'nya tillerinin' seslik du'zilisine baylanıslı bolg'an ulıwmalıq, ortaq ma'selelerdi izertleydi: adamnın' so'ylew ag'zalarının' artikulyatsiyalıq[1] mu'mkinshilikleri, seslik qubılıslardın' ta'biyatın, seslerdi payda etiwdin' ulıwmalıq jag'dayın, seslerdin' o'zgeriwinin' ha'm dizbeklesiwinin' ulıwmalıq nızamlılıg'ın, seslerdi klassifikatsiyalawdın' jolların ha'm t.b.

[1] **Artikulyatsiya** — latınsha *artikulare* "bo'lek-bo'lek aytıw" degen so'zden jasalg'an



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ma'selelerdi izertleydi. Ulıwma fonetika ko'pshilik du'nya tillerinin' materiallarına su'yenedi. Sonlıqtan ulıwma fonetika jeke fonetika menen tıg'ız baylanıslı boladı. Jeke fonetika seslik qubılıslardı tildin' rawajlanıwının' ha'zirgi qa'lpindegi jag'dayında sıpatlawı mu'mkin. Sonday-aq til seslerinin' belgili da'wir dawamında rawajlanıw, o'zgeriske ushıraw sebeplerin ha'm basqa tuwısqan tiller menen baylanısın salıstırıp izertlew mu'mkin. Sonlıqtan jeke fonetikanın' o'zi tariyxıy fonetika, salıstırma fonetika ha'm sıpatlama fonetika sıyaqlı tarawlardan turadı.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde jumsalıp ju'rgen sesler aytılıwı jag'ınan da, atqaratug'ın xızmeti jag'ınan da, seslik qurılısı jag'ınan da a'yyemgi turısınan tap ha'zirge shekem hesh o'zgerissiz sol qa'lpinde a'wladtan-a'wladqa o'tip kelgen emes. Kerisinshe, tariyxıy waqıtlar o'tiw menen ayırım seslerdin' tu'sip qalıw, ayırım seslerdin' jan'adan payda bolıw qubılısları na'tiyjesinde tildin' seslik quramı rawajlanıp kelgen. Tildin' seslik qurılısının' ha'r tu'rli tariyxıy da'wirlerde rawajlanıp, o'zgerislerge ushırawın ha'm ol o'zgerislerdin' sebebin tariyxıy fonetika izertleydi.

Bul tildin' seslik qubılısları sol tildegi jaqın, tuwısqan bolg'an basqa tildin' seslik qubılısları menen salıstırıla otırıp u'yrenilse, olar ortasındag'ı ulıwma ha'm ayırmashılıq belgileri anıqlanadı. Bul ayırım tildin' bir toparg'a kiretug'ın basqa tillerden o'zgesheligin ha'm usaslıq ta'replerin ashıwda u'lken a'hmiyetke iye. Sonday-aq, o'z-ara usamaytug'ın ha'r tu'rli toparg'a kiretug'ın tillerdin' seslik sistemasın salıstıra otırıp, ol tillerdin' nızamlı ayırmashılıqların ko'riw mu'mkin. Tillerdi salıstıra otırıp u'yreniw, ana tilinen shet tilinin' o'zgesheliklerin sanalı tu'rde o'zlestiriw basqa tillerdi durıs ha'm tez u'yreniwge sebepshi boladı. Salıstırma fonetika — fonetikanın' ayrıqsha bir tildin' seslerin basqa tillerdin' sesleri menen salıstıra otırıp izertleytug'ın tarawı. Salıstırma fonetika mudamı tariyxıy fonetika menen tıg'ız baylanısta boladı.

Sıpatlama fonetika tildin' rawajlanıwının' ha'zirgi o'mir su'rip turg'an da'wirindegi seslik qurılısın, ondag'ı fonemalar sistemasın, fonemalardın' ishki o'z-ara baylanısın anıqlaydı. Tildin' fonemalıq qurılısın anıqlawda fonemalardın' tariyxıy shıg'ısı ha'm rawajlanıwı da esapqa alınadı. Sıpatlama fonetikada seslerdin' o'zgeriw ha'm rawajlanıw tariyxı ha'zirgi tildin' fonetikalıq sistemasın anıqlawdın'



qosımsha qurah retinde paydalanıladı. Bunday bag'dardag'ı fonetikalıq izertlewdi son'g'ı da'wirde fonologiya[1] dep ataydı.

Sıpatlama fonetika seslerdin' fiziologiyalıq-artikulyatsiyalıq, fizikalıq-akustikalıq ha'm lingvistikalıq ta'replerin izertleydi. Seslerdin' jasalıwında so'ylew ag'zalarının' atqaratug'ın xızmeti (geyde bul fiziologiyalıq fonetika dep te ju'rgiziledi), qanday seslerdin' esitiw ag'zalarında qanday ta'sir qaldıratug'ınlıg'ı (seslerdin' akustikalıq ta'repi), so'zlerdin' ma'nisin ha'm formasın ayırıwda jeke seslerdin' qanday xızmet atqaratug'ınlıg'ı sıyaqlı ma'seleler usı sıpatlama fonetikada izertlenedi. Bulardın' ishinde seslerdin' ma'ni ha'm forma ayırıwshılıq xızmeti, yag'nıy qatnas jasaw qurah retinde jumsalatug'ın ta'repi baslı a'hmiyetke iye boladı. Seslerdin' usı semantikalıq ta'repi fonetikanı ja'miyetlik ilim bolg'an lingvistikag'a kirgizedi. Solay etip izertlewdin' maqseti ha'm usılına qaray fonetika bir jag'ınan ulıwma fonetika ha'm jeke fonetika bolıp bo'linse, ekinshi jag'ınan sıpatlama fonetika, tariyxıy fonetika ha'm salıstırma fonetika bolıp bo'linedi. Bul sabaqlıqta ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' sıpatlama fonetikası haqqında so'z etiledi.

## § 4. Fonetikanın' izertlew usılları

Fonetika anaw yamasa mınaw seslik qubılısqa fonologiyalıq ko'z-qarastan qaraytug'ın bolsa, ol til biliminin' leksikologiya, morfologiya ha'm sintaksis tarawları qollanatug'ın usıllardan paydalanadı. Aytayıq, fonemalardın' so'zlerde tu'rli kombinatsiyalarda jumsalıwı, fonetikanın' leksikologiya ha'm grammatika menen baylanısı, fonetikalıq qubılıslardın' o'z-ara baylanısı ha'm t.b. jo'ninde so'z etilgende janlı tildin' faktlerine tiykarlanıladı.

Fonetikada tiykarınan eki tu'rli usıl — obektivlik ha'm subektivlik usıllar bolıp, olar bir-birin tolıqtırıp otıradı. A'dette seslik qubılıslardın' sırların esitiwimiz arqalı ha'm so'ylew ag'zalarımızdın' ha'reketi arqalı biliwge tırısamız. Bulay etip baqlaw ju'rgiziw subektivlik usıl tiykarında boladı.

[1] **Fonologiya** — grekshe *phono* — "ses, dawıs", *logos* — "ilim" degen so'zlerden kelip shıqqan.

A'dette awızeki so'ylew barısında ushırasatug'ın ko'p g'ana seslik qubılıslar so'ylewshi ha'm tın'lawshı ta'repinen elestirilmeydi. So'zlerdegi sesler burınnan da'stu'r boyınsha qa'liplesip qalg'an ko'nligiwler tiykarında qabıl etiledi. Mısalı: at, bet, ot, o't so'zlerindegi t fonemasının' to'rt tu'rli ekenligin, balalar degen bir so'zdin' o'zindegi birinshi, ortan'g'ı ha'm son'g'ı buwınlardag'ı a dawıslı fonemasının' sozımlılıg'ı ha'm akustikalıq sıpatı jag'ınan u'sh tu'rli ekenin so'ylewshi de, tın'lawshı da itibarg'a almaydı. Bunday seslik ayırmashılıqlar fonetikada u'lken a'hmiyetke iye. O'ytkeni usınday ha'r qıylı seslik ayırmashılıqlar kem-kem o'tkirlesip, keleshekte jan'a fonema do'reliwi mu'mkin. „Sana salasına tikkeley ele o'tpegen, fiziologiyalıq ha'm fizikalıq tarawda bolıp atırg'an ayırım qubılıslar lingvist ushın og'ada u'lken a'hmiyetke iye bolıwı mu'mkin. O'ytkeni ol qubılıs keleshek o'zgerislerdin' nıshanı bola otırıp, waqıttın' o'tiwi menen tillik oylawdın' qaramag'ına o'tiwi itimal"[1].

Til seslerinin' ta'biyatın tolıq biliw ushın subektivlik usıl ele jetkiliksiz. Obektiv o'mir su'riwshi seslik qubılıslar obektivlik usıllar tiykarında izertleniwi za'ru'r. Basqasha aytqanda, olar tu'rli eksperimentler ja'rdeminde izertleniwi kerek. Til seslerine qoyılatug'ın eksperimentler, a'lbette, eksperimentallıq fonetikada izertlenedi. Eksperimentallıq fonetika til biliminin' fonetikasının' ayrıqsha tariyxıy fonetika, salıstırma fonetika, sıpatlama fonetika sıyaqlı tarawı emes, al seslik qubılıslardı ha'r tu'rli a'spablar ja'rdeminde izertleytug'ın usıl bolıp tabıladı.

Ha'zirgi da'wirde fonetikalıq izertlewlerde tu'rli apparatlardın' ja'rdeminde g'ana anaw yamasa mınaw seslik qubılıslar jo'ninde anıq juwmaqqa keliw mu'mkin. A'sirese seslerdin' aytılıwı ha'm esitiliwi ma'selelerin tekserge nde eksperimental usıl ku'ta' za'ru'rli boladı. O'ytkeni „...ha'tte na'zik seslerdi esitiwge u'yrengen, shınıqqan qulaqtın' o'zi sol seslerdi sol qa'lipte emes, al jeke oylawı negizinde ko'nligiwi boyınsha qabıl etedi"[2] dep jazg'an edi akademik L.V. Sherba.

Eksperimentallıq fonetikada tiykarınan to'rt tu'rli usıl qollanıladı: grafikalıq usıl (kimogramma, ostsillogramma sızıqları), seslik usıl (plastinka, magnitafon plenkası), somatikalıq usıl (foto-rentgen, palatogramma su'wretleri), spektrografiyalıq usıl (spektrogrammalar).

[1] *Щерба Л. В.* Языковая система и речевая деятельность Л., 1974, 137-bet.
[2] *Sonda.*



## § 5. Fonetikanın' izertlew aspektleri haqqında tu'sinik

Til seslerin u'yreniw og'ada quramalı qubılıs. Sonlıqtan seslerdi ha'r tu'rli ko'z-qarastan izertlew talap qılınadı. Birinshiden, en' aldı menen til seslik til bolg'anlıqtan ta'biyattag'ı tolıp atırg'an basqa sesler sıyaqlı til sesleri de o'zinin' fizikalıq ta'biyatına iye boladı ha'm ol fizikada u'yreniledi. Bul til seslerinin' fizikalıq aspekti boladı. Ekinshiden, so'ylew ha'm qabıl etiw adam ta'repinen iske asırılatug'ın qubılıs. So'ylew belgili da'rejede adam organizminin' atqaratug'ın xızmeti bolg'anlıqtan ol anatomiyalıq-fiziologiyalıq ko'z-qarastan qarap ta izertlenedi. U'shinshiden, til seslerinin' en' a'hmiyetli jag'ı sonda, olardın' ja'rdeminde adam o'z oy-pikirin bayanlaydı. Basqasha aytqanda, til sesleri ja'miyette qatnas quralı xızmetin atqaradı. Bul seslerdin' en' baslı ta'repi, sotsiallıq (lingvistikalıq) ta'repi bolıp tabıladı. Fonetika lingvistikalıq ilim sıpatında seslerdin' sotsiallıq ta'repine ko'birek itibar beredi. Sonın' menen birge fonetika anaw ya mınaw seslik qubılıstı durısıraq ha'm teren'irek tu'sindiriw ushın fizikalıq, fiziologiyalıq materiallardan da paydalanadı.

Seslerdin' fizikalıq ha'm fiziologiyalıq ta'replerinin' izertleniwinin' o'zi olardın' (seslerdin') lingvistikalıq xızmetin ha'r ta'repleme teren'irek u'yreniwge bag'darlanadı.

## § 6. Fonetikanın' akustikalıq ta'repi. Tiykarg'ı akustikalıq tu'sinikler

Ta'biyattag'ı seslerdin' ulıwma teoriyası fizikanın' akustika[1] bo'liminde izertlenedi. Til sesleri ta'biyattag'ı tolıp atırg'an basqa sesler sıyaqlı hawanı terbeltip, onı tolqın ta'rizli ha'reketke keltiriw na'tiyjesinde jasaladı. Ses o'tetug'ın ortalıq hawa ken'isligi boladı.

[1] **Akustika** — grekshe *akustikos* "esitiliw" degen so'zinen alıng'an.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Til sesleri dawıs shımıldıg'ının' dirildewi ha'm hawa ag'ımının' so'ylew ag'zaları diywallarına ta'sir etiwi na'tiyjesinde payda boladı.

Seslerge akustikalıq jaqtan sıpatlama beriwde ses ırg'ag'ı, ses ku'shi, ses tembri, seslerdin' sozımlılıg'ı menen birlikte rezonanslıq qubılıslar ko'zde tutıladı. Ses ırg'ag'ı belgili waqıt birligindegi payda etilgen dirildinin' mug'darına baylanıslı boladı.[1] Waqıt birligi retinde sekund o'lshemi jumsaladı. Dirildinin' mug'darı qanshelli ko'beyse, ses ırg'ag'ı sonshelli ku'sheyedi, kerisinshe, dirildinin' mug'darı qanshelli azaysa, ses ırg'ag'ı pa'seyedi. Ses ırg'ag'ın payda etiwshi terbelis jiyiligi terbeliwshi denenin' massasına keri proportsional, al denenin' tıg'ızlıg'ına (ma'selen, tardın' tartılıw da'rejesi) tuwra proportsional boladı. Basqasha aytqanda, denenin' turqı qanshelli u'lken bolsa ha'm tıg'ızlıg'ı bosan' bolsa, belgili waqıt birligindegi payda bolatug'ın terbelis jiyiliginin' mug'darı az bolıp, ses pa'sen' shıg'adı. Kerisinshe, denenin' turqı qanshelli kishi bolsa yamasa tıg'ızlıg'ı qattı bolsa, belgili waqıt birliginde payda bolatug'ın terbelis jiyiliginin' mug'darı ko'p bolsa, ses ba'lent shıg'adı.

Erlerdin' dawıs shımıldıg'ı hayallardın' dawıs shımıldıg'ına qarag'anda qalın'ıraq ha'm uzınlaw, yag'nıy turqı u'lkenirek. Sonlıqtan da erlerdin' dawısı pa's (juwan) hayallardın' dawısı ba'lent (jin'ishke) boladı.

Ses ırg'ag'ı gerts penen o'lshenedi. Sekundına bir tolıq terbelis bir gerts (gts) boladı. Eger de ses payda etiwshi dene bir sekundta 300 ret jiyilikte terbelse (dirildese), onda 300 gts jiyiliktegi ses payda etiledi. Adamnın' qulag'ı shama menen 16 gts ten 20 mın' gts aralıg'ındag'ı jiyiliktegi seslerdi esitiw uqıbına iye boladı. 16 gts esitiliwdin' en' to'mengi shegarası, al joqarg'ı shegarası adamnın' jas o'zgesheligine qaray 20 mın' gts ten to'menlewi mu'mkin. 16 gts ten to'mengi jiyilikte payda etilgen ses (ma'selen, jer silkiniwde jer qırtıslarının' terbelisi) infra ses, al 20 mın' gts ten joqarg'ı jiyiliktegi ses ultra ses dep ataladı. İnfra ha'm ultra seslerdi adam qabıl etiw uqıbına iye emes.

Sesler ton (dawıs) ha'm shawqımnan jasaladı. İzbe-izli ta'kirarlang'an terbelis na'tiyjesinde payda bolg'an ses ton (dawıs), al izbe-izli ta'kirarlanbag'an terbelis na'tiyjesinde payda bolg'an

[1] *М. И. Матусевич.* Введение в общую фонетику. М., 1959, 19-бет.



ses shawqım dep ataladı. Dawıslı sesler tonnan, al dawıssız sesler tiykarınan shawqımnan ibarat boladı.

Ses ku'shi hawa tolqınının' pa'tine baylanıslı boladı. Ses ku'shinin' energiyası hawa tolqınının' bag'ıtına perpendikulyar tu'sirilip, 1 sekundtag'ı 1sm² maydansha menen o'lshenedi. Basqasha aytqanda, ses ku'shi terbelistin' amplitudasınan[1] g'a'rezli boladı: terbelis tolqınının' amplitudası qanshelli ko'beyse, ses ku'shi de sonshelli ku'sheyedi, kerisinshe, terbelis tolqınının' amplitudasının' azayıwı menen ses ku'shi de pa'seyedi. Ses ku'shi menen sestin' qattı ha'm a'sten aytılıwı arasındag'ı baylanıstı tu'sinip alıw za'ru'r. A'dette ses ku'shi qanshelli joqarı bolsa, ses qattı aytıladı dep sanaladı. Sestin' qattı ya a'sten aytılıwı ses ku'shinen g'a'rezli bolıwı menen birge ses ırg'ag'ı menen de baylanıslı boladı. O'ytkeni birdey ku'shke iye bolg'an, biraq ha'r tu'rli ırg'aq penen aytılatug'ın sesler qattı ya a'sten aytılıwı jag'ınan ha'r tu'rli bolıp qabıl etiledi.

Ses ku'shin o'lsheytug'ın birlik — detsibel (db) boladı. Sestin' qattı ya a'sten aytılıwı ses ku'shine baylanıslı o'lshenedi. Esitiwdin' to'mengi shegarası 0 db desek, joqarg'ı shegarası 13 db boladı.

Ses tembri[2] ses terbelisinin' tu'rleri menen baylanıslı boladı. Ses tolqının payda etetug'ın terbelis quramalı qubılıs boladı. Ma'selen, muzıkalıq a'sbaptın' tarın alsaq, tolıq terbeliw menen birge tardın' jartısı, u'shten biri, to'rtten biri ha'm t.b. bo'lekleri de terbeledi. Usınday quramalı terbelis na'tiyjesinde ses payda etiledi. Ses payda etiwshi denenin' tolıq terbelisinen sestin' tiykarg'ı tonı payda boladı, al onın' bo'leklerinin' terbelisinen oberton[3] (qosımsha ton) jasaladı. Qosımsha ton tiykarg'ı tong'a qarag'anda joqarı boladı. Mısalı, tardın' tiykarg'ı tonı 100 gts terbeliste bolsa, onın' jartısı 200 gts qosımsha tondı, u'shten biri 300 gts qosımsha tondı ha'm t.b. beredi. Tiykarg'ı ton en' ku'shlisi bolıp, tolıq sestin' sapasın belgileydi. Al, qosımsha ton bolsa, seske belgili da'rejede qosımsha tu'r beredi. Tiykarg'ı tonnın' ku'shi menen

[1] **Amplituda** — latınsha *amplitudo* — "ken'lik" degen ma'nini bildiredi.
[2] **Tembr** — frantsuzsha *timbri* — "qon'ıraw" degen so'zden jasalg'an.
[3] **Oberton** — nemetsshe *oberton* — "joqarı ton" degen so'zden jasalg'an.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ondag'ı qosımsha tonlardın' o'z-ara sa'ykeslesip, u'ylesiwinen sestin' garmonikalıq qurılısı — tembri kelip shıg'adı.

Tembr tu'sinigi tiykarınan dawıslı sesler menen baylanıslı boladı. Mısalı, a, ı, i ha'm t.b. seslerdi ha'r qaysısının' o'zine ta'n tembrine iye bolg'anlıg'ı sebepli olardı ajıratamız.

Belgili bir sesti aytqan waqıtta so'ylew ag'zalarının' ha'reketi na'tiyjesinde tamaqtan joqarıda jaylasqan boslıqlar - jutqınshaq boslıg'ı, awız boslıg'ı o'zlerinin' ko'lemin ha'm formasın o'zgertip, sol seske tiyisli bolg'an tu'rge iye boladı. Solay etip ol boslıqlar rezonator[1] xızmetin atqaradı. Murın boslıg'ı o'zinin' ko'lemin ha'm formasın o'zgerte almaydı. Sebebi murın boslıg'ında onın' formasın o'zgerte alg'anday ha'reketke keliwshi so'ylew ag'zaları joq. Sonlıqtan murın boslıg'ı tek murınlıq seslerdi aytqanda g'ana rezonator xızmetin atqaradı. Solay etip adamnın' so'ylew ag'zaları bolg'an awız, murın, jutqınshaq boslıqları quramalı rezonatorlıq sistemanı payda etedi. Tamaqtag'ı dawıs shımıldıg'ında payda bolg'an quramalı ton tamaqtan joqarıda jaylasqan jutqınshaq, awız, murın boslıqlarının' rezonansı (jan'g'ırıg'ı) na'tiyjesinde o'zinin' a'welgi tu'rin o'zgertedi. Aytılıwg'a tiyisli ses sol boslıqlardan o'zine ta'n bolg'an qosımsha seslik tu'r aladı. Rezonator ja'rdeminde qosımsha tonlardın' ayırımları ku'sheyiwi, al birewleri pa'sen'lewi mu'mkin. Jiyiliktin' ku'sheygen bo'legi, yag'nıy ses energiyasının' jıynalg'an bo'legi formanta[2] dep ataladı. Sestin' formantlıq qurılısı onın' spektrinde[3] anıqlanadı. Spektr arqalı sestin' en' a'hmiyetli sıpatlaması beriledi.

Seslerdin' terbelis jiyiligin bo'lip-bo'lip alıp, tallaw jasaw elektroakustikalıq ha'm elektronlıq texnikanın' o'siwi menen rawajlana basladı. Seslerdin' formantlıq du'zilisin jazıp alatug'ın apparat spektrograf[4] dep, al jazılıp alıng'an material spektrogramma dep ataladı. Spektrogrammada ha'r ses o'zine ta'n bolg'an formantlarının' jaylasıw ornına, formasına iye boladı.

Sesti aytıw ushın belgili waqıt birligi ketedi. Sestin' sozımlılıg'ı (dlitelnost) terbelistin' sanı menen sozılıw waqtına baylanıslı boladı. Biraz tillerde, ma'selen, tu'rkmen, qırg'ız, yakut tillerinde bir

[1] **Resonator** — frantsuzsha *resonanse* — "jan'g'ırıq" so'zinen alıng'an.
[2] **Formanta** — latınsha *formans, formantis* — "payda etiwshi", "do'retiwshi" so'zinen jasalg'an.
[3] **Spektr** — grekshe *spektrum* — "ko'rinetug'ın" degen so'zden jasalg'an.
[4] **Spektrograf** — grekshe *spektrum* — "ko'rinetug'ın" ha'm *grapho* — "jazaman" degen so'zlerden jasalg'an.



o'n'eshke ketiwi ushın jutınıw waqtında tamaqtın' joqarısında yalmurt ta'rizli jumsaq shemirshek tamaq jolın jawıp turadı. Na'tiyjede awqatlıq zat dem alıw mu'shesine qaray emes, al o'n'eshke qaray ketedi.

Sho'mish ta'rizli eki shemirshek ju'da' ha'reketshen' boladı. Olar bir-birine jaqınlasıwı ha'm qashıqlasıwı arqalı dawıs shımıldıg'ının' formasın o'zgertedi. Dawıs shımıldıg'ı sho'mish ta'rizli ha'm qalqan ta'rizli shemirsheklerdin' aralıg'ında jaylasqan




*2-su'wret*

**Tamaq**

*A. Tamaqtın' aldın'g'ı jag'ınan ko'rinisi:*

1—qalqan ta'rizli shemirshek; 2—ju'zik ta'rizli shemirshek; 3—til astı su'yegi; 4—qalqan ta'rizli shemirshekti til astı su'yegi menen tutastırıwshı; 5—ju'zik ta'rizli ha'm qalqan ta'rizli shemirsheklerdi tutastırıwshı; 6— kegirdek

*B. Tamaqtın' artqı jag'ınan ko'rinisi:*

1—qalqan ta'rizli shemirshek; 2—ju'zik ta'rizli shemirshek; 3—qalqan ta'rizli shemirshektin' joqarg'ı bo'limi; 4—qalqan ta'rizli shemirshektin' to'mengi bo'limi; 5—sho'mish ta'rizli shemirshek; 6—tamaq u'sti; 7— kegirdektin' ishki ta'repi.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

mayısqaq jiyeklerine iye bolg'an san'laq bolıp, og'an bekitilgen muskullardın' ta'siri menen ha'reketke keledi (*3-su'wret*). Dawıs shımıldıg'ı ses payda etiwde og'ada u'lken a'hmiyetke iye boladı. Dawıs shımıldıg'ının' joqarısında jalg'an dawıs shımıldıg'ı ornalasqan. Jalg'an dawıs shımıldıg'ı tolıqlaw ha'm u'lkenirek boladı. Dawıs shımıldıg'ı zaqımlang'anda yamasa awırg'anda jalg'an dawıs shımıldıg'ı arqalı da so'ylewge boladı. Biraq dawıs qırıldaq ha'm pa's shıg'adı.

Sho'mish ta'rizli shemirsheklerdin' ha'reketi na'tiyjesinde dawıs shımıldıg'ı o'zinin' formasın o'zgertedi dedik. Ma'selen, dawıs shımıldıg'ının' u'sh tu'rli jag'dayın anıq ayırıwg'a boladı. Birinshiden, dawıs shımıldıg'ının' muskulları bosan'sıp, ol ken' ashılg'an bolıwı mu'mkin. Bunday jag'dayda o'kpeden shıqqan hawa ag'ımı hesh qanday irkinishke ushıramaydı. Dawıs shımıldıg'ı fiziologiyalıq dem alıw waqtında ha'm u'nsiz seslerdi aytqanda usı qa'lipte turadı. Ekinshiden, dawıs shımıldıg'ının' ishki diywalları jaqınlasıp ha'm kerilip (tartılıp) turıwı mu'mkin. Bul jag'dayda dawıs shımıldıg'ı og'ada kishkene san'laqtı payda etedi yamasa jabılıp turadı, derlik. Solay etip hawa ag'ımı o'z jolında tosqınlıqqa ushıraydı. Hawa basımı na'tiyjesinde dawıs shımıldıg'ı azlap ashılıp, belgili ko'lemdegi hawa shıg'adı. Dawıs shımıldıg'ı qattı tartılıp turg'anlıqtan tag'ı da onın' diywalları jaqınlasıp, san'laqtı kishireytedi. Keyin hawa ag'ımının' basımı menen ja'ne ashılıp, belgili da'rejedegi hawanı shıg'aradı da, qaytıp jaqınlasadı. Bunday ha'reket og'ada u'lken tezlik penen izbe-izli tu'rde qaytalanıp otıradı. Bul dawıs shımıldıg'ının' joqarısındag'ı boslıqlarda hawanın' terbelisin payda etip, na'tiyjede dawıs kelip shıg'adı. Dawıs shımıldıg'ının' bunday ha'reketinen dawıs qatnasatug'ın dawıssız sesler bolg'an u'nli dawıssızlar, sonorlar jasaladı. U'shinshiden, dawıs shımıldıg'ı bosan'sıp, biraq ol kishkene san'laq payda etiwi mu'mkin. Bul jag'dayda hawa ag'ımı qıyınlıq penen, ku'sh penen o'tip, dawıs shımıldıg'ının' diywalın dirildetiw na'tiyjesinde shawqımg'a ta'n bolg'an dirildini payda etedi. So'ytip dawıs shımıldıg'ının' bunday jag'dayında adam sıbırlap so'ylewi mu'mkin.






*3-su'wret*

**Kesesine kesilgen tamaq**

*1*–qalqan ta'rizli shemirshek; *2*–sho'mish ta'rizli shemirshekler; *3*–dawıs shımıldıg'ının' ernekleri; *4*–dawıs shımıldıg'ı.

Erler menen hayallardın' dawıs ayırmashılıg'ı olardın' dawıs shımıldıqlarının' o'zgesheligine baylanıslı boladı. Qozg'alıssız turg'an waqıtta erlerdin' dawıs shımıldıg'ının' uzınlıg'ı ortasha 1,5 sm, al hayallardın' dawıs shımıldıg'ının' uzınlıg'ı 1,2 sm boladı. Dawıs shımıldıg'ı u'lken bolg'an sayın dawıs pa's (juwan dawıs), al kishi bolg'an sayın ba'lent (jin'ishke dawıs) boladı. Sonlıqtan erler juwan (iri) dawıslı, hayallar jin'ishke (mayda) dawıslı bolıp keledi. Sonday-aq dawıstın' bunday o'zgesheligi dawıs shımıldıg'ı muskullarının' tartılıp, kerilip turıw da'rejesine de baylanıslı boladı. A'dettegi so'ylew waqtında erlerdin' dawıs shımıldıg'ının' dirildisi sekundına 85 retten 200 ge shekemgi aralıqta (85-200 gts), hayallardın' dawıs shımıldıg'ının' terbelisi bolsa 160 retten 340 qa deyingi aralıqta (160-340 gts) boladı. Adamnın' dawıs shımıldıg'ı shama menen 40 gts ten 1700 gts aralıg'ındag'ı terbelisti payda etiw mu'mkinshiligine iye.[1]

O'kpeden shıg'ıp kiyatırg'an hawa ag'ımı tamaqtan keyin onın' joqarısında jaylasqan jutqınshaq boslıg'ına keledi. Jutqınshaq

[1] *Буланин Л. Л.* Фонетика современного русского языка. М., 1980, 21-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com




*4-su'wret*

**Kesesine kesilgen bastag'ı so'ylew ag'zaları**

*Ha'reketshen' so'ylew ag'zaları:*

*1*–erinler; *2*–tildin' aldıg'n'ı bo'limi; *3*–tildin' ortan'g'ı bo'limi; *4*–tildin' artqı bo'limi; *5*–tildin' tu'bi; *6*–kishkene til; *7*–jumsaq tan'lay; *8*–jutqınshaqtın' artqı diywalı.

*Ha'reketsiz so'ylew ag'zaları:*

*9*–joqarı tislerdin' aldın'g'ı sheti; *10*–joqarg'ı tislerdin' artqı sheti; *11*–alveol; *12*–qattı tan'laydın' aldın'g'ı bo'limi; *13*–tan'laydın' ortası; *14*–jumsaq tan'laydın' aldın'g'ı bo'limi; *15*–jumsaq tan'laydın' artqı bo'limi.

diametri 3 sm shamasındag'ı jumsaq diywalına iye bolg'an boslıq bolıp, ol jan'g'ırıq xızmetin atqaradı. Jutqınshaq joqarısındag'ı eki san'laq arqalı murın boslıg'ı menen, ortasındag'ı san'laq arqalı awız boslıg'ı menen ha'm to'mende jaylasqan san'laq arqalı tamaq penen tutasqan boladı.

Tildegi seslerdin' jasalıwında tek bir so'ylew ag'zası g'ana qatnasıp qoymaydı, al ko'pshilik so'ylew ag'zalarının' xızmeti na'tiyjesinde belgili bir ses payda etiledi. Ha'r tu'rli seslerdin'



jasalıwında, seslik o'zgeshelikl erdin' payda etiliwinde awız boslıg'ında jaylasqan so'ylew ag'zalarının' xızmeti ayrıqsha *(4-su'wret)*. Joqarıda sesler awız, murın, jutqınshaq boslıqlarının' rezonator (jan'g'ırıq) xızmetin atqarıwı na'tiyjesinde o'zinshe o'zgesheligine iye boladı degen edik. Tildegi sesler ayrıqsha jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' ha'r tu'rli formag'a eniwi arqalı o'zlerine ta'n bolg'an seslik tu'rine iye boladı. Aytılajaq sestin' sıpatına baylanıslı awız boslıg'ının' ko'lemin ha'm formasın o'zgertip turatug'ın ha'reketshen' so'ylew ag'zaları til, jumsaq tan'lay menen qosa kishkene til, erinler boladı. Olardın' ha'reketi na'tiyjesinde hawa ag'ımına tosqınlıq jasalıp, dawıssız seslerge ta'n bolg'an shawqım payda etiliwi yamasa awız boslıg'ının' ko'lemin ha'm formasın o'zgertiw arqalı anaw ya mınaw dawıslı seske ta'n bolg'an tembr payda etiliwi mu'mkin.

Awız boslıg'ında jaylasqan so'ylew ag'zalarının' ishinde til en' ha'reketshen' xızmet atqaradı. Til sha'rtli tu'rde til ushı, til arqası ha'm til tu'bi bolıp bo'linedi. Til arqasının' o'zi til aldı, til ortası, til artı bolıp bo'linedi. A'lbette fiziologiyalıq jaqtan bir tutas tildi bulay etip bo'liw seslerdi toparlarg'a bo'liwge qolaylı bolg'anı ushın fonetikada sha'rtli tu'rde qabıl etilgen. Tutas tildin' yamasa onın' bo'liminin' alg'a, keyinge, joqarıg'a, to'menge qaray tu'rli ha'reket etiwi arqalı awız quwıslıg'ı ha'r tu'rli formag'a keledi. Seslerdin' bir-birinen ayırmashılıg'ı tildin' ha'r qıylı ha'reketi menen tıg'ız baylanıslı.

Jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası erinler yamasa aldın'g'ı tisler boladı. Erinler, a'sirese to'mengi erin, ko'birek qozg'alısta bolıp, ol ha'reketshen' xızmet atqaradı. Geypara dawıssız sesler to'mengi erinnin' joqarg'ı eringe tolıq tiyiwi menen (*b, p*) ya jaqınlasıwı menen (*w*), to'mengi erinnin' joqarg'ı tislerge jaqınlasıwı menen (*v, f*) o'kpeden shıg'ıp kiyatırg'an hawa ag'ımına kedergi jasawı arqalı aytıladı. Dawıslılardı aytqanda erinler alg'a umtılıp, do'n'gelek san'laq payda etedi (bul jag'dayda erinlik dawıslılar aytıladı) yamasa erinler a'piwayı ashılg'an qa'lpinde biyta'rep turadı (bunday jag'dayda eziwlik dawıslılar aytıladı). Joqarg'ı ha'm to'mengi tisler awız boslıg'ının' ha'reketke kelmeytug'ın aldın'g'ı shegarası bolıp xızmet etedi. Tildin' aldın'g'ı bo'liminin', erinnin' tislerge tiyiwi yamasa



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

jaqınlasıwı arqalı dawıssız seslerge ta'n bolg'an shawqım payda etiledi. Tislerdin' tu'bi bekip turg'an do'n'islik alveola[1] dep ataladı.

Tan'lay jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' joqarg'ı shegarası bolıp xızmet etiw menen birge ol awız ha'm murın boslıqları ortasındag'ı shegara bolıp ta esaplanadı. Tan'lay qattı tan'lay ha'm jumsaq tan'laydan turadı. Qattı tan'laydı aldın'g'ı tan'lay, jumsaq tan'laydı artqı tan'lay dep te ataydı. Artqı, yag'nıy jumsaq tan'laydın' dawamı kishkene til boladı. Jumsaq tan'lay kishkene til menen qosa to'men tu'siriliwi arqalı awız jolı jabıladı da, hawa ag'ımı murın jolı arqalı o'tedi. A'dettegi dem alıw waqtında ha'm murınlıq seslerdi aytqanda jumsaq tan'lay to'men tu'sirilgen halda boladı. Jumsaq tan'lay muskullarının' tartılıp, joqarı ko'teriliwi arqalı murın jolı jabılıp turadı. Bunday jag'dayda barlıq awızlıq sesler aytıladı. Murın boslıg'ı murınlıq seslerdi aytqanda olarg'a qosımsha tu'r beredi. Jumsaq tan'lay tu'sin'ki halda turıp, murın jolın ashıw arqalı hawa ag'ımı murın boslıg'ına keledi. Murınlıq seslerdi (m, n, n') aytqanda muzıkalıq tong'a ha'm awız boslıg'ında payda bolg'an shawqımg'a qosımsha jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı murın boslıg'ı ayrıqsha seslik tu'r qosadı.

Til seslerin payda etiwde so'ylew ag'zalarının' ha'mmesi birdey xızmet atqara bermeytug'ınlıg'ın joqarıdag'ı aytılg'anlardan ko'riwge boladı. Seslerdin' jasalıwında so'ylew ag'zaları ha'reketshen' so'ylew ag'zaları ha'm ha'reketshen' emes so'ylew ag'zaları bolıp ekige bo'linedi. Ha'reketshen' so'ylew ag'zaları belgili bir sesti payda etiw ushın ha'reketke kelip, za'ru'rli formag'a iye boladı. Olar seslerdin' jasalıwında en' tiykarg'ı orındı tutadı. Seslerdi aytıwda ha'reketshen' emes so'ylew ag'zalarının' da belgili bir da'rejede a'hmiyeti boladı. Ha'reketshen' emes so'ylew ag'zaları ha'reket etpeydi. Ha'reketshen' emes so'ylew ag'zalarına ha'reketshen' so'ylew ag'zaları jaqınlasıwı, tiyiwi yamasa olardın' alıslawı mu'mkin. Ha'reketshen' so'ylew ag'zaları - dawıs shımıldıg'ı, til, erin, kishkene til menen qosa jumsaq tan'lay; ha'reketshen' emes so'ylew ag'zaları - tisler, qattı tan'lay.

Seslerdin' o'zinshelik o'zgesheligin, basqalarınan ayırmashılıg'ın ko'rsetkende seslerdi bir-birine qarama-qarsı qoyg'anda, toparlarg'a bo'lgende olardın' jasalıwı tiykarg'a alınadı. Seslerdin'

[1] **Alveola** — latınsha *alveolus* — "nawasha, oypat" degen ma'ni bildiredi.



jasalıwı (artikulyatsiyası) so'ylew ag'zalarının' tikkeley xızmeti boladı.

## § 8. Fonetikanın' lingvistikalıq ta'repi. Fonema haqqında tu'sinik

Fonetikanın' sotsiallıq ilim bolg'an lingvistikanın' bir tarawı ekenliginin' baslı sebebi - tildin' ja'miyetlik qubılıs bolıwında. Tildin' ma'ni an'latatug'ın birlikleri bolg'an so'zler, ga'pler seslerden quraladı. Til seslerinin' qarım-qatnas quralı wazıypasın atqarıwg'a qatnası olardın' en' baslı xızmeti bolıp tabıladı. Sesler artikulyatsiyalıq-akustikalıq jaqtan so'z etilgende de olardın' (seslerdin') lingvistikalıq xızmetin ha'r ta'repleme anıqlaw ko'zde tutıladı. Fonetikanın' lingvistikalıq ta'repi izertlengende seslerdin' atqaratug'ın xızmeti so'z etiledi.

Fonetika iliminin' tariyxında birinshi bolıp akademik L. V. Sherba fonemanın' "ma'ni ayırıwshılıq" qa'siyetin atap ko'rsetken edi. Fonetikada fonemanın' "ma'ni ayırıwshılıq" qa'siyeti ulıwma qabıl etilgen anıqlamag'a aynalıp, bul teoriya L.R. Zinder ta'repinen rawajlandırıldı: "So'zdin' ma'nisi onın' fonemalıq qurılısınan g'a'rezli emes; bug'an omonimlik ha'm polisemiyalıq qubılıslar gu'wa bola aladı. Mısalı: *stol* ha'm *stul* ha'r tu'rli dawıslılarg'a iye bolg'anı ushın emes, al olar ha'r qıylı tu'sinikti bildirgeni ushın ha'r tu'rli so'zler bolıp tur. Sonın' menen birge biz "stol" so'zin "stul" so'zinen hesh kontekstsiz-aq ayırıp tanıytug'ın sebebimiz birinshi so'zdegi dawıslı-o, ekinshisinde-u. Bunnan fonemanın' "so'zlerdi ayırıwshılıq" xızmetin ko'riwge boladı".[1] Solay etip so'zler bir-birinen aldı menen ma'nisi boyınsha ha'm onnan son' fonemalıq qurılısı boyınsha ayırıladı. Qaraqalpaq tilindegi tas, tes, tıs, tis, tus, tu's, tos, to's so'zleri ba'rinen burın ha'r qıylı tu'siniklerdi bildirgeni ushın ha'r tu'rli so'zler bolıp tur. Sonday-aq bulardın' ayırmashılıqları ol so'zlerde ha'r tu'rli dawıslılardın' ayrıqsha fonema bolıwına baylanıslı. A'lbette, bul qubılıslar (so'zdin' ma'nisi ha'm onın' fonemalıq qurılısı) bir-biri menen tıg'ız baylanıslı boladı.

[1] *Зиндер Л. Р.* Общая фонетика. М., 1980, 81-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Joqarıdag'ı mısallarda dawıslı fonemalar so'zlerdi, olardın' ma'nilerin ayırıp tursa, atam, atan' so'zlerinin' tu'biri bir (ata) bolıp, m ha'm n' dawıssızları so'zlerdi tu'rlendirip, ha'r tu'rli forma jasap tur. Seslerdin' bunday xızmet atqarıwı olardın' fonemalıq xızmeti boladı. Solay etip fonema so'zlerdin' ma'nilerin ha'm formaların ayırıwshılıq qa'siyetke iye boladı.

Ha'r bir fonema tildegi basqa barlıq fonemalardan ayırılıp turadı, sonın' menen birge ol sol tildegi basqa barlıq fonemalarg'a qarama-qarsı qoyıladı. Ha'r bir fonema tiykarg'ı ha'm tiykarg'ı emes belgilerdin' jıynag'ınan turadı. Bul aytılg'anlarg'a da'lil retinde *d* dawıssız fonemasın mısalg'a alayıq. Qaraqalpaq tilinde d foneması-u'nli, til aldı, jabısın'qı, murınlıq emes (awızlıq). Bul aytılg'an belgiler d fonemasının' tiykarg'ı belgileri boladı. O'ytkeni qaraqalpaq tilinde u'nsiz *t*, til artı g, juwısın'qı *z*, murınlıq *n* fonemaları bolıp, olardın' ha'r biri d fonemasınan sa'ykes belgileri boyınsha ayırılıp turadı. Olar bılayınsha o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı: *t* — u'nsiz fonema, sebebi *d* — u'nli; *g* — til artı foneması, sebebi *d* — til aldı foneması; *z* — juwısın'qı, sebebi *d* — jabısın'qı; *n* — murınlıq fonema, sebebi *d* — awızlıq (murınlıq emes) fonema boladı. Demek, fonema sıpatında *t* sesinin' u'nsiz fonema, *g* sesinin' til artı, *z* sesinin' juwısın'qı, *n* sesinin' murınlıq fonema bolıp sanalıwı olarg'a qarama-qarsı qoyılatug'ın d fonemasının' u'nli, til aldı, jabısın'qı, awızlıq (murınlıq emes) ekenligi menen baylanıslı boladı. Al, usı d fonemasının' juwan (qattı) ha'm erinlik emesligi onın' tiykarg'ı belgisi - fonemalıq belgi bola almaydı. Sebebi qaraqalpaq tilinde og'an qarama-qarsı qoyılatug'ın jin'ishke (jumsaq) $d^{1}$ ha'm erinlik $d^{0}$ sesleri o'z aldına jeke-jeke fonema sıpatında jumsalmaydı.[1] *D* sesinin' juwan ya jin'ishke, erinlik ya eziwlik bolıp aytılıwı fonetikalıq jag'dayg'a baylanıslı boladı. Jin'ishke dawıslı sesler menen qon'sılas bolıp kelse, qaraqalpaq tilindegi basqa dawıssız sesler sıyaqlı *d* sesi de jin'ishke bolıp (*d'izim', d'ep', d'a'n'* ha'm t.b.); juwan dawıslılar menen kelse, juwan bolıp (*dala, ıdıs* ha'm t.b.) juwan ha'm erinlik dawıslılar menen kelse, juwan ha'm erinlik bolıp ($d^{0}os^{0}$, $d^{0}ur^{0}ıs^{0}$ t.b.), jin'ishke ha'm erinlik dawıslılar menen kelse, jin'ishke ha'm erinlik bolıp ($d^{0}u'r'^{0}$, $d^{0}u'n'^{0}ya$, $d^{0}o'n'^{0}$ t.b.) aytıla beredi. Fonetikalıq jag'daylardan g'a'rezli halda payda

[1] (d') — jin'ishke (jumsaq) degendi an'latatug'ın belgi;
(d⁰) — erinlik degendi an'latatug'ın belgi.



bolg'an bul seslik o'zgeshelikler fonemanın' tiykarg'ı emes belgisi, onın' fonetikalıq belgileri bolıp sanaladı.

Tildegi fonemalardın' o'z-ara qarama-qarsı qoyılıwı olar ortasında baylanıs joq degen tu'sinikti an'latpaydı. Kerisinshe, bulay etip fonemalardı qarama-qarsı qoyıw arqalı olardın' tilde bir sistemanı quraytug'ınlıg'ın, baylanısın, jaqınlıq jaqların ko'riwge boladı. Ma'selen, *t-d, s-z, p-b, sh-j* t.b. sıyaqlı jubaylas dawıssızlar tek bir belgisi menen, yag'nıy dawıstın' qatnası boyınsha (u'nsiz-u'nli) ayrılıp tursa, olar basqa barlıq belgileri jag'ınan birdey: *t-d* jubaylas fonemalarına ortaq belgi — bulardın' ekewi de jabısın'qı, til aldı, awızlıq (murınlıq emes); *s-z* jubaylasları - juwısın'qı, til aldı, bir tosqınlıqlı; *p-b* jubaylasları — jabısın'qı, erinlik, awızlıq ha'm t.b. Olardın' ayırmashılıq belgileri jubaylaslardın' birinshileri — u'nsiz fonemalar, al ekinshileri — u'nli fonemalar. Demek keltirilgen jubaylas seslerdin' birinshilerinin' ha'mmesine ortaq belgi-olardın' ba'ri u'nsiz, al olardın' ekinshileri u'nli fonemalar bolıp tabıladı.

Fonema tu'sinigi o'zinin' en' da'slepki payda bolıwında ses tu'sinigine qarama-qarsı qoyılıwdan kelip shıqqan. Fonema degen tu'sinik penen ses tu'sinigi mudamı sa'ykes kele bermeydi. Fonema mudamı bir sesten turmastan, geyde aytılıwı jag'ınan jaqın bolg'an eki, ha'tte u'sh sesten de quralıwı mu'mkin. Geypara tillerde ushırasatug'ın diftong, triftonglar bug'an mısal bola aladı. Kerisinshe, eki fonema bir pu'tin seske usas bolıp aytılıwı da mu'mkin. Mısalı, ashshı, attı usag'an so'zlerde eki sh ha'm eki t bir sozımlı ses sıyaqlı bolıp aytılg'an menen olardın' ha'r qaysısı bir qıylı eki fonemanın' dizbekleri dep tu'siniledi.

Sonın' menen birge fonema ha'm ses pu'tkilley basqa-basqa na'rseler emes, kerisinshe olar o'z-ara tıg'ız baylanıslı tu'sinikler. Sonlıqtan fonetikada fonema tu'siniginin' ornına geyde ses so'zi de qollanıla beredi. Fonema tilde sesler arqalı o'mir su'redi. Tildegi sesler anaw ya mınaw fonemanın' jasaw forması boladı. Fonema dep artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq jaqtan o'zinshelik o'zgesheligine iye bolg'an, tag'ı da mayda bo'leklerge bo'liwge bolmaytug'ın, so'zlerdi ajıratıw maqsetinde jumsalatug'ın seslik birliklerge aytıladı.

Tilde sesler og'ada ko'p tu'rli. Ma'selen, hayayalar ha'm erlerdin' dawıs o'zgesheligi, ha'r bir adamnın' jeke fiziologiyalıq



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ayrıqshalıg'ına baylanıslı dawıs o'zgesheligi, ha'tte bir adamnın' tu'rli jag'daylarg'a baylanıslı ha'r tu'rli dawıs o'zgesheligi - bulardın' ba'ri artikulyatsiyalıq, akustikalıq jaqtan seslerdin' sheksiz ko'p tu'rliligin payda etedi. Biraq, bunday seslik ayırmashılıqlar hesh qanday tillik a'hmiyetke iye bolmaydı, yag'nıy qatnas quralı xızmetin atqarmaydı. Belgili bir ma'nige iye bolg'an so'z aytılsa, ol kim ta'repinen ha'm qalay aytılıwına qaramastan sol tildi biletug'ın adam ta'repinen tu'siniledi. Ha'r tu'rli dawıs o'zgeshelikleri elestirilmeydi. Bul o'zgeshelikler fonetika ushın hesh qanday a'hmiyetke iye emes.

Fonema ha'r tu'rli fonetikalıq jag'daylarda ushırasadı. Tu'rli fonetikalıq jag'daylar fonemanın' aytılıwına ta'sir etip, belgili da'rejede og'an qosımsha tu'r beredi. Usınnan fonemanın' ren'kleri[1] kelip shıg'adı. Ma'selen, joqarıda aytılg'anınday d fonemasının' birde jin'ishke, birde juwan, birde juwan ha'm erinlik, birde jin'ishke ha'm erinlik halda aytılıwınan onın' ren'kleri payda boladı. Qaraqalpaq tilinde d dawıssızı o'z aldına fonema dep tanılatug'ın bolsa, belgili so'zlerdegi (*dala*, $d^a a^x n^i$, $d^0 os^0$, $d^0 o^x n^{i0}$ t.b.) d, d', d'° sesleri d fonemasının' tildegi ren'kleri, so'zlerde jumsalatug'ın wa'killeri bolıp sanaladı. Sonlıqtan da akademik L.V. Sherba fonemanı seslik tip dep ataydı. Solay etip fonema tilde o'zlerinin' ren'kleri arqalı o'mir su'redi. Bul jag'ınan fonemanın' ren'kleri menen tildegi sesler haqqında tu'sinikler birdey bolıp esaplanadı.

Ha'r tu'rli fonetikalıq jag'daylarg'a baylanıslı payda bolg'an ren'kler fonemanın' minnetli ren'kleri delinedi. Sonın' menen birge tildin' dialektlik o'zgesheliklerine baylanıslı bir fonema birdey fonetikalıq jag'dayda bolıwına qaramastan belgili da'rejede ha'r qıylı bolıp aytılıwı mu'mkin. Ma'selen, jol-djol, jaqsı-djaqsı so'zlerindegi j ha'm dj sesleri. Bunday bolıp tilde bir fonemanın' (ma'selen, j fonemasının') ha'r tu'rli ren'klerine iye bolıwı fonemanın' minnetli emes (fakultativ) ren'kleri delinedi.

Fonemanın' minnetli ren'ki fonetika ushın og'ada a'hmiyetli. Fonetikalıq sebeplerge baylanıslı bul ren'kler kombinatorlıq ha'm

[1] **Ren'k** ataması burıng'ı "ottenok", "allofon" ornına qabıl ettik. A'debiyatlarda "ottenok", "allofon" ha'm "variant" terminleri sinonim ma'nisinde de jumsaladı. Sonın' menen birge, Sherba fonologiyalıq mektebinde "ottenok" termini, Moskva fonologiyalıq mektebinin' wa'killerinin' miynetlerinde "variant" termini qollanıladı.



pozitsiyalıq ren'kler bolıp bo'linedi. Kombinatorlıq ren'kler qon'sılas fonemalardın' bir-birine tiygizgen ta'sirinen payda boladı. Qaraqalpaq tilinde juwan dawıslılarg'a qon'sılas bolıp kelgen dawıssız sesler juwan, jin'ishke dawıslılarg'a qon'sılas bolıp kelgende sol dawıssız sesler jin'ishke bolıwı (*tas* so'zinde *t* ha'm *s* fonemalarının' juwan, *tis*, *tes* so'zlerinde olardın' jin'ishke bolıwı), erinlik dawıslılarg'a qon'sılas bolıp kelgende dawıssızdın' erinlik tu'r alıwı (ma'selen, $t^{i0} u^x s^{i0}$ so'zinde $t^{i0}$ ha'm $s^{i0}$ fonemalarının' jin'ishke ha'm erinlik tu'rde aytılıwı) fonemanın' kombinatorlıq ren'klerin payda etedi. So'zdin' basında, ortasında, aqırında keliwine baylanıslı, buwınnın' sıpatına, pa'tke baylanıslı bir fonemanın' belgili da'rejede tu'rlishe aytılıwınan fonemanın' pozitsiyalıq ren'kleri do'reledi.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## DAWISLI HA’M DAWISSIZ FONEMALAR

### § 9. Dawıslı ha’m dawıssız fonemalardın’ aytılıw o’zgesheligi. Dawıslı fonemalar

Barlıq tillerde (sonın’ ishinde qaraqalpaq tilinde de) seslerdi dawıslılar ha’m dawıssızlar dep bo’liw erteden baslap-aq da’stu’rge aylang’an. Bulay etip bo’liwde seslerdin’ tildegi xızmeti, olardın’ artikulyatsiyası ha’m akustikalıq sıpatlaması esapqa alınadı. Seslerdi dawıslı ha’m dawıssız dep bo’liwde en’ aldı menen olardın’ buwın quray alıw yamasa buwın quray almaw qa’siyetine qaraladı. Buwın quray alatug’ın sesler dawıslı sesler, buwın quray almaytug’ın sesler dawıssız sesler boladı. Dawıslılar ha’m dawıssızlar artikulyatsiyalıq jaqtan da o’zgeshelikke iye boladı. Artikulyatsiyalıq jaqtan dawıslılardın’ dawıssızlardan baslı ayırmashılıg’ı mınalardan ibarat: birinshiden, dawıslılardı aytqanda o’kpeden shıqqan hawa ag’ımı so’ylew ag’zaları ta’repinen tosqınlıqqa ushıramaydı. Al dawıssızlardı aytqanda hawa ag’ımı so’ylew ag’zalarının’ bir jerinde tosqınlıqqa ushıraydı. Bul tosqınlıq ha’r tu’rli formada jasalıwı mu’mkin: ha’reketshen’ so’ylew ag’zası ha’reketsiz so’ylew ag’zasına tiyiwi ha’m jaqınlasıwı arqalı jasaladı. Ekinshiden, dawıslılardı aytqanda o’kpeden shıqqan hawa ag’ımının’ pa’ti ku’shsiz, o’lpen’ bolsa, dawıssızlardı aytqanda hawa ag’ımı ku’shli boladı. Dawıssızlardın’ aytılıwında hawa ag’ımının’ ku’shli bolıwı olardın’ jasalıwındag’ı so’ylew ag’zaları payda etken tosqınlıqtı jen’iw za’ru’rliginen bolsa kerek. Na’tiyjede anaw ya mınaw dawıssız seske ta’n bolg’an shawqım payda etiledi. U’shinshiden, dawıslılardı aytqanda tutas barlıq so’ylew ag’zalarına ku’sh tu’sip, olardın’ muskulları tartılıp, kerilip turadı ha’m ko’birek ku’sh jumsaladı. Al dawıssızlardı aytqanda so’ylew



ag’zalarının’ bir jerinde tosqınlıq payda etilip, tek sol tosqınlıq payda bolg’an orındag’ı so’ylew ag’zasına g’ana ku’sh tu’sip, muskulları tartılıp turadı da, basqa so’ylew ag’zalarına ku’sh tu’spey muskulları a’piwayı, bosan’ qa’lpinde boladı ha’m az ku’sh jumsaladı.

Joqarıda aytılg’an dawıslılardın’ ha’m dawıssızlardın’ o’zlerine ta’n bolg’an artikulyatsiyalıq o’zgeshelikleri olardın’ akustikalıq jaqtan da ha’r tu’rliligin keltirip shıg’aradı. Dawıssızlarg’a shawqım, al dawıslılarg’a dawıs (muzıkalı ton) ta’n boladı. Akustikalıq belgilerine qaray seslerdi dawıslılar ha’m dawıssızlar dep bo’liw biraz qıyın. Dawıssızlardın’ o’zleri akustikalıq jaqtan birgelki emes. Dawıssız sesler qatarına kiretug’ın s o n o r l a r[1] (sonant dep te aytıladı) dawıstın’ qatnası jag’ınan dawıssızlardan go’re dawıslılarg’a jaqınıraq. Olardı aytqanda shawqımg’a qarag’anda muzıkalı ton, dawıs basımıraq qatnasadı, biraq dawıslılarg’a qarag’anda ses ku’shi pa’sirek boladı. Sonday-aq u’nli dawıssızlardı aytqanda da shawqım menen birlikte dawıs qatnasadı. Al, u’nsiz dawıssızlar tek shawqımnan jasaladı. Sonlıqtan akustikalıq jaqtan seslerdi dawıslılar ha’m dawıssızlar dep anıq toparlarg’a bo’liw qıyın.

Juwmaqlap aytqanda tildegi seslerdi dawıslılarg’a ha’m dawıssızlarg’a bo’lgende en’ aldı menen buwın quray alıw yamasa buwın quray almaw qa’siyetine qaraymız. Sonday-aq seslerdin’ bul ha’r bir topan ulıwmalıq artikulyatsiyalıq ha’m akustikalıq belgilerine de iye boladı.

#### *DAWISLI FONEMALAR*

### § 10. Dawıslılardın’ fonemalıq quramı

Qaraqalpaq tilinin’ fonemalıq quramın anıqlaw ma’selesi ayırım quramalı seslerdin’ (diftonglardın’) bir fonemadan turatug’ınlıg’ın yamasa eki fonemadan turatug’ınlıg’ın anıqlaw ma’selesi menen tikkeley baylanıslı. Basqasha aytqanda, «qaraqalpaq tilinin’ fonemalıq quramın anıqlawda ha’zirge shekem a’debiyatlarda talaslı bolıp ju’rgen [y] ha’m [w] yarım dawıslılarının’ dawıslı fonemalar menen bir buwınnın’ quramında ushırasıwınan jasalatug’ın diftonglardın’ bir pu’tin fonema dep sanalıwı kerek

[1] **Sonor, sonant** so’zi — *sonorus* "shıqqısh" degen ma’ni bildiretug’ın latın so’zi.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

pe yamasa olardın' ha'r biri eкi fonemanın' dizbegi ma» degen ma'selenin' qalay sheshiliwi menen tıg'ız baylanıslı boladı. Eger diftonglar ayrıqsha fonema bolsa, onda tildegi basqa fonemalarg'a (sonın' ishinde monoftonglarg'a da) qarama-qarsı qoyıladı. Tildegi monoftonglarg'a ayrıqsha fonema retinde diftonglar qosılsa, o'z gezeginde dawıslılardın' fonemalıq quramı artadı. Eger diftonglar eкi fonemanın' dizbegi dep qaralsa, olardın' quramındag'ı dawıslı sın'arı a'dettegi monoftong dep qaraladı da, al tutas diftong ayrıqsha fonema (monofonema) bolmag'anlıqtan, ol tildegi basqa fonemalarg'a qarama-qarsı qoyıla almaydı.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde ayrıqsha fonema retinde jumsalatug'ın fonologiyalıq diftonglar ushıraspaydı. Bul tilde diftonglar jo'ninde so'z bolg'anda teк fonetiкalıq diftonglar g'ana кo'zde tutıladı. Atap aytqanda, artiкulyatsiyalıq ha'm aкustiкalıq jaqtan dawıslılarg'a en' jaqın bolg'an [y] , [w] sonantları (yarım dawıslıları) dawıslılar menen dizbeкlese otırıp, fonetiкalıq diftonglardı (jalg'an diftonglardı) payda etedi. Burınıraqta biz atalg'an bul sonantlardın' qatnasıwı menen do'retilgen diftonglardın' fonologiyalıq jaqtan ha'r qaysısının' eкi fonemadan turatug'ınlıg'ın da'lillewge ha'reкet etкen ediк.[1]

Yarım dawıslılar bolg'an [y] ha'm [w] sesleri ha'mme dawıslılar menen dizbeкlesip кele otırıp ashıq yamasa tuyıq diftonglardı payda ete beredi. A'dette bul sesler ayrıqsha fonema retinde o'zleri qatara bir buwın quramında кelgen ashıq dawıslılardan ajıralıp, payda etip turg'an diftonglardın' quramınan ap-an'sat bo'leк lenedi. Solay etip olardın' ayrıqsha fonema bolıwına hesh gu'man tuwmaydı. Ma'selen, [ay], [aw], [ya], [waz], [wa'j], [yar], [taw], [tay], [saw] sıyaqlı so'zlerde ashıq dawıslılar menen кelgende [y] ha'm [w] dawıssızlarının' ayrıqsha fonema eкenin, solay etip ol diftonglardın' dawıslı menen sonant [y] fonemalarının' yamasa dawıslı menen sonant [w] fonemalarının' dizbeginen turatug'ınına hesh qanday gu'man tuwmaydı ha'm bunı ayrıqsha da'lillep otırıw za'ru'r emes. Al [y] ha'm [w] sonorlarının' qısıq yamasa orta кo'terin'кi dawıslılar menen кeliwinde, solay etip [ıw], [iw], [uw], [u'w] tuyıq diftonglarının, [ye], [wo], [wo'] ashıq diftonglarının payda etiwde da'lilewdi talap etetug'ın shataslı ma'sele bar edi. Olardın'

[1] *Даулетов А.* Вокализм каракалпакского языка.Самарканд, 1976, 28 — 44-bet.



ha'r biri eкi fonemadan tura ma yamasa eкi sesten duralg'an bir fonema ma? Mine, usı ma'sele ayrıqsha tu'sindiriwdi talap etetug'ın edi. Dawıslı fonemalardın' mug'darı usı ma'selenin' qalay sheshiliwine tiккeley baylanıslı. Eger olar eкi sesten quralg'an ayrıqsha diftong-fonemalar dep esaplansa, onda qaraqalpaq tilindegi fonemalardın' sanı tog'ızdan кo'beyedi. Al olardın' ha'r biri dawıslı fonema menen sonant dawıssız fonemalardın' dizbegi dep esaplansa, onda qaraqalpaq tilindegi dawıslılardın' sanı tog'ız fonemadan ibarat boladı. Sonlıqtan da [ıy], [iy], [uw], [u'w] tuyıq diftonglarının' ha'm [ye], [wo], [wo'] ashıq diftonglarının' fonologiyalıq quramın anıqlaw ma'selesi menen qaraqalpaq tili dawıslılarının' fonemalıq quramın anıqlaw o'z-ara baylanıslı ha'm birgeliкte sheshiliwi tiyisli ma'sele bolıp tabıladı.

Dawıslılardın' fonemalıq quramı jo'ninde piкirlerdin' ha'r tu'rli bolıwının' o'zi de usı diftonglardın' fonemalıq quramının' ha'r tu'rli bolıp sheshiliwine baylanıslı. Ma'selen, кo'pshiliк a'debiyatlarda qaraqalpaq tilindegi tog'ız dawıslı fonema bar (a, a', o, o', u, u', ı, i, e) dep esaplansa[1], al J.Aralbaev on bir dawıslı fonema bar dep esaplaydı.[2] Ol tog'ız dawıslı-monoftongtın' u'stine eкi dawıslı diftongtı ayrıqsha fonemalar retinde qosadı ha'm ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' imlası boyınsha ıy, iy tan'baları arqalı an'latılıp ju'rgen diftonglardı juwan, jin'ishкe ren'кlerdegi [i] monofoneması dep, al uw, u'w tan'baları menen an'latılıp ju'rgen diftonglardı juwan, jin'ishкe ren'кlerdegi [u] monofoneması dep esaplaydı. Solay etip, J.Aralbaevtın' qaraqalpaq tilinin' dawıslılarının' fonemalıq quramı jo'nindegi bul juwmag'ı aкademiк I.Ken'esbaev ta'repinen aytılg'an qazaq tilinin' dawıslılarının' fonemalıq quramı tog'ız monoftong ha'm eкi diftong fonemalardan ibarat boladı degen piкiri menen sa'yкes keledi. Biraq ha'zirgi

[1] *Баскаков Н. А.* Краткая грамматика каракалпакского языка. Турткуль, 1931, 16-bet; *Поливанов Е. Д.* Некоторые фонетические особенности каракалпакского языка // Труды Хорезмской экспедиции, Ташкент, 1933, 7-bet; *Малов С. Е.* 1) Каракалпакский язык и его изучения, // Каракалпакия. Труды I конференции по изучению производительных сил ККАССР, I. II, Л., 1934; 2) Заметки о каракалпакском языке, Нукус, 1966, 16-bet; *Ubaydullaev K.* Qaraqalpaq tili boyınsha tan'lamalı miynetler. No'kis, 1965, 51- b; *Даулетов А.* Вокализм каракалпакского языка. Самарканд, 1976, 26-bet.

[2] *Aralbaev J.* Qaraqalpaq tilinin' dawıslı fonemaları. Изв. АН Каз ССР, серия филологии и искусствоведения, вып. 1 - 2, 1959, 47-bet.





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

qazaq tilinin' dawıslılarının' fonemalıq quramı jo'ninde de pikirler birdey emes. İ.Ken'esbaevtın' pikirinshe qazaq tilinde on bir dawıslı fonema bolsa (a, a', e, o, o', i, ı, u, u', i, u)[1], A. Djunisbekovtın' da'slepki pikirinshe tog'ız (a, a', e, o, o', ı, i, u, u')[2], al son'g'ı pikiri boyınsha altı (a, a', ı, u, i, u')[3] dawıslı fonema bar. Bulardın' ishinde D. Djunisbekovtın' qazaq tilinde tog'ız dawıslı fonema bar degen da'slepki pikirine qosılıwına boladı. Al, qazaq tilindegi [iw], [uw] diftonglarn ayrıqsha fonema dep esaplaytug'ın İ.Ken'esbaevtın' pikirine de, sonday-aq qazaq tilinde so'zlerdin' barlıq pozitsiyasında da e, o, o' ayrıqsha fonema emes, al eki fonemadan ibarat diftonglar: e diftongi [y] menen [i], [o] diftongi [w] menen [u], o' diftongi [w] menen [u'] fonemalarının' dizbeginen turadı; solay etip qazaq tilinde ha'mmesi bolıp altı monoftong ha'm u'sh diftong bar degen A. Djunisbekovtın' son'g'ı pikirine de qosılıw qıyın. Qazaq tilinde ushırasatug'ın [bel]-[bil], [bol]-[bul], [ko'l]-[ku'l] jubaylas so'zlerindegi dawıslılardın' qarama-qarsı qoyılıwının' o'zi-aq, bizin'she, e, o, o' dawıslılarının' ayrıqsha fonema (monoftong) ekeninen da'rek beredi.

Qaraqalpaq tilindegi diftonglardın' ha'r birinin', sonın' ishinde tuyıq diftonglar bolg'an [ıy], [iy], [uw], [u'w] ha'm so'zdin' en' basında jumsalatug'ın ashıq diftonglar bolg'an [ye], [wo], [wo'] fonologiyalıq jaqtan eki fonemanın' dizbeginen turatug'ınlıg'ın o'zimizdin' kandidatlıq dissertatsiyamızda eksperimental mag'lıwmatlar tiykarında ha'r ta'repleme da'lillegen edik.[4] Sonlıqtan qaytalamaw maqsetinde biz diftonglardın' ha'r qaysısının' ne sebepten eki fonemanın' dizbeginen turatug'ınlıg'ın tu'sindirip otırmadıq.

Solay etip qaraqalpaq tilindegi diftonglardın' fonologiyalıq jaqtan ayrıqsha birlik bolmaytug'ınlıg'ı dawıslılardın' fonemalıq quramın anıqlawda qatan' esapqa alındı.

[1] *Кеңесбаев И., Мусабаев F.* Қазіргі қазақ тілі. Лексика, Фонетика, Алматы, 1962, 233-b.
[2] *Джунисбеков А.* Гласные казахского языка. АКД. Алма-Ата, 1969, 8-b.
[3] *Джунисбеков А.* Сингармонизм в казахском языке, Алма-Ата, 1980, 17 — 21-bb.
[4] *Даулетов А.* Вокализм современного каракалпакского литературного языка. АКД. Л., 1971, 8 — 14-bb.



Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde tog'ız dawıslı ses ayrıqsha fonema retinde jumsaladı. Olar - a[a], ı[ı], a'[a'], i[i], e[e], o[o], o'[o'], u[u], u'[u']. Dawıslı fonemalardın' tu'rli fonetikalıq jag'daylarda jumsalıwı jag'ınan qaraqalpaq tilindegi singarmonizmge sa'ykes qatan' sheklenedi. Olar tildin' tik ha'm jazıq jag'dayları boyınsha, erinnin' qatnası boyınsha ayrıqsha fonema sıpatında o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı.

Tu'rkiy tillerde, sonın' ishinde qaraqalpaq tilinde de, bir buwınlı so'zlerde ha'm ko'p buwınlı so'zlerdin' birinshi buwınlarında barlıq dawıslı fonemalar sheklenbesten jumsaladı. Al, ko'p buwınlı so'zlerdin' ekinshi ha'm son'g'ı buwınlarında dawıslı fonemalar jumsalıwı boyınsha sheklengen boladı. Dawıslılar singarmonizmine muwapıq son'g'ı buwınlarda qanday dawıslının' keliwi aldın'g'ı buwındag'ı dawıslının' sıpatınan g'a'rezli boladı. Sonday-aq ayırım dawıslılar qaraqalpaq tilinde son'g'ı buwınlarda pu'tkilley jumsalmawı da mu'mkin. Ma'selen, qaraqalpaq tilinde [o], [a'], dawıslılar jumsalıwı jag'ınan a'dewir sheklengen. Dawıslı [o] foneması bir buwınlı so'zlerden yamasa ko'p buwınlı so'zlerdin' birinshi buwınınan basqa jag'dayda pu'tkilley jumsalmaydı. Al, a' foneması siyrek jag'dayda, onda da tiykarınan arab, parsı tillerinen awısqan so'zlerde ushırasadı. Biz dawıslılardın' jumsalıw jiyiligin izertlew na'tiyjesinde usınday juwmaqqa keldik. Dawıslı fonemalardın' arasında [o] ha'm [a'] qosımtalarda pu'tkilley ushıraspaydı. Bul jag'day [a'], [o] seslerinin' qaraqalpaq tilinde fonema retinde son'g'ı da'wirde qa'lipleskeninen da'rek beredi.

Tu'rkiy tillerde bir buwınlı so'zler yamasa ko'p buwınlı so'zlerdin' birinshi buwınları dawıslı fonemalardın' jumsalıwı ushın ayrıqsha qolaylı fonetikalıq jag'day bolıp tabıladı. Bul jag'day dawıslılardın' fonemalıq qa'siyetin anıqlawda esapqa alınıwı tiyis.

Qaraqalpaq tilinde dawıslı fonemalar u'sh tu'rli belgileri boyınsha ayırılıp turadı. Tildin' jazıq (gorizontal) jag'dayı boyınsha til aldı, til ortası ha'm til artı, tildin' tik (vertikal) jag'dayı boyınsha ashıq ha'm qısıq, erinnin' qatnası boyınsha erinlik ha'im eziwlik ekenligi boyınsha ayırılıp turadı ha'm usı belgileri menen o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Dawıslı [e] foneması ayırım a'debiyatlarda



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

aytılg'anınday ashıq[1] yamasa orta ko'terin'ki[2] fonema emes, al, bizin'she, qaraqalpaq tilindegi [ı], [i], [u], [u'] fonemaları sıyaqlı qısıq fonemalar qatarına jatadı.[3] Birden-bir til aldı dawıslısı bolg'an eziwlik [e] foneması tildin' jazıq jag'dayı boyınsha til ortası eziwlik [i], [a'] fonemalarına da, til artı eziwlik [ı], [a] fonemalarına da qarama-qarsı qoyıladı. Bunday tildin' jazıq jag'dayı boyınsha u'sh basqıshlı fonologiyalıq jaqtan qarama-qarsı qoyılıwı fonetikalıq (artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq) mag'lıwmatlar menen tolıq tastıyıqlanadı. Alıng'an eksperimental mag'lıwmatlarg'a su'yene otırıp, tildin' jazıq jag'dayı boyınsha dawıslılardı til aldı, til ortası ha'm til artı dep bo'liwge boladı. Fonologiyalıq jaqtan [e], [i], [ı] sesleri fonema sıpatında bir-birinen tek tildin' jazıq jag'dayı boyınsha (til aldı, til ortası, til artı) ayrılıp turadı ha'm usı belgileri boyınsha olar qarama-qarsı qoyıladı. Al, basqa belgileri boyınsha olardın' ha'mmesi ten'dey: tildin' tik jag'dayı boyınsha olardın' u'shewi de — qısıq, erinnin' qatnası boyınsha — eziwlik.

Bir buwınlı so'zlerde ha'm ko'p buwınlı so'zlerdin' birinshi buwınlarında dawıssız fonemalardın' aralıg'ında barlıq dawıslı fonemalar ushırasadı ha'm tildin' tik jag'dayı boyınsha dara fonema retinde o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: tildin' tik jag'dayı boyınsha [a]-[ı], [o]-[ı], [o']-[u'], [a']-[i] ha'm [e] dawıslı fonemaları [tas]-[tıs], [tos]-[tus], [to's]-[tu's], [ka'r]-[kir]-[ker] jubaylas so'zlerinde qaraqalpaq tilindegi tog'ız dawıslı fonema aldındag'ı ha'm son'ındag'ı fonemalardan g'a'rezsiz halda qarama-qarsı qoyıladı. Olardag'ı dawıslılardın' orın almasıwı menen dawıssızlar o'zgeriske ushıramaydı. Singarmonizmge muwapıq dawıslılar tildin' jazıq jag'dayı ha'm erinnin' qatnası boyınsha jalg'ız o'zleri emes, al qon'sılas dawıssızları menen birlikte buwın tu'rinde qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı, tildin' jazıq jag'dayı boyınsha [a]-[a'], [o]-[o'], [u]-[u'], [ı]-[i]-[e] dawıslı fonemaları [tan]-[ta'n], [tos]-[to's], [tus]-[tu's], [tıs]-[tis]-[tes] jubaylas so'zlerinde qatan' tu'rde buwın qurılısındag'ı dawıssızları menen birlikte tutas buwın

[1] *Баскаков Н. А.* Каракалпакский язык, т. II, М., 1952, 42-bet.
[2] *Ubaydullaev K.* Qaraqalpaq tili boyınsha tan'lamalı miynetler. No'kis, 1976, 70-bet.
[3] Qazaq tilinde de dawıslı [e] qısıq fonema ekeni eksperimental usıl menen da'lillendi. Qaran'ız: *А. Джунисбеков.* Заметки о фонеме [e] в казахском языке. Сб. Вопросы казахской фонетики и фонологий. Алма-Ата, 1979, 87-b.



tu'rinde qarama-qarsı qoyılatug'ının eskermewge bolmaydı. Usı da'wirge shekemgi jumıslarda bul sıyaqlı jubaylas so'zlerden tek dawıslılardı bo'lip alıw, olardı qarama-qarsı qoyıp keliwimizdin' o'zi jasalma bolg'an. Sebebi [tıs]-[tis] jubaylas so'zlerindegi [ı] ha'm [i] dawıslıları juwan-jin'ishke bolıp qarama-qarsı qoyılıwı menen birge juwan buwınlı aldıg'ı so'zdegi [t], [s] dawıssızlarının' juwan ekenin, jin'ishke buwınlı son'g'ı so'zdegi sa'ykes [t ], [s ] dawıssızlarının' jin'ishke ekenin, sonlıqtan da tek dawıslılar g'ana emes, al qon'sılas dawıssızlar da birlikte qarama-qarsı qoyılatug'ının eskermewge bolmaydı. Solay etip, usı da'wirge shekem buwınnın' sıpatına qaramastan dawıslını bo'lip alıp, tildin' tik ha'm jazıq jag'dayları boyınsha, erinnin' qatnası boyınsha qarama-qarsı qoya otırıp, olardın' fonemalıq qa'siyetlerin ko'rsetip kelgen bolsaq, endi bul usıldı qayta qarap shıg'ıwg'a tuwra keledi. Jeke fonema tu'rinde dawıslılar tek tildin' tik jag'dayı boyınsha g'ana qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı, [san] — [sa'n], [tos] — [to's], [tus] — [tu's], [tıs]-[tis] jubaylas so'zlerinde dawıslılar juwan-jin'ishkeligi boyınsha ayrılıp turıwı (qarama-qarsı qoyılıwı) menen birge dawıslının' aldındag'ı ha'm son'ındag'ı dawıssızları da'[s]-[s ], [n]-[n ], [t]-[t ], [s˚]-[s ˚], [t]-[t ] tu'rinde ayrılıp turadı. Dawıslılar ortasında [e] foneması birden-bir til aldı foneması bola otırıp, ol til ortası [i] fonemasına da, til artı [ı] fonemasına da qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı, [tes] — [tis], [tes] — [tıs]. Aldın'g'ı jubaylas so'zler tek dawıslıları arqalı ayrılıp tursa, son'g'ı jubaylas so'zler dawıslı menen birge dawıssızları da jin'ishke (t ·s ˚) juwan (t, s) tu'rinde ayrılıp turadı. Ko'rinip turg'anınday-aq [a]-[a'], [o]-[o'], [u]-[u'], [ı-i] tu'rinde til artı dawıslı fonemaları til ortası dawıslıları menen jubaylasadı. Bul ko'rinisti birden-bir til aldı dawıslısı bolıp sanalatug'ın [e] foneması buzadı. O'ytkeni [e] fonemasının' bir o'zi til aldı dawıslı foneması bola otırıp, til ortası ha'm til artı dawıslılarınan ayrılıp turadı ha'm olar qarama-qarsı qoyıladı.

Fonologiyalıq jaqtan dawıslılar ashıq ha'm qısıq bolıp eki toparg'a bo'linedi. Fonetikalıq belgilerine tiykarlanıp, fonologiyalıq jaqtan [o], [o'] dawıslıların orta ko'terin'ki dep esaplawg'a bolmaydı. Sebebi, qaraqalpaq tilinde [o], [o'] fonemalarına qarama-qarsı qoyılatug'ın olardan da ashıg'ıraq bolg'an erinlik fonemalar ushıraspaydı. Basqasha aytqanda qaraqalpaq tilinde jaqtın' ashılıw da'rejesi jag'ınan a ha'm a' eziwlik dawıslılarına ten' keletug'ın olardan da (o, o' den basqa) ashıg'ıraq erinlik dawıslılar



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

joq. Dawıslı [o] ha'm [o'] fonemaları qısıq [u] ha'm [u'] dawıslılarınan o'zlerinin' ashıq ekenligi menen ayrılıp turadı. Demek, [o], [u] ha'm [o'], [u'] jubaylas dawıslılarının' ashıq ha'm qısıqlıq belgileri so'zlerdin' ma'nisin ayırıw ushın, yag'nıy fonologiyalıq xızmet atqarıw maqsetinde jumsaladı. Basqa fonologiyalıq belgileri boyınsha [o], [u] ha'm [o'], [u'] birdey: [o], [u] - juwan, [o'], [u'] - jin'ishke fonemalar. Fonologiyalıq jaqtan [a]-[ı], [a']-[i] fonemaları ashıq ha'm qısıqlıg'ı jag'ınan qalay o'z-ara qarama-qarsı qoyılsa, [o], [u] ha'm [o'], [u'] fonemaları da da'l solay o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı.

Erinnin' qatnası boyınsha dawıslılar fonetikalıq jaqtan da fonologiyalıq jaqtan da erinlik ha'm eziwlik bolıp o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. (*1-keste*).

Dawıslılar fonema sıpatında ma'ni ayırıwshı belgileri arqalı juwan-jin'ishke, ashıq-qısıq, erinlik-eziwlik bolıp bir-birine qarama-qarsı qoyıladı. Juwan, yag'nıy til artı dawıslıları bolıp sanalatug'ın [a], [ı], [o], [u] fonemaları jin'ishke, yag'nıy til ortası [a'], [o'], [u'], [i] fonemalarına qarama-qarsı qoyılıwı menen birge bul fonemalar til aldı [e] fonemasına da qarama-qarsı qoyıladı. Solay etip til aldı [e] ha'm til ortası [a'], [i], [u'], [o'] fonemaları bir topardı — jin'ishke fonemalar toparın qurag'anı menen olardın' til aldı ha'm til ortası bolıwı da ma'ni ayırıwshılıq xızmet atqaradı. Ma'selen, [kim]-[kem] so'zlerindegi [i] ha'm [e] eki tu'rli fonema bolıp sanaladı: [e] — til aldı, [i] — til ortası fonemaları bolıp, al basqa fonologiyalıq belgileri jag'ınan olar ayrılmaydı: olardın' ekewi de — qısıq; olardın' ekewi de — erinlik.

*1-keste*

| Tildin' jazıq jag'dayına qaray / erinnin' qatnasına qaray / tildin' tik jag'dayı boyınsha | Jin'ishke | | | Juwan | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Eziwlik | | Erinlik | Eziwlik | Erinlik |
| | Til aldı | Til ortası | | | |
| qısıq | e | i | u' | ı | u |
| ashıq | - | a' | o' | a | o |



## § 11. Dawıslılardın' fonemalıq sisteması

Fonemalıq quramdı anıqlawda ko'rsetilgenindey-aq qaraqalpaq tilinde dawıslılardın' sanı tog'ız birlikten ibarat bolıp, olardın' ha'mmesi monoftonglar ekenin ko'rdik. Tu'rkiy tillerdegi da'stu'riy segiz dawıslıg'a qosımsha son'g'ı da'wirlerde arab, parsı tillerinen so'zlerdin' kelip kiriwi menen awısqan jin'ishke, ashıq, eziwlik dawıslı [a'] menen qaraqalpaq tilinin' fonemalıq quramı tolıqtırılg'an. Dawıslı fonemalardın' ha'mmesi dawıssızlardın' ortasında bir buwınlı so'zlerde ha'm ko'p buwınlı so'zlerdin' birinshi buwınında (tu'bir morfemada) ushırasadı. Sonlıqtan da bul fonetikalıq jag'dayda barlıq dawıslı fonemalardın' ma'ni ayırıwshı belgileri tolıq ju'zege shıg'adı. Atalg'an fonetikalıq jag'dayda (tu'bir morfemada) dawıslı fonemalar ushırasıwı jag'ınan sheklenbegenlikten olar tildin' tik jag'dayı boyınsha ashıq-qısıq bolıp, ayırıqsha fonema retinde, tildin' jazıq jag'dayı boyınsha juwan-jin'ishke bolıp, erinnin' qatnası boyınsha eziwlik-erinlik bolıp fonema xızmetinde tutas buwın qarama-qarsı qoyıladı. Al, son'g'ı buwınlarda (ko'mekshi morfemada) dawıslılar jumsalıwı jag'ınan sheklenedi.

Dawıslılardın' fonologiyalıq qa'siyetin anıqlawda olardın' qaysı buwında keliwi, basqasha aytqanda olardın' tu'bir yamasa ko'mekshi morfemada keliwi u'lken a'hmiyetke iye boladı. N. A. Baskakovtın' da'lillep kiyatırg'anınday-aq tu'rkiy tillerde so'zdin' arxitektonikası onın' tu'bir morfemasının' u'sh sesten (dawıssız-dawıslı-dawıssız) quralg'an bir buwınlı bolıwı menen sıpatlanadı.[1] Al, buwınnın' tek dawıslıdan yamasa dawıslı-dawıssızdan, dawıssız-dawıslıdan turıwı qaraqalpaq tilinde tu'rli fonetikalıq jag'daylardın' sebebinen a'dettegi halınan shetlewdi an'latadı. Sonlıqtan bolsa kerek, joqarıda aytılg'anınday-aq, ko'pshilik tu'rkiy tillerindegi sıyaqlı qaraqalpaq tilinde de dawıslılardın' ha'mmesi usı atalg'an fonetikalıq jag'dayda (dawıssız-dawıslı-dawıssız tu'rindegi birinshi buwındı) tolıq jumsaladı ha'm olardın' barlıq fonemalıq qa'siyetleri ju'zege shıg'adı. Son'g'ı buwınlarda (ko'mekshi morfemada) dawıslılar

[1] *Баскаков Н. А.* Введение в изучение тюркских языков. М., 1969, 122-bet; Историко-типологическая фонология тюркских языков. M., «Наука», 1988, 29-b.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ushırasıwı jag'ınan sheklenedi ha'm son'g'ı buwınlardag'ı sesler birinshi buwınnan g'a'rezli boladı.

Solay etip, qaraqalpaq tilinin' fonemalıq du'zilisi ba'rinen de burın singarmonizmge baylanıslı bolıp, tu'bir morfemanın' da, ko'mekshi morfemanın' da fonologiyalıq du'zilisin singarmonizmsiz anıqlaw mu'mkin bolmaydı. O'ytkeni buwın qurılısında da, buwınlar aralıg'ında da singarmonizm tan'lay u'nlesligi ha'm erin u'nlesligi tu'rinde ha'rekette boladı. Buwın qurılısında dawıslı menen dawıssız, al buwınlar aralıg'ında tutas buwın menen buwın juwan, jin'ishke ha'm erinlik, eziwlik tu'rinde singarmonizmdi ju'zege shıg'aradı. Usının' tiykarında pu'tkil qaraqalpaq tilinin' fonetikalıq-fonologiyalıq du'zilisi sıpatlanadı.[1]

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde tu'bir morfema menen ko'mekshi morfemada dawıslı fonemalardın' ushırasıwı da (distributsiyası) sonday-aq dawıslılardın' ma'ni ayırıwshı belgilerinin' ju'zege shıg'ıwı da, ulıwma tu'bir ha'm ko'mekshi morfemalardın' fonologiyalıq du'zilisi de birdey emes. Tu'bir morfemada [a¹] [o²] dawıslıları ushırasıwı jag'ınan sheklenedi. Tu'bir morfemada barlıq dawıslılar ushırasatug'ın bolg'anlıqtan olardın' ha'mmesi de ma'ni ayırıwshı belgileri boyınsha o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Al ko'mekshi morfemalarda ayırım dawıslılar ushıraspag'anlıqtan, solay etip oppozitsiya (jubaylaslıq) payda ete almag'anlıqtan olarda jumsalg'an dawıslılardın' ayırım ma'ni ayırıwshı belgileri ju'zege shıqpaydı. Bul tu'bir morfema menen ko'mekshi morfemanın' fonologiyalıq sisteması ortasında ayırmashılıqtı ko'rsetedi. A'dette tu'bir morfemada dawıslılardın' fonologiyalıq sisteması o'zinin' tolıq ko'rinisin tabadı ha'm dawıslılardın' barlıq ma'ni ayırıwshı belgileri ju'zege shıg'adı.

Tu'bir morfemada fonemalar tildin' tik jag'dayı boyınsha ashıq-qısıq bolıp birden-bir segmentlik birlik bolg'an dara fonema retinde qarama-qarsı qoyıladı. Al tildin' jazıq jag'dayı boyınsha juwan ( til artı) — (jin'ishke, til ortası ha'm til aldı) bolıp, erinnin' qatnası boyınsha eziwlik-erinlik bolıp jeke dawıslı fonema tu'rinde emes, al quramındag'ı dawıssızları menen qosa tutas buwın tu'rinde qarama-qarsı qoyıladı. Solay etip fonemalardın' u'sh tu'rli ma'ni ayırıwshı belgilerinen tek birewi (ashıq-qısıqlıq belgisi) olardın' segmentlik birlik bolatug'ınlıg'ın tastıyıqlap turadı.

[1] Bul haqqında singarmonizmge arnalg'an temalarda ayrıqsha so'z etiledi.



1. Tildin' tik jag'dayı boyınsha: [a]-[ı], [o]-[u], [o ]-[u ], [a ]-[i]-[e]. Mısalı: [tas]-[tıs], [t°os°]-[ t°us°], [t °o s °]-[t °u s °], [k ar ]-[k ir ]-[ k e r ].

2. Tildin' jazıq jag'dayı boyınsha:[a]-[a¹], [o]-[o¹], [u]-[u¹], [ı]-[i]-[e]. Mısalı: [san]-[ s a n ], [t°os°]-[ t °o s °], [t°us°]-[t °u s °], [tıs]-[t is ],[t es ].

3. Erinnin' qatnası boyınsha: [a]-[o], [a ]-[o ], [ı]-[u], [i],[e]-[u ]. Mısalı: [tas]-[ t°os°], [san ]-[ s °a n °], [tıs]-[t °us°],[tıs]-[t °us°]-[t is ]-[t'e's]-[t °u s °].

Birinshi topardag'ı jubaylas so'zlerdin' jazılıwınan ko'rinip turg'anınday-aq buwınnın' quramındag'ı dawıssızlar o'zgerissiz halda tildin' tik jag'dayı boyınsha ashıq-qısıq bolıp tek dawıslılardın' orın almasıwı arqalı ( a-ı, o-u, o -u , a -i ha'm e) sozlerdin' ma'nisi o'zgerip tur. Al, ekinshi ha'm u'shinshi topardag'ı jubaylas so'zlerdin' jazılıwınan ko'rinip turg'anınday-aq olarda tek dawıslı fonemalar orın almasıp g'ana qoymastan, sonın' menen birge aldındag'ı ha'm son'ındag'ı dawıssızları da juwan-jin'ishke, eziwlik-erinlik tu'rinde orın almasqan. Solay etip olardag'ı jalg'ız dawıslı fonema emes, tutas buwın (so'z) orın almasadı ha'm tek dawıslılar g'ana emes, al buwın (so'z) pu'tini menen juwan-jin'ishke, eziwlik-erinlik bolıp o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı.

Dawıslı fonemalarg'a ta'n ma'ni ayırıwshı belgiler bolg'an juwan-jin'ishke, eziwlik-erinlik, ashıq-qısıq sıyaqlı belgileri barlıq lingvistikalıq birliklerde (so'z, morfema, fonemalarda) ju'zege shıg'ıp, qarama-qarsı qoyıla bermeydi. Olardın' ha'r qaysısının' qarama-qarsı qoyılatug'ın bekitilgen (sheklengen) birlikleri boladı: juwan-jin'ishke bolıp tutas so'zler bolıp, eziwlik-erinlik bolıp tu'bir morfemalar, ashıq-qısıq bolıp tek dawıslı fonemalar qarama-qarsı qoyıladı.

Quramında buwınnın' qansha bolıwına qaramastan tutas so'z juwan-jin'ishke bolıp qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: [qıydı]-[kiydi], [tu'rdu']-[turdu], [boldu]-[bo'ldu'],[san]-[san'], [taraqlar]-[terekler],[tor]-[to'r] ha'm t.b. Eziwlik-erinlik bolıp tek tu'bir morfemalar qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: [tıs]°-[tus]°, [tis]°-[tu's], [tas]°-[tos],[tes]°-[to's] , [ka'n]-[ko'n] ha'm t.b. Ashıq-qısıq bolıp tek dawıslı fonemanın' o'zleri qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: [tas]-[tis] , [tos]- :[tus] ,[to's] -[tu's], [ka'r]-[kir]- [ker].



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Transkriptsiyada ko'rinip turg'anınday-aq jin'ishke buwınlı tutas so'zge tek bir jin'ishkelikti an'latıwshı belgini (  ) qoyıw arqalı tutas so'zdin' jin'ishke ekenligin, solay etip juwan buwınlı so'zge qarama-qarsı qoyılatug'ınlıg'ın bildiriwge boladı; erinlik buwınlı tu'bir morfemag'a erinlikti an'latıwshı tek bir belgini (°) qoyıw arqalı tutas tu'bir morfemanın' erinlik ekenligin, solay etip eziwlik buwınlı morfemag'a qarama-qarsı qoyılatug'ınlıg'ın bildiriwge boladı. Al, ashıq-qısıq bolıp tek dawıslılardın' aldındag'ı ha'm son'ındag'ı dawıssızlar birdey bolg'anlıqtan qoyılatug'ın qosımsha belgiler de birdey bolıp tur.

Tu'rkiy tillerde singarmonizmge muwapıq o'nimli qosımtalardın' ko'pshiligi eki ha'm onnan da ko'p variantlarda jumsaladı. Ma'selen, qaraqalpaq tilinde atlıqtın' ko'plik jalg'awı [lar], [ler], [lo r] tu'rinde [balalar], [kisiler], [gu'llo'r] sıyaqlı so'zlerde u'sh tu'rli variantta jumsaladı. Usı da'wirge shekem qaraqalpaq til biliminde atlıqtın' ko'plik jalg'awı dawıslılar singarmonizmine muwapıq juwan (lar), jin'ishke (ler) tu'rinde jumsaladı degen pikir menen sheklenip, onın' ekinshi buwında jumsalatug'ın jin'ishke erinlik ko'rinisine itibar berilmedi. Qaraqalpaq tilinde atlıqtın' ko'plik jalg'awı dawıslılar singarmonizmine muwapıq u'sh variantta ushırasıw menen birge dawıssızlar singarmonizmine baylanıslı da variantlarına iye boladı.

Feyildin' o'tken ma'ha'lin an'latıwshı ko'mekshi morfema dawıslılar singarmonizmine muwapıq to'rt variantta jumsaladı: [dı], [di], [du], [du ]. Mısalı: [aldı], [keldi], [ku'ldu'], [bu'rdu'].

Ko'rinip turg'anınday-aq bir morfemanın' o'zi to'rt tu'rli variantına iye bolıp, juwan eziwlik buwınnan keyin juwan eziwlik sın'arı [di], jin'ishke eziwlik buwınnan keyin jin'ishke eziwlik sın'arı [di], juwan erinlik buwınnan keyin juwan erinlik sın'arı [du], jin'ishke erinlik buwınnan keyin jin'ishke erinlik sın'arı [du'] jalg'anıp tur.

Joqarıda aytqanımızday ko'mekshi morfemalar tek dawıslılar singarmonizmine baylanıslı o'zlerinin' variantlarına iye bolıp qoymastan, sonın' menen birge dawıssızlar singarmonizmine baylanıslı olardın' variantları tag'ı da ko'beyedi. Ma'selen, feyildin' o'tken ma'ha'li dawıslılar singarmonizmine baylanıslı [dı], [di], [du], [du'] tu'rinde to'rt tu'rli variantına iye bolsa, al dawıssızlar singarmonizmine baylanıslı olarg'a [tı], [ti], [tu], [tu'] variantları



qosıladı. Basqasha aytqanda, dawıslılar singarmonizmine baylanıslı bir qosımtanın' o'zi dı/tı, di/ti, du/tu, du'/tu' tu'rindegi to'rt jup variantına iye boladı: dı/tı juwan eziwlik, di/ti jin'ishke eziwlik, du/tu - juwan erinlik, du'/tu' - jin'ishke erinlik. Al dawıssızlar singarmonizmine baylanıslı dı/ti/du/du'/tı/ti/tu/tu' tu'rindegi u'nli ha'm u'nsiz dawıssızlardan baslanatug'ın eki variantına iye boladı. Tag'ı da bir mısal: eger dawıslılar singarmonizmine baylanıslı iyelik sepligi quramında [ı], [i], [u], [u'] dawıslıları jumsalatug'ın to'rt tu'rli variantına iye bolatug'ın bolsa, al dawıssızlar singarmonizmine baylanıslı ol qosımtanın' variantları tag'ı da u'sh esege ko'beyedi. Dawıslılar singarmonizmine baylanıslı payda bolatug'ın quramında [ı], [i], [u], [u ] dawıslıları bar to'rt varianttın' ha'r biri dawıssızlar singarmonizmine baylanıslı u'nsiz [t], u'nli [d], sonor [n] dawıssızlarınan baslanatug'ın tag'ı da u'sh variantta jumsaladı. Solay etip bir iyelik sepliginin' jalg'awı dawıslılar ha'm dawıssızlar singarmonizmine baylanıslı on eki variantta jumsaladı: [tın'], [tin'], [tun'], [tu'n'], [dın'], [din'], [dun'], [du'n'],[nın'], [nin'], [nun'], [nu'n'].

Singarmonizmge muwapıq bunday ko'p variantlı qosımtalardın' quramındag'ı dawıslılar da, dawıssızlar da orın almasqan menen tu'birdegi sıyaqlı so'zlerdin' ma'nisin o'zgertpeydi.

Joqarıda keltirilgen iyelik sepliginin' jalg'awındag'ı [ı], [i], [u], [u'] ha'm dawıssız [t], [d], [n] atlıqtın' ko'plik jalg'awındag'ı dawıslı [a], [e], [o ] ha'm dawıssız [l], [d], [t] sesleri sol qosımtalardın' variantın do'retiwge qatnasadı. Ma'selen, [lar], [ler], [lo'r] ko'plik jalg'awının' sanı u'shew bolg'anı menen olar tek bir grammatikalıq ma'nisti - ko'plik ma'nisin an'latadı; sonday-aq [dın'], [din'], [tın'], [tin'], [nın'], [nin'], [nun'], [dun'], [tun'], [nu'n'], [du'n'], [tu'n'] iyelik sepligi jalg'awının' sanı on eki bolg'anı menen bul da tek bir grammatikalıq ma'nisti - iyelik sepligi ma'nisin bildiredi. Solay etip olardın' quramındag'ı seslerdin' almasıwı menen ma'ni o'zgerip ketpeydi. Mine, bul singarmoniyalıq tillerdin' baslı o'zgesheligi bolıp tabıladı. Tu'birde ha'm qosımtada, bir buwınlı so'zlerde ha'm ko'p buwınlı so'zlerdin' son'g'ı buwınlarında seslerdin' fonemalıq qa'siyetleri menen xızmeti birdey emes. Ko'mekshi morfemanın' variantın do'retiwge qatnasıwshı fonema o'zinin' aldındag'ı ha'm son'ındag'ı basqa qon'sılas fonemalar menen ajıralmas birlikte ha'm baylanısta



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

tu'bir morfemanın' seslik du'zilisine sa'ykeslese otırıp orın almasadı. Ma'selen, ko'plik jalg'awının' variantların do'retiwge qatnasatug'ın fonemalar dawıslı [a], [e], [o'] desek, olar aldındag'ı ha'm son'ındag'ı [l] ha'm [r] dawıssızları jin'ishke [e] dawıslısı menen kelgende tek jin'ishke [l] ha'm [r ] dawıssızları, jin'ishke erinlik [o'] dawıslısı menen kelgende tek jin'ishke, erinlik [l], [r] dawıssızları g'ana keledi. Solay etip, ko'mekshi morfemada dawıslı ses o'zinin' fonemalıq xızmeti bolg'an ma'ni ayırıwshılıq qa'siyetin jog'altqanday ko'rinedi. Shınında ol jerde ha'r tu'rli dawıslılar bolg'an [a], [e], [o'] fonemalarının' almasıwı dep tu'siniliwi kerek. Al, [basla]-[baslı], [isle]-[isli] jubaylas so'zlerindegi ko'mekshi morfemalar bir-birinen tek dawıslılar arqalı ayrılıp tur. Ol so'zlerdin' ko'mekshi morfemalarındag'ı [a], [e] ha'm t.b. dawıslılarının' ayrıqsha fonema ekenine gu'man joq. Solay etip, ko'mekshi morfemada dawıslı [a], [e] ha'm basqa da dawıslılar o'zlerinin' fonemalıq xızmeti bolg'an ma'ni ayırıwshılıq qa'siyetin tolıq saqlap tur. Sonlıqtan da, ko'mekshi morfemanın' ko'p variantlı bolıwın singarmoniyalıq tillerdin' o'zinshelik o'zgesheligi dey otırıp, olardın' qurılısındag'ı seslik o'zgerislerdi, atap aytqanda, ko'mekshi morfemanın' basındag'ı dawıssızdın', sonday-aq ondag'ı dawıslılardın' almasıwı qaraqalpaq tilinin' qa'liplesken da'stu'rli sesler almasıwı[1] dep qarawımız kerek. Solay etip, dawıslı seslerdin' ekinshi ha'm onnan keyingi buwınlardag'ı, dawıssızlardın' ko'mekshi morfemanın' basındag'ı ko'p variantlılıg'ı qaraqalpaq tilinin' da'stu'rli seslik almasıwının' ko'rinisi bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq tilindegi ko'mekshi morfemalardın' quramındag'ı dawıslı fonemalar da, dawıssız fonemalar da o'z-ara orın almasıwına dawıslılar singarmonizmine muwapıq atlıqtın' ko'plik jalg'awlarının' u'sh variantta keliwi, yag'nıy olardag'ı [a], [e], [o'] dawıslıların aldındag'ı ha'm keyindegi [l], [r] dawıssız seslerinin' tu'rin o'zgerte otırıp jumsalıwı mısal bola aladı. Sonday-aq, tartım jalg'awının' to'rt variantta keliwin de mısal retinde ko'rsetiw mu'mkin: [tısı], [tisi], [tusu], [tu su ] so'zlerinde [ı], [i], [u], [u'] dawıslılarının' almasıwı singarmonizmge sa'ykes keledi. Keltirilgen mısallardan ko'rinip turg'anınday-aq ko'mekshi morfemalarda [a], [e], [o'],

[1] Seslerdin' almasıwı ko'plegen tillerde ushırasadı ha'm onı lingvistikada *alteratsiya* yamasa *divergentsiya* degen terminler menen de ataydı.



[ı], [i], [u], [u'] dawıslıları ushırasadı. Al, [a'], [o'] dawıslıları ushıraspaydı. Sebebi ol fonemalar ko'mekshi morfemalarda jumsalıwı jag'ınan sheklengen;

b) Ko'mekshi morfemada dawıssız fonemalardın' o'z-ara orın almasıwına mısal retinde dawıssızlar singarmonizmine muwapıq iyelik sepliginin' basındag'ı [t], [d], [n] fonemalarının' almasıwın ko'rsetiwge boladı. Ol dawıssızlar [attın'], [taldın'], [balanın'] tu'rindegi so'zlerde o'zleri jalg'anatug'ın tu'birdin' aqırındag'ı seslerge baylanıslı almasadı. Basqa mısal: [r], [m], [d] dawıssızları bolımsız feyil qosımtasının' basında [aytpa], [alma], [jazba] tu'rindegi so'zlerde almasadı. Sonday-aq [q/k] ha'm [g'/g] dawıssızları da barıs sepliginin' basında [atqa], [qarg'a], [betke], [jerge] tu'rindegi so'zlerde almasadı. Onı bılay ko'rsetiwge boladı: *q-k* yamasa *g'-g*.

Biz joqarıda ko'mekshi morfemalarda dawıslı ha'm dawıssızlardın' almasıw qubılısın so'z etken bolsaq, sonın' menen birge tu'bir morfemanın' qurılısında da seslerdin' almasatug'ınlıg'ın ko'rsetiwge boladı. Dawıssızlar singarmonizmine sa'ykes tu'bir morfemanın' aqırındag'ı sesler almasadı. Mısalı: [kitap] — [kitabı], [taraq]-[tarag ı], [jik]-[jigi]. Sonday-aq seslik nızamlardan biyg'a'rez halda tu'birdin' aqırındag'ı seslerdin' almasıwı ushırasadı. Mısalı: [qap] — [qaw], [jap] — [jaw], [tap] — [taw]; [sep] — [sew] ha'm t.b. Ol jubaylas so'zlerdin' ma'nileri birdey bolıp, ekewi de tilde ten'dey jumsaladı.

## § 12. Diftonglar

Ayırım dawıslılar qanday fonetikalıq jag'dayda keliwine qaramastan artikulyatsiyalıq jaqtan eki sesten quralıwı mu'mkin. Bir dawıslıdan baslanıp, ekinshi dawıslıg'a pitken quramalı sesler bir buwınnın' quramında keliwinen haqıyqat diftong jasaladı. Qaraqalpaq tilinde bunday diftonglar ushıraspaydı. Qaraqalpaq tilinde tek jalg'an diftonglar bolıp, olardın' ha'r biri eki fonemadan quraladı. Yarım dawıslılar bolg'an *w, y* sonorları dawıslı fonemalardın' aldında ha'm son'ında dizbeklesip kelip, ashıq ha'm tuyıq fonetikalıq diftonglardı payda etedi. *Y* ha'm *w* sesleri shınında da dawıssız fonemalar bolıp, artikulyatsiyalıq jaqtan dawıslılarg'a og'ada jaqın bolg'anlıqtan olar yarım dawıslılar dep



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

te aytıladı. Bunday buwın quray almaytug'ın bo'lekke iye bolg'an diftonglar jalg'an diftonglar delinedi. Buwın quray almaytug'ın y, w bo'leklerinin' diftongtın' aldında ya son'ında turıwına qaray olar ashıq ha'm tuyıq diftonglar bolıp ekige bo'linedi. Ashıq diftonglar: *ye, ya, ya', yo, yo', yu', yu, yi, yı, wo, wo', wa, wa', wu'*. Mısalı: *yek, yaq, yosh, yaki, kiyik, tayın, tu'ye, sıyır, woz, wo'z, wa'j, awır*. Tuyıq diftonglar: *ıy, iy, ay, a'y, ey, oy, o'y, uy, u'y, u'w, ıw, aw, ew*. Mısalı: *tıy, tiy, ay, a'y, geyde, toy, so'yt, u'y, uyqı, gu'w, jew ha'm t.b.* Keltirilgen bul mısallardag'ı *tu'ye, sıyır, uyqı, gu'w* so'zlerindegi eziwlik *ı, i, e* dawıslıları singarmonizmge muwapıq sa'ykes erinlik dawıslılar bolg'an *u, u', o'* seslerine aylanıp, ol so'zler *tu'yo', u'yu', uyu, ta'wu'r, awur, uyqu* tu'rinde aytıladı. Sonday-aq joqarıda keltirilgen mısallardag'ı *yek, yeki, woz, wo'z* so'zleri imla qa'deleri tiykarında *ek, eki, oz, o'z* tu'rinde jazıladı. Bul so'zlerdegi *e, o'* ha'ripleri *ye, wo, wo'* diftonglarırı an'latıw ushın jumsalg'an.

Diftonglardın' ko'pshiliginin' eki fonemadan turatug'ınına hesh qanday gu'man joq. Sonlıqtan olardın' ba'rine tallaw jasaw za'ru'r emes. Diftonglardın' ishinde *ıy, iy, uw, u'w* tuyıq diftonglarının' ha'm *ye, wo, wo'* ashıq diftonglarının' ha'r qaysısı eki fonemadan tura ma yamasa olar eki sesten quralg'an bir fonema ma? Bul ma'seleni sheshiw qaraqalpaq tilinde qıyın ha'm talaslı ma'sele bolıp tabıladı. Sonlıqtan bularg'a o'z aldına toqtap o'tiw za'ru'r.

## § 13. Ayırım tuyıq diftonglardın' fonemalıq quramı

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde *ıy, iy, uw, u'w* diftonglarının' ha'r qaysısı eki fonemanın' dizbegi dep sanaladı ha'm olar ha'zirgi imlada esapqa alıng'an. Bul teoriyalıq ha'm a'meliy jaqtan og'ada durıs sheshim bolıp tabıladı. Diftonglar ushırasatug'ın so'zler *juw, buw, suw, kiy, qıy, sıy* ha'm t.b. tu'rinde jazılıp, diftonglardın' qurılısındag'ı seslerdin' ha'r qaysısı o'zlerinin' sha'rtli tan'baları menen belgilenedi.

Atalg'an diftonglardın' ha'r qaysısı bir pu'tin fonema emes, al olardın' ha'r biri eki fonemanın' dizbeginen turatug'ınlıg'ın tolıq da'lilleytug'ın mag'lıwmatlar keltiremiz.

*Birinshiden,* bul diftonglardın' juwan-jin'ishkeligi, anıg'ıraq aytqanda, olardın' dawıslı sın'arının' juwan yamasa jin'ishkeligi



so'zlerdin' ma'nisin ayırıp turadı. Mısalı: *jıy — jiy, tıy — tiy, tuw — tu'w* ha'm t.b. Bul jubaylas so'zlerdegi dawıslılardın' orın almasıwı menen so'zlerdin' ma'nisi o'zgerip tur. Sonday-aq diftonglardın' ekinshi (dawıssız) sın'arının' basqa dawıssız benen orın almasıwı arqalı da so'zdin' ma'nisi o'zgerip, jan'a so'z payda boladı. Mısalı: *jıy — jıl, jıy — jık, tıy — tın, tuw — tur* ha'm t.b. Fonologiya iliminde ulıwma qabıl etilgen qa'deler boyınsha diftonglar bir pu'tin fonema bolıp sanalıwı ushın bunday bolmawı kerek. Solay etip, bul diftonglardın' sın'arları birigip, ajıralmas bir pu'tin fonema bola almay, aldındag'ı dawıslıları ı, i, u, u' ha'm son'ındag'ı y, w dawıssızları o'z aldına dara-dara fonemalar bolıp sanaladı.

*Ekinshiden,* ıy, iy, uw, u'w diftonglarının' sın'arları arasınan buwınnın' shegarası o'tedi. Ma'selen, bul diftonglarg'a tamamlang'an so'zdin' son'ın dawıslıdan baslang'an qosımta qosılsa, son'g'ı sın'arı (y, w) kelesi buwınnın' quramına o'tedi. O'ytkeni qaraqalpaq tilinde ekinshi ha'm onnan keyingi buwınlar dawıslıdan baslanbaydı. Mısalı: *kiy-ki+yim, tıy-tı+yım, suw-su+wım* ha'm t.b. Tu'birge tiyisli bolıwına qaramastan y, w kelesi buwıng'a o'tip tur.

*U'shinshiden,* so'z bolıp otırg'an diftonglardın' sozımlılıg'ı monoftonglar[1] bolg'an ı, i, u, u' dawıssızlarına qarag'anda shama menen eki ese sozımlıraq. Sonday-aq, ıy, iy, uw, u'w diftonglarının' sozımlılıg'ı eki fonemadan turatug'ınına gu'man joq dep sanalatug'ın im, il, ul ha'm t.b. sıyaqlı sesler dizbeginin' sozımlılıg'ı menen ortasha alg'anda ten'dey keledi. Bul mag'lıwmatqa tiykarlana otırıp ko'rsetilgen diftonglardı sozımlılıg'ı boyınsha eki fonemanın' dizbeginen turadı dew kerek. O'ytkeni "eger de sozımlılıg'ı jag'ınan sol tildegi basqa fonemalardın' sozımlılıg'ınan asıp ketpese g'ana sesler toparın bir fonemanın' jumsalıwı dep esaplaw kerek".[2] Al qaraqalpaq tilinde bolsa, diftonglardın' sozımlılıg'ı da dara fonemalardan eki ese sozımlıraq ha'm eki fonemanın' sozımlılıg'ının' qosındısı menen bara-bar keledi. Bunday juwmaq shıg'arıw ushın tıy, tiy, tuw sıyaqlı ha'm

[1] **Monoftong** — grekshe *monos* — "bir" ha'm *phtongos* "dawıs", "ses" degendi bildiredi.
[2] *Трубецкой Н. С.* Основы фонологий. М., 1960, 66-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

sım, til, tul sıyaqlı so'zler ostsillografta jazılıp, alıng'an ostsillogrammadan so'zlerdin' son'g'ı (ıy, iy, uw ha'm ım, il, ul) sesler dizbegi millisekund penen o'lshenip, olar salıstırıldı.[1]

*To'rtinshiden,* ko'pshilik tu'rkiy tillerde sonday-aq qaraqalpaq tilinde de, so'zdin' aqırı dawıslıg'a pitse, og'an qosımtanın' dawıssızdan baslang'an variantı, al so'z dawıssızg'a tamamlansa, og'an qosımtanın' dawıslıdan baslang'an variantı qosılatug'ın jag'daylar ko'plep ushırasadı. Mısalı, *atam, inim, bo'lem, dizim* ha'm *atım, tilim, ku'nim, qolım* so'zlerin salıstırın'ız; *ıy, iy, uw, u'w* diftonglarına tamamlang'an so'zlerge basqa da aqırı dawıssız fonemalarg'a tamamlang'an so'zlerdegidey qosımtanın' dawıslıdan baslang'an sın'arı qosıladı. Mısalı, *sıyım, tıyım, kiyim, suwım, juruwım* ha'm t.b. Bul mısallar atalg'an diftonglardın' bir pu'tin fonemalar emes, al son'g'ı sın'arlarının' dawıssız fonemalar ekenin ko'rsetedi.

Joqarıda ko'rsetilgen semantikalıq, morfologiyalıq ha'm fonetikalıq mag'lıwmatlardın' ha'mmesi ıy, iy, uw, u'w diftonglarının' fonetikalıq diftonglar bolatug'ınlıg'ın, al olardın' ha'r birinin' fonologiyalıq jaqtan so'zsiz eki fonemanın' dizbeginen quralatug'ınlıg'ın tolıq da'lilleydi.

## § 14. Ayırım ashıq diftonglardın' fonemalıq quramı

Qaraqalpaq tilinin' seslik du'zilisin izertlewge arnalg'an miynetlerde avtorlar tu'pkilikli so'zlerdin' basında jumsalg'anda dawıslı e, o, o' fonemaları mudamı diftong tu'rinde aytıladı, yag'nıy e foneması bul jag'dayda y sesi menen, o ha'm o' fonemaları w sesi menen dizbeklesip keledi dep ko'rsetedi. Haqıyqatında da, fonetikalıq ko'z-qarastan, yag'nıy artikulyatsiyalıq jaqtan so'zdin' basında e, o, o' ha'ripleri menen jazılıp ju'rgen dawıslılar shınında ye, wo, wo' diftongları bolıp olardın' ha'r biri eki sestin' dizbegi tu'rinde aytıladı. So'zdin' ortasında ha'm aqırında *niyet, jiyek, biye, tiye* usag'an so'zlerde de *ye* aytıladı ha'm usılay jazıladı. So'zdin' ortasında *wo'* bolıp aytılg'anı menen jazıwda *we* bolıp jazıladı. Mısalı: *su'wo'n, ju'wo'n* — aytılıwı; *su'wen, ju'wen* — jazılıwı. Al, *wo* so'zdin' tek birinshi buwınında

[1] *Даулетов А.* Вокализм каракалпакского языка. Самарканд, 1976, 33-bet.



g'ana gezlesip, ol bir ha'rip penen - o menen belgilenedi. Son'g'ı buwınlarda o foneması tek orıs tilinen kirgen so'zlerde ushırasadı.

So'zdin' basında *ye, wo, wo'* diftonglarıın eksperimental metodlar menen izertlep qarag'anda, olardın' ha'r biri *y* ha'm *e*, *w* ha'm *o*, *w* ha'm *o'* sıyaqlı tolıq eki sestin' dizbeginen turatug'ınlıg'ı anıqlandı.

*Birinshiden,* auditoriyalıq ta'jiriybe na'tiyjesinde so'zdin' ortasında jumsalatug'ın, eki fonemadan turg'an *ye* ha'm *wo'* dizbekleri tın'lawshılar ta'repinen so'zdin' basında jumsalatug'ın *ye, wo'* diftongları sıyaqlı bolıp qabıl etiledi. Bul ta'jiriybe bılay islendi: magnitofon lentasına niyet, jiyen, su'wo'n sıyaqlı so'zlerden arnawlı apparat (seperator) arqalı ekinshi buwınları (yet, yek, wo'n) bo'linip alınıp, tag'ı da magnitofong'a jazıladı. Son'g'ı jazıp alıng'an buwınlar tın'lawshılar ta'repinen qaraqalpaq tilindegi qa'dimgi ma'ni bildiretug'ın *et, ek, o'n* so'zleri tu'rinde qabıl etiledi.

*Ekinshiden, wo* ha'm *wo'* diftonglarınan baslang'an so'zlerdi aytıw waqtında erinlerdi kinog'a tu'sirip, kino su'wretlerge serlep qarag'anda, da'slep erinler bir-birine jaqınlasıp, *w* sesin aytqandag'ıday formag'a enip, onnan keyin o ha'm o' seslerine ta'n bolg'an qa'lpine keledi.[1] Solay etip, da'slep *w* anıq aytıladı da keyin *o* ha'm *o'* dawam etiledi.

*U'shinshiden,* ostsillograf apparatında tu'sirilgen su'wretlerdegi sızıqlarg'a qarap, so'zdin' basındag'ı *ye, wo, wo'* diftonglarının' ha'r biri tolıq eki sesten turatug'ınlıg'ın ko'riwge boladı. Ostsillogramma materiallarına tiykarlanıp, bul diftonglardın' sozımlılıg'ı eki fonemadan turatug'ınına gu'man tuwmaytug'ın *le, me, lo, mo, lo', mo'* ha'm t.b. sıyaqlı sesler dizbeklerinin' sozımlılıg'ı menen ten'dey ekeni, *ye, wo, wo'* diftonglarının' sozımlılıg'ı sa'ykes e, o, o' monoftonglarının' sozımlılıg'ınan eki ese uzınıraq ekeni bayqaladı. Bul diftonglardın' sozımlılıg'ının' so'zdin' basındag'ı *ya, wa* ha'm wa' diftonglarının' sozımlılıg'ı menen barabar keletug'ınlıg'ı *yer — yar, yeki — ya'ke, woz — waz, wo'kin — wa'kil* sıyaqlı so'zlerdegi da'slepki eki sestin' sozımlılıg'ın salıstırıw arqalı anıqlandı.[2]

[1] *Даулетов А.* Вокализм каракалпакского языка. Самарканд, 1976, 33-bet.
[2] *Sonda.*



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

*To'rtinshiden,* spektogramma materiallarına qarag'anda da diftonglardan sonor ha'm dawıslı seslerdi an'g'arıwg'a boladı. Spektrogrammada ye, wo, wo' diftonglarının' dawıslı sın'arları anıq formantlarına iye bolsa, aldın'g'ı sın'arının' formantı anıq emes, eki sın'ardın' tiykarg'ı tonları bir-biri menen tutasıp turadı.

Joqarıda ko'rsetilgen eksperimental materiallar, sonday-aq so'ylew ag'zalarımızdın' ha'reketin baqlaw arqalı so'zdin' basındag'ı *ye, wo, wo'* diftonglarının' ha'r biri tolıq eki sesten *y* ha'm *e, w* ha'm *o, w* ha'm *o'* seslerinen turatug'ınlıg'ın ko'riwge boladı. Biraq ta olardı eki fonema dep tanıw ushın joqarıdag'ı fonetikalıq mag'lıwmatlar ele de jetkiliksiz. Bul ma'seleni durıs sheshiw ushın tildin' fonemalıq sistemasın teren' tallap ko'riw kerek. Tildin' fonemalıq sistemasına tiykarlanıw kerek ekenligi prof. L.R.Zinder ta'repinen bılay eskertiledi: "... diftong dara-dara eki fonemanın' dizbeginen qurala ma yamasa fonetikalıq jaqtan qospalı bolg'an bir fonema ma? Bul sorawg'a sol tildin' tutas fonemalıq sistemasın izertlew arqalı g'ana anıq juwap beriw mu'mkin".[1] Joqarıdag'ı fonetikalıq (aritkulyatsiyalıq) faktler menen birlikte qaraqalpaq tilinin' seslik sistemasına fonemalıq tallaw jasag'anımızda da barlıq diftonglardın' eki fonemanın' dizbeginen turatug'ınlıg'ın anıqlawg'a boladı.

Geypara tu'rkiy tillerde so'zdin' basında jumsalatug'ın *ye* diftongının' eki fonemadan turatug'ınlıg'ın da'lillew qıyın emes. Ma'selen, o'zbek a'debiy tilinde e monoftongi ha'm ye diftongı so'zdin' basında jumsaladı.[2] Solay etip so'zdin' basında ye ha'm e o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: *yer — er.* Bul sıyaqlı qubılıs orıs tilinde de bayqaladı. Orıs tilinde so'zdin' basında e monoftongi jumsalıp, ol e ha'ribi menen belgilenedi. Mısalı: *ел, есть, поел, съел, в семье.*[3] Solay etip, so'zdin' basında *ye* diftongi menen bir qatarda *e* monoftongi de jumsaladı. A'debiy tilde birdey fonetikalıq jag'dayda (mısalı: so'zdin' basında) bir fonemanın' eki tu'rli ren'ki jumsalmaydı, al bir qıylı ren'ki jumsaladı. Orıs tilinde *e* ha'm ɔ o'z aldına basqa-basqa fonemalar dep sanalmaydı. Al, olar bir fonemanın' (*e* fonemasının') ren'leri dep esaplanadı.

---

[1] *Зиндер Л. Р.* Общая фонетика. Л., 1960, 8-bet.
[2] *Решетов В. В.* Узбекский язык. Ташкент, 1959, 135-bet.
[3] *Аванесов Р. Н.* Русское литературное произношение. М., 1968, 48-bet.



Sonlıqtan *e* ha'm *ə* tu'rinde ha'r qıylı bolıp jazılıwına qarap, olardı ha'r tu'rli fonemalar dep esaplawg'a bolmaydı.

Solay etip, so'zdin' basında diftong emes, "taza" *e* dawıslı fonemasi ushırasatug'ın tillerde (mısalı: o'zbek ha'm orıs) usınday fonetikalıq jag'dayda (so'zdin' basında) jumsalg'an *ye* diftonginin' eki fonemadan turatug'ınlıg'ın da'lillew qıyın emes.

Qaraqalpaq tilinde fonetikalıq jag'dayg'a baylanıslı, yag'nıy so'zdin' basında keliwine baylanıslı *e* dawıslısı mudamı *y* sesi menen, al *o* ha'm *o'* dawıslıları mudamı *w* sesi menen aytılg'anlıqtan *ye* so'zdin' basında jumsalatug'ın *e* dawıslı fonemasının' ren'ki, al *wo, wo'* sa'ykes *o* ha'm *o'* fonemalarının' so'z basında jumsalatug'ın ren'leri dep tu'sinilip kelindi. O'ytkeni fonemanın' anaw ya mınaw ren'ki tek belgili bir fonetikalıq jag'dayda g'ana ushırasadı, al basqa fonetikalıq jag'dayda sol fonemanın' basqa ren'ki jumsaladı degen ko'z-qaras tiykarında *ye, wo, wo'* diftonglari eki fonemanın' dizbegi emes, al sa'ykes *e, o, o'* fonemalarının' so'zdin' basında jumsalatug'ın pozitsiyalıq ren'leri dep esaplanıldı. Biraq, bunday sheshimge joqarıda keltirilgen fonetikalıq faktler menen birge to'mendegi fonologiyalıq faktler de qarsı keledi.

Birinshiden, qaraqalpaq tilinde y ha'm w sesleri ayrıqsha fonema sıpatında qollanıladı. Olar so'zdin' basında *a, a'* dawıslılarının' aldında fonema xızmetinde jumsaladı. *Y* ha'm *w* sonorlarının' o'z aldına dara fonema ekenin da'lillew qıyın emes. Bul sonorlar basqa dawıssızlarg'a to'mendegishe qarama-qarsı qoyıladı:

a) so'zdin' basında *yar-tar-ar, ya'ki-pa'ki, waz-baz-az, wa'kil-sha'kirt,* t.b. Dawıslı a fonemasının' aldındag'ı sestin' tu'sip qalıwı menen jan'a so'zler (ar, az) payda boladı. Al *a* fonemasının' aldındag'ı *y, w* seslerinin' tu'siriliwi menen jan'a so'z payda bolmaydı. O'ytkeni qaraqalpaq tilinde a'ki, a'kil degen so'zler joq. Olar tek ma'ni bildirmeytug'ın sesler dizbegi. Sol sıyaqlı *yer-ter, por-tor, wo'r-to'r,* t.b. degende birinshi seslerinin' orın almasıwı arqalı bul jubaylas so'zlerdi bir-birinen ajıratamız. Dawıslı e fonemasının' aldındag'ı y sesinin', *o* ha'm *o'* fonemasının' aldındag'ı w sesinin' tu'siriliwi menen tazadan so'z jasalmaydı. Joqarıdag'ıday a'kil ha'm a'ki tilde so'zler sıpatında jumsalmag'anı sıyaqlı tu'pkilikli so'zlerde aldındag'ı *y* ha'm *w* sın'arlarısız *e, o, o'* fonemaları jumsalmaydı, yag'nıy *er, or, o'r* bolıp aytılmaydı, al mudamı *yer, wor, wo'r* tu'rinde aytıladı;



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

b) so'zdin' ortasında — *tayaq — taraq, quwat — qurat, su'wen — su'ren* ha'm t.b. Bul mısallardan ko'ringenindey *y* ha'm *w* seslerinin' ornına basqa dawıssız sesler jumsalıw menen so'zdin' ma'nisi o'zgerip basqa so'z jasalıp tur.

Sonor y ha'm dawıslı e seslerinin' aralıg'ınan morfologiyalıq shegara o'tedi, yag'nıy e morfema xızmetin atqaradı. Mısalı: *tiye, kiye* sıyaqlı so'zlerde *ye* diftongının' son'g'ı sın'arı bolg'an *e* dawıslısı hal feyildin' suffiksi bolıp, ol morfema xızmetin atqarıp tur. Solay etip, *y* ha'm *w* sonorları o'z aldına dara fonema bolıp, olar so'zdin' ortasında, aqırında ha'm basında da jumsaladı. So'zdin' basında *e, o, o'* dawıslıları ayrıqsha qa'siyetke iye boladı, yag'nıy olar joqarıda aytılg'anınlay-aq tu'pkilikli so'zlerde tek dawıssızlardan son' g'ana, sonın' ishinde *y, w* dawıssızlarınan da son' jumsaladı.

So'zdin' basında tek *ye, wo, wo'* diftongları g'ana emes, sonın' menen birge eki fonemadan turatug'ınına gu'mansız bolg'an *ya, ya', wa, wa'* sıyaqlı diftonglardın' da jumsalatug'ınlıg'ı joqarıdag'ı mısallar menen ko'rsetildi. *Ya, ya', wa, wa'* diftonglarının' ha'r biri so'zdin' basında eki fonemanın' dizbegi sıpatında jumsalatug'ın bolg'anlıqtan, tap sonday fonetikalıq jag'dayda (so'zdin' basında) kelgen *ye, wo, wo'* diftonglarin da eki fonemanın' dizbeginen quralg'an dep esaplawg'a tiyislimiz. Sebebi, „...belgili bir tildin' qa'deleri boyınsha ayırım fonemalar topari da'l sonday fonetikalıq jag'dayda ushıraspaytug'ın bolsa g'ana onday sesler toparı bir fonema dep esaplanıwı kerek"[1]. Qaraqalpaq tilinde bolsa, *ya, ya', wa, wa'* sıyaqlı sesler dizbegi (diftongları) so'zdin' basında ushırasadı ha'm olardın' ha'r biri eki fonema dep esaplanadı. Sonlıqtan, analogiya boyınsha so'zdin' basında jumsalatug'ın *ye, wo, wo'* diftongları da eki fonemadan turatug'ın seslerdin' dizbegi dep sanalıwı kerek.

Ekinshiden, qaraqalpaq tilinde orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden kirgen so'zlerdin' basında diftong emes, „taza" *e, o* fonemaları (monoftonglar) jumsaladı. Mısalı: *elektr, energiya, ekskursiya, eser, eston, opera, oblast, orden, order, osherk, oda,* t.b. Qaraqalpaq tilinde e fonemasının' *ye* ren'ki so'zdin' basında, *e* ren'ki so'zdin' ortasında ha'm aqırında jumsaladı: solay etip *ye* ha'm e bir fonemanın' (*e* fonemasının') ren'ki boladı dep

[1] *Н. С. Трубецкой.* Основы фонологий. М., 1960, 66-bet.



esaplanıp kelgen bolsa, orıs tilinen *elektr, oblast,* t.b. sıyaqlı so'zlerdin' kelip kiriwi menen bul tu'sinik o'zgeredi. Qaraqalpaq a'debiy tilinde ol so'zler *yelektr, woblast* tu'rinde aytılmaydı. Endi so'zdin' basında *ye, wo'* diftongları menen birlikte *e, o* monoftongları da jumsaladı. Demek, *e* ha'm o fonemalarının' diftong bolıp aytılıwının' sebebi fonetikalıq jag'dayg'a (so'zdin' basında keliwine) baylanıslı dep esaplawg'a bolmay qaladı. Solay etip, *e, o* fonemaları so'zdin' basında *ye, wo* diftonglarına qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: imla qa'deleri tiykarında *elektr-elek, eser-eser, eston-esten, opera-opira, orden-ordin, order-ordir,* t.b. bolıp jazılatug'ın bul so'zler fonemalıq jaqtan *elektr-yelek, eser-yeser, eston-yesten, opera-wopira, orden-wordin, order-wordir* boladı ha'm bul jubaylas so'zlerde *e-ye, o-wo* o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. So'zdin' basında jumsalatug'ın *ye, wo* diftongları bir pu'tin fonemalar (monofonema) dep sanalıp kelgen bolsa, endi orıs tilinen kirgen so'zlerdin' sebebinen olardı (ye,wo) eki fonema (bifonema) dep esaplawg'a tiykar payda boladı. Tildin' fonemalıq qurılısın anıqlawda, ulıwma tildin' fonemalıq sistemasına tallaw jasag'anımızda sol tildin' so'zlik quramına kiretug'ın barlıq so'zler, sonın' ishinde sırttan kirgen so'zler de esapqa alınıw kerek : „Shetten kirgen so'zlerdi qabıl etiwshi, tilde sa'ykes fonemalıq qarama-qarsı qoyıwg'a tiykar bolsa, aytılıw o'zgesheligine iye bolg'an shetten kirgen seslik qubılıslar ayrıqsha rol oynaydı".[1]

Joqarıda keltirilgen tillik faktlerge tiykarlana otırıp, so'zdin' basında jumsalatug'ın *ye* diftongi y ha'm e fonemalarının', *wo, wo'* diftongları *w* ha'm *o, w* ha'm *o'* fonemalarının' dizbeginen turadı degen juwmaqqa kelemiz.

## § 15. Dawıslılardın' artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq sıpatlaması

O'kpeden shıqqan hawa ag'ımı dawıs shımıldıg'ında dawıstı payda ete otırıp, jan'g'ırıq xızmetin atqaratug'ın jutqınshaq, awız ha'm murın boslıqlarında belgili bir dawıslı sesti aytıwg'a za'ru'rli bolg'an seslik tu'rge enetug'ınlıg'ı belgili. Qaysı boslıqlardın'

[1] *Зиндер Л. Р.* Общая фонетика. Л., 1979, 67-bet.

jan’g’ırıq xızmetin atqarıwg’a qatnasıwı dawıslının’ sıpatına baylanıslı boladı. Qaraqalpaq tilinde murınlıq ha’m ko’mekey dawıslılar ushıraspag’anlıqtan dawıslılardın’ jasalıwında tek awız boslıg’ı g’ana jan’g’ırıq xızmetin atqara otırıp, olardın’ seslik o’zgeshelıgin ta’miyinleydi.

Awız boslıg’ın tu’rli formag’a ha’m ko’lemge endiretug’ın ha’reketshen’ ag’zalar til, erinler ha’m jumsaq tan’lay menen qosa kishkene til bolıp tabıladı. Qaraqalpaq tilinde murınlıq dawıslılar ushıraspag’anlıqtan barlıq dawıslı seslerdi aytqanda jumsaq tan’lay ko’terin’ki halda bolıp, murın jolın jawıp turadı. Al, til menen erinler awız boslıg’ının’ ko’lemin o’zgertiwge tikkeley qatnasadı. Sonlıqtan jan’g’ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg’ının’ forması ha’m ko’lemi ha’reketshen’ so’ylew ag’zaları bolg’an til, erinler ha’m jumsaq tan’laydın’ jag’dayına baylanıslı ekeni ta’biyg’ıy qubılıs. A’sirese, ha’r tu’rli bag’ıtta ha’reket etip, tu’rli formag’a ene alatug’ın, sonın’ na’tiyjesinde awız boslıg’ının’ ko’lemin ha’r tu’rge endiretug’ın en’ ha’reketshen’ so’ylew ag’zası til bolıp sanaladı. Sonlıqtan dawıslı fonemalarg’a en’ aldı menen tildin’ jag’dayına qaray fonetikalıq sıpatlama beriledi. Bunda tildin’ jazıq ha’m tik jag’dayları ayrıqsha a’hmiyetke iye boladı.

Tildin’ alg’a yamasa artqa jıljıwı menen, yag’nıy tildin’ jazıq jag’dayı menen dawıslılardın’ artikulyatsiyası tikkeley baylanıslı. Tildin’ ortan’g’ı bo’limi tan’laydın’ ortasına yamasa aldıng’ı bo’limine (qattı tan’layg’a) qaray ko’terilip, tildin’ tu’bi jutqınshaqtın’ diywalınan alıslasa, tildin’ ushı alg’a jıljıydı ha’m aldın’g’ı tislerge tireledi. Kerisinshe, tildin’ artqı bo’limi jumsaq tan’layg’a qaray ko’terilip, tildin’ tu’bi jutqınshaqtın’ diywalına qaray jaqınlasa, sog’an sa’ykes til ushının’ keyin ba’siwi ta’biyiy jag’day. Sonday-aq tildin’ tu’bi menen jutqınshaqtın’ diywalı ortasındag’ı aralıq dawıslı seslerdin’ til aldı yamasa til artı ekenligine baylanıslı boladı. Til aldı dawıslılarının’ jasalıwında tildin’ tolıq tulg’ası alg’a jıljıydı ha’m tildin’ tu’bi menen jutqınshaq diywalının’ ortasında aralıq ken’eyedi. Kerisinshe, til artı dawıslı seslerin aytqanda bul aralıq tarıladı. Solay etip, dawıslılardı aytqanda tildin’ tutas tulg’ası: ushı, tu’bi, ortası ta’biyiy tu’rde u’ylesip turadı. O’ytkeni anatomiyalıq jaqtan til bo’linbeytug’ın bir pu’tin mu’she bolıp, onı til ushı, til aldı, til ortası, til artı, til tu’bi dep bo’liwdin’ o’zi fonetika iliminde sha’rtli tu’rde qabıl etilgen.



Tildin’ tan’layg’a qaray ko’teriliw da’rejesi menen, yag’nıy tildin’ tik jag’dayı menen dawıslılardın’ artikulyatsiyası tıg’ız baylanıslı boladı. Tildin’ belgili da’rejede ko’teriliwi menen jan’g’ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg’ı ekige bo’linip turadı. Til jaq penen qosa joqarı ko’terilgen sayın awız boslıg’ı ko’leminin’ kishireyiwi, kerisinshe to’men tu’sken sayın awız boslıg’ı ko’leminin’ u’lkeyiwi ta’biyiy jag’day. Awız boslıg’ındag’ı bunday o’zgerisler seslik o’zgerislerdi payda etedi. Tildin’ alg’a yamasa artqa jıljıwı dawıslılardın’ jasalıwında qanday xızmet atqarsa, tildin’ joqarı ko’teriliwi menen to’men tu’siwi de tap sonday xızmet atqaradı.




*5-su’wret.* Awız boslıg’ındag’ı so’ylew ag’zalarının’ ha’reketsiz jag’dayı

Erinler de awız boslıg’ının’ ko’lemin o’zgertiwge qatnasa otırıp, erinlik ha’m eziwlik dawıslılardın’ ayırmashılıg’ın ta’miyinleydi. Erinlik dawıslılardı aytqanda jan’g’ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg’ının’ aldın’g’ı shegarası erinler boladı. Al eziwlik dawıslılardı aytqanda bolsa, awız boslıg’ının’ aldın’g’ı shegarası xızmetin aldın’g’ı tisler atqaradı. Solay etip erinnin’ qatnası menen awız



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

boslıg'ının' ko'lemi o'zgeredi ha'm bul o'z gezeginde dawıslılardın' ayırmashılıg'ın ta'miyinleydi.

Artikulyatsiyalıq jaqtan dawıslılardın' o'zgesheligi jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının', ondag'ı ha'reketshen' so'ylew ag'zalarının' xızmetine tikkeley baylanıslı bolg'anlıqtan ha'r bir dawıslıg'a artikulyatsiyalıq sıpatlama beriwde bul jag'day basshılıqqa alınadı.

Jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ı dawıs shımıldıg'ında payda etilgen sestin' (dawıstın') sa'ykes ko'mekshi tonların ku'sheyte otırıp, yamasa pa'sen'lete otırıp, aytılıp atırg'an dawıslıg'a ta'n bolg'an seslik o'zgeshelikti do'retedi. Dawıslı sestin' tembri menen onın' formantlıq du'zilisi ko'mekshi tonlardın' mug'darı menen sapasına tikkeley baylanıslı boladı. Akustikalıq jaqtan dawıslılar o'zlerinin' formantlıq qurılısına iye bolıp, ha'r bir dawıslı ses basqa dawıslılardan formantlarının' jiyiligi arqalı ayrıladı. Dawıslılardın' formantlıq qurılısı jan'g'ırıq xızmetin atqaratug'ın awız boslıg'ının' forması ha'm ko'lemine tikkeley baylanıslı boladı. Dawıslılardın' sapası jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı boslıqlardın', a'sirese awız boslıg'ının' forması ha'm ko'lemine baylanıslı ekeni belgili bir dawıslını tanıw ushın jetkilikli bolg'an jiylikler toparı onın' formantları bolatug'ınlıg'ı alımlar[1] ta'repinen ayrıqsha atap o'tilgen edi.

Ha'r bir dawıslı sesti aytqanda so'ylew ag'zalarının' belgili bir jag'dayda bolıwı ha'm sog'an sa'ykes dawıslı ses belgili bir formantlıq qurılısqa iye bolıwı sha'rt. Dawıslı sestin' spektrinde bir neshe formantlar boladı. A'sirese to'rt formant anıq ko'rinedi. Biraq qaraqalpaq tilinin' dawıslı fonemalarının' akustikalıq sıpatlamasın beriwde to'mennen baslap birinshi ha'm ekinshi formantlardın' (FI, FII) jiyilik shkalasında jaylasıwına g'ana ayrıqsha itibar beriledi. O'ytkeni dawıslılardın' akustikalıq sıpatlamasın beriwge usı eki formanttın' bir-birine sa'ykeslesip, jiyilik shkalasında ornalasqanın anıqlawdın' o'zi jetkilikli. Al, u'shinshi, to'rtinshi formantlar (FIII, FIV) tiykarınan so'ylewshinin' o'zinshelik o'zgesheligine baylanıslı boladı. Basqasha aytqanda, eki adam ta'repinen aytılg'an [a] belgili da'rejede eki tu'rli ses boladı. Biraq ol eki tu'rlilik hesh qanday lingvistikalıq a'hmiyetke iye bolmaydı. Bul ha'r tu'rli adam

[1] *Зиндер Л. Р.* Общая фонетика. Л., 1960, 6 — 7-betler.



ta'repinen aytılg'an ha'r tu'rli [a] sesinin' lingvistikalıq jaqtan barabarlıg'ı FI, FII arqalı, so'ylewshilerdin' o'zinshelik o'zgeshelikleri onnan joqarı formantlar FIII, FIV arqalı an'lanatug'ınlıg'ı til seslerinin' akustikalıq qa'siyetlerin izertlewge arnalg'an miynetlerde da'lillengen.[1]

FI tildin' tik jag'dayına, yag'nıy tildin' tan'layg'a qaray ko'teriliw da'rejesine baylanıslı bolsa, FII tildin' jazıq jag'dayına baylanıslı boladı. Basqasha aytqanda, dawıslı ses qanshelli joqarı ko'terin'ki (qısıq) bolsa, FI sonshelli to'men jiyilikke iye boladı, al ol qanshelli tu'sin'ki (ashıq) bolsa, FI sonshelli joqarı jiyilikke iye boladı. Sonday-aq dawıslı ses qanshelli til aldı bolsa, FII sonshelli joqarı jiyilikke iye boladı. Al ol qanshelli til artı bolsa, FII sonshelli to'men jiyilikke iye boladı. Sonday-aq dawıslının' erinlik bolıwı da FII nin' jiyiligin to'menletedi.[2]

Dawıslı fonemalarg'a sıpatlama beriwde biz joqarıda aytılg'an ulıwmalıq artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq anıqlamalardı basshılıqqa aldıq. Sonday-aq qa'telikke jol qoymaw maqsetinde, isenimlirek bolıwı ushın u'sh diktordın' rentgenogramma su'wretlerin tolıq paydalandıq.

## § 16. Dawıslı [e] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı e [e] - til aldı, qısıq, eziwlik fonema. Artikulyatsiyalıq jaqtan tildin' aldın'g'ı bo'limi tan'laydın' aldın'g'ı bo'limine (qattı tan'layg'a) qaray ko'teriliwi, tildin' artqı bo'limi tu'sin'ki halda bolıwı, til ushının' to'mengi tislerdin' tu'bine tireliwi ha'm tildin' tu'bi jutqınshaqtın' diywalınan a'dewir qashıqlasıwı arqalı jasaladı (*6-su'wret*). To'mengi jaq az da'rejede tu'sin'ki jag'dayda, erinler ashılg'an biyta'rep halında turıp, jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası tisler boladı. Tildin' tutas tulg'asının' alg'a jılısıwı arqalı bos orındı o'z denesi menen ba'ntlep, awız boslıg'ının' aldın'g'ı bo'liminde kishi, al artqı bo'liminde uzınsha ha'm ken' ko'lemdi payda etedi. Rentgenogrammadan alıng'an bul mag'lıwmatlar palatogramma arqalı tastıyıqlanadı. Tildin' ortadan aldıraq bo'liminin' ko'teriliwi sebepli onın' eki sheti birinshi kishi azıw tislerden baslap keyin qaray tiyip,

[1] *Fant G.* Sonda. 113 — 115-betler.
[2] Sonda.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com



*6-su'wret.* Dawıslı [e], [i] seslerinin' rentgenogramma ha'm palatogrammaları (*/* -u'zik sızıq)

palatogrammada tildin' eki shetinin' qaldırg'an izi anıq ko'rinedi (*6-su'wret*).

So'ylew ag'zaların jay baqlawımız ha'm eksperimental mag'lıwmatlar tildin' jag'dayı boyınsha qaraqalpaq tilinde dawıslı [e] fonemasının' basqa dawıslılarg'a salıstırg'anda til aldıraq ekenin tastıyıqlaw menen birge tildin' tik jag'day boyınsha, yag'nıy tildin' ko'terin'kilik da'rejesi boyınsha qısıq [ı],[i],[u],[u'] dawıslıları sıyaqlı ko'terin'ki (qısıq) ekenin ko'rsetedi. Qaraqalpaq tilinde orıs tilindegidey (ma'selen, orıs tilindegi i yamasa u sıyaqlı) haqıyqat qısıq dawıslı fonemalar joq. Qısıq yamasa joqarı ko'terin'ki dawıslı degende qaraqalpaq tilindegi basqa dawıslılarg'a salıstırmalı tu'rde g'ana ayta alamız. Qaraqalpaq tilinin' artikulyatsiyalıq bazasın anıqlay otırıp, N. A. Baskakov mınaday pikir bildirgen edi: „Qaraqalpaq tilinin' barlıq sesleri jaqtın' ko'teriliw da'rejesi boyınsha joqarı ha'm orta ko'terin'kilikten go're ko'birek tu'sin'kilik penen aytıladı, yag'nıy tilge baylanıslı artikulyatsiyalıq



baza bir qansha keyin jılısın'qı bolsa, al qatarg'a (tildin' jazıq jag'dayına A.D.) - til aldı ha'm til artı ekenligine baylanıslı, sonday-aq ko'terin'kiligine (tildin' tik jag'dayına - A.D.) - ko'terin'ki ha'm tu'sin'ki ekenligine baylanıslı bolg'an ayırmashılıqların saqlay otırıp, tildin' tik jag'dayı boyınsha bir qansha tu'sin'ki boladı"[1].

Bul anıqlama ba'rinen burın qaraqalpaq tilindegi dawıslı fonemalarg'a tiyisli boladı. Al, ol dawıssızlar ushın sa'ykes kelmeydi. Qaraqalpaq tilinde [e] dawıslı fonemasınan basqa barlıq dawıslılar, sonın' ishinde usı da'wirge shekem til aldı dep esaplanıp ju'rgen [i],[u'],[a'],[o'] dawıslıları da, tildin' jazıq jag'dayı boyınsha tildin' azlı-ko'pli keyin jıljıwı arqalı jasaladı. Al tildin' tik jag'dayı boyınsha barlıq dawıslılarg'a, sonın' ishinde usı da'wirge shekem qısıq dawıslılar dep esaplanıp ju'rgen [i],[u'],[ı],[u] dawıslılarına da tildin' tu'sin'kilik jag'dayı ta'n boladı.

Akustikalıq jaqtan [e] fonemasının' ekinshi formantı basqa barlıq dawıslılardın' ekinshi formantına salıstırg'anda joqarı jiylikke iye boladi (1800-2090gts.). Bul jag'day [e] fonemasının' en' til aldı dawıslı bolıwınan derek beredi. Birinshi formantının' jiyligi basqa qısıq dawıslılardın' birinshi formantları sıyaqlı to'men jiylikke iye boladı (260-580gts). Bul [e] fonemasının' qısıq dawıslı ekenin ko'rsetedi (*2-keste ha'm 11-su'wretke qaran'ız*).

## § 17. Dawıslı [i] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı [i] - til ortası, qısıq, eziwlik fonema. Artikulyatsiyalıq jaqtan usı da'wirge shekem tildin' jazıq jag'dayı boyınsha til aldı dep sanalıp ju'rgen [i] foneması, shınında til ortası dawıslısı ekeni anıqlandı. Tildin' ortan'g'ı bo'limi tan'laydın' ortasına, anıg'ıraq aytqanda, qattı tan'lay menen jumsaq tan'laydın' shegarasına qaray ko'teriliwi, tildin' artqı bo'limi tu'sin'ki jag'dayda bolıwı, til ushının' aldıraq jılısıwı, til tu'binin' jutqınshaq diywalınan qashıqlasıwı arqalı jasaladı. To'mengi jaq az da'rejede tu'sin'ki, erinler ashılg'an biyta'rep halında turıp, jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarasın tisler quraydı. Solay etip tildin' tutas tulg'asının' awız boslıg'ının' ortasına toplanıwı arqalı bos orındı o'z denesi menen ba'ntley otırıp, onı (awız boslıg'ın) ten' bo'lip, birdey ko'lemdegi eki ken'likti payda



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

etedi (*7-su'wret*). Bul renggenogramma mag'lıwmatları, palatogramma arqalı da tastıyıqlanadı. Tildin' ortan'g'ı bo'liminin' tan'laydın' ortasına ko'teriliwinen tildin' eki ernegi birinshi kishi azıw tislerden baslap tiyip, ol qaldırg'an izler palatogrammada anıq ko'rinedi (*7-su'wret*). Palatogrammada qaldırg'an izler [e] sesin aytqandag'ıdan ensizirek (6-su'wrette [i] ha'm [e] seslerinin' palatogrammasın salıstırın'). Bul ayırmashılıq [i] sesinin' [e] sesine qarag'anda tildin' artıraq jıljıwı arqalı jasalıwınan bolsa kerek.



*7-su'wret.* Dawıslı *a' i, u'* seslerinin' rentgenogramma ha'm palatogrammaları (*u'* — u'zik sızıq).

Akustikalıq jaqtan [i] foneması tek [e] fonemasınan sa'l to'menirek jiylıktegi ekinshi formantına iye (1640 — 1930). Al, ol basqa dawıslı fonemalarg'a qarag'anda joqarg'ı jiylikte. Bunday joqarı jiylikte bolıwına tildin' jazıq jag'dayı (alg'a jılısın'qı til ortası dawıslısı ekenligi) sebepshi bolıw menen birge onın' eziwlik ekenligi de azlap sebepker. O'ytkeni tildin' jazıq ha'm tik jag'dayı



boyınsha birdey bolıwına qaramastan [u'] fonemasının' ekinshi formantına qarag'anda [i] fonemasının' ekinshi fonemasının' joqarıraq jiylikte bolıwı tek son'g'ı dawıslını aytqanda erinnin' qatnaspawı menen g'ana tu'sindiriliwi mu'mkin. Dawıslı [u'] erinlik bolg'anı ushın onın' ekinshi formantı to'menlegen. Sebebi tildin' jazıq jag'dayınan son'g'ı ekinshi formantqa ta'sir etetug'ın artikulyatsiyalıq jag'day erinnin' qatnası bolıp tabıladı. Bug'an 2-kestedegi [i]-[u'], [a']-[o'], [ı]-[i], [a]-[o] eziwlik - erinlik jubaylas dawıslılarının' ekinshi formantları haqqındag'ı mag'lıwmattı salıstıra otırıp tolıq isenemiz. Bul jubaylas dawıslılardın' aldın'g'ıları (eziwlikleri) joqarıraq jiylıktegi ekinshi formantlarına iye. Dawıslı [i] fonemasının' birinshi formantı to'men jiylikte bolıp (250-570 gts.), bul jag'ınan onın' basqa qısıq dawıslılardan ayırmashılıg'ı bolmaydı (*2 kesteni ha'm 11-su'wretti qaran'ız*).

## § 18. Dawıslı [a'] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı [a'] - til ortası, ashıq, eziwlik fonema. Artikulyatsiyalıq jaqtan bul dawıslının' til aldı emes, al til ortası foneması ekenin rentgenogramma ha'm palatogramma mag'lıwmatları tolıq tastıyıqlaydı. Tildin' ortan'g'ı bo'limi tan'laydın' ortasına sa'l ko'terilip, do'n'islikti payda etedi; tildin' aldın'g'ı ha'm artqı bo'limi tu'sin'ki, erinler ashıq, to'mengi jaq tu'sin'ki halda jasaladı. Erinler ashıq jag'dayda bolg'anlıqtan awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası xızmetin aldın'g'ı tisler atqaradı (*8-su'wret*). Ashıq dawıslılardı, sonın' ishinde [a'] dawıslısın aytqanda to'mengi jaqtın' tu'sin'ki halda bolıwı, al qısıq dawıslılardı aytqanda ko'terin'ki jag'dayda turıwı ta'biyg'ıy jag'day. Solay bolsa da dawıslılarg'a kerekli seslik tu'rdi payda etiwde to'mengi jaqtın' qanshelli da'rejede tu'sin'ki ya ko'terin'kiligi emes, al tildin' tan'layg'a qaray ko'terin'kilik yamasa tu'sin'kilik jag'dayı a'hmiyetlirek boladı. Ma'selen, jaqtın' ashılıw da'rejesin o'zgertpey-aq ashıq [a'] ha'm qısıq [i] dawıslıların aytıw mu'mkin. Biraq [a'] sesin aytqanda tildin' tu'sin'ki, al [i] sesin aytqanda tildin' ko'terin'ki bolıwı sha'rt. Sonlıqtan da, dawıslılarg'a sıpatlama beriwde ha'm olardı klassifikatsiyalawda jaqtın' ashılıwına emes, al tildin' ko'teriliw da'rejesine itibar beremiz.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com



*8-su'wret.* Dawıslı *a', i* seslerinin' rentgenogramması ha'm *i* sesinin' palatogramması (*i* — u'zik sızıq).

Rentgenogramma mag'lıwmatları [a'] dawıslısın aytqanda tildin' ko'terin'ki bolatug'ının ko'rsetedi (*8-su'wret*).

Akustikalıq jaqtan, birinshiden, [a'] foneması o'z-ara jaqın jiylikteki birinshi ha'm ekinshi formantlarına iye boladı. (FI-500-970 gts., FII-1380-1840 gts). Ekishiden, formantlardın' to'mengi ha'm joqarg'ı shegarası ko'birek ayırmashılıqqa iye (FI-din' to'mengi shegarası 500 gts. bolsa, joqarı shegarası 970 gts. FII-nin' to'mengi shegarası 1380 gts. bolsa, joqarı shegarası 1840 gts.). Bul ashıq dawıslılardın' ha'mmesine ta'n akustikalıq jag'day. Ekinshi formantının' jiyligi boyınsha [e] ha'm [i] dawıslılarınan son'g'ı u'shinshi orındı tutadı (*2-keste, 12-su'wretti qaran'ız*). Dawıslılardın' ashıq bolıwı birinshi formanttın' jiyligin joqarılatatug'ının esapqa alsaq, [a'] fonemasının' [a] dawıslısı menen birge en' ashıq dawıslılar ekenine isenemiz. Sebebi bulardan



da joqarıraq jiylikteki FI hesh dawıslıda joq (*2-kestedegi dawıslılardın' birinshi formantların salıstırıp qaran'ız*).

## § 19. Dawıslı [u'] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı [u'] - til ortası, qısıq, erinlik fonema. Artikulyatsiyalıq jaqtan [i] foneması sıyaqlı tildin' ortan'g'ı bo'limi tan'laydın' ortasına qaray ko'teriliwi, tildin' artqı ha'm aldın'g'ı bo'limlerinin' tu'sin'ki, til tu'binin' jutqınshaq diywalınan qashıqlasıwı, solay etip tutas tildin' awız boslıg'ının' da'l ortasına toplana otırıp, onı ten'dey ekige bo'lip turıwı arqalı jasaladı. To'mengi jaq az da'rejede tu'sin'ki, eziwlik [i] fonemasınan ayırması erinler alg'a u'yriliw na'tiyjesinde do'n'gelek san'laq payda etilip, awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarasın erinler quraydı (*7-su'wretler*). Tildin' aldın'g'ı ha'm artqı bo'limleri tu'sin'ki jag'dayında til ortası ko'terilgenlikten onın' erneklerinin' ekinshi kishi azıw tislerden baslap tiyip qaldırg'an izi palatogrammada anıq ko'rinedi (*7-su'wret*).

Akustikalıq jaqtan [u'] fonemasının' ekinshi formantı tildin' jazıq jag'dayı boyınsha birdey bolıwına qaramastan [i] dawıslısına qarag'anda to'menirek jiylikke iye (1300-1550gts). Bul [u'] fonemasının' erinlik, al [i] fonemasının' eziwlik ekeni menen tikkeley baylanıslı. Solay etip dawıslının' ekinshi formantına tildin' jazıq jag'dayı ta'sir etiwi menen birge az bolsa da, erinnin' qatnası da ta'sir etedi. Anıg'ırag'ı, dawıslının' erinlik bolıwı onın' ekinshi formantın to'menletedi. Dawıslı [u'] foneması birinshi formantının' jiyligi boyınsha (260-550 gts) basqa qısıq dawıslılardan hesh ayırması joq (*2-kesteni 11-su'wretti qaran'ız*).

## § 20. Dawıslı [o'] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı [o'] - til ortası, orta ko'terin'ki, erinlik fonema. Artikulyatsiyalıq jaqtan [u'] foneması sıyaqlı tildin' ortan'g'ı bo'liminin' tan'laydın' ortasına (jumsaq tan'laydın' aldın'g'ı bo'limine) qaray ko'teriliwi, tildin' artqı ha'm aldın'g'ı bo'limlerinin' tu'sin'ki, til tu'binin' jutqınshaq diywalınan qashıqlasıwı, solay etip tutas tildin' awız boslıg'ının' ortasına toplana otırıp, onı ekige bo'liw arqalı jasaladı. Biraq [u'] sesin



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

aytqanda til menen jaq ko'terin'ki, al [o'] sesin aytqanda tu'sin'ki jag'dayda boladı. Sonday-aq rentgenogrammadan [o'] sesinin' artqa jıljın'qırag'an til ortası dawıslısı ekenin an'law qıyın emes. Erinlik dawıslı bolg'anlıqtan erinler alg'a u'yrilip, do'n'gelek san'laq payda etiledi, na'tiyjede awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası tisler emes, al erinler boladı (*7,9-su'wretler*). Til ortası dawıslıları bolg'an [i] menen [a'], [u'] menen [o'] fonemaların o'z-ara salıstırıp qarasaq, [i] sesine qarag'anda [a'] a'dewir tu'sin'ki ekenin, al [u'] sesine qarag'anda [o'] shamalı tu'sin'ki ekenin ko'remiz (*8,9-su'wretler*). Tildin' tik jag'dayı boyınsha [u'] ha'm [i] seslerine salıstırg'anda ashıq fonema. Sonlıqtan da bunı orta ko'terin'ki fonema dep ataymız.



*9-su'wret.* Dawıslı *u', o'* seslerinin' rentgenogramması ha'm *u* sesinin' palatogramması (*o'* — u'zik sızıq)

Akustikalıq jaqtan [o'] dawıslısı erinlik, onın' u'stine erinlik [u'] sesine qarag'anda da ashıq fonema bolg'anlıqtan til ortası dawıslı fonemalardın' ishinde en' to'men jiyiliktegi ekinshi



formantına iye boladı (1290-1510 gts). Birinshi formantının' jiyligi boyınsha ortasha orındı iyeleydi (320-500 72): ashıq dawıslılardan to'men, qısıq dawıslılardan joqarı jiyilikte boladı (*2-kesteni ha'm 11-su'wretti qaran'ız*).

## § 21. Dawıslı [a'] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı [a] — til artı, ashıq, eziwlik fonema. Artikulyatsiyalıq jaqtan til artı dawıslılarının' ha'mmesine ortaq jag'day — tutas tildin' tulg'asının' keyin sheginiwi ha'm til artının' belgili da'rejede artqı (jumsaq) tan'laydın' tusına ko'teriliwi arqalı jasaladı. Tutas tildin' bunday jag'dayında til ushının' keyin sheginiwi ha'm til tu'binin' jutqınshaq diywalına jaqınlasıwı ta'biyg'ıy na'rse. Tildin' usınday qa'lipte bolıwı awız boslıg'ının' aldın'g'ı bo'liminde u'lkenirek, al artqı bo'liminde kishirek ko'lemdegi ken'likti payda etedi. Berilgen bul sıpatlama tolıg'ı menen [a] dawıslısının' jasalıwına tuwra keledi. Til tutası menen keyin sheginip, til tu'binin' jutqınshaq diywalına jaqınlasıwı, til artının' ko'teriliwi, tildin' aldın'g'ı bo'liminin' tu'sin'ki halda bolıwı, jaqtın' ken'



*10-su'wret.* Dawıslı *a, ı* seslerinin' rentgenogrammaları (*ı* — u'zik sızıq)

ashılıwı arqalı [a] fonemasi jasaladı. Erinler ashıq jag'dayında bolıp, awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası xızmetin aldın'g'ı tisler atqaradı (*10-su'wret*). Bul fonema en' ashıq ha'm til artı bolg'anlıqtan, ku'tilgenindey-aq, palatogrammada hesh iz qaldırmaydı. Rentgen su'wretinen ko'rinip turg'anınday-aq tutas




*11-su'wret.* Barlıq dawıslı fonemalar qatnasqan so'zlerdin' spektrogrammaları .



til awız boslıg'ının' artqı bo'limine toplanıp, onın' aldın'g'ı bo'liminde ken' ko'lemdi payda etken.

Akustikalıq jaqtan [a'] sıyaqlı birinshi ha'm ekinshi formantlardın' aralıg'ı o'z ara jaqın bolıwı menen birge (570-1000 gts ha'm 1130-1390 gts) ha'r bir formanttın' to'mengi ha'm joqarg'ı shegarası ko'birek ayırmashılıqqa iye (FI din' to'mengi shegarası 570 gts bolsa, joqarg'ı shegarası 1000 gts; FII nin' to'mengi shegarası 1130 gts bolsa, joqarg'ı shegarası 1390 gts). Bul jag'day onın' ashıq dawıslı fonema ekeni menen tikkeley baylanıslı. Ekinshi formantının' jiyligi boyınsha erinnin' qatnası ha'm tildin' jazıq jag'dayı jag'ınan o'zi menen birdey bolg'an [ı] fonemasınan azg'ana ayırmashılıqqa iye; al tildin' jazıq jag'dayı jag'ınan o'zi menen birdey bolsa da, erinnin' qatnası jag'ınan ayırılıp turg'anlıqtan erinlik [u] ha'm [o] fonemalarınan ko'birek ayırmashılıqqa iye (*2-kesteni ha'm 11-su'wretti qaran'ız*). Birinshi formantlarının' jiyligi boyınsha eziwlik, til artı bolıwına qaramastan [ı] menen [a] u'lken ayırmashılıqqa iye (570-1000 gts. ha'm 250-660 gts). Sebebi olar tildin' tik jag'dayı boyınsha ayrılıp turadı: [ı]- qısıq, [a]-ashıq fonemalar.

| *Dawıslılar* | *FI* | *FII* |
|---|---|---|
| e | 260-580 | 1800-2090 |
| i | 250-570 | 1640-1930 |
| a' | 500-970 | 1380-1840 |
| u' | 260-550 | 1300-1550 |
| o' | 320-500 | 1290-1510 |
| ı | 250-660 | 1160-1440 |
| a | 570-1000 | 1130-1390 |
| u | 270-560 | 830-1090 |
| o | 360-730 | 800-1110 |

## § 22. Dawıslı [ı] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı [ı] — til artı, qısıq, eziwlik fonema.

Ko'pshilik adamlardın' artikulyatsiyasında til artı dawıslı fonemasi retinde tildin' artqı bo'liminin' ko'teriliwi, til ushının' tu'sin'ki, til tu'binin' jutqınshaq diywalına jaqınlasıwı, solay etip awızdın' aldın'g'ı bo'liminde ko'birek ko'lem payda etiliwi arqalı



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com




*12-su'wret.* Dawıslı *ı* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması

jasaladı. (13-su'wret *a,b*). Al, ayırım adamlardın' artikulyatsiyasında aralas dawıslı fonemasi sıpatında tildin' artqı bo'limi menen birge tildin' ushı ha'm aldın'g'ı bo'limi tan'layg'a qaray ko'terilip, solay etip tildin' u'sti jazıq jag'dayg'a enip, uzınsha ko'lemdi payda etedi (13-su'wret; *v*). Dawıslı [ı] sesin aytqanda erinler ashıq ha'm biyta'rep halda turıp, jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası tisler boladı.

Akustikalıq jaqtan [ı] fonemasının' ekinshi formantı a fonemasi sıyaqlı to'men jiylikke iye. Tek erinlik til artı fonemalarına salıstırg'anda g'ana [ı] dawıslısı joqarıraq jiylikte boladı. Birinshi formantı jag'ınan ol qısıq dawıslılarg'a da, orta ko'terin'ki dawıslılarg'a jaqınlasadı (*2-kestege ha'm 11-su'wretke qaran'ız*).



Bul jag'day [ı] fonemasının' qısıq dawıslılar qatarına jatqan menen de, artikulyatsiyalıq jaqtan olardın' qanday da ayırmashılıqqa iye ekenin an'latadı.

## § 23. Dawıslı [u] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı [u] — til artı, qısıq, erinlik fonema.

Artikulyatsiyalıq jaqtan [u] fonemasi tildin' tolıq tulg'ası keyin shegingenlikten til tu'binin' jutqınshaq diywalına jaqınlasıwı, til artının' jumsaq tan'layg'a qaray ko'teriliwi, til ushının' da keyin sheginip, tutas tildin' awız boslıg'ının' artqı bo'liminde shar ta'rizli tu'rge eniwi, solay etip awız boslıg'ının' aldın'g'ı bo'liminde ken',



*13-su'wret.* Dawıslı *u, o* seslerinin' rentgenogrammaları (*o* — u'zik sızıq) ha'm *o* sesinin' palatogramması

al artqı bo'liminde tar ko'lemdi payda etiwi arqalı jasaladı. Erinlik dawıslı bolg'anlıqtan erinler alg'a u'yriliwi arqalı bir-birine jaqınlasıp, do'n'gelek san'laqtı payda ete otırıp, awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası xızmetin atqaradı; artqı bo'limi ko'terilgenlikten tildin' ernekleri keyingi azıw tistin' tusına tiyip, palatogrammada ol anıq ko'rinedi (*13-su'wret*).

Akustikalıq jaqtan [u] fonemasının' ekinshi formantı [o] dawıslısı sıyaqlı en' to'men jiylikke iye. Bul jag'day [u] fonemasının' teren' til artı ha'm erinlik ekenliginen da'rek beredi. Birinshi formantı boyınsha basqa qısıq dawıslılardan aytarlıqtay ayırmashılıqqa iye emes (*2-kesteni ha'm 11-su'wretti qaran'ız*).

## § 24. Dawıslı [o] fonemasının' sıpatlaması

Dawıslı [o] — til artı, orta ko'terin'ki, erinlik fonema.

Artikulyatsiyalıq jaqtan [u] fonemasi sıyaqlı tildin' artqı bo'liminin' jumsaq tan'layg'a ko'teriliwi, til ushının' tildin' tolıq tulg'ası menen birge keyin sheginiwi, til tu'binin' jutqınshaqtın' diywalına jaqınlasıwı, solay etip tutas til awız boslıg'ının' en' tu'pkirine toplanıp shar ta'rizli tu'rge eniwi arqalı jasaladı. (*14-su'wret*). Dawıslı [u] fonemasına qarag'anda til tu'sin'ki, al [a] fonemasına salıstırg'anda ko'terin'ki jag'dayda boladı. Sonlıqtan da [o] tildin' tik jag'dayı boyınsha orta ko'terin'ki. Erinlik fonema bolg'anlıqtan onı aytqanda erinler jaqınlasıp, do'n'gelek san'laq payda etiledi, awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası xızmetin aldın'g'ı tisler emes, al erinler atqaradı. Tildin' artqı bo'limi ko'terilgenlikten son'g'ı azıw tiste ha'm onnan keyinirekte kishkene iz qaldırıladı (*14-su'wret*).

Akustikalıq jaqtan [o] fonemasının' ekinshi formantı en' to'men jiylikke iye (800-1110 gts). Sebebi bul dawıslı teren' til artı ha'm erinlik fonema. Birinshi formantı ashıq dawıslılarg'a qarag'anda to'menirek, qısıq dawıslılarg'a qarag'anda joqarıraq jiylikte boladı (360-730 gts). Solay etip, bul fonemanın' da artikulyatsiyalıq sıpatlaması menen akustikalıq mag'lıwmatlar tolıq sa'ykes keledi (*2-keste, 11-su'wret*).



Dawıslı fonemalarg'a berilgen artikulyatsiyalıq sıpatlamanı juwmaqlastırıp olardın' jasalıwında til ha'm erinlerdin' jag'dayın salıstırıw maqsetinde rentgenogrammalardı birlestirdik. A'lbette, bug'an bir doktordın' mag'lıwmatlarınan g'ana paydalandıq. Tog'ız dawıslının' rentgenogrammalarının' ha'mmesin bir su'wrette jaylastırıw mu'mkin bolmag'anlıqtan til aldı ha'm til ortası dawıslılarının' rentgenogrammaların bir su'wrette (*15-su'wret*), til artı dawıslılarının' rentgenogrammaların bir su'wrette (16-su'wret) berildi. Bunda dawıslılardın' jasalıwındag'ı tildin' tik jag'dayı menen jazıq jag'dayın ha'r ta'repleme salıstırıp ko'riwge imkaniyat bolatug'ınlıg'ı esapqa alındı.



*14-su'wret.* Dawıslı *o* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogrammaları



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Sonday-aq dawıslılardın’ birinshi ha’m ekinshi formantlarının’ jiyligi haqqındag’ı mag’lıwmatlar 18-su’wrettegi diagrammada berildi. Diagrammadan ko’rinip turg’anınday-aq, ashıq dawıslılar (a, a’) to’mende, qısıq dawıslılar (e, i, u, u’) joqarıda, al til artı (ha’m erinlik) dawıslılar (o,u) on’ jaqta, til aldı (ha’m eziwlik) dawıslısı (e) shep jaqta jaylasqan. Bul ko’rinis alıng’an artikulyatsiyalıq mag’lıwmatlardı (rentgen ha’m palatograf mag’lıwmatların) tolıq tastıyıqlaydı.

Juwmaqlap aytqanda, dawıslı fonemalardın’ artikulyatsiyalıq sıpatlaması menen olardın’ akustikalıq sıpatlaması tolıq sa’ykes keletug’ının ko’remiz. Tildin’ jazıq jag’dayı boyınsha til aldı [e] foneması en’ joqarg’ı ekinshi formantına iye, til artı fonemaları,



*15-su’wret.* Til aldı ha’m til ortası dawıslılarının’ rentgenogrammaları



a’sirese erinlik til artı fonemaları bolg’an [o], [u] dawıslıları en’ to’men jiyliktegi ekinshi formantına iye. Til ortası dawıslılarının’ ekinshi formantı til aldı ha’m til artı dawıslılarına salıstırg’anda ortasha jiylikke iye. Sonday-aq til ortası dawıslılarının’ arasında erinlik [o’], [u’] dawıslılarının’ ekinshi formantı to’menirek jiylikte boladı.

Solay etip tildin’ jazıq jag’dayı dawıslılardın’ ekinshi formantına ko’birek ta’sir etiwi menen birge, olardın’ erinlik ha’m eziwlik bolıwı da ekinshi formantqa azlap ta’sir etetug’ının ko’remiz. Dawıslılardın’ til artı bolıwı ekinshi formanttı to’menletiwshi qa’siyetke iye bolsa, olardın’ erinlik bolıwı da ekinshi formanttı to’menletetug’ın 2-kestedegi sanlar tastıyıqlaydı. Ashıq ha’m qısıq



*16-su’wret.* Til artı dawıslılarının’ rentgenogrammaları




*17-su'wret.* Dawıslılardın' birinshi ha'm ekinshi formantlarının' jiyiligi haqqında mag'lıwmat

dawıslılardın' ekinshi formantların salıstıra otırıp, dawıslılardın' til artı, erinlik bolıwı menen birge onın' ashıq bolıwı da ekinshi formanttı to'menletiwshi qa'siyetke iye ekenin ko'remiz. 2-kestedegi [o] ha'm [u], [a] ha'm [ı], [o'] ha'm [u'], [a'] ha'm [i] fonemalarının' ekinshi formantlarının' jiyligin salıstıra otırıp, tildin' jazıq jag'dayı menen birge onın' tik jag'dayı da az da bolsa ekinshi formantqa ta'sir etetug'ının an'laymız.

## § 25. Dawıslılardın' klassifikatsiyası

Artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq tallawlar tiykarında tildin' jag'dayı boyınsha qaraqalpaq tili dawıslıların to'mendegidey toparlarg'a bo'liwge boladı. Artikulyatsiyalıq mag'lıwmatlar tiykarında [e] fonemasın haqıyqat til aldı dawıslısı desek boladı.



Bul pikir akustikalıq mag'lıwmatlar menen de tolıq tastıyıqlanadı: [e] dawıslısın aytqanda spektrdin' joqarg'ı bo'limindegi jiyilik ku'sheyedi ha'm ekinshi formantı basqa qa'legen dawıslının' ekinshi formantınan joqarı jiylikte boladı. Ekinshi topardı [i] [a'] [u'] [o'] dawıslıları quraydı. Bul dawıslılardın' artikulyatsiyasın qaraqalpaq tilinin' basqa dawıslıları menen salıstıra otırıp, olar til ortası dawıslıları boladı degen sheshimge keldik. Akustikalıq jaqtan til aldı, til ortası ha'm til artı dawıslılarının' ekinshi formantların o'z-ara salıstırg'anımızda til ortası dawıslılarının' ekinshi formantları (ortasha 1400-1700 gts) til aldı dawıslısının' ekinshi formantınan (ortasha 1800-2090 gts) to'men, til artı dawıslılarının' ekinshi formantlarınan (ortasha 980-1260 gts) joqarı jiylikte ekenin ko'remiz. Demek til ortası dawıslılarının' ekinshi formantları til aldı ha'm til artı dawıslılarının' ekinshi formantlarına qarag'anda ortasha jiylikte boladı. Bul akustikalıq mag'lıwmat [i] [a'] [u'] [o'] dawıslılarının' til ortası ekenin tastıyıqlaydı. U'shinshi topardı til artı dawıslıları — [a], [o], [u], [ı] quraydı. Artikulyatsiyalıq jaqtan til artı ha'm aralas variantlarına iye bolg'an [ı] dawıslısı ekinshi formantının' jiyligi boyınsha til artı dawıslılarının' qatarına qosıladı. Bulardın' ha'mmesinin' ekinshi formantları, a'sirese, erinlik [o] ha'm [u] fonemalarının' ekinshi formantları, en' to'men jiylikke iye boladı.

Tildin' tik jag'dayı boyınsha dawıslılardı rentgenogramma, palatogramma mag'lıwmatları tiykarında artikulyatsiyalıq jaqtan ashıq, qısıq, orta ko'terin'ki dep bo'liwdin' durıs ekenin akustikalıq (spektografiyalıq) mag'lıwmatlar da tastıyıqlaydı. Dawıslılardın' birinshi formantların salıstıra otırıp, qısıq dawıslılar bolg'an [e], [i], [u], [u'], [ı] fonemalarının' birinshi formantlarının' joqarı jiylikte (ortasha 258-588 gts), ashıq dawıslılar bolg'an [a], [a'] fonemalarının' birinshi formantlarının' joqarı jiylikte (ortasha 535-1020 gts), orta ko'terin'ki dawıslılar bolg'an [o], [o'] dawıslılarının' birinshi formantları ashıq ha'm qısıq dawıslılarg'a salıstırg'anda ortasha jiylikte (ortasha 340-695 gts) ekenin ko'remiz.

Erinlik dawıslılardın' ekinshi formantların jubaylas eziwlik dawıslılardın' ekinshi formantı menen salıstıra otırıp, erinlik dawıslılar to'men jiyliktegi ekinshi formantına iye ekenin ko'remiz. Ma'selen, jin'ishke erinlik dawıslılar bolg'an [u'], [o']



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

fonemalarının' eкinshi formantları sa'yкes jin'ishкe eziwliк dawıslılar bolg'an [a'], [i] fonemalarının' eкinshi formantlarınan to'men jiyliкte, juwan erinliк dawıslılar bolg'an [u] menen [o] fonemalarının' eкinshi formantları sa'yкes juwan eziwliк dawıslılar bolg'an [a], [ı] fonemalarının' eкinshi formantlarınan to'men jiyliкte boladı.

Qaraqalpaq tilinde [a']-[a], [o']-[o], [i]-[ı], [u']-[u], [e]-[i] ha'm [ı] jubaylas fonemaları tildin' teк jazıq jag'dayı boyınsha bir-birinen ayrıladı.

Tildin' tiк jag'dayı boyınsha bul jubaylas dawıslılar, ya ashıq, ya qısıq, ya orta кo'terin'кi, erinnin' qatnası boyınsha ya erinliк, ya eziwliк boladı. Jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' qısılg'an bo'liminin' tamaqtan erinlerge qaray jıljıwı eкinshi formanttın' joqarılawına ha'm az da'rejede birinshi formanttın' to'menlewine sebepshi boladı. Speкtogrammalarda joqarıdag'ı jubaylas dawıssızlardın' son'g'ılarının' ([a], [o], [u], [ı] fonemalarının') birinshi ha'm eкinshi formantları bir-birine jaqın jaylasadı, al aldın'g'ılarının' ([a'], [o'], [u'], [i], [e] fonemalının') birinshi ha'm eкinshi formantları bir-birinen qashıq jaylasadı. Bul juwan ha'm jin'ishкe dawıslılardın' aкustiкalıq jaqtan o'zgesheligin an'latadı.

Jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' forması ha'm кo'lemin o'zgertiwge tiккeley qatnasatug'ın ha'reкetshen' so'ylew ag'zaları bolg'an til ha'm erinlerdin' jag'dayına qarap dawıslı fonemalar кlassifiкatsiyalanadı. Bunda tildin' alg'a yamasa artqa jıljıwı, joqarı кo'teriliw da'rejesi ha'm erinnin' qatnası esapqa alınadı.

Berilgen artiкulyatsiyalıq ha'm aкustiкalıq sıpatlamalar tiyкarında qaraqalpaq tilinin' dawıslılarının fonetiкalıq jaqtan tildin' jazıq jag'dayı boyınsha til aldı [e], til ortası [i], [a'], [u'], [o'], til artı [a], [o], [u] ha'm aralas [ı] (ol til artı ren'кine de iye) dep; tildin' tiк jag'dayı boyınsha ashıq [a], [a'], qısıq [i], [e], [u'], [u], [ı] ha'm orta кo'terin'кi [o], [o'] dep; erinnin' qatnası boyınsha erinliк [o], [o'], [u], [u'] ha'm eziwliк [a], [a'], [ı], [i], [e] dep bo'liwge boladı.

Tildin' jazıq jag'dayı jag'ınan til aldı, til ortası ha'm til artı bolıwı menen dawıslılar fonetiкalıq sıpatlaması ha'm fonologiyalıq belgileri boyınsha sa'yкes кeledi. Al, tildin' tiк jag'dayı boyınsha



fonetiкalıq jaqtan ashıq, qısıq, orta кo'terin'кi bolsa, fonologiyalıq jaqtan teк ashıq ha'm qısıq boladı. Tildin' tiк jag'dayı boyınsha fonetiкalıq jaqtan ashıq, qısıq, orta кo'terin'кi dep u'sh toparg'a bo'lgende erinnin' qatnasıwı yamasa qatnaspawına qaramastan, tildin' кo'teriliw da'rejesi g'ana esapqa alınadı. Dawıslı [o], [o'] fonemaları sa'yкes [a], [a'] seslerine qarag'anda tildin' кo'terin'кi jag'dayında, al [u], [u'] seslerine qarag'anda tildin' tu'sin'кi jag'dayında aytıladı. Sonlıqtan tildin' кo'teriliw da'rejesi boyınsha bir jag'ınan eziwliк [a], [a'] dawıslılarına, eкinshi jag'ınan erinliк [u'], [u] dawıslılarına salıstırg'anda erinliк [o], [o'] dawıslıları orta кo'terin'кi boladı.

Artiкulyatsiyalıq ha'm aкustiкalıq sıpatlamalardın' juwmag'ı retinde du'zilgen dawıslı seslerdin' fonetiкalıq кestesi menen olardın' birinshi ha'm eкinshi formantlarının' jiyligi tiyкarında du'zilgen diagrammanı salıstırıp qarasaq, olar ortasındag'ı nızamlı sa'yкesliкti an'laymız. Diagrammanın' ha'm кestenin' en' to'meninde ashıq dawıslılar, al on' ta'repinde til artı, sol ta'repinde til aldı ha'm til ortası dawıslıları jaylasqan. Mine, bul artiкulyatsiyalıq ha'm aкustiкalıq mag'lıwmatlardın' o'z-ara sa'yкes кeliwi bolıp tabıladı.

### DAWISSIZ FONEMALAR

## § 26. Dawıssızlardın' fonemalıq quramı

Tu'rкiy tillerge arab, parsı tillerinen кo'plegen so'zlerdin' кirip кeliwine sheкemgi da'wirdi, yag'nıy islam dininin' taralıwına sheкemgi da'wirdi dawıssızlar sistemasının' en' da'slepкi basqıshı dep alsaq, ol da'wirde N. A. Basкaкovtın' кo'rsetiwi boyınsha on to'rt dawıssız fonema — [m], [p], [w], [n], [l], [r], [t], [к], [s], [z], [sh], [j], [y], [n'] bolg'an. Al [b], [d], [g], [x], [q], [g'] sesleri ayrıqsha fonema emes, olar ayırım fonemalardın' ren'кi xızmetin atqarg'an.[1] Bul piкir qaraqalpaq tilinin' dawıssız fonemalar sistemasının' rawajlanıwına da tiккeley qatnaslı.

Dawıssız fonemalardın' tariyxıy rawajlanıp, qa'liplesiwinin' кelesi basqıshı islam dininin' taralıwı ha'm arab, parsı tillerinen кo'plep so'zlerdin' кiriwi menen baylanıslı bolg'an. Bul da'wirde

[1] *Басканов Н. А.* Каракалпакский язык. II т., 57-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

joqarıda ko'rsetilgen on to'rt fonemag'a qosımsha [b], [d], [x], [g] sesleri fonemanın' ren'ki qa'lpinen endi o'z aldına ayrıqsha fonema bolıp qosılg'an. Al, [f], [h] dawıssız fonemaları bolsa, tikkeley arab, parsı tillerinen kirgen so'zler menen birge o'tken. Solay etip, bul basqıshta dawıssızlardın' fonemalıq quramı 20 fonemadan ibarat bolg'an.

Dawıssızlardın' rawajlanıwının' son'g'ı basqıshı Qaraqalpaqstanda ken'es hu'kimetinin' du'ziliw da'wirine tuwra keledi. Bul basqısh orıs ha'm internatsionallıq so'zlerdin' qaraqalpaq tiline ko'plep kirip keliwi menen sıpatlanadı. Orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden so'zlerdin' o'tiwi menen qaraqalpaq tilinin' dawıssızlar quramına v [v], ts [c], sh [$c^1$] fonemaları qosılg'an.[1]

Solay etip, ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' dawıssızlarının' quramı ha'mmesi bolıp jigirma u'sh fonemadan turadı. Olardan tek orıs tilinen kirgen so'zlerde g'ana jumsalatug'ın u'sh dawıssızdı (v, c, c ) ha'm arab, parsı tillerinen awısqan so'zlerde jumsalatug'ın eki dawıssızdı (f, h) alıp taslasaq, tek on segiz dawıssız qaladı: [b], [p] [m], [w] [s], [z] [sh], [j] [t], [d] [n], [l] [r], [y] [k/q] [g/g'], [n'] [x]. Bulardın' ishinde de juwısın'qı u'nsiz, kishkene tillik [x] dawıssızının' fonemalıq qa'siyeti basqa dawıssızlarg'a qarag'anda gu'milji ekenin atap ko'rsetiw kerek. Jabısın'qı dawıssız [k/q] fonemasının' [q] ren'ki intervokal jag'dayda mudamı juwısın'qı [x] sesi menen almasadı. Solay etip intervokal jag'dayda [q], [x] sesleri bir fonemanın' eki tu'rli ren'kleri wazıypasın atqaradı. Mısalı: [saxa], [toxal], [taxım] ha'm t.b. Bunnan tısqarı so'zdin' basında da jabısın'qı [q] menen [x] juwısın'qı seslerinin' fonema retinde qarama-qarsı qoyılıwı turaqlı emes. Awızeki so'ylew tilinde olardın' biri ornına ekinshisi jumsalıwı mu'mkin. Biraq bunın' menen so'zdin' ma'nisi o'zgermeydi. Mısalı: [qor]-[xor], [qal]-[xal] ha'm t.b. Bul jerde a'debiy normadan shetlewshilik sezilgeni menen ulıwma mazmun o'zgermeydi. Al

---

[1] N. A. Baskakovtın' jazıwı boyınsha dawıssızlardın' rawajlanıwının' ha'zirgi basqıshında, jumsaq *l* sesi o'z aldına fonema sıpatında qaraladı. Qaraqalpaq tilinde dawıssızlardın' qattı-jumsaqlıg'ı fonemalıq ahmiyetke iye bolmaydı. Sonlıqtan jumsaq *l* sesin o'z aldına fonema demey, qaraqalpaq tilindegi *l* fonemasının' ren'ki dep esaplaw kerek. *Qaran'ız*: Н. А. Баскаков. Каракалпакский язык. II т., 58-bet.



[qan]-[xan], [qor]-[xor], [qabar]-[xabar] ha'm t.b. jubaylas so'zlerin ayırıp turg'an [q] ha'm [x] dawıssızları bolıp tabıladı.

Solay etip qaraqalpaq tilindegi juwısın'qı [x] dawıssız sesi birde (intervokal jag'dayda) jabısın'qı [k/q] fonemasının' [q] ren'ki menen orın almasıp, bir-biri menen basqa-basqa fonemalar retinde emes, al bir fonemanın' ren'kleri sıyaqlı qarım-qatnasta boladı, birde (so'z basında) ayrıqsha fonema retinde xızmet atqaradı. Ma'selen, [xabar] - atlıq ma'nisinde, [qabar] - feyil ma'nisinde jumsalg'an so'zler bir-birinen tek [q] ha'm [x] sesleri arqalı ayrılıp tur. Bul jerde [q] ha'm [x] basqa-basqa fonemalardın' ren'kleri wazıypasında kelgen.

Qaraqalpaq tilindegi dawıssız fonemalar ortasında [k], [q], [g], [g'] seslerin ha'zirgi ku'nge shekem o'z aldına ayrıqsha fonemalar dep esaplap ha'm olardın' ha'r birin ayrıqsha tan'balar menen tan'balap kelgen bolsaq, endi bul ko'z-qarastı qayta qarap shıg'ıwg'a tuwra keledi. Biz burınıraqta bul dawıssızlardın' fonemalıq qa'siyeti jo'ninde bılay degen edik: "Dawıssızlardın' fonemalıq qa'siyeti jo'ninde so'z bolg'anda til artı *k* ha'm *g* sesleri kishkene tillik q ha'm g' seslerine fonema retinde qarama-qarsı qoyıla ma, yamasa *k, q* sesleri *k* fonemasının', *g', g* sesleri *g* fonemasının' kombinatorlıq ottenokları ma, degen soraw qoyıladı. Bunday sorawdın' tuwatug'ınının' sebebi ko'pshilik so'zlerde *k, g* sesleri jin'ishke dawıslılar menen, al *q, g'* sesleri juwan dawıslılar menen qon'sılas bolıp jumsaladı. Usıg'an tiykarlana otırıp *k, g* fonemaları ha'r tu'rli fonetikalıq jag'dayg'a baylanıslı, yag'nıy olar juwan dawıslılar menen kelse, sa'ykes juwan (q, g'), ottenokları arqalı, al jin'ishke dawıslılar menen kelse, jin'ishke (k, g) ottenokları arqalı so'zlerde jumsaladı dewge bolar edi. Biraq, *q* ha'm *g'* sesleri juwan dawıslılar menen qon'sılas jag'dayda jumsalıwı menen birge olar *k, g* sesleri sıyaqlı jin'ishke *a'* dawıslı fonemasının' aldında da jumsaladı. Mısalı: *qa'de, qa'dir, qa'te, qa'pes, qa'dem, qa'reli, qa'ste, g'a'lle, g'a'let, g'a'zzel* t.b. Sonday-aq qaraqalpaq tilinde aktiv qollanılıp ju'rgen ko'p g'ana sırttan kirgen so'zlerde *k, g* sesleri juwan dawıslılar menen de jumsaladı. Mısalı: *Kavkaz, kanal, kamal, kazarma, gazon, galstuk* t.b. Demek, *q, g'* ha'm *k, g* seslerinin' jumsalıwı fonetikalıq jag'dayg'a, qon'sılas dawıslılardın' juwan-jin'ishkeligine g'ana baylanıslı emes, al tildin' da'stu'rine baylanıslı. Sonlıqtan



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

*q, g'* sesleri juwan dawıslı fonemalar menen jumsalatug'ın *к* ha'm *g* seslerinin' ottenoкları emes, al olar *к, g* dawıssız fonemaları sıyaqlı o'z aldına dara-dara fonemalar dep sanalıwı кereк".[1] Biraq bul piкirdi teкserip кo'riw ushın ju'rgizgen son'g'ı da'wirdegi qosımsha baqlawlarımız joqarıda aytılg'an piкirdi tastıyıqlamadı.

Kerisinshe, [q] menen [к] seslerinin' eкewi birden bir u'nsiz dawıssız fonemanın' juwan ha'm jin'ishкe ren'кleri, al [g] menen [g'] seslerinin' eкewi de birden bir u'nli dawıssız fonemanın' juwan ha'm jin'ishкe ren'кleri degen juwmaq shıg'arıwg'a sebepshi boldı. Olar artiкulyatsiyalıq jaqtan ha'r tu'rli sesler tu'rinde aytılg'an menen, yag'nıy [q] menen [g'] — кishкene tilliк, [к] menen [g] — til artı bolg'anı menen ha'm jazıwda basqa-basqa tan'balar menen tan'balang'anı menen olardı to'rt tu'rli fonema (к, q, g, g') dep sanawg'a bolmaytug'ınına, al til artı-кishкene tilliк, u'nsiz, jabısın'qı dawıssız [q/к] fonemasının' juwan (q) ha'm jin'ishкe (к) ren'кleri eкenine, sonday-aq birden-bir til artı — кishкene tilliк, u'nli, jabısın'qı dawıssız *g'/g* da wıssız fonemasının' juwan (g') ha'm jin'ishкe (g) ren'кleri eкenine bizde tolıq isenim payda boldı.

Ha'zirgi orfografiyalıq qa'deler boyınsha qa'de, qa'te, g'a'lle, ta'g'dir tu'rindegi so'zlerde son'g'ı jin'ishкe buwınnın' ta'siri na'tiyjesinde aldın'g'ı buwında [q] ha'm [g'] dawıssızları menen qon'sılas bolıp кelgen dawıslı sestin' jin'ishкe [a'] tu'rinde aytılıwı ta'miyinlenedi degen tu'siniкке su'yene otırıp, jazıwda a' tu'rinde jazılıp ju'r. Shınında bul jerde qon'sılas buwınnın' кeyinli ta'sirine qarag'anda, yag'nıy son'g'ı jin'ishкe buwınnın' aldın'g'ı buwındı jin'ishкertiwshi ta'sirine salıstırg'anda, qon'sılas sestin' ilgerili ta'siri, yag'nıy [q] ha'm [g'] juwan dawıssızlarının' son'ındag'ı dawıslını juwanlatıwshı ta'siri кu'shli bolsa кereк. Bir buwınnın' qurılısında [q] ha'm [g'] dawıssız sesleri menen qon'sılas bolıp кelgen ha'm usı da'wirge sheкem jin'ishкe dawıslı fonema dep ju'rgen [a'] sesi haqıyqatında [a] juwan foneması sıyaqlı aкusiкalıq sıpatlamag'a iye eкenin mına eкsperimental mag'lıwmatlar tolıq tastıyıqladı.

Birinshi buwındag'ı dawıslının' birinshi ha'm eкinshi formantları (FI, FII) haqqında mag'lıwmat :

[1] *Berdimuratov E., Da'wletov A.* Ha'zirgi qaraqalpaq tili. No'kis, 1979, 73-bet.



| *So'zler* | *FI* | *FII* |
|---|---|---|
| qa'de | 500-900 | 1000-1400 |
| qa'te | 500-900 | 1000-1400 |
| qa'dir | 500-900 | 1100-1400 |
| qa'pes | 500-950 | 1100-1400 |
| qa'dem | 500-950 | 1200-1500 |
| qa'reli | 500-950 | 1200-1500 |
| qa'ste | 500-900 | 1000-1300 |
| g'a'lle | 500-950 | 1000-1300 |
| ta'g'dir | 500-950 | 1000-1250 |
| *ortasha* | 500-925 | 1075-1385 |

Dawıslı fonemalardın' birinshi formantı (FI) tildin' tiк jag'dayına, yag'nıy tildin' tan'layg'a qaray кo'teriliwi da'rejesine tiккeley baylanıslı boladı. Dawıslı ses qanshelli кo'terin'кi (qısıq) bolsa, FI sonshelli to'men jiyliкte boladı. Al dawıslı ses qanshelli tu'sinin'кi (ashıq) bolsa, FI sonshelli joqarı jiyliкte boladı. FII tildin' jazıq jag'dayına, basqasha aytqanda tildin' alg'a yamasa artqa qaray jıljıw da'rejesine, baylanıslı boladı. Dawıslı ses qanshelli til aldıraq bolg'an sayın, FII sonshelli joqarı jiyliкte boladı; al ol qanshelli til artıraq bolg'an sayın FII sonshelli to'men jiyiliкte boladı.

Biz qaraqalpaq tilindegi dawıslı fonemalardın' formantlıq qurılısı haqqındag'ı mag'lıwmatlar menen salıstırıp qarasaq, joqarıdag'ı so'zlerdin' birinshi buwınlarındag'ı dawıslının' eкinshi formantı juwan [a] dawıslı fonemasının' eкinshi formantına jaqın кeletug'ının кo'remiz. Dawıslı [a] fonemasının' eкinshi formantı 1130-1390 gts, [a'] dawıslısının' eкinshi formantı 1380-1540 gts[1], al кeltirilgen mısallardın' birinshi buwınındag'ı dawıslının' eкinshi formantı 1075-1385 gts jiyliкte boladı. Solay etip, [q] ha'm [g'] dawıssızları menen qon'sılas halda bir buwınnın' qurılısında кelgen dawıslını biz jin'ishкe [a'] foneması dep ju'rgen bolsaq, bunı aкustiкalıq mag'lıwmatlar tastıyıqlamaydı. Kerisinshe, ol fonetiкalıq jag'dayda jumsalg'an juwan [a] foneması bolıp tabıladı. Sonday-aq, artiкulyatsiyalıq jaqtan da juwan [q] ha'm [g'] dawıssızları menen qon'sılas jag'dayda bir buwınnın' quramında jin'ishкe dawıslının' aytılıwı mu'mкin emes. Bug'an qaraqalpaq

[1] *Даулетов А.* Вокализм каракалпакского языка. Самарканд, 1976, 96-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

| *So'zler* | *FI* | *FII* |
|---|---|---|
| kanal | 550-1000 | 1400-1800 |
| kamal | 550-900 | 1400-1800 |
| Kavkaz | 550-900 | 1350-1800 |
| kazarma | 550-900 | 1350-1800 |
| gazon | 600-1000 | 1300-1700 |
| garaj | 600-1000 | 1400-1700 |
| galstuk | 550-900 | 1350-1700 |
| gazeta | 550-900 | 1400-1900 |
| *ortasha* | 560-940 | 1375-1775 |

tilindegi dawıssızlar singarmonizmi jol bermeydi. O'ytkeni dawıssızlar singarmonizmi boyınsha qaraqalpaq tilinde barlıq dawıssızlardın' juwan ren'kleri juwan (til artı) dawıslılar, al jin'ishke ren'kleri jin'ishke (til ortası, til aldı) dawıslılar menen keledi. Solay etip, qon'sılas buwınlardın' juwan ya jin'ishkeliginen g'a'rezsiz halda [q] ha'm [g'] dawıssızları menen tek juwan dawıslılar g'ana bir buwınnın' qurılısında kele aladı. Al, jin'ishke dawıslılar onday fonetikalıq jag'dayda ushıraspaydı.

Sonday-aq, [k] ha'm [g] jin'ishke dawıssızları menen juwan dawıslılardın' bir buwın qurılısında qon'sılas keliwi de ta'biyg'ıy jag'day emes. Biz [kanal], [ka'mal], [garaj] tu'rindegi so'zlerdi alıp, olardag'ı jin'ishke [k], [g] dawıssızları menen qon'sılas kelgen dawıslının' formantlıq qurılısın salıstırıp qarasaq, usı waqıtqa shekem juwan [a] dep ju'rgen dawıslının' haqıyqatında jin'ishke [a'] sıyaqlı akustikalıq sıpatlamag'a iye ekenin ko'rdik. Bunı to'mendegi eksperimental mag'lıwmatlar tastıyıqladı.

Birinshi buwındag'ı dawıslının' formantlıq qurılısı haqqında mag'lıwmat:[1]

Biz bul sanlardı qaraqalpaq tilinin' dawıslı fonemalarının' formantlıq qurılısı haqqındag'ı mag'lıwmatlar[2] menen salıstırıp qarasaq, keltirilgen so'zlerdin' birinshi buwınındag'ı dawıslının' ekinshi formantı (ekinshi formant dawıslının' juwan ya jin'ish-keligine tikkeley qatnaslı boladı) jin'ishke [a'] dawıslı fonemasının' ekinshi formantına jaqın keletug'ının ko'remiz. Joqarıda

[1] Bul mag'lıwmatlar tutası menen avtordın' (A. Da'wletov. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' seslik du'zilisi. No'kis, 1995, 82 — 87-betler) monografiyalıq miynetinen alındı.
[2] *Даулетов А.* Вокализм каракалпакского языка. 96-bet.



aytılg'anınday-aq [a'] dawıslı fonemasının' ekinshi formantı 1380-1840 gts jiylikte, [a] dawıslı 1130-1390 gts jiylikte, al keltirilgen mısallardın' birinshi buwınındag'ı dawıslının' ekinshi formantı 1375-1775 gts jiylikte boladı. Bul u'sh tu'rli sanlardı salıstıra otırıp, joqarıda keltirilgen so'zlerdin' birinshi buwınındag'ı dawıslının' akustikalıq jaqtan juwan [a] fonemasına emes, al jin'ishke [a'] fonemasına jaqın ekenine isenim payda boladı. Solay etip, [k] ha'm [g] dawıssızları menen qon'sılas halda bir buwınnın' quramında kelgen dawıslını juwan [a] foneması dep ju'rgen bolsaq, bunı akustikalıq mag'lıwmatlar tastıyıqlamaydı. Kerisinshe, ol jerde kelgen jin'ishke dawıslı [a'] foneması bolıp sanaladı. Sonday-aq, artikulyatsiyalıq jaqtan da jin'ishke [k] ha'm [g] dawıssızları menen qon'sılas jag'dayda bir buwınnın' qurılısında juwan dawıslının' aytılıwı mu'mkin emes. Bug'an qaraqalpaq tilindegi dawıssızlar singarmonizmi jol bermeydi. Solay etip, qon'sılas buwınlardın' juwan ya jin'ishkeliginen g'a'rezsiz halda jin'ishke [k] ha'm [g] dawıssızları menen tek jin'ishke dawıslılar g'ana bir buwınnın' quramında kele aladı. Al, juwan dawıslılar onday fonetikalıq jag'dayda ushıraspaydı.

Qaraqalpaq tilindegi usı ku'nge shekem [g'] ha'm [g], sonday-aq [q] ha'm [k] seslerinin' ha'r biri basqa-basqa fonemalar retinde tanılıp kelgen bolsa, endi joqarıda aytılg'an mag'lıwmatlarg'a su'yene otırıp, [q] juwan dawıslılar menen bir buwında, [k] jin'ishke dawıslılar menen bir buwında jumsalatug'ın bir pu'tin [q/k] u'nsiz dawıssız fonemasının' juwan ja'ne jin'ishke ren'kleri dep sanalıwı kerek. Al, [g'] ha'm [g] sesleri de tap sonday qatnastag'ı, yag'nıy [g'] juwan dawıslılar menen bir buwınnın' quramında [g] jin'ishke dawıslılar menen bir buwınnın' quramında jumsalatug'ın bir pu'tin u'nli [g'/g] dawıssız fonemasının' juwan ja'ne jin'ishke ren'kleri dep sanalıwı kerek. Solay etip, [q] menen [g'] tek juwan dawıslılar menen, [k] menen [g] tek jin'ishke dawıslılar menen jumsalatug'ın ren'kler bolg'anlıqtan bul jag'day jazıwda da qatan' esapqa alınıwı kerek.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde [y], [w] dawıssızlarının' fonemalıq qa'siyetlerine ayırıqsha toqtaw talap etiledi. Sebebi olar, birinshiden, aytılıwı jag'ınan so'zdin' ha'm buwınnın' basında ja'ne aqırında eki tu'rli boladı. Ekinshiden, dawıslılarg'a en' jaqın



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

dawıssız ses retinde bular dawıslı fonemalar menen bir buwında kelip, ashıq ha'm tuyıq diftonglardı payda etiwge qatnasadı. U'shinshiden, so'zlerdin' tu'rli orınlarında jumsalıwı (distributsiyası) jag'ınan olar birdey emes. Sonın' menen birge [y] sonantı so'zdin' basında jumsalıwı jag'ınan en' jaqın tuwısqan tiller bolg'an tu'rkiy tillerdin' qıpshaq-nog'ay bo'limshesine kiretug'ın qazaq, nog'ay ha'm qaraqalpaq tillerinde birdey emes. Bul ses nog'ay tilinde so'zdin' basında jiyi jumsaladı. Al, qaraqalpaq tilinde siyrek jag'dayda [ya], [yar], [yaqshı], [ya'ki], [yaq], [yu'su'p] usag'an so'zlerde ushırasadı. Al, ha'zirgi qazaq tilinde [y] sonantı so'zdin' basında pu'tkilley jumsalmaydı.

Orıs a'lipbesi tiykarındag'ı qaraqalpaq jazıwında so'zdin' basında *y* ha'ribi tek *yosh, yod* sıyaqlı bir-eki so'zde g'ana ushırasıp, qalg'an orınlarda [y] sesi [a] ha'm [a'] ashıq dawıslıları menen kelgende sol dawıslı sesler menen birlikte *ya* ha'ribi menen tan'balanatug'ın edi. [E] sesi menen kelgende [y] sonantı birgelikte [e] tan'bası menen tan'balanadı. Sonday-aq [o] sesi menen kelgende de [y] sesi sol dawıslı menen qosılıp, bir tan'ba menen, yag'nıy *ё* tan'bası menen an'latıladı. Al, a'welgi ha'm son'g'ı a'lipbelerde *ue* sesler dizbegi *e* ha'ribi menen an'latıla beredi.

Ha'zirgi ha'm burıng'ı qaraqalpaq tilinin' imla qa'deleri boyınsha w [w] ha'ribi tek ashıq, *a, a'* [a'] dawıslılarının' aldında g'ana keledi. Ma'selen, *waz* [waz], *waqıt* [waqıt], *wa'de* [wa'de], *wa'kil* [wa'kil], t.b. Al erinlik dawıslı bolg'an o, o' [o'] fonemalarının' aldında w [w] sesi anıq esitilgen menen ayırıqsha tan'ba menen tan'balanbaydı. So'zdin' basında kelgen sol o, o' ha'riplerinin' ha'r biri sa'ykes erinlik dawıssız [w] ha'm erinlik dawıslı [o], erinlik dawıssız [w ] ha'm erinlik dawıslı [o'] seslerinin' dizbegin an'latıp otıradı.

Joqarıda aytqanımızday-aq sonant [y]ha'm [w] ayırıqsha fonema retinde qaraqalpaq tilinde so'zdin' barlıq jag'daylarında jumsaladı. Onı tastıyıqlaw ushın mına bir mag'lıwmattı keltiriwdin' o'zi-aq jetkilikli: [y] ha'm [w] affikslik morfema xızmetin atqara aladı. Ma'selen, [y] sonantı menen [e] dawıslısı arasınan, [w] sonantı menen [o'] dawıslısı arasınan morfemanın' shegarası o'tedi. Ma'selen, [tiye], [kewo'], so'zlerinde [ye], [wo'] diftonglarının' ortasınan morfemanın' shegarası o'tip tur.



Sonday-aq [y], [w] dawıssızları so'zdin' basında ashıq [a] ha'm [a'] dawıslı fonemalarının' aldında jumsaladı. Bul dawıslılardın' aldın'g'ı [y], [w] sonantları [a] dawıslısının' aldında tu'sirilip qaldırılsa, onda jan'a so'z payda etiledi. Ma'selen, [yar]-[ar], [waz]- [az]. Al, [a'] dawıslısının' aldında tu'sirilip qaldırılsa, ma'ni an'latpaytug'ın a'piwayı bir sesler dizbegine aylanadı. Ma'selen, salıstırın': [ya'ki]- [a'ki], [wa'j]- [a'j]. Bulardın' son'g'ıları ma'ni an'latpaydı.

Solay etip [y], [w] seslerinin' so'zdin' aqırında ha'm ortasında g'ana emes, sonday-aq so'zdin' basında da ayırıqsha fonemalar retinde jumsalatug'ının ko'remiz.

So'zdin' en' basında tek g'ana [ye], [wo], [wo'] diftongları ushırasıp qoymaydı. Sonın' menen birge olarg'a usag'an [ya], [ya'], [wa], [wa'] diftongları da jumsaladı ha'm ol diftonglardın' ha'r biri so'zsiz eki fonemanın' dizbegi bolıp sanaladı. Olay bolsa, tap sonday fonetikalıq jag'dayda jumsalatug'ın [ye], [wo], [wo'] diftongları da eki fonemanın' dizbeginen turadı dep sanalıwı kerek. Basqasha aytqanda dawıssız [y], [w] sesleri dawıslı [a] ha'm [a']seslerinin' aldında so'zsiz ayırıqsha fonemalar dep tanılsa, onda analogiya boyınsha olar basqa dawıslılardın' aldında kelgende (ma'selen, dawıslı [e], [o], [o'] fonemalarının' aldında kelgende de) ayırıqsha fonemalar dep tanılıwı talap etiledi.

Ha'zirgi qazaq tilinin' mag'lıwmatları tiykarında bunday juwmaq shıg'arıwg'a bolmaydı. Sebebi ha'zirgi qazaq tilinde dawıssız [y] ha'm [w] fonemaları so'zdin' basında jumsalıwı jag'ınan sheklengen. Al, so'z basındag'ı [ye], [wo], [wo'] diftongları bolsa, qaraqalpaq tiline salıstırg'anda qazaq tilinde ju'da' elespesiz an'latıladı. Sonlıqtan da qazaq tilindegi so'z basındag'ı bunday seslik ko'rinisti „diftongoidlar" dep atawg'a boladı. Al so'z basındag'ı diftongoidlardı so'z ortasındag'ı ha'm so'z aqırındag'ı sa'ykes monoftonglardın' ren'kleri dew mu'mkin. Sonda ha'zirgi qazaq tilindegi so'z basındag'ı atalg'an diftongoidlardın' ha'r qaysısın bir fonema (monofonema) dep, al qaraqalpaq tilindegi sa'ykes diftonglardın' ha'r qaysısın eki fonema (bifonema) dep atawg'a boladı.

Qaraqalpaq tilinde dawıslı [e] foneması so'zdin' basında mudamı dawıssız [y] sesi menen jumsalg'anlıqtan, so'zdin' basındag'ı [ye]

---

[1] *Щерба Л. В.* Теория русского письма. Л., 1983, 38-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

diftongin so'z ortasında ha'm aqırında jumsalatug'ın [e] monoftongının' ren'ki dep qaraw kerek bolar edi. Sonday-aq mudamı dawıslı [o] ha'm [o'] fonemaları so'zdin' basında dawıssız [w] sesi menen jumsalmag'anlıqtan, so'zdin' basındag'ı [wo] ha'm [wo'] diftonglarının so'z ortasında ha'm aqırında jumsalmaytug'ın sa'ykes [o] ha'm [o'] monoftonglarının' ren'kleri dep qaraw kerek bolar edi. Jaqın waqıtqa shekem qaraqalpaq tilinde tap solay bolıp ta keldi. Ha'zir de bunday pikir pu'tkilley jog'alg'an joq. Teoriyalıq jaqtan bunday nadurıs juwmaq shıg'arıwg'a qaraqalpaq tilinin' ha'zirgi jazıwı da ja'rdem berdi. O'ytkeni so'zdin' basındag'ı diftong ta, so'zdin' ortasındag'ı ha'm aqırındag'ı sa'ykes monoftong ta birdey tan'ba menen belgilenip kiyatır. Solay etip so'zdin' basındag'ı [ye] diftongi de ha'm so'zdin' ortası menen aqırındag'ı [e] monoftongi de e ha'ribi menen, so'zdin' basındag'ı [wo] diftongi de ha'm so'zdin' ortasındag'ı [o] monoftongi de o ha'ribi menen, so'zdin' basındag'ı [wo'] diftongi de ha'm so'zdin' ortası menen aqırındag'ı [o'] monoftongi de o' ha'ribi menen belgilenip kiyatır.

Akademik L.V. Sherbanın' orıs tilindegi dawıssız [y] fonemasının' eki tu'rli ren'ki jo'nindegi aytqan pikiri [1] qaraqalpaq tilindegi dawıssız [y] ha'm [w] fonemalarının' ren'klerine de haqıyqat sa'ykes keledi. Orıs tilindegi sıyaqlı qaraqalpaq tilinde de buwınnın' ha'm so'zdin' aqırında dawıssız [y] fonemasının' dawıslıg'a jaqın bolg'an ren'ki jumsaladı. Mısalı: [ay], [mayda], [sayla] ha'm t.b. So'zdin' ha'm buwınnın' basında nag'ız dawıssız ren'ki bolg'an [y] jumsaladı. Mısalı: [yar], [ya], [saya], [tayaq] ha'm t.b. Bul fonemanın' buwın quramaytug'ın dawıslı ren'kin aytqanda tosqınlıq az da'rejede, dawıs basım halda boladı. Al, dawıssız ren'kin aytqanda tosqınlıq ku'shli, shawqım basım halda qatnasadı. Tap usınday eki tu'rli ren'klerge dawıssız [w] foneması da iye boladı. Bul ma'selede dawıssız [y] ha'm [w] fonemalarının' jag'dayları ten'dey.

Solay etip dawıssız [y] ha'm [w] fonemalarının' ha'r biri buwın qurılısındag'ı dawıslı fonemanın' aldında ha'm aqırında keliwi menen artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq jaqtan u'lken ayırmashılıqqa iye bolatug'ının ko'rdik. Biraq sog'an qaramastan buwınnın' basındag'ı [y] menen buwınnın' aqırındag'ı [y] sesin, sonday-aq buwınnın' basındag'ı [w] menen buwınnın' aqırındag'ı [w] sesin basqa-basqa fonemalar retinde qabıl etiwge bolmaydı.



Sebebi olar biri ornına biri hesh almastırılıp jumsalmaydı. Bul jag'day olardın' o'z-ara fonemalıq emes, al ren'kilik qarım-qatnasın ko'rsetedi. Sebebi olardın' artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq jaqtan ha'r qıylı bolıwı tikkeley fonetikalıq jag'dayg'a baylanıslı bolıp otır: [ayaq], [tayaq], [awa], [sawap], [yar], [waz] sıyaqlı so'zlerde buwınnın' basında [y] ha'm [w] sesleri haqıyqat dawıssız retinde aytıladı; [ay], [aw], [mayda], [tawla] sıyaqlı so'zlerde buwınnın' aqırında [y] ha'm [w] sesleri buwın jasay almaytug'ın dawıslı (yarım dawıslı) retinde aytıladı. Demek, olardın' ha'r qıylılıg'ı, yag'nıy so'zdin' ha'm buwınnın' basında [y] menen [w] nın' dawıssızg'a jaqın, al so'zdin' ha'm buwınnın' aqırında dawıslıg'a jaqın aytılıwı tikkeley fonetikalıq jag'dayg'a baylanıslı bolıp otır. Bunday bolıp tek fonetikalıq jag'daydın' sebebinen payda bolatug'ın seslik o'zgeshelikler bir fonemanın' ren'kleri dep tanılıwı kerek ekenligi ulıwma fonologiya iliminde qabıl etilgen anıqlama bolıp tabıladı. Ha'r tu'rli seslerdi ha'r tu'rli fonemalar retinde qabıl etiw ushın olardın' artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq jaqtan ha'r qıylı bolıwı ele jetkiliksiz. Sonın' menen birge da'l birdey fonetikalıq jag'dayda ol sesler biri ornına biri almastırılıp jumsala alıwı da talap etiledi. Sonda g'ana jeke ses haqıyqat so'zlerdin' ma'nisin o'zgertiwge qatnasatug'ın ayırıqsha fonologiyalıq birlik (fonema) bola aladı. Al, dawıssız [y] ha'm [w] fonemalarının' so'zdin' ha'm buwınnın' basındag'ı ha'm aqırındag'ı ko'rinislerinde bunday qa'siyet joq.

## § 27. Dawıssızlardın' fonemalıq sisteması

Tu'rkiy tillerinde, sonın' ishinde qaraqalpaq tilinde de, dawıssız fonemalar jasalıw ornı, jasalıw usılı, dawıstın' qatnası ha'm awız yamasa murın boslıg'ının' jan'g'ırıq (rezonator) xızmetin atqarıwı jag'ınan o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Dawıssızlardın' jasalıw ornı jag'ınan ko'p basqıshlı tu'rde erinlik, tillik, kishkene tillik ha'm ko'mekey bolıwı, jasalıw usılı jag'ınan jabısın'qı ha'm juwısın'qı bolıwı, dawıstın' qatnası jag'ınan shawqımlı ha'm sonor bolıwı, awız ha'm murın boslıg'ının' qatnası jag'ınan awızlıq ja'ne murınlıq bolıwı, mine bulardın' ha'mmesi dawıssız fonemalardın' ma'ni ayırıwshı belgileri xızmetin atqaradı. Dawıssızlardın' bul



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

fonologiyalıq belgileri olardın' tiykarg'ı belgilerin quraydı. Fonemalar tiykarg'ı belgilerinin' jıynag'ınan g'ana turmay, sonın' menen birge tiykarg'ı emes belgilerinin' de jıynag'ınan quralatug'ınlıg'ın esten shıg'arıwg'a bolmaydı. Ma'selen, [tas], [t is ], [t°os°], [t °o's °] degen so'zlerdin' basındag'ı dawıssız [t] fonemasının' tiykarg'ı fonologiyalıq belgileri bolg'an til aldı, jabısın'qı, u'nsiz, awızlıq ekenligin ko'rsetiw menen onın' tolıq sıpatlaması berilip bolınbaydı. O'ytkeni [t] foneması fonetikalıq jag'dayg'a (buwınnın' sıpatına) baylanıslı mudamı, ya juwan eziwlik, ya jin'ishke eziwlik, ya juwan erinlik, ya jin'ishke erinlik tu'rinde g'ana ushırasadı. Sonlıqtan da [t] fonemasının' [tas] so'zindegi ren'kin tanıw ushın fonologiyalıq belgileri bolg'an til aldı, jabısın'qı, u'nsiz, awızlıq ekeni ele jetkiliksiz, sonın' menen birge onın' fonetikalıq belgisi bolg'an juwan ha'm eziwlik ekeni de a'hmiyetli; [t is ] so'zindegi ren'kin tanıw ushın [t ] fonemasının' fonologiyalıq belgileri menen ten'dey da'rejede onın' fonetikalıq belgisi bolg'an jin'ishke ha'm eziwlik ekeni de a'hmiyetli; [t°os°] so'zindegi ren'kin tanıw ushın [t ] fonemasının' fonologiyalıq belgileri menen birge onın' fonetikalıq belgisi bolg'an juwan ha'm erinlik ekeni de a'hmiyetli [t °o s °] so'zindegi ren'kin tanıw ushın [t °] fonemasının' fonologiyalıq belgileri menen birge onın' fonetikalıq belgisi bolg'an jin'ishke ha'm erinlik ekeni de a'hmiyetli. Solay etip, fonemanı tiykarg'ı (fonologiyalıq) belgilerdin' jıynag'ınan turadı dep onı tiykarg'ı emes (fonetikalıq) belgilerinen pu'tkilley bo'lip taslawg'a bolmaydı eken. Kersinshe tiykarg'ı ha'm tiykarg'ı emes belgileri birlikte, pu'tkilley o'tlesip ketken halda birlese otırıp, sol fonemanın' belgili bir ren'kinin' tilde o'mir su'riwin ta'miyin etedi.

Dawıssızlar jasalıw ornı jag'ınan erinlik, tillik, kishkene tillik ha'm ko'mekey fonemaları bolıp, olar usı belgileri boyınsha ayrılıp turadı ha'm o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: [par]-[tar], [bar]-[dar], [may]-[pay], [aw]-[ay] sıyaqlı so'zlerde erinlik dawıssızlar tillik dawıssızlar menen qarama-qarsı qoyılıp, so'zlerdin' ma'nisin o'zgertip tur; [par]-[qar], [abın]-[ag ın], [nem]-[nen ] so'zlerinde erinlik dawıssızlar menen kishkene tillik ha'm ko'mekey dawıssızları orın almasıwı arqalı so'zlerdin' ma'nisin o'zgertip tur; [qar]-[tar], [ag'a]-[aza] so'zlerinde kishkene tillik



dawıssızları menen til aldı dawıssızları orın almasıp, kvazio-monimlerdi payda etip tur.

Tillik dawıssızları til aldı, til ortası, til artı dawıssız fonemaları bolıp, olar usı belgileri boyınsha ayrılıp turadı ha'm fonema retinde o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Sonday-aq tillik dawıssızlar erinlik, kishkene tillik, ko'mekey dawıssızlarınan da ayrılıp turadı ha'm fonema retinde olarg'a qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: [tes]-[kes], [da'p]-[ga'p] jubaylas so'zlerindegi til aldı dawıssız fonemaları menen til artı-kishkene tillik [k/q] ha'm [g/g ] fonemalarının' sa'ykes til artı ren'kleri bolg'an [k], [g] sesleri jasalıw orınları boyınsha [t]-[k], [d]-[g] tu'rinde qarama-qarsı qoyılıp, jubaylaslıqtı (oppozitsiyanı) payda etedi. Al, basqa ma'ni ayırıwshı belgileri boyınsha olardın' ayırmashılıg'ı bolmaydı. Sonday-aq, [lar]-[yar] so'zlerin salıstırsaq, [l]-til aldı, [y]- til ortası dawıssızları bolıp, [l] dawıssız sesinin' qaptal juwısın'qı, al [y] dawıssızının' orta juwısın'qı ekenin esapqa almag'anımızda jasalıw ornınan basqa belgileri boyınsha olar birdey boladı.

Dawıssızlardı aytqandag'ı shawqımnın' jasalıw usılına qaray, yag'nıy payda etiletug'ın tosqınlıqtın' sıpatına qaray jabısın'qı, juwısın'qı, dirildewik bolıp dawıssızlar o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı, [taw]-[tam], [jan]-[jaz], [ferma]-[perde], [vaza]-[baja] sıyaqlı so'zlerde [w]-[m], [n]-[l]-[r], [f]-[p], [v]-[b], [t]-[s]-[sh], [d]-[z]-[j], [q]-[x], [n']-[g'] jubaylas dawıssızları birdey yamasa usas fonetikalıq jag'dayda kelip, olar o'z-ara qarama-qarsı qoyılg'an. Bul dawıssız fonemalar jasalıw usılı jag'ınan jabısın'qı (p, b, t, d, q, m, n, n'; son'g'ı u'shewi murınlıq bolıwı jag'ınan da), juwısın'qı (w, f, v, l, s, z, sh, j, x, g') dirildewik (r) bolıp bir-birinen ayrıladı ha'm o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Al, basqa ma'ni ayırıwshı belgileri boyınsha bul dawıssızlardın' ha'mmesi birdey. Dawıssız [s], [z], [sh], [j] fonemalarının' ba'ri de juwısın'qı bolg'anı menen olardın' da'slepki ekewi (s, z) bir tosqınlıqlı, qalg'an ekewi (sh, j) — eki tosqınlıqlı fonemalar. Usı belgileri boyınsha olar qarama-qarsı qoyıladı. Mısalı: [as]-[ash], [zat]-[jat] jubaylas so'zleri [s] ha'm [sh], [z] ha'm [j] dawıssızları arqalı ayrıladı ha'm ol sesler o'z gezeginde bir-birinen bir tosqınlıqlı ha'm eki tosqınlıqlı bolıwı arqalı ayrıladı. Al, qalg'an dawıssızlar jasalıw usılı boyınsha o'zlerinin' jubaylas fonemalarına iye emes: til artı-kishkene tillik [k/q],[g/g'] fonemalar til artı jabısın'g'ı



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ren'кleri bolg'an [к], [g] sesleri o'zlerinin' juwısın'qı jubayına, til ortası juwısın'qı [y] foneması o'zinin' jabısın'qı jubayına qarama-qarsı qoyıla almaydı. Sebebi qaraqalpaq tilinde til artı juwısın'qı dawıssızları fonema sıpatında jumsalmaydı. Bul dawıssız [к], [g] ren'кleri jabısın'qı, [q] ha'm [g ] dawıssızlarının' juwısın'qı eкenligi hesh qanday a'hmiyetкe iye emes degendi an'latpaydı. Qaraqalpaq tilinde [кo к], [sho к], [to к], [gu z], [gu l] sıyaqlı so'zlerdegi jabısın'qı [g], [к] dawıssız seslerin juwısın'qı etip aytsaq, a'debiy til normasına sa'yкes bolmaydı ha'm ol so'zlerdi tu'siniw qıyınlasadı. Ayırım fonetiкalıq jag'daylarda, atap aytqanda eкi dawıslının' arasında [к], [g] dawıssızlarının' juwısın'qı ren'кleri qollanıladı. Mısalı: [sha кirt], [seкir], [segiz], [tegis]. Bul so'zlerdegi [к], [g] dawıssızlarının' juwısın'qı bolıp aytılıwı fonetiкalıq jag'dayg'a, yag'nıy eкi dawıslının' aralıg'ında кeliwine baylanıslı bolg'anlıqtan olar jabısın'qı [к], [g] dawıssızlarının' ren'кleri dep esaplanadı. Qaraqalpaq tilinin' artiкulyatsiyalıq bazasında [jay], [say], [ay], [hal], [ha m] sıyaqlı so'zlerdegi juwısın'qı [y] ha'm [h] dawıssızların jabısın'qı etip aytıw pu'tкilley qıyın. Eger shınıg'ıwlar na'tiyjesinde ayta qoyg'anımızda da joqarıdag'ı so'zler ma'ni an'latpaytug'ın a'piwayı sesler dizbegine aylanıp кetedi. Dawıssız [y] sesin jabısın'qı etip aytqanda azerbayjan tilindegi jumsaq [g] sıyaqlı ses кelip shıg'adı, al кo'meкey juwısın'qı [h] dawıssızın jabısın'qı etip aytıw pu'tкilley qıyın. Bul jag'daylar [к], [g] ren'кlerin jabısın'qı, al [y], [h] seslerinin' juwısın'qılıq belgilerinin' de ol seslerdi tanıwda u'lкen a'hmiyetкe iye eкenligin кo'rsetedi.

Qaraqalpaq tilinde [f] — [p] — [v] — [x] — [h] dawıssızlarının' juwısın'qı ha'm jabısın'qı bolıp, fonema sıpatında o'z-ara qarama-qarsı qoyılıwı turaqlı emes. So'ylew tilinde [vagon], [voкzal], [fonar], [ferma] sıyaqlı so'zler [bagon], [bag'zal], [panar], [perme] bolıp ta aytıla beredi. Sonday-aq [qada]-[xada], [qaza]-[xaza], [qayg'ı]-[xayg'ı], [qanazat]-[xanazat] bolıp ta aytılıwı mu'mкin. Biraq onın' menen so'zlerdin' ma'nileri o'zgerip кetpeydi. Bul [p], [b], [q] jabısın'qıları menen [f], [v], [x] juwısın'qıları ortasında fonemalıq ayırmashılıqtın' ele ha'lsiz eкenin an'latadı. Solay da [vaza]-[baza]-[bazar], [ferma]-[perde], [vagon]-[bag'ın], [xan]-[qan], [xalqı]-[qalqı] (qabarıw) [xat]-[qat] (qabat), [xabar]-[qabar] (qabarıw) sıyaqlı so'zlerde [v]-[b], [f]-[p], [x]-[q] dawıssızları



birdey yamasa usas fonetiкalıq jag'dayda ushırasıp, so'zdin' ma'nisin o'zgertiwge qatnasıwı olardın' ha'r birinin' jeкe fonema eкenligin кo'rsetedi. Sebebi, birdey yamasa usas fonetiкalıq jag'dayda jumsalg'an ha'r tu'rli sesler (bul jerde [v] ha'm [b], [f] ha'm [p], [x] ha'm [q]) bir fonemanın' ren'кleri bolmay, olardın' ha'r biri o'z aldına fonema bolatug'ınlıg'ı tuwralı joqarıda aytılg'an edi.

Dawıssız fonemalar dawıstın' yamasa shawqımnın' qatnası boyınsha bir-birinen ayrılıp turadı ha'm olar o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Shawqımlı dawıssızlar bolg'an [p]-[b], [f]-[v], [t]-[d], [s]-[z], [sh]-[j], [к]-[g], [x]-[g'] dawıssızları u'nsiz ha'm u'nli bolıp jubaylasıp, [pay]-[bay], [faza]-[baza], [ata]-[ada], [saz]-[sas], [shala]-[jala], [кu'l]-[gu'l], [baxıt]-[bag'yt] ha'm t.b. so'zlerde кvaziomonimlerdi payda etedi. Al, qalg'an shawqımlı dawıssızlar u'nli-u'nsiz bolıp jubaylaspaydı. Sonor dawıssızlar - [w], [m],[n], [l], [r], [y], [n'] fonemaları [waz]-[vaz]-[faz], [may]-[bay]-[pay], [par]-[bar]-[tar], [al]-[az]-[as], [an']-[aq] sıyaqlı so'zlerde shawqımlılar bolg'an u'nli ha'm u'nsiz dawıssızlardan ayrılıp turadı ha'm o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı.

U'nli ha'm u'nsiz dawıssızlar teк usı belgileri boyınsha ayrılıp o'z-ara qarama-qarsı qoyılıw menen birliкte qaraqalpaq tilinin' so'zliк quramındag'ı geypara so'zlerdin' basında dawıssızlardın' u'nli yamasa u'nsizligi ma'ni ayırıwshılıq xızmet atqarmaydı. Mısalı: [gelle]-[кelle], [geme]-[кeme], [gerbish]-[кerbish], [bal]-[pal], [gegirdeк]-[кegirdeк], [bayraq]-[paypaq] sıyaqlı so'zler qabatlasa bir ma'nide jumsala beredi. Bul sıyaqlı qubılıstın' bolıwı, yag'nıy u'nli-u'nsizliкtin' fonemalıq xızmet atqarmawı barlıq dawıssızlarg'a tarqalmaydı. Kerisinshe, qaraqalpaq tilinin' dawıssız fonemalar u'nli ha'm u'nsizliк belgileri boyınsha, joqarıdag'ı sıyaqlı so'zlerdi esapqa almag'anda, so'zdin' ha'r qıylı orınlarında (basında, ortasında, aqırında) anıq ayırılıp turadı ha'm o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı: [pay]-[bay], [tar]-[bar], [sat]-[zat], [shap]-[jap], [кo sh]-[go sh], [xalıq]-[g arq] sıyaqlı so'zlerdin' basında; [qapı]-[qabı], [atım]-[adım], [geshir]-[gejir], [asa]-[aza], [bu'rкo']-[bu'rgo'], [saxal]-[sag'al] sıyaqlı so'zlerdin' ortasında teк u'nli ha'm u'nsiz belgileri arqalı o'z-ara qarama-qarsı qoyılg'an jubaylas dawıssızlar onnan basqa belgileri jag'ınan ayrılmaydı. Ko'pshiliк u'nli dawıssızlar, (a'sirese jabısın'qılar) so'zdin' aqırında jumsalıwı

jag'ınan sheklengen. Ma'selen: [b], [v], [d], [g/g'] u'nlileri so'z aqırında jazıwda siyrek jag'dayda (ko'binshe sırttan kirgen so'zlerde) ushırasqanı menen awızeki so'ylewde olar sa'ykes [p], [f], [k/q] u'nsiz dawıssız seslerine aylanıp aytıladı. Mısalı: jazılıwı-aytılıwı: *klub-klup, Arıslanov-Arıslanop, Volgograd-Volgograt, abad-abat, pedagog-pedagok, bag'-baq.*

Dawıssızlardın' ishinde [m], [n], [n'] fonemalarının aytqanda murın quwıslıg'ı rezonator xızmetin atqarıp, olarg'a tiyisli bolg'an seslik o'zgeshelikti murın boslıg'ı payda etedi. Murınlıq, erinlik, jabısın'qı [m] foneması awızlıq, erinlik, jabısın'qı [b], [p] fonemalarına; murınlıq, til aldı, jabısın'qı [n] foneması awızlıq, til aldı, jabısın'qı [d], [t] fonemalarına; murınlıq, kishkene tillik, jabısın'qı [n'] foneması awızlıq, kishkene tillik, jabısın'qı [q] fonemasına qarama-qarsı qoyıladı. Sonday-aq [m]-[b]-[p], [n]-[d]-[t], [n']-[q] jubaylas dawıssızlar murınlıq ha'm awızlıq bolıp jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı boslıqlardın' qatnasına qaray ayrılıw menen birlikte olar dawıs ha'm shawqımnın' qatnasına qaray da ayırmashılıqqa iye boladı: [m], [n], [n']- sonorlar; [b], [d]-u'nliler; [p], [t], [k]-u'nsizler.

Solay etip, ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde ha'mmesi bolıp 23 dawıssız ses, sonnan tu'pkilikli so'zlerde 18 dawıssız ses jasalıw ornı jag'ınan erinlik, til aldı, til ortası, til artı, kishkene tillik, ko'mekey dawıssızları bolıp, jasalıw usılına qaray jabısın'qı, juwısın'qı, birikpeli, dirildewik bolıp, dawıstın' ha'm shawqımnın' qatnasına qaray u'nli, u'nsiz, sonor dawıssızları bolıp, awız ha'm murın boslıg'ının' jan'g'ırıq xızmetin atqarıwına qaray awızlıq ha'm murınlıq dawıssızları bolıp bir-birinen ayrılıp turadı ha'm ayrıqsha fonema sıpatında o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı.

Joqarıda biz dawıssız fonemalardın' ma'ni ayırıwshı belgilerin jasalıw ornı, jasalıw usılı, dawıs ha'm shawqımnın' qatnası, awız ha'm murın boslıg'ının' jan'g'ırıq xızmetin atqarıwı jag'ınan qalay o'z-ara qarama-qarsı qoyılatug'ınlıg'ın ko'rip shıqtıq. Endi sol fonologiyalıq belgiler tiykarında dawıssız fonemalardın' oppozitsiyası (jubaylaslıg'ı) qalay du'ziletug'ınlıg'ına qısqasha toqtap o'temiz.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' dawıssız fonemaları bir ma'nili ha'm ko'p ma'nili, ulıwmalıq qatnastag'ı ha'm jekelik qatnastag'ı jubaylaslar bolıp keledi.



Bir ma'nili jubaylaslar mınalar: u'nli-u'nsiz: [d]-[t], [b]-[p], [v]-[f], [z]-[s], [j]-[sh], [g'/g]-[q/k]; til aldı ha'm til artı: [t]-[k], [d]-[g], [n]-[n'], [s]-[x], [z]-[g']; jabısın'qı ha'm juwısın'qı: [t]-[s], [d]-[z], [b]-[w]; qos erinlik ha'm erinlik tislik: [p]-[f], [d]-[v] bir tosqınlıqlı ha'm eki tosqınlıqlı: [s]-[sh], [z]-[j] ha'm t.b. Bul jubaylas fonemalar bir-birinen qanday da bir ma'ni ayırıwshı belginin' birewinde bolıwı, al ekinshisinde ol belginin' bolmawı menen sıpatlanadı. Al, qalg'an belgileri boyınsha ol jubaylaslardag'ı eki fonema ulıwmalıq belgilerine iye boladı.

Ko'p ma'nili jubaylaslar mınalar: hesh ulıwmalıq belgisine iye emes: [p]-[l]; u'nsiz erinlik ha'm u'nli, til aldı: [p]-[d]; u'nli, erinlik ha'm u'nsiz, til aldı: [b]-[t] ha'm t.b. Bul jubaylas fonemalar, bir de hesh ulıwmalıq belgilerinin' bolmawı boyınsha, bir de bir emes, al bir neshe belgileri boyınsha ayrılıp turadı.

Ulıwmalıq qatnastag'ı jubaylaslar mınalar: [s]-[z], [t]-[d], [p]-[b], [f]-[v], [sh]-[j], [x/q]-[q/g']. Bular tek dawıstın' qatnası boyınsha bir-birinen ayrıladı; [p]-[t], [b]-[d], [m]-[n], [f]-[s], [v]-[z], [p]-[k], [b]-[g], [f]-[k], [v]-[g]; [f]-[h], [n]-[n'], [m]-[n'], [w]-[y], [t]-[k] -bular tek jasalıw ornı boyınsha bir-birinen ayrıladı; [m]-[b], [n]-[d]- bular tek murın ha'm awız boslıg'ının' jan'g'ırıq xızmetin atqarıwı boyınsha ayrıladı; [t]-[s], [d]-[z], [s]-[sh], [z]-[j], [w]-[d] - bular tek jasalıw usılı boyınsha ayrıladı ha'm t.b. Ulıwmalıq qatnastag'ı jubaylastın' ma'ni ayırıwshı belgisi tek g'ana bir jubaylasqa ta'n bolıp qalmastan, ondag'ı ma'ni basqa belgiler, sonın' menen birge qaraqalpaq tilindegi basqa jubaylaslarg'a da ta'n boladı. Solay etip, onday jubaylaslardın' sanı bir neshshe bolıp, bul qaraqalpaq tilinin' fonologiyalıq sistemasına ta'n qubılıs bolıp tabıladı.

Jekelik qatnastag'ı jubaylaslarg'a qaraqalpaq tilinde jumsalatug'ın [s]-[x], [s]-[s ] jubaylas fonemaları jatadı. Bulardı salıstırıw ushın tiykar bolg'an belgisi sol jubaylastın' sın'arların quraytug'ın eki fonemag'a g'ana ta'n bolıp, onday ulıwmalıq belgi basqa jubaylaslarda ushıraspaydı.

Bul jubaylaslar ortasında ko'p ma'nili jubaylas ha'm jekelik qatnastag'ı jubaylaslar topan payda etpeydi ha'm qaraqalpaq tilinin' fonemalıq sistemasında ayrıqsha orındı tutadı. Al, bir ma'nili jubaylaslar ha'm ulıwmalıq qatnastag'ı jubaylaslar topan payda etedi ha'm o'z-ara tıg'ız baylanıslı jubaylaslar bolıp, olar tilde tutas seslik sistemanı quraydı. Bir ma'nili jubaylaslar ha'm



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ulıwmalıq qatnastag'ı jubaylaslar ortaq ma'ni ayırıwshı belgilerine iye bolıp, qaytalanıwshı qatardı payda etedi. Ma'selen, qaytalanıwshı qatardı dawıssız fonemalardın' u'nli-u'nsizligi, jabısın'qı-juwısın'qılıg'ı, erinlik-til aldı, erinlik- til ortası, til aldı-til artı ekenlikleri ha'm t.b. jubaylaslar payda etedi.

## § 28. Qabatlasqan dawıssızlar

Dawıssızlarg'a fonetikalıq ha'm fonologiyalıq sıpatlama beriwde olardın' qabatlasqan jag'dayına itibar bermewge bolmaydı. Sonlıqtan biz qabatlasqan dawıssızlardın' jumsalıwı, olardın' artikulyatsiyalıq, akustikalıq o'zgesheligi menen fonologiyalıq quramı jo'ninde ayrıqsha toqtap o'tiwdi maqul ko'rdik.

Qabatlasqan dawıssızlar so'zdin' basında, ortasında ha'm aqırında jumsalıw jag'ınan bir qıylı emes. A'dette olar eki yamasa ko'p buwınlı so'zlerde buwınlardın' shegarasında ushırasa beredi. Solay etip, so'zdin' ortasında qabatlasqan dawıssızlar jumsalıwı jag'ınan sheklenbeydi, al so'zdin' aqırında sheklengen halda jumsaladı. So'zdin' aqırında tiykarınan sonor dawıssızlar menen u'nsiz dawıssızlar qabatlasıp keledi. So'zdin' ortasında, buwınnın' shegarasında dawıssızlar singarmonizmine muwapıq halda ha'r qıylı dawıssız fonemalar menen dizbeklesedi. Tag'ı da olar tek morfemalardın' shegarasında g'ana emes, al tu'bir morfemanın' ortasında jumsaladı. Mısalı, morfemalar shegarasında; [atsa], [basla], [baqla], [tasqa], [atqa], [toqsan] morfemalar ortasında: [keste], [qalpaq], [toqsan] ha'm t.b. so'zlerdin' ortasında bir qıylı dawıssızlardın' dizbegi bolg'an geminantlar da ushırasadı. Mısalı, morfemalardın' shegarasında [attı], [assa], [tekke], [taqqa], [baqqı]; morfemalardın' ortasında: [qattı], [ashshı], [jıllı], [saqqız], [elli], [abılla] ha'm t.b. Sonday-aq, eki dawıssızg'a tamamlang'an so'zge dawıssızdan baslang'an qosımta qosılıw arqalı u'sh dawıssızdın' qabatlasıp keliwi de mu'mkin. Mısalı: [artqa], [shanıshqı], [qantlı] ha'm t.b. U'sh dawıssızdın' qabatlasıw qubılısı tiykarınan birinshi ha'm ekinshi buwınlardın' shegarasında ushırasadı.

[1] *Мартине А.* Принципы экономии в фонетических изменениях. М., 1960, 181-bet. *Щербак А. М.* Сравнительная фонетика тюркских языков. Л., 1970, 101-bet.
[2] *Абдуллаев Ф.* Фонетика Хорезмских говоров. 1967. 132-bet.



Qabatlasqan dawıssızlardın', sonın' ishinde geminantlardın' da, morfemalardın' shegarasında ushırasıwın ayrıqsha tu'sindirip otırıwdın' za'ru'rligi joq. Sebebi ko'p morfemalar do'rendi so'zlerde aldın'g'ı morfemanın' son'g'ı sesi menen son'g'ı morfemanın' aldın'g'ı sesinin' dawıssız bolıp keliwi arqalı olar qon'sılas bolıp kelip, dawıssızlar qabatlaslıg'ın payda etedi. Qabatlasqan dawıssızlardın', sonın' ishinde geminantlardın' da, morfemalar shegarasında emes, al bir morfemanın' quramında ushırasıwın da'lillew qıyın ha'm bul ayrıqsha izertlewdi talap etedi.

Ayırım ilimpazlar [1] tu'rkiy tillerdegi dawıssızlardın' sheklengen halda qollanılatug'ının ayta kelip, dawıssız seslerdin' qabatlasıwı olardın' intervokal (dawıslılar aralıg'ı) jag'dayındag'ı turaqlılıg'ın ta'miyin etetug'ın qosımsha usıl boladı dep shamalaydı. Haqıyqatında da qabatlasqan dawıssızlar dara dawıssızlarg'a salıstırg'anda, qosımsha turaqlılıqqa iye boladı. Mısalı, intervokal jag'dayda qabatlasqan u'nsiz dawıssızlar u'nliler menen orın almaspaydı; jabısın'qılar juwısın'qılar menen orın almaspaydı. Al, dara u'nsiz dawıssızlar intervokal jag'dayda u'nliler menen, jabısın'qı dawıssızlar juwısın'qılar menen orın almasadı. Basqa ilimpazlar tu'rkiy tillerdegi so'zlerdin' tu'birinde qabatlasqan dawıssızlardın' bolıwın bir neshe buwındı bekkemlewge ha'm tu'birdegi vokalizmdi saqlaw tendentsiyasına baylanıslı dep boljaydı.[2]

Joqarıda ko'rsetilgen pikirlerden basqa mına na'rseni de esapqa alıw kerek. Tu'rkiy tillerdegi so'zlerdin' da'slepki da'wirinde bir buwınlı tu'birler bolg'an.[1] Demek, quramında dawıssız sesler qabatlasıp kelgen ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi ko'p buwınlı tu'bir so'zler tu'bir tillerdin', sonın' ishinde qaraqalpaq tilinin' de, rawajlanıwının' belgili bir da'rejede tu'bir ha'm affiksten, (yamasa bir neshe) tu'birden ibarat bolg'an. Keyingi waqıtlarda bunday eki morfemalı yamasa ko'p morfemalı so'zler tu'bir so'zlerdey bolıp qollanılıp ketken. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilindegi kelbetlik ma'nisindegi [qattı], [ashshı], [jıllı], [ıssı] sıyaqlı so'zleri morfemalarg'a ajıralmaydı. Biraq tariyxıy jaqtan olardın' tiykarı [qat], [ash], [jıl], [ıs] bolg'an dep boljaw mu'mkin.

Bunday boljawdı tastıyıqlaw ushın [qatay], [ashıt], [jılıt] mısalların keltiriwge boladı. Sebebi feyillerde tek en' da'slepki tiykarlar g'ana o'zgerissiz qaladı.

[1] *Баскаков Н. А.* Каракалпакский язык. II., 105-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Tu'rkiy tillerdegi dawıssız seslerdin' qabatlasıwı ma'selesinde tag'ı da bir o'zgeshelikti bayqawg'a boladı. Eger tu'rkiy tillerdin' beriliwinde sesler qabatlasqan (geminata) halında ushırasatug'ın bolsa, basqa bir tu'rkiy tilde bunday dawıssızlar dara tu'rinde qollanıladı.

Joqarıda ko'rsetip o'tkenimizdey, so'zdin' aqırında dawıssızlardın' qabatlasıwı ju'da' sheklengen mug'darda ushırasadı. Bul fonetikalıq jag'dayda sonorlar u'nsiz dawıssızlar menen qabatlasıp keledi. Mısalı: [qant], [jent], [qunt], [ın'q], [san'q]. Keltirilgen so'zlerde qatar kelgen dawıssızlardın' arasına epentezalıq dawıslı qosılıp aytılmaydı. Al, [du rı s], [qulup], [mu lu k], [teris], [bulut], [qurıq], [guru'sh], [tarıs], [gu'ru'p], [shalıt], [bu lu k], [gu rı k] tu'rindegi so'zlerde qabatlasqan sonorlar ha'm u'nsiz dawıssızlardın' ortasına epentezalıq dawıslı qosılıp aytıladı. Epentezalıq dawıslı a'sirese [qulup], [mu lu k], [gu rı p] tu'rindegi geteroorganlıq dizbeklerde ju'da' anıq aytıladı.

Qaraqalpaq tilinin' imlasında qabatlasqan dawıssızlardı jazıwda bir qıylılıq joq: bir so'zlerde dawıslı ha'rip qosılıp jazıladı (mısalı, gu'rish, g'ulıp, mu'lik, bo'rik), al basqalarında dawıssız ha'rip qosılmay-aq jazıladı (mısalı, *gilt, bult, tars, bo'rt*). Awızeki so'ylewde orıs tilinen o'zlestirilgen so'zlerdin' aqırında qatar kelgen dawıssızlardın' arasına dawıslı ses qosılıp aytıladı. Mısalı: [metir], [liytir], [shıyfir].

Tu'pkilikli tu'rkiy so'zlerdin' basında dawıssız seslerdin' qabatlasıp keliwi hesh ushıraspaydı. Al, orıs tilinen o'zlestirilgen ha'm qabatlasqan dawıssızlardan baslanatug'ın so'zler awızeki so'ylew tilinde fonetikalıq o'zgerislerge ushıraydı: qabatlasqan dawıssızlardın' aldında yamasa ortasında protezalıq yamasa epentezalıq qısıq dawıslı ses qosılıp aytıladı. Qısıq dawıslı [ı], [i], [u], [u'] seslerinin' qaysılarının' qosılıp aytılatug'ını singarmonizm nızamına baylanıslı bolıp keledi. Eger birinshi buwınnın' dawıslısı juwan bolsa, qosılıp aytılatug'ın qısıq dawıslı ses te juwan boladı; eger birinshi buwınnın' dawıslısı erinlik bolsa, qosılıp aytılatug'ın qısıq dawıslı ses te erinlik boladı ha'm t.b. Ma'selen, [ıstakan], [ıskilat], [ısnaryat] [usnoska], [iskelet], [ismeta], [ispirt] [ustol] tu'rindegi so'zler protezalıq dawıslılar qosılıp aytılsa, [pılan], [pilenum], [kulup], [guruppa], [tıraktır] tu'rindegi so'zlerge epitezalıq dawıssızlar qosılıp aytılg'an.



Keltirilgen mısallardan ko'rinip turg'anday-aq, qabatlasqan dawıssızlardın' basında yamasa ortasında qısıq dawıslının' qosılıp aytılıwı bastag'ı dawıssızdan g'a'rezli boladı: eger bastag'ı dawıssız juwısın'qı bolsa qısıq dawıslı onın' aldına qosıladı; eger bastag'ı dawıssız jabısın'qı bolsa, qısıq dawıslılar onın' keynine qosıladı; eger bastag'ı dawıssız jabısın'qı bolsa, qısıq dawıslı onın' keynine qosıladı.

To'mendegi fonologiyalıq mag'lıwmatlar tiykarında qaraqalpaq tilindegi fonetikalıq sozımlı dawıssızlardı birdey eki fonemag'a bo'linetug'ın qabatlasqan dawıssızlar dep esaplaymız.

Qaraqalpaq tilindegi "sozımlı" dep atalatug'ın dawıssızlar tiykarınan morfemalardın' shegarasında ushırasadı, yag'nıy morfologiyalıq shegara olardın' ortasınan o'tedi. Ma'selen, qaraqalpaq tilindegi [yes: e] ha'm [yese], [at: ı] ha'm [atı], [tek:e] ha'm [teke], [qol: a] ha'm [qola] so'zlerin salıstıra otırıp, bul jerde sozımlı dawıssızlar birdey fonetikalıq jag'dayda qısıq dawıssız fonemalarg'a qarama-qarsı qoyıladı degen juwmaq shıg'arıw mu'mkin. Biraq "sozımlı" dep atalatug'ın bul dawıssızlardın' ortasınan morfologiyalıq shegara o'tedi. Sonlıqtan da ko'rsetilgen dawıssızlar fonetikalıq jaqtan sozımlı dawıssızlar bolıwına qaramastan, olar fonematikalıq jaqtan ayrıqsha birlik (fonema) dep qaralıwı mu'mkin emes, al birdey eki dawıssız fonemag'a ajıraladı. Sebebi, L. R. Zinderdin' ko'rsetkenindey-aq, "sozımlı dawıssız ses tek morfemalardın' shegarasında ushırasatug'ın, yag'nıy morfologiyalıq shegara olardın' ortasınan o'tetug'ın tillerde fonematikalıq ko'zqarastan biz birdey eki dawıssız fonemag'a iye bolamız"[1]. Sonlıqtan da, joqarıda keltirilgen so'zler fonematikalıq jaqtan [yesse], [attı], [tekke], [qolla] bolıp transkriptsiyalanadı, yag'nıy so'z ortasındag'ı dawıssızlar [s:], [t:] [k:] [l:] tu'rinde emes, al [ss], [tt], [kk], [ll] tu'rinde transkriptsiyalanadı ha'm olar bir qıylı eki fonemanın' dizbegi bolıp sanaladı.

Tag'ı da bir a'hmiyetli na'rse: qabatlasqan dawıssızlar ha'mme waqıtta morfemalardın' shegarasında ushırasa bermeydi. Joqarıda ko'rsetip o'tilgenindey, olar sonday-aq bir morfemanın' o'zinin' ishinde de ushırasadı. Mısalı, [ıssı], [qattı], [ha'kke], [yelli] usag'an so'zler ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' ko'zqarasınan qarag'anda, eki

[1] *Зиндер Л. Р.* Общая фонетика. Л., 1960, 126-bet.





PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

morfemag'a ajıralmaydı, yag'nıy olar tu'bir morfemalar bolıp esaplanadı. Fonetikalıq jaqtan sozımlı dawıssızlar bul jag'daylarda da eki fonemanın' dizbegi sıpatında tanılıwı kerek, sebebi olar basqa jag'daylarda (morfemalardın' shegarasında) so'zsiz eki fonemanın' dizbegi boladı. Bul jerde L. R. Zinderdin' fonemalarda omonimiya bolıwı mu'mkin emes degen pikirin keltiriwge boladı: "fonemalarda omonimiya bolmaydı, sebebi fonemalar bir-birinen tek aytılıwı arqalı ajıralıp turadı. Aytılıwdag'ı ha'r qıylılıq fonemalardın' ha'r qıylılıg'ın an'latpaydı, biraq ha'r qıylı formalar ha'r qıylı sesler menen ko'riniwi sha'rt. Demek, eger morfemalar shegarasında bo'lingen sozımlı dawıssız ses eki fonemanı an'latsa, onda ol basqa jag'daylarda da basqasha fonologiyalıq ma'nige iye bola almaydı"[1].

Joqarıda ko'rsetilgen ha'm til seslerinin' fonematikalıq qa'siyetlerin tu'sindiriwde tiykarg'ı roldi atqaratug'ın morfologiyalıq faktorg'a ja'ne de ayırım fonetikalıq mag'lıwmatlardı qosıwg'a boladı. Quramında qabatlasqan dawıssız sesler jumsalg'an so'zlerdi buwıng'a bo'lgende olardın' tu'bir morfemanın' ortasında (ma'selen, saq-qız, shaq-qı, qat-tı) yamasa morfemalardın' shegarasında (ma'selen, at-tı, bel-li) bolıwına qaramastan, buwınnın' shegarası sol qabatlasqan dawıssız seslerdin' ortasınan o'tedi.

Tag'ı da a'hmiyetli bir fonetikalıq mag'lıwmat: ostsillografiyalıq mag'lıwmatlardın' ko'rsetiwi boyınsha, morfemalardın' shegarasındag'ı ha'm morfemanın' ortasındag'ı qabatlasqan dawıssızlar sozımlılıg'ı jag'ınan biri-birine sa'ykes keledi (190 ms). Al, olarg'a sa'ykes sonor dawıssızlar sozımlılıg'ı jag'ınan olardan shama menen eki esege jaqın kemirek (110 ms). Bul mag'lıwmatlardı alıw ushın morfemanın' ortasındag'ı ha'm morfemalardın' shegarasındag'ı qabatlasqan dawıssızlardın' sozımlılıg'ı o'lshendi, sonday-aq olarg'a sa'ykes dara dawıssızlardın' sozımlılıg'ı da o'lshendi[2]. Bul keltirilgen mag'lıwmatlar qabatlasqan dawıssızlardın' eki fonemadan turatug'ının ko'rsetedi.

[1] *Зиндер Л. Р.* Обшая фонетика. Л., 1960, 128-bet.

[2] *Даулетов А.* Дистрибуция консонантных сочтаний в каракалпакском языке и их фонемно-фонетический анализ. Журнал «Вестник КК ФАН Уз ССР», 1983, №3, 67-bet.



## § 29. Dawıssızlardın' artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq sıpatlaması

Til sesleri so'ylew ag'zalarının' ha'reketi arqalı jasalatug'ınlıg'ı ma'lim. Seslerdin' jasalıwında ha'reketshen' so'ylew ag'zalarının' xızmeti ayrıqsha a'hmiyetke iye. Sonlıqtan dawıssız fonemalardın' jasalıwı jo'ninde so'z bolg'anda so'ylew ag'zalarının' qaysıları ha'reketke keledi, qanday qa'lipte boladı, dawıs qatnasa ma, joq pa? degen sıyaqlı ma'seleler ko'zde tutıladı. Sonday-aq, ha'reket etpeytug'ın so'ylew ag'zaları da seslerdin' jasalıwı ushın belgili da'rejede xızmet atqaradı. Olar ha'reketshen' so'ylew ag'zalarına tirenish bolıw menen birge jan'g'ırıq xızmetin atqaratug'ın awız ha'm murın boslıqlarının' diywalları wazıypasın atqaradı.

Til seslerinin' jasalıwı ushın hawa ag'ımı ha'm waqıt birligi kerek. Waqıt birligi ha'm hawa ag'ımı menen birge dawıssız seslerdin' aytılıwında so'ylew ag'zalarının' bir jerinde tosqınlıqtın' payda etiliwi za'ru'r. Solay etip, artikulyatsiyalıq jaqtan dawıssızlarg'a ulıwma na'rse-olardı aytqanda o'kpeden shıqqan hawa ag'ımı awız quwıslıg'ında tosqınlıqqa ushıray otırıp, dawıslılar ushın kerekli bolg'an shawqımdı payda etedi. Dawıssızlardın' jasalıwında bo'leklene ha'reket etip, tosqınlıqtı payda etiwshi bir ha'reketshen' so'ylew ag'zasına g'ana ku'sh tu'sip, sol so'ylew ag'zasının' xızmeti ayrıqsha boladı. Da'l tosqınlıq payda etilgen orın dawıssız sestin' jasalıw ornı boladı. Mısalı, [t] ha'm [s] dawıssızları jasalıw ornı jag'ınan til aldı fonemaları bolıp sanaladı. Sebebi olardı aytqanda tildin' aldın'g'ı bo'limi menen alveol ortasında tosqınlıq payda etilip tur. Dawıssız [y] sesin aytqanda tildin' ortan'g'ı bo'limi menen tan'laydın' ortan'g'ı bo'limi arasında, [k] ha'm [g] seslerin aytqanda tildin' artqı bo'limi menen artqı (jumsaq) tan'lay arasında tosqınlıq payda etiledi. Sonlıqtan, [y] sesi til ortası dawıssızı, al [k], [g] sesleri til artı dawıssızları dep aytıladı. Jasalıw ornı jag'ınan [t], [s] dawıssız seslerinin' til aldı, [y] sesinin' til ortası, [k], [g]

seslerinin' til artı dep atalıwında ha'reketshen' so'ylew ag'zası bolg'an tildin' qaysı bo'liminin' ha'reketke kelip, tosqınlıq payda etiwi esapqa alınadı. Sonday-aq, jasalıw ornı jag'ınan [p], [b] seslerinin' erinlik, [q], [g'] seslerinin' kishkene tillik yamasa uvulyar[1], [h] sesinin' ko'mekey yamasa faringal[2] dep aytılıwında ha'reketshen' so'ylew ag'zalarının' xızmeti esapqa alınadı. Ha'reketshen' so'ylew ag'zasının' ha'reketke kelmeytug'ın so'ylew ag'zasına jabısıw (tiyiw) arqalı, juwısıwı (jaqınlasıwı) arqalı, birden jabısıwı ha'm keyin ala aqırın jazdırılıwı arqalı yamasa ha'reketshen' so'ylew ag'zasının' (til ushının') dirildewi arqalı tosqınlıq payda etiliwi mu'mkin. Dawıssız seslerdin' artikulyatsiyasında tosqınlıqtın' bunday tu'rli usıl menen payda etiliwi dawıssızlardın' jasalıw usılı boladı. Mısalı, jasalıw usılı jag'ınan [t], [k], [g] sesleri jabısın'qı, [s] [y] sesleri juwısın'qı, [r] sesi dirildewik, al [t] [sh] seslerin aytqanda da'slep jabısıw, izin ala juwısıw payda etilip, olar birikpeli yamasa affrikat[3] fonemalar dep ataladı.

Dawıssız sesler dawıstın' (dawıs shımıldıg'ının') qatnası jag'ınan ha'm hawa ag'ımının' pa'ti jag'ınan birgelki bolmaydı. Sonorlardı aytqanda dawıs qatnasadı ha'm hawa ag'ımı ku'shsiz, o'lpen' boladı. Hawa ag'ımı ha'lsiz bolg'anlıqtan sonorlardın' jasalıwında dawıs shawqımnan basım esitiledi. U'nli dawıssız seslerdi aytqanda dawıs qatnasadı ha'm hawa ag'ımı ku'shli boladı. Hawa ag'ımı pa'tli bolg'anlıqtan u'nlilerdi aytqanda sonorlarg'a qarag'anda shawqım basım bolıp keledi. Al u'nsiz dawıssız seslerdi aytqanda dawıs qatnaspaydı, o'kpeden shıqqan hawa ag'ımı ju'da' ku'shli bolıp, u'nsizler tek shawqımnan payda boladı.

Dawıssız seslerdin' ko'pshiliginin' jasalıwında awız quwıslıg'ı rezenator xızmetin atqarsa, geypara dawıssızlardı aytqanda murın quwıslıg'ı da rezenator xızmetin atqaradı. Qaraqalpaq tilinde [m], [n], [n'] sesleri - murınlıq dawıssızlar. Bul seslerdin' u'shewi de murınlıq dawıssız sesler bolg'anı menen birinshisi erinlik, ekinshisi til aldı, u'shinshisi kishkene tillik bolıp, jasalıw ornı jag'ınan olar bir-birinen ayrılıp turadı. Sonlıqtan, murınlıq dawıssızlardı

---

[1] **Uvulyar** — latınsha *uvula* so'zinen kelip shıg'ıp "kishkene til" degen ma'ni an'latadı.
[2] **Faringal** — latınsha *pharinges* so'zi bolıp, "tamaq" degen ma'ni an'latadı.
[3] **Affrikat** — latınsha *afrikate* so'zi bolıp, "qırıp o'tiw" degen ma'ni an'latadı.



aytqanda da awız quwıslıg'ının' qay jerinde tosqınlıq payda etiliwi ayrıqsha a'hmiyetke iye boladı.

Dawıssız fonemalardın' jasalıwı ornın anıqlawda tiykarınan ha'reketshen' so'ylew ag'zalarının' xızmeti esapqa alındı ha'm dawıssızlar jasalıw ornı jag'ınan sol ag'zalardın' atı menen atalındı. Ma'selen, erinlik, til aldı, til ortası ha'm t.b. Solay etip, dawıssız fonemalardın' ha'r birine artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq sıpatlama berildi.

Ko'pshilik tu'rkiy tillerdegi sıyaqlı ha'zirgi qaraqalpaq tilinde de dawıssız fonemalardın' juwan ha'm jin'ishkeligi, erinlik ha'm eziwlik ekenligi fonemalıq xızmet atqarmaydı, yag'nıy so'zlerdin' ma'nisin o'zgertpeydi. Kerisinshe, fonetikalıq jag'dayg'a baylanıslı, yag'nıy quramındag'ı dawıslının' sıpatına qaray ha'r bir dawıssız fonema qatan' tu'rde to'rt tu'rli ren'klerde jumsaladı. Juwan eziwlik dawıslılar menen bir buwında kelgende dawıssız fonema juwan eziwlik ren'kinde, jin'ishke eziwlik dawıslılar menen kelgende dawıssız fonema o'zinin' jin'ishke eziwlik ren'kinde juwan erinlik dawıslılar menen kelgende juwan erinlik ren'kinde, jin'ishke erinlik dawıslılar menen bir buwının' quramında kelgende dawıssız fonema o'zinin' jin'ishke erinlik ren'kinde jumsaladı. Singarmonizmge muwapıq bul qubılıs qatan' saqlanadı.

Ha'r bir dawıssız fonemanın' tiykarg'ı artikulyatsiyası bolıwı menen birge singarmonizmge muwapıq buwının' jag'dayına qaray juwan eziwlik, jin'ishke eziwlik, juwan erinlik, jin'ishke erinlik bolıp aytılıwın ta'miyinlewshi qosımsha artikulyatsiyası da boladı. Qosımsha artikulyatsiya arqalı dawıssız fonemalardın' fonetikalıq ren'kleri payda etiledi. Al, tilde fonemanın' jasawı tek onın' ren'k-leri arqalı iske asatug'ının esapqa alsaq, qosımsha artikulyatsiyanın' da qanshelli da'rejede a'hmiyetli ekenin tu'siniwge boladı. Ma'selen, [t] fonemasının' til aldı, jabısın'qı, u'nsiz, awızlıq bolıwın onın' tiykarg'ı artikulyatsiyası desek, buwının' jag'dayına qaray juwan eziwlik, jin'ishke eziwlik, juwan erinlik, jin'ishke erinlik bolıwın ta'miyinlewshi artikulyatsiyasın bul fonemanın' qosımsha artikulyatsiyası dep esaplaymız. Dawıssız fonemalardın' bunday qosımsha artikulyatsiyası til menen erinlerdin' qosımsha ha'reketi arqalı a'melge asadı. Dawıssız fonemalardın' juwan ren'kin aytqanda tildin' artqı bo'limi, al jin'ishke ren'kin aytqanda tildin'



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ortan'g'ı (yamasa aldın'g'ı) bo'limi ko'terin'ki halda bolıwı talap etiledi. Dawıssızlardın' erinlik ren'kin aytqanda erinler jaqınlasıp u'yiriliwi, eziwlik ren'kin aytqanda erinler ashıq ha'm biyta'rep halda bolıwı talap qılınadı. Bunnan tısqarı juwan dawıssız fonema ya erinlik, ya eziwlik tu'rde g'ana jumsaladı; jin'ishke dawıssız da tap sonday, ya erinlik, ya eziwlik tu'rde g'ana jumsala aladı.

Solay etip ha'zirgi qaraqalpaq tilinde dawıssız fonemalardın' juwan eziwlik, jin'ishke eziwlik, juwan erinlik, jin'ishke erinlik ren'klerde jumsalıwı olardın' so'ylew ag'ımındag'ı ta'biyg'ıy halındag'ı artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq o'zgesheliklerin an'latatug'ın bolg'anlıqtan bul belgiler jo'ninde ha'r bir dawıssız fonemanın' tusında qısqasha so'z etiledi.

## § 30. Erinlik dawıssız fonemalardın' sıpatlaması

Qaraqalpaq tilinde erinlik dawıssız fonemalar [b], [p], [w], [m], [v], [f] bolıp, olardın' son'g'ı ekewi tek sırttan kirgen so'zlerde g'ana jumsaladı.

**Dawıssız [b], [p]** — qos erinlik, jabısın'qı, awızlıq, shawqımlı fonemalar; [b] — u'nli, [p] — u'nsiz.

Artikulyatsiyalıq jaqtan eki erinnin' o'z-ara jabısıwı keyin birden ajırasıwı na'tiyjesinde payda etilgen jarılıw arqalı, sonday-aq jumsaq tan'lay ko'terin'ki halda bolıp, murın jolının' jabılıwı menen jasaladı. Sonlıqtan da, bul dawıssızlar murınlıq emes, al awızlıq fonemalar boladı. (*18-su'wret*). Juwan dawıslılar menen kelgende juwan ren'kin aytqanda tildin' artqı bo'limi, al jin'ishke dawıslılar menen kelgendegi jin'ishke ren'kin aytqanda tildin' ortan'g'ı bo'limi ko'terin'ki halda boladı; erinlik dawıslılar menen kelgendegi erinlik ren'kin aytqanda erinler alg'a u'yiriliwi arqalı jasaladı; eziwlik dawıslılar menen kelgendegi eziwlik ren'kin aytqanda erinler a'dettegi ashıq, biyta'rep qa'lpinde boladı. Solay etip ol dawıssız fonemalardın' ha'r biri to'rt tu'rli ren'kte jumsaladı: [b, b , b°, b °], [p, p  p°, p °]. So'zdin' basında ha'm aqırında (so'z aqırında tek [p] jumsaladı) jabısın'qı ren'ki, al eki dawıslının' ortasında ha'm juwısın'qı dawıssızlar menen qon'sılas jag'dayda juwısın'qı ren'kleri jumsaladı.

Mısalı: [bas], [pal], [tar] so'zlerinde-jabısın'qı ren'kler; [tu'fle], [g'u'fsh ek], [tava], [afa] so'zlerinde juwısın'qı ren'kler. U'nsiz



[p] sesi so'zdin' aqırında birde jabısıwshı (imploziv), birde jarılıwshı (eksploziv) ren'klerinde aytıladı. Ma'selen, [tap], [sep] tu'rindegi so'zlerden son' so'ylew ag'ımı dawam etpey, awızdın' jabıq halında qalıwı arqalı jabısıwshı ren'ki aytıladı. Al, so'ylew ag'ımı dawam



*18-su'wret.* Dawıssız *p* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

etilip, erinlerdin' endigi sesti aytıwg'a beyimlesip ashılıwı arqalı onın' jarılıwshı ren'ki aytıladı.

Dawıssız [b] u'nli bolg'anlıqtan shawqım menen birge dawıstın' qatnasınan, al [p] u'nsiz bolg'anlıqtan tek g'ana shawqımnın' qatnasınan jasaladı.

**Dawıssız [w]** — qos erinlik, juwısın'qı, sonor, awızlıq fonema.



*19-su'wret.* Dawıssız *w* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



Artikulyatsiyalıq jaqtan eki erinnin' alg'a qaray u'yirilip, do'n'gelek san'laq payda etiliwi na'tiyjesinde ha'm jumsaq tan'lay joqarı ko'terilip, murın jolının' jawıp turıwı arqalı jasaladı. Hawa ag'ımı awız arqalı o'tkenlikten ol awızlıq fonema bolıp tabıladı (*19-su'wret*). Erinnin' jag'dayı dawıslılardı aytqandag'ıg'a usaydı. Basqa barlıq dawıssızlar fonetikalıq jag'daydın' sebebinen, yag'nıy erinlik dawıslılar menen bir buwında kelgeni sebepli erinlik ren'klerine iye bolsa, erinlik [w] foneması mudamı tek erinlik ren'klerinde g'ana juwan ha'm jin'ishke tu'rinde jumsaladı. Solay etip bul fonema mudamı ya juwan erinlik, ya jin'ishke erinlik ren'kleri arqalı ko'rinedi de, al basqa dawıssız fonemalar sıyaqlı onın' juwan eziwlik ha'm jin'ishke eziwlik ren'kleri bolmaydı. Basqa dawıssız fonemalardan tag'ı bir ayrıqshalıg'ı [w] dawıssızı, sonday-aq til ortası [y] dawıssızı da, so'zdin' (yamasa buwınnın') basında bir tu'rli, so'zdin' (yamasa buwınnın') aqırında basqa tu'rli ren'klerinde jumsaladı. So'zdin' (buwınnın') basında jasalıw ornındag'ı so'ylew ag'zalarının' tosqınlıg'ı ku'shlirek bolıp, dawıssız seske ta'n artikulyatsiyag'a iye boladı. Al, so'zdin' (buwınnın') aqırında tosqınlıq o'lpen' bolıp, dawıslıg'a ta'n artikulyatsiyag'a iye boladı. Salıstırın': [waz]- [taw], [ke-wil]-[kew-di].

Dawıstın' ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [w] foneması sonor dawıssız bolg'anlıqtan shawqımg'a qarag'anda dawıs basımıraq aytıladı. Bul, onın', a'sirese, buwınnın' yamasa so'zdin' aqırında jumsalatug'ın ren'kinde anıq seziledi.

**Dawıssız [m]**-qos erinlik, jabısın'qı, sonor, murınlıq fonema.

Artikulyatsiyalıq jaqtan eki erinnin' bir-birine jabısıwı ha'm jumsaq tan'lay tu'sin'ki halda bolg'anlıqtan, murın jolının' ashılıwı na'tiyjesinde o'kpeden shıqqan hawa ag'ımının' murın boslıg'ınan o'tiwi arqalı jasaladı. (*20-su'wret*). Sonlıqtan da bul fonema murınlıq dawıssız bolıp, qaraqalpaq tilindegi basqa murınlıq dawıssızlardı aytqandag'ıday awız boslıg'ında [m] sesin aytqanda erinlerdin' tusında, [n] sesin aytqanda tildin' aldındag'ı bo'liminin' tusında, [n'] sesin aytqanda kishkene til menen tildin' artqı bo'liminin' tusında jabısıw payda etilip turg'an payıtta murın jolınan hawa ag'ımı u'zliksiz shıg'ıp ta turadı, solay etip murın boslıg'ı jan'g'ırıq xızmetin atqaradı. Sonor [m] sesi so'zdin' barlıq



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

jag'dayında (basında, ortasında, aqırında) jabısın'qı bolıw menen birge, so'zdin' aqırında jabısıwshı ja'ne jarılıwshı bolıp, eki tu'rli ren'κte jumsaladı. Bul fonemanın' jabısıwshı ren'κi basımıraq. Mınaday so'zler salıstırıladı; [tam], [jem] — birde jabısıwshı, birde jarılıwshı, [qamba], [qumbul] — jabısıwshı; [qamtı], [jamg'ır] — birde jarılıwshı, birde jabısıwshı. Buwınnın' sıpatına qaray bul fonema [m, m ,m˚,m '] ren'κlerinde jumsaladı.



*20-su'wret.* Dawıssız *m* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [m] foneması sonor dawıssız bolg'anlıqtan shawqımg'a qarag'anda dawıs basımıraq



*21-su'wret.* Dawıssız *v* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

qatnasadı. A'sirese, eki dawıslının' arasında akustikalıq sıpatlaması jag'ınan ol dawıslılarg'a usap ketedi.

**Dawıssız [v], [f]** — erinlik-tislik, juwısın'qı, shawqımlı, awızlıq fonemalar: [v] — u'nli, [f] — u'nsiz.

Artikulyatsiyalıq jaqtan astın'g'ı erinler menen u'stin'gi tisler arasındag'ı san'laq qaldırılıwı arqalı ha'm jumsaq tan'lay ko'terin'ki halda bolıp, murın jolının' jabılıwı menen jasaladı. (*21-su'wret*).

Bul dawıssızlar murınlıq emes, awızlıq bolıp tabıladı. Al, tildin' jag'dayı qurılısındag'ı dawıslı fonemanın' juwan, jin'ishkeligine qaray o'zgeredi. Juwan dawıslılar menen qon'sılas kelip, juwan ren'kte aytılg'anda til tu'sin'ki halda, al jin'ishke dawıslılar menen qon'sılas kelip, jin'ishke ren'kin aytqanda til ko'terin'ki halda boladı. Erinlik dawıslılar menen qon'sılas bolıp erinlik ren'kin aytqanda erinler jaqınlasıp u'yiriliwi arqalı jasaladı, al eziwlik dawıslılar menen kelip, eziwlik ren'kin aytqanda erinler a'dettegi biyta'rep qa'lpine jaqın boladı. Solay etip, olardın' ha'r qaysısı teoriyalıq jaqtan to'rt tu'rli ren'klerde jumsalıwı mu'mkin bolg'anı menen a'meliy jaqtan qaraqalpaq tilinde u'nli [v] foneması juwan eziwlik (vagon tu'rindegi so'zlerde), jin'ishke eziwlik (v in°o tu'rindegi so'zlerde), juwan erinlik (v° ol ° ga tu'rindegi so'zlerde) dawıslılar menen u'sh tu'rli (v v v°) ren'klerinde g'ana jumsaladı. Al, u'nsiz [f] to'rt tu'rli ren'klerde jumsalıwı mu'mkin. Jin'ishke erinlik dawıslılar rus tilinen kirgen so'zlerde jumsalmaytug'ın bolg'anlıqtan onın' jin'ishke erinlik ren'ki [v °] jumsalmaydı.

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [v] u'nli dawıssız bolg'anlıqtan onı aytqanda shawqım ha'm dawıs ten' qatnasadı, al [f] u'nsiz bolg'anlıqtan shawqım qatnasadı.

## § 31. Til aldı dawıssız fonemalarının' sıpatlaması

Qaraqalpaq tilinde til aldı dawıssız fonemaları [t], [d], [s], [z], [sh], [j], [n], [l], [r], [c], [c ] bolıp, olardın' son'g'ı ekewi tek orıs tilinen kirgen so'zlerde g'ana jumsaladı.



**Dawıssız [d], [t]** — til aldı, jabısın'qı, awızlıq, shawqımlı fonemalar: [d — u'nli, [t]-u'nsiz.

Artikulyatsiyalıq jaqtan tildin' aldın'g'ı bo'liminin', tan'laydın' aldın'g'ı bo'limine jabısıwı, til ushının' u'stin'gi tislerdin' tu'bine tireliwi ha'm jumsaq tan'lay ko'terin'ki halda bolıp, murın jolının' jabılıwı menen jasaladı. Til ushının' jag'dayına qaray bular apikal



*22-su'wret.* Dawıssız *t* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

dawıssızlar boladı. Bul dawıssızlar awızlıq sesler qatarına jatadı. Palatogrammada tildin' aldın'g'ı bo'liminin' alveolg'a tiyip, tag'a ta'rizli qaldırg'an izi anıq ко'rinedi. (*22-su'wret*). Buwınnın' sıpatına qaray bul dawıssızlar to'rt tu'rli ren'кlerde jumsaladı: [d, d , d"d °], [t, t , t"t °].

So'zdin' barlıq jag'daylarında bular jabısın'qı boladı. Dawıslılardın' aldında кu'shli jarılıw arqalı, al dawıssızlardın' aldında jarılıwsız aytıladı. Mısalı: [tas], [dar], [ata], [adı], [atqar], [jetкer], u'nli [d] sesi so'zdin' aqırında u'nsizlenedi. Mısalı: *yad* [yat], *ba'd* [ba't]. Sonday-aq [t] sesi so'zdin' pu'tкilley son'ında faкultativ tu'rinde jabısıwshı (imploziv), birde jarılıwshı (eкsploziv) ren'кlerinde jumsaladı.

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [d] u'nli bolg'anlıqtan shawqım menen birge dawıs qatnasadı. A'sirese, dawıstın' basımıraq qatnası dawıslılar aralıg'ında кelgen ren'кinde anıg'ıraq seziledi. Dawıssız [t] u'nsiz jabısın'qı bolg'anlıqtan teк shawqımnan ibarat boladı.

**Dawıssız [z], [s]** — til aldı, juwısın'qı, shawqımlı, awızlıq fonemalar; [z — u'nli, [s] — u'nsiz.

Artiкulyatsiyalıq jaqtan tildin' aldın'g'ı bo'liminin', anıg'ırag'ı onın' eкi qaptalının', tan'laydın' aldın'g'ı bo'limine, u'stin'gi tislerdin' tu'bine tiyiwi, til ushının' astın'g'ı tisler tu'bine tireliwi ha'm ortada do'n'geleк nawasha ta'rizli san'laq payda etiliwi arqalı jasaladı. Sonday-aq, jumsaq tan'lay кo'terin'кi halda bolıp, murın jolın jawıp turadı. Sonlıqtan da, bular awızlıq sesler qatarına jatadı. Til ushının' to'mengi tislerdin' tu'bine tirelgenliкten bular dorsal dawıssızlar delinedi. (*23-su'wret*). Basqa dawıssız fonemalar sıyaqlı bulardın' juwan ren'кin aytqanda tildin' artqı bo'limi, al jin'ishкe ren'кin aytqanda tildin' ortan'g'ı bo'limi кo'terin'кi halda boladı; erinliк ren'кin aytqanda erinler alg'a u'yiriledi, eziwliк ren'кin aytqanda erinler ashıq ha'm biyta'rep halında boladı. Buwınnın' sıpatına qaray to'rt tu'rli ren'кte jumsaladı: [z, z , z°z °], [s, s , s° s °]. So'zdin' barlıq jag'daylarında bular juwısın'qı boladı. Platogrammadan tildin' eкi qaptalı jabısıp, ortadan qalg'an san'laqtı anıq кo'remiz (*23-su'wret*).

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [z] u'nli bolg'anlıqtan shawqım menen birge dawıs qatnasadı. So'zdin' basında





*23-su'wret.* Dawıssız *s* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması

ha'm ortasında u'nli, sonor dawıslılar aldında ha'm dawıslılardın' u'nli tu'rinde aytıladı, al u'nsiz dawıssızdın' aldında u'nsizlenedi. Mısalı: [zaman], [azada], [azdan]; [azsa], [duzshı] ha'm t.b. Dawıssız [s] so'zlerdin' barlıq jag'daylarında teк shawqımnan jasaladı.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

**Dawıssız [j], [sh]** — til aldı, juwısın'qı, awızlıq, shawqımlı, eкi tosqınlıqlı, jalpaq san'laqlı fonemalar; [j] — u'nli, [sh] — u'nsiz. Olar eкi tu'rli belgisi menen, yag'nıy eкi tosqınlıqlı, jalpaq san'laqlı eкeni menen sa'yкes bir tosqınlıq do'n'geleк san'laqlı [z], [s] seslerinen ayrılıp turadı.

Artiкulyatsiyalıq jaqtan tildin' aldın'g'ı ha'm artqı bo'liminin' joqarı кo'terilip, eкi jerden (yamasa uzınsha) tosqınlıq payda etiwi, til ushının' til aldı menen birge qattı tan'layg'a qaray кo'teriliwi arqalı jasaladı. Solay etip, bul eкi tosqınlıqlı dawıssızlardın' birinshi tosqınlıg'ı til ushı menen qosa til aldının' qattı tan'laydın' tusına qaray кo'terilip, ortada san'laq qaldırılıwı arqalı, al eкinshi tosqınlıg'ı tildin' ortan'g'ı bo'limi tan'laydın' ortan'g'ı bo'limine (qattı tan'lay menen jumsaq tan'laydın' shegarasına) qaray кo'teriliwi menen jasaladı.

Til ushının' qattı tan'laydın' aldın'g'ı bo'limine кo'teriliwi arqalı jasalg'anlıqtan bul seslerdi кaкuminal dawıssızlar dep ataymız. Tildin' eкi qaptalı qaptaldag'ı tislerge tiyip ortasınan tildi boylap uzınsha san'laq qaldırıladı. San'laqtın' кo'rinisi [s], [z] seslerin aytqandag'ıg'a qarag'anda jalpaq ha'm tosqınlıq artıraqta bolatug'ının bayqaymız. Jumsaq tan'lay joqarı кo'terilip, murın jolın jawıp turadı (*24-su'wret*). So'zdin' ortasında ha'm aqırında bular juwısın'qı boladı. Al, basında biriкpeli [dj] ren'кi ushırasadı. Mısalı: [ajel], [taj], [djol] ha'm t.b. Buwınnın' sıpatına qaray[sh, sh , sh°, sh °], [j, j , j°, j °] ren'кlerinde jumsaladı.

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [j] u'nli bolg'anlıqtan shawqım menen birge dawıs qatnasadı. Dawıslılar aralıg'ında ha'm sonorlar menen qatara кelgende mudamı u'nli tu'rinde кeledi, al basqa jag'daylarda u'nsiz ren'кinde jumsalıwı da mu'mкin. Dawıssız [sh] so'zlerdin' barlıq jag'daylarında teк shawqım arqalı jasaladı.

**Dawıssız [l]** — til aldı, juwısın'qı (qaptal juwısın'qı), awızlıq, sonor fonema. Artiкulyatsiyalıq jaqtan til ushı menen birge aldın'g'ı bo'limi u'stin'gi tislerdin' tu'bine (alveolg'a) jabısıwı ha'm tildin' eкi ta'repi tu'sin'кi bola otırıp, eкi qaptaldan san'laq payda etiliwi arqalı jasaladı. Jumsaq tan'lay кo'terilip, murın jolın jawıp turadı. Solay etip o'кpeden shıg'ıp кiyatırg'an hawa ag'ımı ortadan emes, al alınan (ayırım adamlardın' so'ylewinde bir qaptalınan) shıg'adı. Tildin' ushı кo'terilip, u'stin'gi



tisler tu'bine tiyip turg'anlıqtan bul apiкal dawıssızlar qatarına jatadı (*25-su'wret*).

Juwısın'qı [s], [z], [sh], [j] seslerin aytqanda tildin' eкi ta'repi qaptaldag'ı tislerge jabısıp, san'laq da'l ortada bolsa , [l] sesin aytqanda, кerisinshe, orta jabıq bolıp, tildin' eкi ta'repi ashılıp, san'laq qaptaldan payda etiledi. Sonlıqtan da [s], [z], [sh], [j] orta



*24-su'wret.* Dawıssız *sh* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

juwısın'qı bolsa, [l] qaptal juwısın'qı dawıssızı bolıp sanaladı. Buwınnın' sıpatına qaray ol fonema [l, l , l°, l °] ren'klerinde jumsaladı.



*25-su'wret.* Dawıssız *l* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [l] foneması sonor dawıssız bolg'anlıqtan shawqımg'a qarag'anda dawıs basımıraq qatnasadı ha'm hawa ag'ımı o'lpen' boladı. Bul a'sirese eki dawıslının' aralıg'ındag'ı ren'kinde anıq seziledi.

**Dawıssız [n]** — til aldı, jabısın'qı, murınlıq, sonor fonema.



*26-su'wret.* Dawıssız *n* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Artikulyatsiyalıq jaqtan tildin' aldın'g'ı bo'liminin' tan'laydın' aldın'g'ı bo'limine jabısıwı, til ushının' u'stin'gi tislerdin' tu'bine tireliwi ha'm jumsaq tan'lay tu'sin'ki halda bolıp, murın jolının' ashılıwı arqalı jasaladı. Sonlıqtan da bul fonema murınlıq dawıssız bolıp tabıladı. Til ushının' jag'dayına qaray — apikal. (*26-su'wret*).



*27-su'wret.* Dawıssız *r* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



Buwınnın' sıpatına qaray [n] foneması to'rt tu'rli ren'klerde jumsaladı: [n, n , n°, n °].

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [n] foneması sonor dawıssız bolg'anlıqtan shawqımg'a qarag'anda dawıs basımıraq qatnasadı ha'm hawa ag'ımı o'lpen' boladı. Bul a'sirese eki dawıslının' arasında kelgende anıg'ıraq seziledi.

**Dawıssız [r]** — til aldı, dirildewik, awızlıq, sonor fonema.

Artikulyatsiyalıq jaqtan tildin' ushı qattı tan'laydın' tusında dirildi payda etiwi arqalı jasaladı. Til ushı joqarı qaray azlap iymeyedi, til ortası ko'terin'ki jag'dayda boladı. Sonlıqtan da til ushı menen til ortasının' aralıg'ında azlap oyıs payda etiledi. (*27-su'wret*).

Til ushının' jag'dayına qaray kakuminal ses boladı. L.R. Zinderdin' aytıwı boyınsha bul tu'rdegi dirildewik sesti aytqanda „dirildinin' iske asıwı ushın so'ylew ag'zalarının' tolıq jabısıwının' za'ru'rligi joq ; bul ushın olardın' jaqınlasıwının' o'zi jetkilikli".[1]

Qaraqalpaq tilindegi [r] sesin aytqanda palatogrammada til ushı tolıq iz qaldırmaydı. Bul ses jabısın'qı dawıssızg'a qarag'anda juwısın'qıg'a biraz jaqınıraq. Til ushının' dirildisinin' sanı birden u'sh-to'rtke shekem bolıwı mu'mkin. So'zdin' ortasında kelgende bir-ekiden zıyat dirildi bolmaydı. Al, so'zdin' aqırında u'sh-to'rtke shekem dirildi payda etiliwi mu'mkin. Jumsaq tan'lay ko'terilip, murın jolın jawıp turadı. Buwınnın' sıpatına qaray ol [r, r , r°, r °] tu'rindegi ren'klerinde jumsaladı.

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [r] foneması sonor dawıssız bolg'anlıqtan shawqımg'a qarag'anda dawıs basımıraq qatnasadı ha'm hawa ag'ımı o'lpen' boladı. Bul a'sirese eki dawıslının' aralıg'ında ku'shlirek seziledi. So'zdin' (ha'm buwınnın') aqırında dirildi sozılg'anlıqtan onın' shawqımlı ren'ki do'reydi.

**Dawıssız ts [c], [sh], [c ]**[2] — til aldı, birikpeli, awızlıq, shawqımlı; [c] — bir tosqınlıqlı, [c ] — eki tosqınlıqlı.

Artikulyatsiyalıq jaqtan [c] sesi da'slep [t] sesin aytqandag'ıday til ushının' u'stin'gi tislerdin' tu'bine tireliwi, til aldının' tan'laydın' aldın'g'ı bo'limine jabısıwı arqalı, keyin a'sten

[1] *Зиндер Л. Р.* Общая фонетика. Л., 1960, 146-bet.
[2] Ilimiy a'debiyatlarda qabıl etilgen da'stu'rge muwapıq, kirillitsadag'ı *ц* ha'm *ч* ha'ripleri an'latatug'ın seslerdi sa'ykes *c* ha'm *c* tan'baları menen berdik.



*28-su'wret.* Dawıssız *ts(s)* sesinin' rentgenogramması (juwısın'qı bo'legi u'zik sızıq)

jazdırılıwı na'tiyjesinde [s] sesin aytqandag'ıday qa'lipte til ushı menen birlikte tildin' aldın'g'ı bo'limi eki qaptaldan tosqınlıq jasap, da'l ortadan san'laq qaldırıw arqalı jasaladı. Jabısıw ha'm jarılıw ajıralmas da'rejede payda etilgenlikten [c] sesin tolıq aytılg'an [t] ha'm [c] seslerinin' dizbegi dep qarawg'a bolmaydı. Al, eki sın'arı birigip, bir pu'tin dawıssız fonemanı payda etedi. Solay etip [t] ta'rizli jabısın'qıdan baslanıp [s] ta'rizli bir tosqınlıqlı juwısın'qıg'a tamamlanatug'ın birikpeli dawıssız ses jasaladı (*28-su'wret*). Dawıssız *sh* [c ] sesin da'slep jumsaq [t'] sesin

[1] Bul haqqında qaran'ız: *Матусевич М. И.* Современный русский язык. Фонетика. М., 1976, 144 — 146-bb.





*29-su'wret.* Dawıssız *sh (c)* sesinin' rentgenogramması (juwısın'qı bo'legi u'zik sızıq)

aytqandag'ıday til aldının' qattı tan'laydın' aldın'g'ı bo'limine jabısıwı ha'm keyin a'sten ajıralısıp, ju'da' qısqa [sh] sıyaqlı bo'limin payda etiw arqalı jasaladı (*29-su'wret*)[1]. Solay etip so'ylew ag'zaları [t] ha'm [sh] seslerinin' dizbegin aytqandag'ı jag'dayg'a usaydı. Biraq da'slepki [t] ta'rizli bo'legi aytılg'annan keyin jarılıw bolmaydı, al [sh] ta'rizli sesti dawam etiw menen tamamlanadı. Son'g'ı juwısın'qı bo'legi eki tosqınlıqlı boladı.

Dawıssız [c ] sesinin' jasalıw ornı [s] fonemasına qarag'anda sa'l artıraqta. Bul [s] ha'm [c ] birikpelerinin' son'g'ı juwısın'qı bo'leklerinin' jasalıw o'zgesheliklerine baylanıslı bolsa kerek; [s] ha'm [sh] seslerinin' artikulyatsiyalıq o'zgesheligi qanday bolsa,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

[s] ha'm [c ] seslerinin' son'g'ı, juwısın'qı bo'leklerinin' artikulyatsiyalıq jaqtan ayırmashılıg'ı da tap sonday. Til ushının' jag'dayına qaray [s] — apikal, [c ] — kakuminal til aldı dawıssız foneması dewge boladı.

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan bulardın' ekewi de u'nsiz bolg'anlıqtan dawıs qatnaspaydı, mudamı shawqım qatnasadı, hawa ag'ımı ku'shli boladı.



*30-su'wret.* Dawıssız *y* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



## § 32. Til ortası dawıssız fonemasının' sıpatlaması

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde birden-bir til ortası dawıssız foneması [y] bolıp tabıladı. Sonday-aq ol juwısın'qı, sonor, awızlıq fonema bolıp sanaladı.

Artikulyatsiyalıq jaqtan [y] sesin aytqanda tildin' ortan'g'ı bo'limi qattı tan'laydın' tusına ko'terilip, tildin' eki qaptalı azıw tislerge ha'm olardın' tu'plerine jabısa otırıp, ortadan uzınsha san'laq qaldırılıwı arqalı jasaladı. Tildin' aldın'g'ı ha'm artqı bo'limleri tu'sin'ki, al til ushı to'mengi tislerge tirelgenlikten, onı dorsal fonema dewge boladı. Du'n'ki ko'riniske engen tildin' ortan'g'ı bo'limi awız boslıg'ın ekige bo'lip turadı.

Solay etip, awızdın' aldı betinde kishirek, artında u'lkenirek boslıqtı payda etedi. Erinler ashıq, biyta'rep halda turıp, jan'g'ırıq xızmetin atqarıwshı awız boslıg'ının' aldın'g'ı shegarası aldın'g'ı tisler boladı. Jumsaq tan'lay ko'terilip, murın jolın jawıp turadı (*30-su'wret*).

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [y] sonor bolg'anlıqtan shawqımg'a qarag'anda dawıs basımıraq qatnasadı. Bul fonemanın' so'zdin' (ha'm buwınnın') basındag'ı ha'm aqırındag'ı eki ren'ki ortasında u'lken ayırmashılıq bolıp, aqırındag'ı ren'ki dawıstın' basımıraq ha'm hawa ag'ımının' o'lpen'irek shıg'ıwı menen jasalıp, nag'ız sonor fonemag'a ta'n qa'siyetke iye boladı. Al, so'zdin' ha'm buwınnın' basındag'ı ren'ki shawqımnın' basımıraq bolıwı arqalı jasalg'anlıqtan shawqım basımıraq boladı ha'm hawa ag'ımı ku'shlirek shıg'adı.

## § 33. Kishkene tillik-til artı dawıssız fonemalarının' sıpatlaması

**Dawıssız [g'/g], [q/k]** — kishkene tillik — til artı, awızlıq shawqımlı fonemalar; [g'/g] — u'nli, [g'] — ren'ki juwısın'qı, [g] — ren'ki jabısın'qı; [q/k] — u'nsiz, jabısın'qı.

Artikulyatsiyalıq jaqtan [g'/g] ha'm [q/k] dawıssız fonemalarının' ren'kleri jasalıw orınları jag'ınan u'lken ayırmashılıqqa iye: [g'], [q] -kishkene tillik, [g], [k]- til artı. Bul fonemalar sa'ykes til artı ren'kleri bolg'an [g] ha'm [k] seslerin aytqanda tildin' artqı bo'limi jumsaq tan'layg'a jabısıwı tildin' aldın'g'ı bo'liminin' tu'sin'ki halda bolıwı, til ushının' sheginiwi, jumsaq tan'laydın' artqı dawamı bolg'an kishkene tildin' ko'terilip,



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

murın jolın jawıp turıwı arqalı jasaladı. (*31-su'wret*). Al, atalg'an dawıssız fonemalardın' [g'] ha'm [q] ren'кleri tildin' кo'terin'кi halda turg'an artqı bo'limine кishкene tildin' jaqınlasıwı (*g'* ren'кin



*31-su'wret.* Dawıssız *к* sesinin' rentgenogramma ha'm palatogramması



aytqanda) yamasa jabısıwı (q ren'кin aytqanda), tildin' aldın'g'ı bo'limi tu'sin'кi halda bolıwı, til ushının' tag'ı da shegine otırıp aldın'g'ı tislerden qashıqlasıwı, кishкene tildin' кo'terilip, murın jolın jawıp turıwı arqalı jasaladı (*32-su'wret*). Buwınının' sıpatına qaray [g'/g]. [q/к] dawıssızlarının' ha'r biri to'rt tu'rli ren'кte jumsaladı; [g', g, g ", g"]; [q, к, q", к"].

U'nsiz [q/к] dawıssız foneması so'zdin' ortasında, a'dette eкi dawıslının' arasında juwısın'qı tu'rinde gezlesedi. A'sirese onın' кishкene tilliк ren'кi bolg'an [q] кo'bireк juwısın'qıg'a aylanadı. Solay etip u'nsiz кishкene tilliк [q] o'zinin' bul qa'siyet boyınsha u'nli кishкene tilliк jubayı bolg'an [g'] sesine usaydı. Sonday-aq [q/к] foneması so'zdin' aqırında faкultativ tu'rde birde jabısıwshı, birde jarılıwshı ren'кlerinde jumsaladı.

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan[g'/g] foneması shawqım ha'm dawıstan ibarat bolıp, hawa ag'ımı o'lpen' bolıwı



*32-su'wret.* Dawıssız *q* sesinin' rentgenogramması



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ha'm dawıstın' basımıraq qatnası dawıslılardın' arasında кelgende anıg'ıraq seziledi. Dawıssız [q/к] foneması u'nsiz bolg'anlıqtan hawa ag'ımı pa'tli boladı ha'm barlıq foneтiкalıq jag'daylarda da teк shawqım qatnasadı.

## § 34. Kishkene tillik dawıssız fonemalardın' sıpatlaması

**Dawıssız [x]** — кishкene tilliк, juwısın'qı, awızlıq, shawqımlı fonema. Artiкulyatsiyalıq jaqtan bul fonemalar [g'] dawıssızına usaydı. Bulardın' ayırmashılıg'ı [x] — u'nsiz, [g'] — u'nli. Tildin' кo'terin'кi qa'liptegi artqı bo'limine кishкene tildin' artqı bo'limi кo'terin'кi halda turıp, murın jolın jabıwı arqalı jasaladı. Tildin' aldın'g'ı bo'limi tu'sin'кi, al til ushı



*33-su'wret.* Dawıssız *n'* sesinin' rentgenogramması



sheginin'кi halda boladı. Buwınnın' sıpatına qaray [x] foneması eкi tu'rli ren'кte jumsaladı: [x,x°].

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan [x] u'nsiz bolg'anlıqtan hawa ag'ımı кu'shli bolıp, ol teк shawqımnan turadı.

**Dawıssız [n']**- кishкene tilliк, murınlıq, jabısın'qı, sonor fonema.

Artiкulyatsiyalıq jaqtan кishкene til tu'sin'кi halda tildin' artqı bo'limine tirelip, awız jolın jawıp, murın jolı ashıq qaladı. Tildin' aldın'g'ı bo'limi tu'sin'кi, til ushı sheginin'кi halda boladı. (*33-su'wret*). Solay etip, bul sesti aytqanda awız boslıg'ında tosqınlıq jasalg'an menen hawa ag'ımı jolınan irкinishsiz o'tip turadı. Bul fonema jabısın'qı dawıssızlardın' ortasında birden bir jabısıwshı ses bolıp tabıladı. Buwınnın' sıpatına qaray [n'] foneması to'rt tu'rli ren'кlerde jumsaladı: [n', n' , n'°, n':°].

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan hawa ag'ımı o'lpen', dawıs shawqımg'a qarag'anda basım boladı. Bul a'sirese dawıslılar arasında кu'shlireк seziledi. So'zdin' aqırında hawa ag'ımı кu'shlireк ha'm shawqım basımıraq bolıwı mu'mкin.

## § 35. Ko'mekey dawıssız fonemasının' sıpatlaması

**Dawıssız [h]** — кo'meкey (faringal), juwısın'qı, awızlıq, shawqımlı fonema.

Artiкulyatsiyalıq jaqtan [h] tutas tildin' tu'sin'кi jag'dayında, tildin' tu'bi jutqınshaq diywallarına jaqınlasıwı arqalı jasaladı. Awız boslıg'ının' en' tarayıp, shawqım payda etiwshi ornı tildin' tu'bi menen jutqınshaqtın' artqı diywallarının' aralıg'ı boladı (*34-su'wret*). Buwınnın' sıpatına qaray [h] dawıssız foneması to'rt tu'rli ren'кlerde jumsaladı: [h, h , h°, h:°].

Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası jag'ınan bul dawıssızdın' aytılıwında dawıstın' qatnası jo'ninde a'debiyatlarda eкi tu'rli piкir bar: birinshiden, [h] sesin u'nsiz[1] dawıssız degen; eкinshiden, ızın'lı (bizin' terminimiz boyınsha-u'nli) dawıssız degen piкirler ushırasadı. Eкsperimental mag'lıwmatlar tiyкarında bul fonemanı u'nsiz dawıssız dep esaplawg'a boladı. Sebebi so'zdin' basında ha'm aqırında u'nsiz al, so'zdin' ortasında, a'sirese, eкi dawıslının'

[1] *Баскаков Н. А.* Каракалпакский язык.



*34-su'wret.* Dawıssız *h* sesinin' rentgenogramması

arasında u'nli dawıssızg'a ta'n bolg'an ko'rinisti an'laymız. Sonday-aq basqa u'nsiz dawıssızlardı aytqandag'ıdan hawa ag'ımı pa'tli shıg'adı. Usı mag'lıwmatlar tiykarında, bizin'she, [h] sesin u'nsiz dawıssız fonemalar qatarına jatqarsaq, sonday-aq ol fonema so'z ortasında u'nli ren'kine de iye boladı desek durıs boladı.

## § 36. Dawıssız fonemalardın' klassifikatsiyası

Dawıssız seslerge berilgen artikulatsiyalıq ha'm akustikalıq sıpatlamalar tiykarında qaraqalpaq tilinin' dawıssız fonemaların bir neshe toparlarg'a bo'liwge boladı.

O'kpeden shıg'ıp kiyatırg'an hawa ag'ımına tosqınlıq jasawı ushın ha'reketshen' emes so'ylew ag'zasına jaqınlasıwshı yamasa jabısıwshı ag'za ha'reketshen' so'ylew ag'zası bolıp tabıladı.



Ko'pshilik tillerdegi sıyaqlı dawıssız fonemalardın' jasalıw ornın ha'reketshen' so'ylew ag'zalarının' qatnası menen belgilewdi ha'm olardı jasalıw ornı jag'ınan sol ha'reketshen' so'ylew ag'zalarının' atı menen atawdı (ma'selen, til aldı, til ortası, til artı ha'm t.b.) maqul ko'rdik. Bul dawıssız fonemalardın' jasalıw ornın anıg'ıraq biliwge ja'rdemlesedi. Sonın' menen birge dawıssızlardın' jasalıw ornın belgilewde basqasha pikirler de ushırasadı. Ma'selen, N.A.Baskakov dawıssız fonemalardın' jasalıw ornın ha'reket etpeytug'ın so'ylew ag'zalarının' atı menen ataydı[1]. K.Ubaydullaev ha'reketshen' ha'm ha'reket etpeytug'ın so'ylew ag'zalarının' atı menen atap, dawıssızlardın' jasalıw ornı jag'ınan qos erinlik, tislik, til ushı, til aldı, til ortası, til artı, ko'mekey fonemaları dep bo'ledi[2].

Joqarg'ı eringe salıstırg'anda to'mengi erin ha'reketshen' xızmet atqaradı. Sonlıqtan erinlik dawıssızlardı aytqanda ha'reketshen' so'ylew ag'zası xızmetin to'mengi erin atqaradı da, al joqarg'ı erin ha'm joqarg'ı tisler ha'reket etpeytug'ın (passiv) so'ylew ag'zası boladı. To'mengi erinnin' joqarı eringe jaqınlasıwı yamasa jabısıwı arqalı qos erinlik (bilabial) dawıssızlar bolg'an [w], [p], [b], [m] fonemaları jasaladı. Al, to'mengi erinnin' joqarg'ı tislerge jantasıwı arqalı erinlik-tislik (labiodental) dawıssızlar bolg'an [v], [f] fonemaları jasaladı. Solay etip to'mengi erinnin' joqarg'ı erin menen joqarg'ı tislerdin' ortasında payda etken tosqınlıg'ı na'tiyjesinde erinlik dawıssızlarg'a ta'n bolg'an shawqım do'reledi. O'zinin' og'ada ha'reketshen'lik uqıbı na'tiyjesinde til ha'm onın' a'sirese aldın'g'ı bo'limi ha'r tu'rli formalarg'a enip, sa'ykes ha'r qıylı seslerdi payda etedi.

Til aldı dawıssız fonemalarının' jasalıwında ha'reketshen' so'ylew ag'zası xızmetin til ushı menen birlikte tildin' aldın'g'ı bo'limi atqaradı. Til aldı dawıssızları [t], [d], [n], [l], [s], [z], [sh], [j], [r], [c], [c ] fonemaları bolıp, olar tildin' aldın'g'ı bo'limi menen aldın'g'ı tisler ha'm alveol aralıg'ında jasaladı. Sonday-aq til aldı dawıssızlarının' jasalıwında til ushı ya to'mengi tislerge tiyiwi, ya joqarg'ı tislerdin' tu'bine tiyiwi, yamasa til ushın onnan da joqarıraqqa, qattı tan'layg'a qaray ko'teriliwi mu'mkin. Til ushının' jag'dayına qarap qaraqalpaq tilindegi [s], [z] seslerinin'

[1] *Баскаков Н. А.* Каракалпакский язык. II т. М., 1952, 72-bet.
[2] *Ubaydullaev K.* Ha'zirgi zaman qaraqalpaq tili. No'kis, 1965, 45-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

dorsal, [t], [d], [n], [l], [c] seslerinin' apikal, [sh], [j], [r], [c ] seslerinin' kakuminal dawıssızlar ekenin anıqladıq.

Usı jerde aytıp o'tetug'ın tag'ı bir jag'day, til aldı dawıssızlarınan [sh], [j] sesleri ha'm [c] birikpeli sesinin' ekinshi (s sıyaqlı) sın'arı eki tosqınlıqlı boladı. Solay etip, [sh], [j], [c ] dawıssızları eki tosqınlıqlı ekenligi menen sa'ykes [s], [z], [c] bir tosqınlıqlı seslerinen ayrılıp turadı.

Til ortası [y] fonemasın aytqanda ha'reketshen' so'ylew ag'zası xızmetin tildin' ortan'g'ı bo'limi atqaradı.

Til artı-kishkene tillik dawıssızlar bolg'an [q/k/x] ha'm [g'/g] sesleri eki fonema do'geregine ja'mlesedi: [q/k/x]-u'nsiz, til artı - kishkene tillik foneması do'geregine, [g'/g] -u'nli, til artı kishkene tillik foneması do'geregine ja'mlesedi. Bulardın' [k] ha'm [g] ren'klerin aytqanda tildin' artqı bo'limi, al [q], [x] ha'm [g'] ren'klerin aytqanda kishkene til ha'reketshen' xızmet atqaradı.

Sonday-aq [n'] dawıssızın aytqanda kishkene til, al [h] dawıssızın aytqanda tildin' tu'bi (ko'mekey) ha'reketshen' so'ylew ag'zaları xızmetin atqara otırıp, jasalıw ornı boyınsha [n'] kishkene tillik, [h] ko'mekey dawıssız foneması dep ataladı.

Dawıssız seslerdin' aytılıwında shawqımnın' qatnası olardın' jasalıw ornına baylanıslı ekenligi menen birge jasalıw usılına da, yag'nıy tosqınlıqtın' tu'rlerine de baylanıslı boladı. Ha'reketshen' so'ylew ag'zaları ha'reket etpeytug'ın so'ylew ag'zalarına tiyiwi (jabısıwı) arqalı, jaqınlasıwı arqalı yamasa til ushının' dirildewi na'tiyjesinde hawa ag'ımına tosqınlıq jasawı mu'mkin. Tosqınlıqtın' bunday tu'rleri dawıssız seslerge ta'n bolg'an sa'ykes shawqımdı payda etedi. Jasalıw usılına qaray qaraqalpaq tili dawıssızları jabısın'qı, juwısın'qı ha'm dirildewik bolıp bo'linedi.

Ha'reketshen' so'ylew ag'zaları bolg'an astın'g'ı erin, til, kishkene til o'zlerinin' tusındag'ı ha'reketshen' emes so'ylew ag'zalarına tolıq jabısıwı arqalı o'kpeden shıqqan hawa ag'ımının' jolın beklewi mu'mkin. Jabısıw payıtında ele ses do'retilmeydi. Tek murınlıq jabısın'qı dawıssızlar bolg'an [m], [n], [n'] seslerin aytqanda g'ana murın jolı ashıq turg'anlıqtan ha'reketshen' so'ylew ag'zalarının' jabısıwı waqtında da ses shıg'ıp turadı. Awızlıq dawıslılardın' aytılıwında shawqım tosqınlıqtın' jazdırılıwı (ashılıwı) waqtında payda boladı. Jabısın'qı dawıssızlardın' jasalıwında jabısıw payıtınan son'g'ı tosqınlıqtın' ashılıwı eki tu'rli



jag'dayda iske asadı. Birinshiden, ha'reketshen' so'ylew ag'zası o'zi nıq tiyip (jabısıp) turg'an ha'reket etpeytug'ın so'ylew ag'zasınan birden ajırasıwı na'tiyjesinde jarılıw payda etip, jıynalıp turg'an hawa ag'ımı pa't penen sırtqa shıg'adı. Bunday jol menen jasalatug'ın jabısın'qı dawıssızlar [p], [b], [m], [t], [d], [n], [g], [k/q] sesleri. Al, [n'] dawıssızının' o'zgesheligi — onı aytqanda jarılıw payda etiliwi sha'rt emes. Sonlıqtan, basqa barlıq jabısın'qı dawıssızlar jarılıwshı (eksploziv) bolsa, [n'] sesi jabısıwshı (imploziv) dawıssız boladı. So'zdin' aqırında barlıq dawıssızlar da implozov tu'rinde aytıla beriwi mu'mkin. Ekinshiden, ha'reketshen' so'ylew ag'zası o'zi nıq tiyip (jabısıp) turg'an ha'reket etpeytug'ın ag'zasınan birden ajırasıp ketpey, a'sten ajırasıwı arqalı ortada san'laq payda etedi. Ol san'laqtan hawa ag'ımı kem-kem shıg'adı. Bunday jol menen jasalg'an dawıssızlar birikpeli (afrikat) dawıssızlar boladı. Olar orıs tilinen kirgen so'zlerde jumsalatug'ın [c], [c ] sesleri bolıp tabıladı. Solay etip da'slepki jabısıw payıtı birgelki bolg'an jabısın'qı dawıssızlar jazdırılıw payıtı boyınsha jarılıwslı ha'm birikpeli bolıp bo'linedi.

Ha'reketshen' so'ylew ag'zaları tolıq jabıspay, jaqınlasıwı na'tiyjesinde aralarında san'laq qaldırılıp, ol san'laqtan hawa ag'ımı o'tiw arqalı payda etilgen shawqımnan qaraqalpaq tilinin' juwısın'qı dawıssızları jasaladı. Hawa ag'ımı awız boslıg'ında tolıq jabılg'an tosqınlıqqa ushıramay, payda etilgen san'laqtan u'ziliksiz shıg'ıp turadı. Do'retilgen san'laqtın' diywallarına hawa ag'ımı su'ykeliwi na'tiyjesinde juwısın'qı dawıssızlarg'a ta'n bolg'an shawqım jasaladı. Bunday juwısın'qı dawıssızlar qatarına [w], [f], [v], [s], [z], [l], [sh], [j], [y], [x], [g'], [h] sesleri jatadı. Bul juwısın'qı dawıssızlar o'zlerinin' jasalıwında ha'reketshen' ha'm ha'reketsiz so'ylew ag'zaları ortasında payda etilgen san'laqtın' formasına qaray do'n'gelek san'laqlı ha'm jalpaq san'laqlı bolıp bo'linedi. Jalpaq san'laqlı juwısın'qı dawıssızlardı aytqanda so'ylew ag'zaları ortasında ken'lew jazıq san'laq payda etiledi. Do'n'gelek san'laqlı juwısın'qı dawıssızlardı aytqanda ha'reketshen' so'ylew ag'zası o'zinin' barlıq ken'ligi (eni) boylap emes, al da'l ortasında nawasha ta'rizli do'n'gelek san'laq do'retedi. Ma'selen, [v], [f], [y], [g'], [x] sesleri jalpaq san'laqlılar, [s], [z] sesleri do'n'gelek san'laqlılar boladı.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## Dawıssız sesler kestesi

*3-keste*

| Shawqımnın' jasalıw usılı boyınsha / Shawqımnın' jasalıw ornı boyınsha | | | erinlik: qos erinlik | erinlik: erinlik tislik | til aldı: dorsal | til aldı: apikal | til aldı: kakuminal | til ortası | til artı | kishkene tillik | ko'mekey | Shawqım ha'm dawıstın' qatnası boyınsha | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| *jabısın'qı* | janlıwshı | | b | | | d | | | (g) | | | u'nli | *shawqımlı* |
| | | | p | | | t | | | (k) | q | | u'nsiz | |
| | affrikat | | | | | ts | ch | | | | | u'nsiz | |
| *juwısın'qı* | jazıq san'laqlı | | | v | | | | | | g' | | u'nli | |
| | | | | f | | | | | | x | h | u'nsiz | |
| | do'n'gelek san'laqlı | bir tosqınlıqlı | | | z | | | | | | | u'nli | |
| | | | | | s | | | | | | | u'nli | |
| | | eki tosqınlıqlı | | | | | j | | | | | u'nli | |
| | | | | | | | sh | | | | | u'nsiz | |
| *jabısın'qı* | murınlıq | | m | | | n | | | | n' | | | *sonor* |
| *juwısın'qı* | Orta | | w | | | | | | y | | | | |
| | qaptal | | | | | l | | | | | | | |
| | dirildewik | | | | | | r | | | | | | |



Juwısın'qı dawıssızlardın' ko'pshiligi awız boslıg'ının' da'l ortasınan san'laq payda etiw arqalı jasaladı. Tek [l] sesin aytqanda g'ana san'laq qaptaldan jasaladı. Til ushı ha'm til aldı aldın'g'ı tislerdin' tu'bine tirelip, ortanı jawıp turg'anlıqtan, hawa ag'ımı tildin' eki qaptalınan o'tedi. Sonlıqtan [l] sesi qaptal juwısın'qı dawıssız boladı.

Qaraqalpaq tilinde [r] sesi birden-bir dirildewik dawıssız bolıp, ol hawa ag'ımının' qısımı na'tiyjesinde tildin' ushı dirildi sıyaqlı terbeliske kelip, hawanı bo'lip-bo'lip shıg'arıwı arqalı jasaladı.

Dawıssız seslerdin' jasalıwında shawqım menen dawıs qatnasatug'ını belgili. Bir topar dawıssızlar shawqım ha'm dawıstın' ten'dey qatnasında, u'shinshi topardag'ı dawıssız sesler shawqımg'a qarag'anda dawıstın' basımıraq qatnası na'tiyjesinde jasaladı. Dawıs ha'm shawqımnın' qatnası boyınsha dawıssız sesler shawqımlılar ha'm sonorlar bolıp bo'linedi. Sonor dawıssızlar [m], [n], [n'], [l], [r], [y], [w] sesleri bolıp, olardı aytqanda shawqımg'a qarag'anda dawıs basımıraq shıg'adı. Sonorlardı aytqanda dawıstın' basım bolıwı al, shawqımlılardı aytqanda shawqımnın' basım bolıwı so'ylew ag'zaları ta'repinen jasalatug'ın tosqınlıqtın' sıpatına baylanıslı bolsa kerek. Sonor dawıssızlardı aytqanda tosqınlıqtı jen'ip, awız yamasa murın boslıg'ınan hawa ag'ımının' za'ru'rli sesti payda ete otırıp sırtqa shıg'ıwı an'satıraq, al shawqımlılardı aytqanda tosqınlıq bekkemirek bolg'anlıqtan, ku'shlirek basımdag'ı hawa ag'ımı talap etiledi. Solay etip, sonorlardı aytqanda hawa ag'ımının' o'lpen' bolıwı, al shawqımlılardı aytqanda ku'shli bolıwı aldın'g'ılardın' "dawıslı", son'g'ılardın' "shawqımlı" bolıwın ta'miyinleydi.

Sonor dawıssızlardın' o'zleri de awızlıq ha'm murınlıq bolıp bo'linedi. Murınlıq sonorlar [m], [n], [n'] sesleri bolıp, olardı aytqanda tosqınlıq awızda jasaladı da, murın jolı ashıq turıp, jan'g'ırıq xızmetin murın boslıg'ı atqaradı. Sonın' menen birge, jan'g'ırıq wazıypasın atqarıw awız boslıg'ının' xızmetin de biykarlawg'a bolmaydı. Sebebi [m] sesinin' aytılıwında erinnin', [n] sesinin' aytılıwında til aldının', [n'] sesinin' aytılıwında kishkene tildin' tusında tosqınlıqtın' jasalıwı ol seslerdin' ayırmashılıg'ın payda etedi. Solay etip, awız boslıg'ının' ha'r jerinde bunday tosqınlıqlardın' jasalıwı menen jan'g'ırıq xızmetin



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

atqarıwshı awız boslıg'ının' xızmeti o'zgerip sa'ykes murınlıq seslerge ta'n bolg'an seslik o'zgeshelikler do'reledi. Al, [l], [r], [y], [w] sesleri awızlıq sonorlar bolıp, olardın' jasalıwında awız boslıg'ı jan'g'ırıq wazıypasın atqaradı.

Shawqımlı dawıssızlar u'nli ha'm u'nsizler bolıp bo'linedi. U'nliler - [b], [v], [d], [j], [z], [g'/g]; u'nsizler - [p], [f], [s], [sh], [q/k], [x], [h], [c], [C]. Bulardın' ishinde tek dawıstın' qatnasıwı ha'm qatnaspawı arqalı jubaylasatug'ın dawıssızlar: [b]-[p]- [d]-[t]-[v]-[f]-[z]-[s]-[j]-[sh], [g'/g], [x/k].

Awız ha'm murın boslıqlarının' jan'g'ırıq wazıypasın atqarıwı, jag'ınan da dawıssızlardı bo'liwge boladı. Murınlıq dawıssızlar [m], [n], [n'] jasalıw ornı jag'ınan o'zlerine jaqın dawıssızlar menen jubaylasadı: [m]-[b]-[p], [n]-[d]-[t], [n']-[g']-[q/x].

Solay etip artikulyatsiyalıq ha'm akustikalıq mag'lıwmatlar tiykarında qaraqalpaq tilinin' dawıssız fonemaları jasalıw ornı jag'ınan, jasalıw usılı jag'ınan, awız ha'm murın boslıqlarının' jan'g'ırıq xızmetin atqarıwı boyınsha joqarıdag'ıday toparlarg'a bo'linedi. Bulardı biz qaraqalpaq tili dawıssız fonemalarının' kestesin du'ziwde esapqa aldıq (*3-keste*).



# TİYKARG'I FONETİKALIQ NIZAMLAR

## § 37. Seslerdin' fonetikalıq o'zgerisleri haqqında

Tildin' fonetikalıq sistemasın, onın' ishki seslik nızamların teren'irek biliw ushın seslerdin' so'zlerdegi, so'z dizbegindegi, so'ylew ag'ımındag'ı tu'rli o'zgerisleri jo'ninde ulıwma tu'sinikke iye bolıw kerek. So'zler o'z-ara baylanıslı bolg'an ha'm bir-birine ta'sir etip turatug'ın sesler jıynag'ınan turadı. Qaraqalpaq tilinde so'zlerdin' qurılısında singarmonizm nızamı tiykarında oraylıq orındı dawıslı sesler tutadı. Dawıssızlar dawıslı seslerdin' ta'siri arqalı belgili da'rejede o'zgeriske ushırap otıradı. Usınnan dawıssız seslerdin' tu'rli ren'kleri kelip shıg'adı. O'z gezeginde dawıssız sesler de qon'sılas dawıssızlarg'a ta'sirin tiygizedi.

Seslerdi birinen son' birin aytıw ushın so'ylew waqtında so'ylew ag'zaları tezlik penen ha'reket etedi. Bir sesti ayta baslag'an waqıtta ekinshi sesti aytıwg'a so'ylew ag'zaları qolaylasa baslaydı. Bir sesti aytıp tolıq tamamlamay-aq ekinshi sestin' artikulyatsiyasının' qabatlasıwınan qon'sılas seslerdin' o'z-ara ta'siri kelip shıg'adı. Mısalg'a [ton'] so'zin alsaq, [t] sesinin' aytılıwı waqtında-aq [o] sesin aytıwg'a erinler qa'liplese baslag'anlıqtan, t° erinlik ren'kte aytıladı. [O] sesi tolıq aytılıp bolınbay-aq, murın jolının' ashılıp, [n'] sesin aytıwg'a so'ylew ag'zaları ın'g'aylasadı. Sonlıqtan [o] sesinin' son'g'ı bo'limi murınlıq bolıp aytıladı. A'dette bul seslik o'zgerisler tın'lawshılar ta'repinen eskerilmeydi. Biraq waqıttın' o'tiwi menen bunday seslik o'zgerisler o'tkirlesip, jan'a fonemanın' payda bolıwına sebepshi bolıwı mu'mkin.

Qon'sılas seslerdin' o'z-ara ta'sirinen olardın' kombinatorlıq o'zgerisleri kelip shıg'adı. Seslerde bolatug'ın ha'r qıylı kombinatorlıq o'zgerisler ko'pshilik tillerge ortaq sıpatqa iye bolıwı mu'mkin. Sonday-aq ha'r bir tildin' yamasa bir topar tuwısqan



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

tillerdin' o'zine ta'n o'zgesheligine baylanıslı, seslik o'zgerisleri boladı. Qaraqalpaq tilinde so'z ishinde, jumsalıw jag'dayına qaray qaysı pozitsiyada (so'zdin' basında, ortasında, aqırında), qanday buwında, tu'bir ya qosımtada, morfemalardın' shegarasında jumsalıwına qaray, so'zler aralıg'ında jumsalıwına qaray yamasa intonatsiyalıq emotsional o'zgeshelikler baylanıslı sesler azlı-ko'pli o'zgerislerge ushırap aytıladı. Bunday fonetikalıq jag'daylardan g'a'rezli halda payda bolg'an seslik o'zgerisler seslerdin' pozitsiyalıq o'zgerisleri delinedi.

Seslerdegi ayırım o'zgerisler - seslerdin' almasıwı, orın almasıwı, fonetikalıq jag'daylardan g'a'rezsiz bolıwı mu'mkin. Mısalı: *samal-shamal, salı-shalı, salg'am-shalg'am, g'arrı-qarrı, g'arg'a-qarg'a, jamg'ır-jan'bır, buwday-biyday, jigirma-jiyirma, digirman-diyirman* sıyaqlı so'zlerde s-sh, g'-q, g'-n', uw-iw seslerinin' almasıp aytılıwı, *aylanıw-aynalıw, awhal-ahwal, japıraq-jarpaq, topıraq-torpaq*, so'zlerinde ayırım seslerdin' orın almasıwı fonetikalıq jag'dayg'a baylanıslı emes. Bul sıyaqlı fonetikalıq sebeplersiz payda bolatug'ın seslik o'zgerisler seslerdin' spontanlıq o'zgerisleri delinedi.

So'ylew ag'zalarında bolatug'ın usınday seslerde tu'rli o'zgerislerdin' sebebinen singarmonizm, metateza, reduktsiya, eliziya ha'm t.b. fonetikalıq qubılısları kelip shıg'adı. Solay etip bunday fonetikalıq seslerdin' dara turg'anında emes, al olardın' so'zde, so'z dizbeginde jumsalıwı menen ju'zege asadı.

## § 38. Singarmonizm — qaraqalpaq tilinin' tiykarg'ı seslik nızamı

So'z qurılısındag'ı seslerdi ja'mlestiretug'ın ha'm sho'l-kemlestiretug'ın sonday-aq so'zlerdi tanıwg'a ha'm ma'nilerin ayırıwg'a xızmet etetug'ın,solay etip so'zdin' tutas tulg'asın qa'liplestiretug'ın tu'rkiy tillerdegi so'zdin' o'zegi singarmonizm bolıp tabıladı. Ol bir buwınlı so'zlerge de, ko'p buwınlı so'zlerge de ta'n bolg'an fonetikalıq qubılıs. Burıng'ı qa'lipesken da'stu'r boyınsha singarmonizm degende eki yamasa ko'p buwınlı so'zlerdegi dawıslılardın' tan'lay ha'm erin u'nlesligin, bolmasa tu'bir menen qosımtalardag'ı dawıslılardın' u'nlesligin tu'sine-tug'ın bolsaq, endi so'zdin' neshe buwınlı bolıwına yamasa morfologiyalıq jaqtan a'piwayı ya quramalı ekenligine qaramastan



singarmonizm degennen buwın qurılısındag'ı ha'm buwınlar aralıg'ındag'ı barlıq seslerdin' u'nlesligin tu'siniwimiz kerek. Sonda g'ana tildegi singarmonizmnin' ta'biyatı menen atqaratug'ın xızmetine ha'r ta'repleme durıs baha beriwge boladı.

Tiykarg'ı ha'm baslı fonetikalıq qubılıs bolıw menen birge singarmonizm grammatikag'a da baylanıslı. lingvistikalıq universal qubılıs bolıp tabıladı. Bug'an gu'wa retinde tu'rkiy tillerdegi sonın' ishinde qaraqalpaq tilindegi ko'pshilik qosımtalardın' eki yamasa ko'p variantlı bolıp keliwin, ba'rinen de burın olardın' juwan ha'm jin'ishke varinatlarda jumsalıwın ko'rsetiwge boladı. Bul singarmonizmnin' tek bir ko'rinisi g'ana bolıp tabıladı. Sonın' menen birge, singarmonizm bir buwınlı yamasa ko'p buwınlı so'zlerde de, tu'bir yamasa do'rendi so'zlerde de, seslerdi o'z-ara bekkem ja'mlestirip, birgelki tu'rge endirip otıradı. Solay etip, singarmonizm tutas so'zlerdin' qurılısında bolatug'ın fonetikalıq qubılıs. Ol pu'tin so'zdin' fonetikalıq kelbetin quraytug'ın barlıq seslerdin' sonın' ishinde dawıslılardın' da, dawıssızlardın' da tembrlik jaqtan birgelki bolıwın ta'miyin etetug'ın supersegmentlik qubılıs bolıp tabıladı.

Tu'rkiy tillerdin' o'zinshelik o'zgesheligin ko'rsetetug'ın baslı ha'm tiykarg'ı fonetikalıq qubılıslardın' biri bolg'anlıqtan singarmonizmdi birde bir tyurkolog ilimpazdın' eskermewi ha'm esapqa almawı mu'mkin emes. Sonlıqtan da, singarmonizm qubılısı ko'p jıllardan berli ilimpazlardın' dıqqatın awdarıp keldi. Sog'an qaramastan usı da'wirge shekem bul ma'selenin' so'z etiliwinde lingvistikalıq a'debiyatlarda ha'r tu'rli ko'z qaraslardın', ha'tteki pu'tkilley qarama-qarsı pikirlerdin' bar ekenligin joqarıda a'debiyatlarg'a sholıw jasawda ko'rdik. Ko'pshilik jag'dayda izertlewshiler tu'rkiy tillerde, sonın' ishinde qaraqalpaq tilinde de singarmonizmnin' tiykarg'ı fonetikalıq qubılıslarının' biri ekenin, tutas so'z ya birgelki juwan, ya birgelki jin'ishke bolıp aytıla-tug'ınlıg'ın, tu'birge qosılatug'ın qosımtalardın' da sa'ykes tu'rde u'nlesip keletug'ının dizimge alıwdan aspadı.

Qaraqalpaq tilinde jumsalıp ju'rgen „singarmonizm" ha'm „assimilyatsiya", sonday - aq „dawıslılar u'nlesligi" ha'm „dawıssızlar u'nlesligi" terminlerine anıqlıq kirgiziw kerek. Qaraqalpaq til biliminde dawıslılar u'nlesligin singarmonizm menen, al dawıssızlar u'nlesligin assimilyatsiya menen almastırıp



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

qollanıp ju'r. Shınında dawıslılar u'nlesligi de, dawıssızlar u'nlesligi de sonday-aq dawıslılar menen dawıssızlar ortasındag'ı u'nleslik te, qullası, pu'tin so'zdin' qurlısındag'ı barlıq seslerdin' o'z-ara iykemlesip keliwi singarmonizm dep sanalıw kerek. Sonda singarmonizm bir buwınlı yamasa ko'p buwınlı so'zlerdin' qurılısındag'ı bolatug'ın ha'mme u'nlesliklerdi qamtıydı. Da'stu'rli tu'sinik boyınsha dawıslılar u'nlesligi sheklengen fonetikalıq jag'daylardı o'z ishine aladı. Eger dawıslılar u'nlesligi eki yamasa onnan ko'p buwınlı so'zlerdin' qurılısındag'ı dawıslılardın' birgelki juwan yamasa birgelki jin'ishke, sonday-aq birgelki erinlik yamasa birgelki eziwlik bolıp keliwin o'z ishine qamtıydı desek, dawıssızlar u'nlesligi degennen a'dette tu'bir menen qosımtanın', qosımta menen qosımtanın' shegaralas sesleri arasındag'ı u'nleslikti tu'sinsek, bulardan tısqarı buwın qurılısındag'ı qatan' ha'm turaqlı tu'rde ushırasatug'ın u'nleslik - dawıslı menen dawıssızdın' ortasındag'ı u'nleslik joqarıda aytılg'an u'nlesliklerdin' (dawıslılar u'nlesligi, dawıssızlar u'nlesligi) hesh qaysısına kirmey qaladı. Bunın' u'stine so'z dizbeginin' qurılısındag'ı jeke so'zlerdin' shegarasındag'ı sesler ortasında bolatug'ın u'nleslikti qaysısının' qatarına (dawıslılar u'nlesligine me, dawıssızlar u'nlesligine me?) jatqaratug'ınımız da biyma'lim bolıp qaladı. Mine, bul jag'daylar qaraqalpaq tilinde sesler u'nlesligi tu'sinigin qayta qarap shıg'ıwdın' za'ru'rligin ko'rsetedi.

Solay etip, bizin'she, „singarmonizm" tu'sinigi ken' ma'nide ulıwma sesler u'nlesligi ma'nisinde tu'siniliwi kerek. Dawıslılar singarmonizmi degennen eki yamasa ko'p buwınlı tu'bir ha'm do'rendi so'zlerdin' qurılısındag'ı dawıslı seslerdin' tan'lay ha'm erin u'nlesligin tu'sinsek, al dawıssızlar singarmonizmi degennen buwın qurılısındag'ı yamasa buwın menen buwınnın' shegarasındag'ı dawıssız benen dawıslının', dawıssız benen dawıssız seslerdin' ortasındag'ı u'nleslikti tu'sinsek, qaraqalpaq tilindegi bul nızamlılıqtın' ta'biyatına da tuwrı keler edi ha'm onı tu'siniw de jen'il bolar edi. Solay etip da'stu'r boyınsha singarmonizm ha'm assimilyatsiya dep bo'lek-bo'lek qaralıp ju'rgen tiykarg'ı fonetikalıq qubılıslardı birlestirip, bir pu'tin nızamlılıq retinde - singarmonizm nızamı yamasa singarmonizmnin' ha'r tu'rli ko'rinisleri tu'rinde qaraw bul ma'seleni durıs tu'siniwge imkaniyat beredi. Sebebi dawıslılar u'nlesligi de, dawıssızlar u'nlesligi de



pu'tin so'zdin' ishinde qon'sılas sesler yamasa qon'sılas buwınlar ortasındag'ı u'nleslik bolg'anlıqtan olardı bo'lek-bo'lek qarawg'a bolmaydı.

## § 39. Buwın qurılısındag'ı singarmonizm

Ko'pshilik tiller sıyaqlı qaraqalpaq tilinde de so'zlerdin' qurılısında dawıssız benen dawıslının', dawıslı menen dawıssızdın' qatarlasıp keliwi sesler dizbeginin' ken' taralg'an tu'rleri bolıp tabıladı. Al, dawıssız benen dawıssızdın', a'sirese, dawıslı menen dawıslının' qatar dizbeklesip keliwi qaraqalpaq tili ushın ta'n fonetikalıq jag'day emes. Onın ta'rtibi jag'ınan dawıslının' aldında kelgen dawıssız ses dawıslının' son'ında kelgen dawıssızg'a qarag'anda da dawıslı sestin' ın'g'ayına ko'birek beriledi ha'm ko'birek o'zgeriske ushıraytug'ınlıg'ı du'nya tillerinin' mısalında ilimpazlar ta'repinen da'lillengen[1]. Bul jag'day qaraqalpaq tilinde da'l usınday ekenin bayqaymız. Sebebi ko'pshilik tiller sıyaqlı qaraqalpaq tilinde de dawıslının' aldında turg'an dawıssız a'dette izindegi dawıslı menen birge bir buwında boladı. L.R.Zinderdin' jazıwı boyınsha dawıslıdan son' turg'an dawıssız ko'birek buwın shegarasında kele otırıp, aldın'g'ı buwınnın' qurılısınan keyingi buwıng'a o'tip ketiw uqıbına iye boladı. „Onın' u'stine kem-kem pa't alıp, ku'sheyip baratırg'andag'ı buwınnın' aldında kelgen dawıssız ses kem-kem a'zzilep, tamamlanıp baratırg'an son'ında kelgen dawıssızg'a qarag'anda ko'birek turaqlıraq o'zgeriske ushıraydı ha'm bul jag'day tilde ko'birek en jayg'an".[2]

Bunday qubılıstı, yag'nıy buwın qurılısındag'ı dawıslının' o'zının' aldında kelgen dawıssızg'a ta'sirin to'mendegi fonetikalıq sebepler arqalı tu'sindiriw mu'mkin. Birinshiden, jin'ishke dawıslılar (a', i, o', u', e) aldında kelgen dawıssızdı jin'ishkertedi (jumsartadı). Juwan dawıslılar (a, ı, o, u) aldındag'ı dawıssızdı juwanıtadı (qataytadı). Mısalı, jubaylas so'zlerdegi dawıslının' aldındag'ı dawıssızlardı salıstırın': [san]-[sa'n], [bol]-[bo'l], [bul]-[bu'l], [tıs]-[tis] ha'm t.b. Ekinshiden, erinlik dawıslılar (o, o',

[1] *Бондарко Л. В.* Звуковой строй современного русского языка. М., 1977, 40-bet.
[2] *Зиндер Л. Р.* Общая фонетика. Л., 1960, 224-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

u, u') aldında кelgen erinliк emes dawıssızlardı erinliкlestiredi. Al, bunday fonetiкalıq jag'dayda кelgen erinliк dawıssızlardag'ı o'zgeristi an'law qıyın. Sebebi, erinliк dawıssız ses erinliк dawıslının' aldında кelgende qon'sılas sestin' ta'sirinen bolatug'ın fonetiкalıq o'zgerisкe az ushıraydı, sonlıqtan da o'zinin' ta'biyg'ıy halın кo'bireк saqlaydı. Bunday fonetiкalıq jag'dayda erinliк dawıssız sesler erinliк dawıslının' ın'g'ayına qaray birde juwan, birde jin'ishкe ren'кlerinde aytıladı.

Dawıslının' son'ında кelgen dawıssızg'a bolatug'ın ta'siri de dawıslı sestin' aldında кelgen dawıssız sesкe tiygizgen ta'siri taqilette boladı: juwan dawıslının' son'ındag'ı dawıssız juwan, jin'ishкe dawıslının' son'ındag'ı dawıssız jin'ishкe, erinliк dawıslının' son'ındag'ı erinliк emes dawıssızlar erinliк tu'rde aytıladı.

Joqarıda aytılg'anlardan teк dawıslı sesler g'ana bir ta'repleme aldında yamasa son'ında кelgen qon'sılas dawıssız seslerge ta'sir etip, o'zgertedi degen juwmaqqa кeliw nadurıs bolar edi. Sebebi so'ylew ag'ımında (so'zde) qon'sılas sesler, sonın' ishinde dawıslı menen dawıssız sesler, bir-birine ta'sir etedi, yag'nıy dawıslı sestin' ın'g'ayına qaray dawıssız ses o'zgerisкe ushıraw menen birge, dawıslı ses te qon'sılas dawıssızdın' ın'g'ayına qaray beyimlesedi ha'm o'zgerisкe ushıraydı. Demeк, dawıslı ses dawıssızg'a ta'sir etiwi menen birge o'zi de dawıssızdın' ın'g'ayına beyimlesedi. Qon'sılas seslerdin' o'z-ara ta'siri so'ylew ag'zalarının' izbe-iz ha'reкetine, so'ylew mexanizmine baylanıslı bolg'anlıqtan bul jag'day universal sıpatqa iye ha'm sonlıqtan da, кo'pshiliк du'nya tillerine ta'n ortaq fonetiкalıq qubılıs bolıp tabıladı. Buwın ishindegi singarmonizm dawıslı menen dawıssız seslerdin' кoartiкulyatsiyasının' (qosaqlana aytılıwının') кo'rinisi retinde кo'pshiliк tillerde, sonın' ishinde singarmoniyalıq emes tillerde de ushırasadı. Biraq bul qubılıs singarmoniyalıq tillerdin' bir buwınlı so'zlerinde yamasa кo'p buwınlı so'zlerinin' ha'r bir buwınında beккem saqlanatug'ın turaqlı qubılıs bolsa, singarmoniyalıq emes tillerde onın' saqlanıwı minnetli emes. Ma'selen, qaraqalpaq tilinde qatan' tu'rde juwan dawıslılar menen dawıssızlardın' teк juwan ren'кi, jin'ishкe dawıslılar menen dawıssızlardın' teк jin'ishкe ren'кi g'ana кeledi. Mısalı: [tas], [tıs], [tos], [tus] so'zlerinde [t], [s] fonemalarının' juwan ren'кi кeledi. Al, [t is ], [t es ], [t °o's °], [t °u's °], [t a's ir ] so'zlerinde dawıssız fonemalarının' jin'ishкe



ren'кi jumsaladı. Bunday nızamlılıq qaraqalpaq tilinin' tu'pкiliкli so'zlerinin' ha'mmesinde qatan' tu'rde saqlanatug'ın turaqlı fonetiкalıq qubılıs bolıp tabıladı.

Al, orıs tilinde onday emes. Orıs tilinde juwan dawıslılar menen dawıssız fonemalardın' juwan ren'кleri кeliw menen birge olardın' jin'ishкe ren'кleri de jumsala beredi. Solay etip birdey fonetiкalıq jag'dayda dawıssız fonemalardın' juwan ren'кi de jin'ishкe ren'кi de кele beredi. Mısalı, *кon-кon*, sonday-aq *spet-s pet* so'zlerinde n,n ha'm s, s dawıssız fonemalarının' bunday juwan ha'm jin'ishкe bolıp кeliwi orıs tilinde fonemalardın' ren'кleri emes, al olardın' ha'r biri o'z aldına ayırıqsha fonema bolıp tabıladı. Sebebi, bunday fonetiкalıq jag'dayda *n* menen *n* so'zdin' aqırında, *s* menen *s* so'zdin' basında кeliwine qaramastan ha'r tu'rli (juwan, jin'ishкe) bolıp aytılıwı bir fonemanın' tu'rli ren'кlerin emes, al ha'r tu'rli (basqa-basqa) fonemalardın' ren'кlerin payda etetug'ınlıg'ı belgili.

Solay etip, buwın qurılısındag'ı dawıssız seslerdin' singarmonizm nızamına qatan' tu'rde bag'ınıwı singarmoniyalıq tiller qatarına jatatug'ın qaraqalpaq tilinde mudamı ha'm turaqlı tu'rde saqlanadı, al singarmoniyalıq emes, aкtsentliк til bolg'an orıs tilinde ol saqlanbaydı.

Sigarmonizmnin' tiyкarg'ı кo'rinisinin' bir buwınlı so'zlerde yamasa кo'p buwınlı so'zlerdin' ha'r bir buwınının' qurılısında saqlanatug'ınına ha'm bul qatan' turaqlılıqqa iye eкenine ayrıqsha dıqqat awdarıw кereк. Qaraqalpaq tilinde dawıslı fonemalardın' ayırıqsha to'rt tu'rli tembri tutas buwın menen birgeliкte singarmonizm кo'leminde ju'da' anıq кo'zge tu'sedi. Bular - juwan eziwliк, jin'ishкe eziwiliк, juwan erinliк, jin'ishкe erinliк degen tembrler. Dawıslılardın' buwın кo'lemindegi bul to'rt tu'rli tembrde aytılıwı sol buwınlarda кelgen dawıssızlardın' da solarg'a sa'yкes turaqlı tu'rde mudamı to'rt tu'rli ren'кlerde aytılıwın ta'miyinleydi. Ma'selen, to'rt tembrdi mına to'rt so'zdin' mısalında anıq кo'riwge boladı: [tas], [t es ], [t°os°], [t °o s °].

Bul so'zlerdin' qurılısındag'ı teк dawıslılar g'ana emes, al so'zler tutası menen (dawıslılar eкi jag'ındag'ı dawıssızları menen birliкte) bir-birine juwan-jin'ishкe (tas — tes, tos — to's) erinliк-eziwliк (tos — tas, to's — tes), juwan eziwliк — jin'ishкe erinliк (tas — to's), juwan erinliк — jin'ishкe eziwliк (tos — tes), tu'rinde



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

qarama-qarsı qoyıladı. Solay etip, to'rt tembrli so'zdin' ha'r biri qalg'an u'shewine qarama-qarsı qoyıladı. Onı bılay etip ko'rsetiwge de boladı:

[tas] —
- [t es ] — juwan - jin'ishke
- [t°os°] — eziwlik - erinlik
- [t °o s °] — juwan eziwlik - jin'ishke erinlik

[t es ] —
- [tas] — jin'ishke - juwan
- [t °o s °] — eziwlik - erinlik
- [t°o s°] — jin'ishke eziwlik - juwan erinlik

[t$^0$os$^0$] —
- [t °o s °] — juwan - jin'ishke
- [tas] — erinlik - eziwlik
- [tes] — juwan erinlik- jin'ishke eziwlik

[t°o s$^0$] —
- [t°os°] — jin'ishke - juwan
- [t °es °] — erinlik - eziwlik
- [tas] — jin'ishke eziwlik - juwan erinlik

Biz bul mısallarda dawıslı seslerdi g'ana qarama-qarsı qoyıp, tek solardı ko'zde tutıp otırg'anımız joq. Al, tutas so'zlerdi tembrlik o'zgeshelikleri boyınsha qarama-qarsı qoyıp salıstırıp otırmız. Sebebi tutas so'z (yamasa buwın) qurılısındag'ı dawıssızları menen qosa birgelikte bir qıylı tembrde aytıla otırıp, o'z-ara qarama-qarsı qoyıladı. Ol so'zler tutası menen ya juwan eziwlik, ya jin'ishke eziwlik, ya juwan erinlik, ya jin'ishke erinlik bolıp aytıladı. Bunday jag'day ko'p buwınlı so'zlerdin' qurılısındag'ı ha'r bir buwında tolıq qaytalanıp, dawıslı menen dawıssızlar tembrlik jaqtan mudamı birgelkiligin saqlap otıradı. Bunnan qaraqalpaq tilinde so'zlerdegi buwınlardı tag'ı da kishi bo'leklerge (seslerge) bo'liwge bolmaydı degen juwmaq shıg'arıw kerek emes. Kerisinshe, dawıssızlar turaqlı tu'rde o'zlerinin' ren'klerine iye bolıwı, ol ren'klerdin' qaysılarının' qay jerde keletug'ınının' buwın sıpatınan ma'lim bolıp turıwı buwın qurılısın dara birliklerge (seslerge) bo'liwdi an'satlastıradı.

Ashıq, juwan [a] dawıslısı menen qısıq juwan [ı] dawıslısı, ashıq jin'ishke [a'] dawıslısı menen qısıq jin'ishke [i], [e]



dawıslıları, ashıq erinlik [o] dawıslısı menen qısıq erinlik [u] dawıslısı, ashıq erinlik [o'] dawıslısı menen qısıq erinlik [u'] dawıslısı mudamı bir qıylı tembrde aytılıp, birdey singarmoniyalıq xızmet atqaradı. Solay etip, birinshiden, [a] , [ı], (tas, tıs), ekinshiden, [a'], [i], [e] (sha'k, shik), u'shinshiden, [o], [u] (t°os°, t°us°), to'rtinshiden, [o'], [u'] (t °o's °, t °u's °) o'z aldına singarmoniyalıq qatardı payda ete otırıp, olar qaraqalpaq tilindegi basqa barlıq dawıssızlardı buwın qurılısında o'zlerine sa'ykes to'rt tu'rli ren'kte o'zgeriske ushıratıp otıradı.

Dawıslılardın' juwan, jin'ishke, erinlik, eziwlik belgileri o'zleri menen turmay, buwın qurılısındag'ı qon'sılas dawıssızlarg'a da o'tedi ha'm bul qubılıs bekkem ja'ne turaqlı boladı. Al, dawıslılardın' ashıq — qısıqlıq belgisi qaraqalpaq tilinde singarmonizm ushın hesh qanday a'hmiyetke iye bolmaydı. Biraq, singarmonizmnen tısqarı ol belgileri (ashıq-qısıq) so'zlerdin' ma'nisin ayıratug'ın belgi retinde fonologiyalıq xızmetin atqaradı. Ma'selen, singarmonizm boyınsha [tas] — [tıs], [p a s ] — [p is ] — [p es ], [t°os°] — [t°us°], [t °o s °] — [t °u's °] jubaylas so'zlerinin' parqı bolmag'anı menen ol so'zlerdin' ha'r tu'rli ma'ni bildiriwi ha'm qarama-qarsı qoyılıwı tutas so'zden emes, al olardın' qurılısındag'ı dawıslı fonemalarınan bolıp tur. Bul jubaylas so'zlerde dawıssızlar o'zgerissiz, al tek dawıslılardın' almasıwı menen g'ana ma'ni o'zgerip tur. Mine, bul jag'day „tu'rkiy tillerde en' kishi fonologiyalıq birlik buwın boladı" degen pikirdin' shınlıqqa tuwrı kelmeytug'ının, buwınnan kishi fonologiyalıq birlik bolıp fonema xızmet atqaratug'ının moyınlawg'a ma'jbu'rleydi.

Solay etip, bir jag'ınan buwın qurılısındag'ı dawıslı menen dawıssızlar singarmonizmnin' sebebinen o'tlesip ketkenin, sonlıqtan da olardın' bul o'zgesheligin fonetikalıq jaqtan bahalawda esapqa alıw kerek bolsa, ekinshi jag'ınan tildin' tik jag'dayı boyınsha dawıslılardın' qarama-qarsı qoyılıwı singarmonizmnin' ta'sirisiz-aq iske asıwı buwın qurılısınan dawıslılardı bo'lip ala beriwdi ta'miyinleydi. Son'g'ı bul jag'day so'zlerdi buwınnan da maydaraq en' kishi tillik birlik bolg'an fonemag'a bo'liwde u'lken a'hmiyetke iye boladı.

Tu'rkiy tillerge, sonın' ishinde qaraqalpaq tiline de qatnaslı bolg'an, ulıwma til biliminde qa'liplesken mınaday pikir bar: Singarmonizm boyınsha buwınlar bir jaqlama ya dawıslısı



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

dawıssızınan g'a'rezli halda, ya dawıssızı dawıslısınan g'a'rezli halda du'zilmeydi, al pu'tкil buwınnın' sıpatı menen, yag'nıy dawıslı ha'm dawıssız bo'lекlerden turatug'ın fonemalardın' sıpatı menen anıqlanadı.[1] Biraq bul teoriyanın' do'gereginde qarama-qarsılıqlı pікirler ushırasadı. Ma'selen, qarama-qarsılıqlı pікirler ushırasadı. Ma'selen, N.A.Basкaкovtın' da'slepкi miynetinde „qaraqalpaq tilinde buwın qurılısındag'ı dawıssızg'a ta'sir etiwshi ha'm solay etip olardı (dawıssızlardı) tu'rlendiriwshi oraylıq orındı dawıslı ses tutadı"[2] dese, son'g'ı miynetinde, кerisinshe, „tu'rкiy tillerde so'zdin' fonologiyalıq du'zilisin anıqlawda sheshiwshi xızmetti dawıssız sesler atqaradı, sebebi bul tillerde dawıssızlar teк buwınnın' sıpatın belgilep g'ana qoymastan, sonın' menen birge tutas so'zdin' de sıpatın belgileydi"[3] dep jazadı. Bizin'she, ha'zirgi qaraqalpaq tilinde buwın qurılısında dawıslılardın' jeteкshi ha'm oraylıq orındı tutatug'ınlıg'ına gu'manlanıwg'a bolmaydı. Sebebi dawıslı fonemalar buwın qurılısında dawıssızlarg'a qarag'anda bir qansha artıqmashılıqlarg'a iye boladı. Birinshiden dawıslılar buwın qurawshı qa'siyetкe iye boladı, al onday qa'siyet dawıssızlarda joq. Eкinshiden, buwınnın' qurılısındag'ı sıpatına qaray otırıp dawıssızlar qatan' tu'rde o'zgerisкe ushırap, sa'yкes ren'кlerde jumsaladı.

Qaraqalpaq tilinde dawıslılardın' ın'g'ayına baylanıslı ha'r bir dawıssız fonema to'rt tu'rli ren'кlerde jumsaladı (juwan eziwliк, jin'ishкe eziwliк, juwan erinliк, jin'ishкe erinliк). U'shinshiden, tu'birdegi dawıslı ses qosımtadag'ı seslerdin' sıpatın belgileydi: tu'birdegi dawıslı juwan bolsa, qosımtadag'ı sesler de juwan boladı, tu'birdegi dawıslı jin'ishкe bolsa, qosımtadag'ı sesler de jin'ishкe boladı. Bul mag'lıwmatlardın' ha'mmesi dawıslı fonemalar so'zdegi dawıssızlardın' sapası menen sıpatın belgileytug'ının кo'rsetedi.

Tu'rкiy tillerde, sonın' ishinde qaraqalpaq tilinde de so'zdin' tu'birindegi dawıslı sestin' qosımtadag'ı dawıslının' sıpatın belgilewin singarmonizm dep esaplaw, tu'siniw ilimde beккem

[1] *Щербо Л. В.* Русские гласные в качественном и количественном отношении. Спб., 1912, 8-bet; *Яковлев Н. Ф.* Грамматика литературного кабардино-черкесского языка. М., 1948, 318-bet.
[2] *Баскаков Н. А.* Каракалпакский язык. Фонетика и морфология. ч. I М., 1952, 26-bet.
[3] *Сол.* Историко-типологическая фонология тюркских языков. М., Наука, 1968, 17-bet.



orın alg'an. Qosımtalardın' кo'p ha'm jin'ishкe variantlarda jumsalıwı og'an tiyкarg'ı sebepshi bolg'an. Tu'birdegi dawıslı sesкe qosımtadag'ı dawıslının' u'nlesiwi singarmonizmnin' teк bir кo'rinisi bolıp tabıladı. Bul tyurкologiya iliminde singarmonizm qubılısın tu'siniwge кereкli bolg'an кo'p faкtlerdin' biri g'ana bolıp xızmet atqaradı. Sonday-aq bul qubılıs universal sıpatqa iye bolmaydı. Sebebi tu'bir menen qosımtadan turmaytug'ın so'zlerdegi (bir buwınlı ha'm кo'p buwınlı tu'bir so'lerdegi) singarmonizmdi tu'sindiriwge tuwrı кelmeydi. Onın' u'stine so'zlerdi tu'bir ha'm qosımtalarg'a, sonday-aq buwınlarg'a bo'liw tilshi qa'nigeler ta'repinen a'melge asırılatug'ın lingvistiкalıq analizlewdin' bir jolları boladı. A'dette a'piwayı so'ylewshi adam so'z qurılısının' bo'leкlerge (tu'bir ha'm qosımtag'a, buwınlarg'a) bo'liniwine itibar bermeydi. Bul onın' psixologiyalıq -lingvistiкalıq xızmetine jatpaydı. Ma'selen, a'piwayı so'ylewshi adam ushın eкi buwınlı so'z tu'bir ha'm qosımtadan tura ma yamasa teк tu'birden ibarat pa? Bug'an hesh qanday dıqqat bo'lmeydi. So'ylewshi ushın [sına], [sana], [jaza], [dize], [gu'zo'], [кese] sıyaqlı so'zler tu'bir tu'rinde atlıq so'z shaqabına jata ma yamasa tu'bir ha'm qosımtadan turatug'ın feyil so'z shaqabına jata ma ? Onın' hesh qanday parqı joq.

Omonimliк ma'nidegi bir so'zdin' (tu'bir ha'm qosımtag'a bo'liniwine yamasa bo'linbewine qaramastan) sesliк qurılısı, seslerdin' izbe-izligi jag'ınan ha'm prosodiyalıq кo'rinisi boyınsha da'l birdey bolg'anlıqtan olar artiкulyatsiyalıq ha'm aкustiкalıq jaqtan da birdey bolıwı ta'biyg'ıy jag'day. Joqarıdag'ı so'zlerdin' feyil ma'nisinde tu'bir ha'm qosımtalarg'a bo'liniwi, al atlıq ma'nisinde bo'linbey teк tu'birden ibarat bolıwı yamasa ol so'zlerdin' ha'mmesinin' de eкi buwınnan turatug'ınlıg'ı teк lingvistiкalıq tallaw arqalı g'ana ma'lim boladı.

So'zdin' tu'birindegi dawıslı sestin' qosımtadag'ı dawıslının' sıpatın belgilewin singarmonizm dep tu'siniwdin' jetкiliкsiz eкenin joqarıdag'ı mısallar anıq кo'rsetedi. Bul anıqlama teк feyil ma'nisindegi so'zlerge (sın-a, san-a...) g'ana tuwrı кeledi, al da'l sonday sesliк qurılıstag'ı atlıq so'zlerge (sına, sana) tuwrı кelmeydi.

Singarmonizm morfologiyalıq jaqtan a'piwayı yamasa quramalılıg'ına (tu'bir yamasa do'rendi so'z eкenine) qaramastan so'zlerdin' qurılısındag'ı seslerdin' ha'mmesinin' birgelкiligin



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

ta'miyin etedi. Mısalg'a [bala], [terek] so'zlerin alıp, olarg'a sa'ykes qosımtalar qosıp qarayıq:

| | |
|---|---|
| bala | terek |
| balalar | terekler |
| balaları | terekleri |
| balaların | tereklerin |
| balalarında | tereklerinde |
| balalarındag'ı | tereklerindegi |
| balalarındag'ını | tereklerindegini |

Bir jag'ınan, so'zdin' tu'biri juwan buwınlı bolg'anlıqtan sa'ykes qosımtalardın' juwan variantları, al tu'biri jin'ishke bolg'anlıqtan sa'ykes qosımtalardın' da jin'ishke variantları jalg'anıp turg'anlıg'ın lingvistikalıq analiz tiykarında bilemiz. Ekinshi jag'ınan, a'dette a'piwayı so'ylewshi adam keltirilgen so'zlerdin' morfologiyalıq qurılısına hesh qanday itibar bermesten, olardın' ma'nili bo'leklerin (morfemaların) bo'lip-bo'lip aytıwg'a tırıspastan, ol so'zlerdin' ha'r qaysısına o'zinshe ayırıqsha birlik (so'z) sıpatında qaraydı. Aytılıwı jag'ınan bunday etip ha'r bir so'zdin' tembrinin' birgelkiligin ta'miyin etip turg'an prosodiyalıq birlik xızmetin singarmonizm atqaradı. Singarmonizm paradigmatikalıq qubılıs retinde buwın sanına, morfologiyalıq qurılısının' a'piwayı yamasa quramalılıg'ına qaramastan, so'zdin' barlıq bo'leklerine (seslerine, buwınlarına, morfonemalarına h.t.b.) birden, bir waqıtta ta'sir etedi ha'm aytılıwı (tembri) jag'ınan birgelkilikke alıp keledi. Sonın' menen birge sintagmalıq qubılıs retinde singarmonizmnin' so'z qurılısındag'ı buwın, morfemalardın' izbe-izligin saqlap turıwın ta'miyinlewi ta'biyg'ıy halat bolıp tabıladı. Bul jag'day „tu'birdin' dawıslıları qosımtalardın' dawıslılarının' sıpatın belgileydi" degen juwmaq shıg'arıw ushın tiykar bolıp xızmet etpewi kerek. O'ytkeni singarmonizm tek qosımtalarg'a g'ana ta'sir etip qoymastan, morfologiyalıq jaqtan bo'linbeytug'ın bir pu'tin tu'birlerge de, ulıwma so'zdin' barlıq bo'leklerine ta'sir etetug'ın universal fonetikalıq qubılıs bolıp tabıladı.



## § 40. Dawıslılar singarmonizmi

Eki yamasa onnan da ko'p buwınlı so'zlerde son'g'ı buwınlardag'ı dawıslılardın' birinshi buwındag'ı dawıslı sesten g'a'rezli halda keliwi dawıslılardın' ilgerili ta'sirinin' na'tiyjesi bolıp tabıladı. Birinshi buwındag'ı dawıslı sestin' son'g'ı buwınlarındag'ı dawıslılardı juwan-jin'ishkeligi, erinlik-eziwlik bolıwı jag'ınan o'zine usatıwı, solay etip ko'p buwınlı so'zlerdegi dawıslı seslerdin' o'z-ara u'nlesip keliwi dawıslılar singarmonizminin' bir ko'rinisi boladı. A. M. Sherbaktın' aytıwınsha dawıslılar singarmonizmi so'z ma'nisin fonetikalıq jol menen an'latıw za'ru'rliginen kelip shıqqan.[1] So'z benen so'zdin' shegarasın belgilewde, so'zdi bir pu'tin seslik kompleks sıpatında so'z dizbeginen, ga'pten ajıratıp alıwda dawıslılar singarmonizmi ayrıqsha a'hmiyetke iye. Sebebi dawıslılar singarmonizmi so'zdin' ishinde bolatug'ın qubılıs. Ma'selen, so'zdin' birinshi buwınında juwan dawıslı kelse, son'g'ı barlıq buwınlarda da juwan dawıslılar keledi. Al so'zdin' birinshi buwınında jin'ishke dawıslı kelse, son'g'ı buwınlarda da jin'ishke dawıslılar keledi. Bunday ta'sir ga'ptegi qon'sılas ekinshi so'zge o'tip ketpeydi.

Tu'rkiy tillerde, sonın' ishinde qaraqalpaq tilinde de, dawıslılar singarmonizmi eki tu'rli ko'riniste iske asadı: birinshiden, buwın qurılısındag'ı dawıslılardın' juwan ya jin'ishkeligi jag'ınan u'nlesip keliwi arqalı (tan'lay u'nlesligi); ekinshiden, buwın qurılısındag'ı dawıslılardın' eziwlik ya erinlik bolıp u'nlesiwi arqalı (erin u'nlesligi). Solay etip dawıslılar singarmonizmi tan'lay u'nlesligi ha'm erin u'nlesligi tu'rinde ju'zege shıg'adı. Biraq tan'lay u'nlesligi bir bo'lek, erin u'nlesligi bir bo'lek bas-basına o'mir su'rmeydi. Kerisinshe, dawıslılar singarmonizmnin' bul eki ko'rinisi de birlikte, supersegmentlik qubılıs retinde so'z qurılısındag'ı sesler arqalı ju'zege shıg'adı. Mısalı: [ag'ashlıq], [tereklik], $[q^0ul^0q^0un^0]$, $[u^{+i}r^{i0}g^{i0}u^{+i}n^{i0}]$. Bul so'zlerde dawıslılar birgelki juwan yamasa, birgelki jin'ishke bolıp keliwi menen birlikte tap sol so'zlerdin' o'zlerindegi dawıslılar birgelki eziwlik ha'm birgelki erinlik bolıp keledi. Sonlıqtan da tan'lay u'nlesligi ha'm erin u'nlesligi haqqında ayrıqsha so'z etilgende bayanlawg'a qolaylı bolıwı esapqa alınadı.

Haqıyqatında da dawıslılar singarmonizmine muwapıq ko'p buwınlı so'zlerdin' qurılısındag'ı buwınlar juwan bolıp keliw menen

---

[1] *Шербак А. М.* Сравнительная фонетика тюркских языков. Л., 1970, 4-в.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

birge, sonday-aq olar ya birgelki eziwlik, ya birgelki erinlik tu'rde g'ana ushırasıwı kerek; jin'ishke bolıwı menen birge, sonday-aq olar ya birgelki eziwlik, ya birgelki erinlik tu'rinde g'ana jumsalıwı kerek. Solay etip, dawıslılar singarmonizmine sa'ykes ko'p buwınlı so'zlerdin' qurılısındag'ı buwınlar birgelki juwan-eziwlik, birgelki juwan-erinlik, birgelki jin'ishke-eziwlik, birgelki jin'ishke-erinlik tu'rde ushırasıwı kerek. Bul dawıslılar singarmonizmi ushın en' ideal jag'day. Bunday bolıp singarmonizmi en' rawajlang'an tillerdin' qatarına qırg'ız tilin jatqarıw mu'mkin[1].

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde dawıslılar singarmonizminin' ko'rinisin joqarıdag'ıday ideal jag'dayda dep aytıwg'a bolmaydı. Cebebi qaraqalpaq tilinde ko'p buwınlı so'zlerde tan'lay u'nlesligi tolıq saqlang'an menen erin u'nlesligi tolıq saqlanbaydı. Ma'selen: [ag'alarımızg'a], [inilerimizge] tu'rinde ko'p buwınlı tu'bir ha'm do'rendi so'zlerde dawıslılar birgelki juwan ya birgelki jin'ishke tu'rinde ushırasadı. Dawıslılardın' tan'lay u'nlesligi tu'rkiy tillerde en' ken' en jayg'an ha'm turaqlı fonetikalıq qubılıs. A.M.Sherbaktın' baqlawınsha qarayım, o'zbek tillerinen basqa barlıq tu'rkiy tillerde dawıslılardın' tan'lay u'nlesligi bayqaladı. Qarayım tilinde dawıslılardın' tan'lay u'nlesligi dawıssızlardın' u'nlesligi menen almasqan, al o'zbek tilinde bolsa, tu'rkiy emes tillerdin' ta'siri na'tiyjesinde tan'lay u'nlesligi pu'tkilley jog'alg'an.[2] Qaraqalpaq tilinde ayırım so'zlerde dawıslılardın' tan'lay u'nlesliginin' buzılıw jag'dayı ushırasadı. Dawıslılardın' tan'lay u'nlesliginin' buzılıwı basqa da tu'rkiy tillerde ushırasadı[3]. Mısalı: tu'rkmen tilinde (dialektinde) [ga'la'durın], [galdurin]- „kiyatırman“, [bila'dur], [bildur] „biledi“, [ba'rmaydur] „bermeydi“,[bilma'duran] „bilmeydi“, gagauz tilinde [alya'k] „aladı“, [ga'lyorum] „kelemen“ so'zleri, tu'rk tilinde [i], [ki], [yor], [dash], [gil], [istan] qosımtaları; qumıq tilinde [lar], [ıbız], [ıg'nız], [lıq], [li], [maq] qosımtaları; shuvash tilinde [sa'm], [i], [e] qosımtaları dawıslılardın' tan'lay u'nlesligine bag'ınbaydı. Uyg'ır tilinde seplik jalg'awları (ni, nin, din, tım), betlik almasıg'ının' qosımtaları (ma'n, sa'n, miz, siz), kelbetliktin' qosımtaları (da'k, siz), atlıqtın' qosımtası (si, san), qatarlıq sannın' (insi), jıynaqlaw sannın' (la'n),

[1] *Sherbak A. M.* Sonda, 74-bet.
[2] Sonda, 74-bet.
[3] Sonda, 71-bet.



kelbetlik feyillerdin' (qig'an), buyrıq meyildin' 3-betinin' (sun), o'tken ma'ha'ldin' ko'plik tu'rinin' 1- betinin' (duk) qosımtaları; kelbetlik do'retiwshi qosımta dıki duz predikativlik ko'rsetkishi ha'm t.b. singarmoniyalıq variantları iye emes. Sonlıqtan olar tu'bir menen u'nlese bermeydi degen so'z[1] .

Joqarıda atalg'an tu'rkiy tilleri sıyaqlı ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde de jumsalıp ju'rgen barlıq so'zler tan'lay u'nlesligi nızamına bag'ınıp, birgelki juwan ya birgelki jin'ishke bolıp kele bermeydi, a'dewir sandag'ı so'zlerde juwan ha'm jin'ishke buwınlar aralasıp keledi. N.A. Baskakovtın' izertlewleri boyınsha tan'lay u'nlesligine bag'ınbaytug'ın so'zlerdin' ko'pshiligi tu'rkiy tillerge basqa tillerden kirip kelgen so'zler yamasa eki (siyrek jag'dayda u'sh) tu'birden quralg'an qospa so'zler bolıp tabıladı.[2] Mısalı: *a'diraspan, A'denbay, a'teshtan, biyday, Berdaq, Begjan, go'rqaw, gu'zar, Gu'lzar, gu'man, gu'njara, Gu'ljan, guwalıq, elat, jigirma, Zulfiya, ilham, imkaniyat, imtixan, inabat, inam, keyisnama, kelsap, Ken'esbay, kerbaz, kespas, kisapır, kitap, qoshırey, qudiret, maqset, mehriban, na'renjan, pa'tiwa, pa'tiya, periyzat, raxmet, ta'biyat, ta'rbiya, xızmet* usag'an so'zler shıg'ısı jag'ınan arab, parsı tillerinen kirgen so'zler yamasa eki tu'birdin' birigiwinen jasalg'an qospa so'zler bolıp tabıladı. Sonday-aq, orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden kirgen so'zlerde dawıslılardın' tan'lay u'nlesligi nızamına bag'ına bermeydi. Mısalı: *akademik, anketa, aspirant, banket, general, desant, Erevan, kreslo, lenta, opera, proletariat, renta* ha'm t.b.

Joqarıdag'ı sıyaqlı tan'lay u'nlesligi menen u'nlespegen juwan-jin'ishkeli aralas buwınlı so'zlerge qosımtalardın' juwan yamasa jin'ishke variantının' qosılıwı ol so'zlerdin' son'g'ı buwınının' juwan ya jin'ishkeligine baylanıslı boladı. Eger de so'zdin' aqırı juwan buwınlı bolsa, qosımtanın' juwan sın'arı qosıladı; eger de so'zdin' aqırı jin'ishke buwınlı bolsa, qosımtanın' jin'ishke variantı qosıladı. Mısalı: *kitaplar, biydaylıq, ta'rbiyashı, gu'walıq, jigirmalap, itibarg'a, insapsız, inansan', operag'a, aspirantı* sıyaqlı so'zlerdin' tu'birlerinin' son'g'ı buwını juwan bolg'anlıqtan, qosımtalardın' juwan sın'arları qosılıp tur; maqsetler, qu'diretli,

[1] Bul haqqında tolıg'ıraq qaran'ız: *A. M. Sherbak*. Sonda, 71 – 72-betler.
[2] *Баскаков Н. А.* Каракалпакский язык. Т. II, 35-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

xızmetshi, qoshireylik, mug'allimge, raxmeti sıyaqlı tu'birlerinin' son'g'ı buwını jin'ishke bolg'anlıqtan, qosımtalardın' jin'ishke sın'arları jalg'anıp tur.

Geypara so'z do'retiwshi qosımtalar (suffiksler) tu'bir so'zdin' juwan ya jin'ishkeligine qaramastan, tan'lay u'nlesligi boyınsha u'nlespesten-aq qosıla beredi. Ma'selen, *dawılpaz, jalaxor, asxana, Qaraqalpaqstan, suwat, qarızdar* so'zlerinde juwan buwınlı qosımtalar tu'birge tan'lay u'nlesligine muwapıq juwan buwınlı tu'birlerge qosılıp tursa, *jemxor, ilimpaz, ka'rxana, O'zbekstan, elat, beldar* so'zlerinde juwan buwınlı sol qosımtalar jin'ishke buwınlı tu'birge qosılıp, tan'lay u'nlesligi nızamı buzılıp tur. Sonday-aq *aqılgo'y, talapker, salıkesh, materializm, idealist* so'zlerinde jin'ishke buwınlı qolsımtalar juwan tu'birge qosılıp tur. Solay etip ayırım jag'daylarda jin'ishke buwınlı so'zlerge juwan buwınlı qosımta, juwan buwınlı so'zlerge jin'ishke buwınlı qosımta qosıladı. Sebebi qaraqalpaq tilinde [paz], [xor], [xana], [stan], [at], [dar], usag'an juwan buwınlı suffikslerdin' jin'ishke variantları, [go'y], [ker], [kesh], [ist], [izm] sıyaqlı jin'ishke buwınlı suffikslerdin' juwan variantları joq. Qosımtalardın' bunday variantsız bolıp keliwi, solay etip dawıslılardın' tan'lay u'nlesliginin' saqlanbawı tu'rkiy tillerdin' o'zlerinin' tu'pkilikli qosımtaları ushın ta'n jag'day emes. Dawıslılardın' tan'lay u'nlesligine sa'ykes kelmeytug'ın joqarıdag'ı variantsız qosımtalardın' kelip shıg'ıwına na'zer awdarsaq, olardın' da singarmonizmi joq sistemag'a jatatug'ın tillerden awısqan qosımtalar ekenin bayqaw qıyın emes.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde ko'p buwınlı so'zlerde dawıslılar (anıg'ırag'ı tutas buwınlar) tan'lay u'nlesligi boyınsha u'nlesip keliw menen birlikte erin u'nlesligi boyınsha da u'nlesedi. Tan'lay u'nlesligine qaraqalpaq tilindegi dawıslılar ha'm buwın quramındag'ı dawıssızlar tolıq qatnasıp, hesh bir fonema onnan tısqarıda qalmaytug'ın bolsa, erin u'nlesliginin' ta'sir etiw ko'lemi onday emes. Birinshiden, erin u'nlesliginin' ta'sirine barlıq dawıssızlar ushıray bermeydi. Erin u'nlesligine beriletug'ın dawıslılar tek qısıq, eziwlik dawıslılar bolg'an [ı], [i], [e] fonemaları bolıp tabıladı. Ekinshiden, ko'p buwınlı so'zlerde erin u'nlesligi menen u'nlesken buwınlardın' ha'mmesinde bastan ayag'ına shekem bul u'nlesliktin' ta'sir etiw ku'shi menen taralıw o'risi ten'dey da'rejede bolmaydı. Erin u'nlesliginin' ta'siri son'g'ı



buwınlarda kem-kem ha'lsireydi ha'm ol ta'sir keyingi buwınlarda pu'tkilley joyıladı. Mısalı, salıstırın': [ku'lku']-[ku'lku'miz]-[ku'lku'mizdi], [bulqun], [bulqunı]-[bulqunımız]. Sonlıqtan dawıslılar singarmonizminin' bul eki ko'rinisin o'z-ara salıstıra otırıp, tan'lay u'nlesligin tolıq u'nleslik, erin u'nlesligin jartılay u'nleslik dewge boladı.

Dawıslılar singarmonizmine baylanıslı terminlerdin' jumsalıwına anıqlıq kirgiziw talap etiledi. K.Ubaydullaev „so'zlerdegi dawıslılardın' bastan ayaq birgelki ya gilen' juwan, yamasa gilen' jin'ishke bolıp (keliwine) ayıtılıwına singarmonizm“ [1] deydi. Onın' aytıwı boyınsha: „eziwlik dawıslılardan son' da, erinlik dawıslılardan son' da (orfografiyalıq normanı eske alg'anda) eziwlik dawıslıları so'zdin' keyingi buwınlarında kele beredi. Mısalı: *xalıq, balıq, qunlıs, o'ndiris, paxtashılıq, ku'tin, o'tin, qora, u'lken, kishkene, ku'ta', gu'lla'n, ju'da'* ha'm t.b., eziwlik dawıslılardan a' sesi *ba'ha'r, ma'ha'l, sa'ha'r, gu'lla'n, ku'ta', ju'da'* ha'm t.b. usag'an so'zlerdin' aqırg'ı buwınlarında kele beredi, al *a'diraspan, a'dira', A'bdika'rim* sıyaqlı so'zlerdin' u'shinshi buwınlarında da dawıslı a' sesi gezlesedi“.[2] Bul aytılg'an pikirdi qa'te dep aytıwg'a bolmaydı. Biraq, bul jerde keltirgen mısallar aytılg'an pikirlerdi tolıq tastıyıqlay bermeydi. Ma'selen: „erinlik dawıslılardan son' da (imla qa'deni eske alg'anda) eziwlik dawıslıları so'zdin' keyingi buwınlarında kele beredi“ degen pikirden keyin onı mısallar menen tastıyıqlaw maqsetinde qunlıs, o'ndiris, ku'tin, o'tin, u'lken degen so'zlerdi keltiriwi shınlıqqa sa'ykes kelmeydi. Qaraqalpaq tilinin' imla qa'deleri tiykarında bul atalg'an so'zlerdin' son'g'ı buwınlarında eziwlik dawıslılar jazılg'anı menen (bul jerdegi sha'rtli tu'rde qabıl etilgen jazıwg'a su'yeniwdin' o'zi nadurıs) haqıyqat izertlew obekti bolıp sanalatug'ın janlı so'ylew tilinde tan'lay u'nlesligi ta'sirinen tısqarı, sonın' menen birge erin u'nlesligi anıq bayqaladı ha'm *qunlıs, o'ndiris, ku'tin, o'tin, u'lken* so'zlerinin' ekinshi buwınında qısıq eziwlik ı, i, e dawıslıları jazılg'anı menen janlı so'ylew tilinde olar sa'ykes erinlik dawıslılar bolg'anı [u], [u'], [o'] tu'rinde aytılatug'ının bayqaw qıyın emes.

[1] *Ubaydullaev K.* Qaraqalpaq tili boyınsha tan'lamalı miynetler. 114-bet.
[2] *Sonda*, 117-bet



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

K.Ubaydullaev dawıslılar u'nlesligin „eziw u'nlesligi" (palatallıq attraktsiya yamasa lingvallıq singarmonizm) ha'm „erin u'nlesligi (labiallıq attraktsiya yamasa labiallıq singarmonizm)" dep bo'liwin de tolıq maqullaw qıyın. Onın' aytıwınsha" ... birinshi buwındag'ı dawıslının' ta'sirine qaray qalg'an buwınlardag'ı dawıslılardın' gilen' juwan yamasa gilen' jin'ishke bolıp ha'm da'slepki buwınnan basqa buwınlarda erinlik dawıslılar kelmey, eziwlik dawıslılar keliwi eziw u'nlesligi dep ataladı".[1] Bul jerde shınında tan'lay u'nlesligi menen erin u'nlesligi shatastırılg'anlıg'ı ko'rinip tur. Tan'lay u'nlesligi ma'nisinde avtor ta'repinen „eziw u'nlesligi" degen termin alıng'an. Bul terminnin' usı jerde an'latıp turg'an ma'nisi pikirdi tastıyıqlamay tur. „Eziw u'nlesligi" tu'sinigine „gilen' juwan yamasa gilen' jin'ishke" buwınlar, tag'ı da „erinlik dawıslılar emes, eziwlik dawıslılardın' keliwi" „zorlap" birlestirilgen. Haqıyqatında gilen' juwan yamasa gilen' jin'ishke buwınlardın' bir so'zdin' qurılısında keliwi ya eziwlik halında yamasa erinlik halında g'ana bolatug'ınlıg'ın (olar ekewinin' birge ju'retug'ınlıg'ın) esten shıg'arıwg'a bolmaydı. Juwan buwın sonın' menen birge ya eziwlik, ya erinlik bolıp keledi. Sonday-aq jin'ishke buwın da ya eziwlik, ya erinlik halda g'ana ushırasadı. Al, bul qubılıstın' turaqlı yamasa o'zgermeli bolıwı — pu'tkilley basqa ma'sele. Sonlıqtan da dawıslılardın' singarmonizmin eziw u'nlesligi ja'ne erin u'nlesligi dep bo'liwdi terminologiyalıq jaqtan da, a'meliy ja'ne teoriyalıq jaqtan da maqullawg'a bolmaydı. Tan'lay u'nlesligi boyınsha buwınlar birde birgelki juwan, birde birgelki jin'ishke bolıp keledi. Al, erin u'nlesligi boyınsha bunday birgelkilik (u'nleslik) qatan' saqlanbag'anı menen *qunlıs, o'ndiris, ku'tin, o'tin, u'lken* usag'an so'zlerdin' ekinshi buwınlarında eziwlik dawıslı ha'ripler (ı, i, e) jazılg'anı menen ta'biyiy so'ylew tilinde shınında olardın' erinlik dawıslılar (u,u',o') ekenin, solay etip [qurılı's], [wondu'ri's] [ku'tu'n], [wo'tu'n], [u'lko'n] bolıp aytılatug'ının biykarlaw qıyın.

Artikulyatsiyalıq jaqtan tan'lay u'nlesligi dep ju'rgenimiz shınında jin'ishke dawıslılardı aytqanda tildin' alg'a ha'm artqa juwan dawıslılardı aytqanda artqa jılıjıw jag'dayı menen, erin u'nlesligi dep ju'rgenimiz erinlik dawıslılardı aytqanda erinnin' alg'a u'yriliw ha'm eziwlik dawıslılardı aytqanda artqa tartılıw

[1] *Sonda.*



jag'dayı menen tikkeley baylanıslı boladı. Sonlıqtan da, artikulyatsiyalıq jaqtan ha'reketshen' so'ylew ag'zalarının basshılıqqa alg'an halda tan'lay u'nlesligin tillik (lingvallıq) u'nleslik, erin u'nlesligin sol o'zinin' qa'lipinde erin (labiallıq) u'nlesligi dep alıw mu'mkin edi. Biraq, qa'liplesken tan'lay u'nlesligi terminin o'zgerte beriwdin' zıyanlı ekenin esapqa alıp, bul jumısta tillik u'nleslikti tan'lay u'nlesligi qa'lpinde qaldırıwdı maqul ko'rdik. Sonday-aq erinnin' qatnasına qaray dawıslılardın' erinlik, eziwlik bolıp bo'liniwi ha'm tildin' qatnasına qaray juwan, jin'ishke bolıp bo'liniwin eske ala otırıp, olardı singarmonizm boyınsha endi birgelki juwan ha'm birgelki jin'ishke bolıp keliwin an'latıw ushın „eziw u'nlesligi" terminin qollanıw aqılg'a maqul kelmeydi. Eziwlik dawıslılardın' jubayı erinlik dawıslılar bolatug'ının esapqa alsaq, eziwlik dawıslılardın' o'zleri de, sonday-aq erinlik dawıslılar da o'z ishinde tag'ı da juwan, jin'ishke bolıp bo'linetug'ının eske alsaq, „eziw u'nlesligi" termininin' lingvallıq singarmonizm ma'nisinde qollanılıwının' orınlı emesligine iseniwge boladı.

Usı da'wirge shekem dawıslılardın' erin u'nlesligi degendi tek bir ta'repleme birinshi buwındag'ı erinlik dawıslılardın' ekinshi buwındag'ı qısıq dawıslılardın' erinlik bolıp keliwin talap etiwi tu'sinilip kelgen bolsa, endi dawıslılardın' labiallıq singarmonizmin ken'irek ko'lemde tu'siniw kerek dep oylaymız. Birinshiden, dawıslılardın' labiallıq singarmonizmi eki tu'rli ko'riniste boladı: erinlik (qulun, ku'lku', bo'lo'k) ha'm eziwlik (bala, sa'lem, kelin); ekinshiden, labiallıq singarmonizm bir buwınlı so'zlerde erinlik dawıslılar menen qon'sılas kelgen dawıssızlar ortasında mudamı ha'm turaqlı tu'rde ko'rinedi.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde ashıq dawıslılar bolg'an [a], [a'] erin u'nlesliginen tısqarı qaladı. Bul dawıslılarg'a labillıq singarmonizm ta'sir etpeydi. Birinshi buwında erinlik dawıslılar keliwine qaramastan ekinshi ha'm onnan son'g'ı buwınlarda ashıq eziwlik [a], [a'] jumsala beredi. Mısalı: [polat], [qulaq], [quraq], [quratan], [ku'ta'] ha'm t.b. Biraq bunday jag'daylarda da tan'lay u'nlesligi qatan' saqlanadı: juwan [a] tek aldın'g'ı buwında juwan erinlik dawıslılar kelgen jag'dayda, jin'ishke [a'] tek aldın'g'ı buwında jin'ishke erinlik dawıslı kelgen jag'dayda g'ana jumsaladı. Bul ta'rtiptin' qatan' saqlanıwı qaraqalpaq tilinde dawıslılar singarmonizminde lingvallıq singarmonizmnin' jetekshi orın tutatug'ının an'latadı.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Qaraqalpaq tilinde dawıslılardın' labilliq singarmonizmi degennen birinshi buwındag'ı erinlik dawıslılardın' ekinshi buwındag'ı qısıq eziwlik dawıslılardı sa'ykes erinlik dawıslılarg'a aylandırıwı tu'siniledi. Sol dawıslılardın' o'zleri erin u'nlesligi boyınsha u'nlesip keliw menen birlikte tan'lay u'nlesligi menen de u'nlesip turadı. O'ytkeni erinlik dawıslılardın' o'zleri ya juwan, ya jin'ishke tu'rde g'ana ushırasadı. Erin u'nlesligin an'latatug'ın o'z aldına seslik birlikler joq, onday bolıwı mu'mkin de emes. Mısalı: [q$^{o}$ul$^{o}$un$^{o}$], [k'ul$^{o}$ku'] so'zlerinde dawıslılar erin u'nlesligi boyınsha da, tan'lay u'nlesligi boyınsha da u'nlesip tur; [qulun]- juwan buwınlı, [ku'lku']-jin'ishke buwınlı. Sonday-aq, bul eki so'zde buwınlar birgelki erinlik. Tap usınday pikirdi [balıq], [bala], [ba'lent], [gilem] so'zleri jo'ninde de aytıwg'a boladı: [balıq], [bala]-juwan buwınlı, [ba'lent], [gilem] - jin'ishke buwınlı. Sonday-aq bul so'zlerdin' ba'rinde buwınları-birgelki eziwlik bolıp kelgen. Solay etip, tan'lay u'nlesligi boyınsha buwınlar juwan ha'm jin'ishke bolıp kelse, erin u'nlesligi boyinsha erinlik ha'm eziwlik bolıp keledi. Bul dawıslılar singarmonizminin' ko'rinisleri bolıp tabıladı.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi dawıslılar singarmonizmin an'latıwshı keste:

| Son'g'ı buwınlardag'ı dawıslılar / Birinshi buwındag'ı dawıslılar | a | ı | a' | i | e | So'zler |
|---|---|---|---|---|---|---|
| a | + | + | | | | bala, atız |
| ı | + | + | | | | ılaq, ıdıs |
| o | + | + | | | | qonaq, qonuq |
| u | + | + | | | | bulaq, tuxum |
| a' | | | + | + | + | sa'ha'r, a'dis, ba'lent |
| i | | | + | + | + | ira't, bilim, tilek |
| e | | | + | + | + | du'ka'n, jelim, terek |
| o' | | | + | + | + | ko'lu'k, to'so'k |
| u' | | | + | + | + | ju'da', gu'rtu'k |



Dawıslılar singarmonizmin an'latatug'ın kesteden ko'rinip turg'anınday-aq birinshi buwında juwan erinlik dawıslıları bolg'an [o] yamasa [u] feneması kelse, ekinshi buwındag'ı eziwlik [ı] dawıslısı erinlik [u] dawıslı fonemasına aylanıp aytıladı; birinshi buwında jin'ishke erinlik dawıslıları bolg'an [o'] yamasa [u'] feneması kelse, ekinshi buwındag'ı eziwlik [i] yamasa [e] dawıslı sa'ykes erinlik [u], [o'] fonemalarına aylanadı. Mısalı: [qosuq], [worun], [qoqum], [toqum], [tog'uz], [qulun], [julun], [quduq], [wo'gu'z], [gu'du'], [u'ku'], [tu'tu'n] [ju'ro'k], [wozok], [shoro'k], [bo'ro'k] usag'an tu'bir so'zlerdin' ekinshi buwınında, [wotun], [qolum], [jolum], [bo'lu'k], [bo'lo'k], [to'gu'n], [wo'num], [su'rgu'] sıyaqlı do'rendi so'zlerdegi qosımtalarda awızsha so'ylew tilinde erinlik dawıslılar aytıladı. Biraq, olar jazıwda ha'zirgi imla qa'deleri tiykarında *qosıq, orın, qoqım, toqım, tog'ız, qulın, julın, qudıq, ko'lik, o'giz, gu'di, u'ki, tu'tin, ju'rek, gu'rek, o'zek, sho'rek, bo'rek, otın, qolım, jolım, bo'lek, bolik, to'gin, o'nim, ku'lki, su'rgi* tu'rinde erin u'nlesligi sa'wlelenbegen halda ekinshi buwında eziwlik [ı], [i], [e] ha'ripleri arqalı jazıladı. Al, u'shinshi buwındag'ı qısıq eziwlik dawıslılarg'a erin u'nlesliginin' ta'siri pa'sen'leydi. Salıstırın': [qulun]- [qulunı$^{o}$], [julun]- [julunı$^{o}$] [julqun]- [julqunı$^{o}$p], [ju'ro'k]- [ju'rogi$^{o}$] ha'm t.b. Bul so'zlerde ekinshi buwındag'ı erinlik dawıslılardın' ta'siri menen erinlik dawıslı fonemag'a aylanıp aytılsa, u'shinshi buwında qısıq eziwlik dawıslılar turaqsız halda birde erinlik tu's alıp, bir „taza" eziwlik halında aytıladı. Al, to'rtinshi ha'm onnan son'g'ı buwınlardag'ı qısıq eziwlik dawıslı fonemalarg'a erin u'nlesliginin' ta'siri birotala joyıladı. Mısalı, salıstırın': [qulun] — [qulun$^{o}$] — [qulunı$^{o}$mız], [julunı$^{o}$] — [julunı$^{o}$mız] ha'm t.b.

Dawıslılardın' singarmonizmi menen olardın' so'zlerdegi tu'rli fonetikalıq jag'daylarında jumsalıw qubılısı tıg'ız baylanıslı boladı. Qaraqalpaq tilinde dawıslı fonemalardın' ha'mmesi bir buwınlı so'zlerde ha'm ko'p buwınlı so'zlerdin' birinshi buwınında jumsala beredi. Al, ko'p buwınlı so'zlerdin' son'g'ı buwınlarında dawıslı fonemalar sheklengen halda jumsaladı. Son'g'ı buwınlarda qanday dawıslı fonemanın' jumsalıwı birinshi buwındag'ı dawıslı fonemanın' sıpatına baylanıslı boladı. Joqarıda keltirilgen mısallardan ha'm dawıslılar singarmonizmin an'latıwshı kesteden ko'ringenindey-aq



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

birinshi buwında juwan dawıslı bolsa, ekinshi ha'm onnan son'g'ı buwınlarda da juwan dawıslı keledi; birinshi buwında jin'ishke dawıslı bolsa, son'g'ı buwınlarda da jin'ishke dawıslı boladı; birinshi buwında erinlik dawıslı kelse, ekinshi buwındag'ı [ı], [i], [e] eziwlik dawıslı fonemaları sa'ykes erinlik [u], [u'], [o'] dawıslı fonemalarına aylanıp aytıladı (kestede qosıw belgisi do'n'gelikke alıng'an qatarlar). Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi [a'tko'nshek], [a'teshku'r], [a'tsho'k], [bayg'us], [da'stu'r], [jadigo'y], [jelxom], [za'ru'r], [ka'mzol], [maqluq], [maxul], [maxmut], [ka'tquda], [yesersoq] usag'an sırttan kirgen yamasa qospa so'zlerdi esapqa almag'anda erinlik buwın eziwlik buwınnan keyin jumsalmaydı. Solay etip, tu'pkilikli so'zlerdin' birinshi buwınınan basqa, son'g'ı buwınlarda erinlik dawıslılar joqarıda aytılg'anınday-aq sheklengen jag'dayda g'ana erinlik singarmonizmi ko'leminde jumsaladı. Al, olardın' ishinde erinlik [o] foneması birinshi buwınnan basqa son'g'ı buwınlarda pu'tkilley jumsalmaydı.

Erinlik dawıslılardın' son'g'ı buwınlarındag'ı shekleniwshiligi qos erinlik [w] dawıssızının' ta'siri na'tiyjesinde saplastırıladı. Anıg'ıraq aytqanda, qos erinlik [w] dawıssızı o'zi menen qon'sılas kelgen qısıq, eziwlik dawıslılardı sa'ykes erinlik dawıslılarg'a aylandıradı: ekinshi ha'm onnan son'g'ı buwınlarda jumsalg'an erinlik dawıssız [w] foneması o'zinin' aldında kelgen eziwlik [ı], [i] dawıslı fonemaların sa'ykes erinlik [u], [u'] fonemalarına aylandıradı. Mısalı: [aluw], [woquw], [ju'ru'w], [biliw], [atqarıw], [jetkeru'w]. Sonday-aq son'g'ı buwınlarda erinlik [w] dawıssız fonemasının' son'ında qısıq eziwlik [ı], [i], [e] dawıslı fonemaları kelgende birinshi buwındag'ı dawıslının' erinlik yamasa eziwlik bolıwına qaramastan sa'ykes [u], [u'], [o'] erinlik dawıslılarına aylanıp aytıladı. Mısalı: [juwun], [jawun], [jasawul], [qosuwus], [dawur], [gu'wu'l], [su'gu'wu'r], [da'wo't], [su'wo'n], [ju'wo'n] ha'm t.b. Bul mısallarda birinshi buwında erinlik dawıslıları kelip, onın' u'stine son'g'ı buwındag'ı qon'sılas erinlik dawıssızdın' ta'sirine ushırag'anlıqtan [juwın], [qosıwus], [gu'wu'l] so'zlerinde birinshi buwınında eziwlik dawıslılar kelgen so'zlerge qarag'anda erin u'nlesliginin' ta'sirinin' ku'shlirek ekeni bayqaladı.



Qaraqalpaq tilinde dawıslılardın' erin u'nlesligi jo'ninde so'z etkende S.E.Malovtın'[1] bul haqqındag'ı aytqan pikrlerin eske almawg'a bolmaydı. Onın' baqlawınsha tu'birdegi erinlik dawıslılar qosımtadag'ı dawıslılarg'a sezilerli da'rejede ta'sir etedi. Bul jag'ınan qaraqalpaq tili qazaq, nog'ay tillerine, sonday-aq shaması, altay tiline de og'ada usaydı. S.E.Malovtın' aytıwınsha: tu'birdegi juwan erinlik dawıslılar bolg'an [u], [o] fonemaları qosımtadag'ı ashıq dawıslılardı erinliklestirmeydi: eger de tu'birde jin'ishke erinlik dawıslılar bolg'an [o'], [u'] fonemaları kelse, qosımtadag'ı ashıq dawıslını erinliklestirmeydi. Al, qosımtada qısıq dawıslılar kelse, tu'birdegi juwan erinlik dawıslılar bolg'an [o], [u] fonemaları da, jin'ishke erinlikler bolg'an [o'], [u'] fonemaları da qosımtadag'ı dawıslılardı erinliklestiredi. Bul jerde S. E. Malovtın' „qosımtadag'ı ashıq dawıslılardı tu'birdegi [o'] yamasa [u'] erinliklestiredi" degen pikirin talqılawg'a tuwrı keledi. Bizin' tu'sinigimizshe, sonday-aq tu'rli eksperimental mag'lıwmatlardın' tastıyıqlawları boyınsha, ha'zirgi qaraqalpaq tilinde ashıq eziwlik fonemalar tek ekew: [a] ha'm [a']. Al, S. E. Malov tastıyıqlap otırg'an [e] dawıslısın ashıq fonema dewge barlıq fonetikalıq ha'm fonologiyalıq mag'lıwmatlar qarsı keledi. Shınında [e] qısıq dawıslı fonema. Bul fonemanın' ha'zirgi qaraqalpaq tilinde qısıq, til aldı, eziwlik ekeni so'ylew ag'zaların jay baqlawımız arqalı da, tu'rli eksperimental izertlewler arqalı da tolıq tastıyıqlandı. Sonlıqtan, eger de [e] fonemasın ashıq fonema demeytug'ın bolsaq, onda „qosımtadag'ı ashıq dawıslılardı tu'birdegi [o'] yamasa [u'] erkinliklestiredi" degen pikirdi biykarlawg'a tuwra keledi. Sonda erin u'nlesligi menen u'nlesetug'ın tek qısıq dawıslılar g'ana bolıp shıg'adı. Mısalı: [qulqun], [u'rgu'n], [to'rku'n] so'zlerinin' ekinshi buwınındag'ı qısıq dawıslılar ha'm ol tutas buwınlar qanday bolıp u'nlesse, [bo'rgo'], [jorgo'k], [gu'ro'k], [ju'ro'k] so'zlerinin' ekinshi buwınındag'ı dawıslı da tap sonday bolıp u'nlesedi. Bunın' o'zi de tag'ı bir ma'rtebe [e] fonemasının' qısıq dawıslı fonema ekenin an'latadı. Sebebi qısıq [y], [i] dawıslıları menen birdey da'rejede bunday o'zgeriske ushırawı tosınnan bolg'an jag'day emes. Al, bul [e] fonemasın qısıq [y], [i] dawıslıları menen jaqınlastıratug'ın belgi bolıp esaplanadı.

---

[1] *Малов С. Е.* Заметки о каракалпакском языке. 13 — 15-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## § 41. Morfemalar shegarasındag'ı dawıssızlar singarmonizmi

Jumıstın' bul bo'limshesinde da'stu'rli tu'sinik boyınsha assimilyatsiya qubılısı dep sanalatug'ın dawıssızlar singarmonizminin' morfologiya menen tıg'ız baylanıslı bolg'an ko'rinisine dıqqat awdaramız.

So'ylew ag'ımında jumsalg'an waqıtta seslerdin' o'zgeriske ushırawına ha'r qıylı fonetikalıq jag'daylar sebepshi bolıwı so'zsiz. Fonetikalıq jag'daylardın' sebebinen so'zdegi ayırım seslerdin' ha'dden tıs irkinish penen keshiktirilip aytılıwı yamasa, kerisinshe, mo'lsherli waqtınan burınıraq aytılıwı na'tiyjesinde o'z-ara qon'sılas sesler pu'tkilley birdey seske ya ayırım belgileri boyınsha seske aylanıwı mu'mkin.

Usınday so'ylew mexanizminin' ta'siri na'tiyjesinde bolatug'ın seslik o'zgerisler morfemanın' shegarasındag'ı irgeles sesler ortasında bolatug'ın qubılıs ekenin ha'm bul qubılıstın' qaraqalpaq tilinde a'dewir turaqlılıqqa iye ekenin ko'remiz.

A'dette morfemanın' shegarasındag'ı qon'sılas sesler o'z-ara tolıq tu'rde usasıp, tap o'zindey seske aylanıp ketiwi mu'mkin, yamasa tek ayırım belgileri boyınsha g'ana usasıw mu'mkin. Usı jag'ına qaray qaraqalpaq til biliminde „tolıq assimilyatsiya" ha'm „bir jaqlı assimlyatsiya" degen terminler qollanıladı. Morfemalardın' shegarasındag'ı qon'sılas seslerdin' o'z-ara birdey seske aylanıp ketiwi tolıq assimiliyatsiya, al olardın' tek ayırım beligilerinin' usasıwı bir jaqlı assimiliyatsiya boladı. Mısalı: *bashshı, qoshshı, ashsa, ussha, jazsa, dizse, sezse* tu'rinde jazılatug'ın so'zler awızeki so'ylewde [bashshı], [qoshshı], [ashsha], [ushsha], [jassa], [sesse] tu'rinde qatara kelgen dawıssızdın' birewi o'zgeriske ushırap, irgeles dawıssızday seske aylanadı. Anıg'ırag'ı, bul mısallarda [sh] sesi o'zinin' aldına kelgen ya son'ında kelgen [s] sesin tolıq o'zindey [sh] sesine aylandırıp tur; sonday-aq [s] sesi o'zinin' aldında turg'an [z] sesin o'zindey seske aylandıradı. Eger de bir ses aldında yamasa son'ında qon'sılas bolıp kelgen ekinshi sesti da'l o'zindey seske aylandırmastan, tek ayırım belgileri boyınsha g'ana o'zine usatsa, bunday u'nleslik jartılay assimilyatsiya boladı. Ma'selen: [jazda], [qısta], [talg'a], [atqa], [sezdi], [kesti] so'zlerinde qatarlasıp kelgen tu'bir ha'm qosımtanın' shegarasındag'ı qon'sılas



dawıssızlardın' u'nlesiwi jartılay u'nleslikke mısal bola aladı. Sebebi ol so'zlerdegi qosımtalardın' birde u'nliden (da, g'a, di), birde u'nsizden (ta, qa, ti) baslanıwı aldında kelgen tu'birdin' aqırındag'ı dawıssız sestin' dawıs qatnasatug'ın ses (u'nli, sonor, dawıslı) yamasa dawıs qatnaspaytug'ın ses (u'nsiz) ekenligine tikkeley baylanıslı boladı.

Dawıssızlardın' tolıq u'nlesligine qarag'anda olardın' bir jaqlı u'nlesligi ko'birek ushırasadı. Bunday u'nleslik qaraqalpaq tilinde ko'birek dawıstın' qatnası boyınsha ushırasadı. Al, siyreklew jag'dayda dawıssız sesler jasalıw ornı boyınsha da u'nlesip keledi.

Dawıssızlar u'nlesligi tek do'rendi so'zlerdin' qurılısındag'ı morfemalardın' shegarasında g'ana bolıp qoymastan, ha'zirgi qaraqalpaq tilinde tu'bir dep sanalıp ju'rgen so'zlerdin' ortasında da ushırasadı. Mısalı: [eshki], [eski], [qa'ste], [kepshik], [toqta] so'zlerinde eki u'nsiz dawıssız [jezde], [mezgil], [gewde], [g'arg'a], [dombıq], [qumbız], [qırg'ıy] sıyaqlı so'zlerde eki u'nli yamasa sonor menen u'nli dawıssızlar qatar kelip, dawıstın' qatnası jag'ınan u'nlesip tur. Biraq bunday nızamlılıq mudamı saqlana bermeydi. A'sirese sonor dawıssızlar u'nli dawıssızlar menen birge u'nsiz dawıssızlar menen de qatara kele beredi. Mısalı: [yeski], [kelte], [qamshı], [gu'rtik], [artıq], [qartan], [ıqlas], [jırtıq], [kewsen], [tan'sıq], [balta], [altı], [arqan] ha'm t.b. Solay etip, sonor dawıssızlar dawıslılarg'a usap u'nliler menen de u'nsiz dawıssızlar menen de jumsala beredi.

Jumsalıw izbe-izligi aldın'g'ı sestin' son'g'ı seske yamasa son'g'ı sestin' aldın'g'ı seske ta'sir etip, o'z-ara u'nlesip keliwine baylanıslı morfemalardın' shegarasındag'ı irgeles sesler u'nlesligi eki tu'rli boladı: ilgerili ta'sir ha'm keyinli ta'sir. Bir so'zdin' qurılısında yamasa so'z benen so'zdin' shegarasında qon'sılas seslerdin' aldın'g'ısının' son'g'ısın artikulyatsiyalıq jaqtan o'zine usatıwı yamasa da'l o'zindey seske aylandırıwı ilgerili ta'sir (progressiv assimilyatsiya), kerisinshe, son'g'ı sestin' aldın'g'ı sesti o'zine usatıwı yamasa da'l o'zindey seske aylandırıwı keyinli ta'sir (regressiv assimilyatsiya) boladı.

İlgerili ta'sirge ushıraytug'ın sesler morfemanın' shegarasındag'ı sesler bolıp, olar tiykarınan dawıstın' qatnası jag'ınan ha'm jasalıw ornı boyınsha u'nlesip keledi. So'zdin' aqırı u'nsiz dawıssızg'a tamamlansa, og'an qosılatug'ın qosımta u'nsiz dawıssızdan



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

baslanadı. Al, so'zdin' aqırı dawıs qatnasıwı arqalı jasalatug'ın sesler bolg'an u'nli, sonor dawıslılardın' birine tamamlansa, onda onnan u'nli yamasa sonor dawıssızdan baslang'an qosımta qosıladı. Bunday u'nleslikke qaraqalpaq tilindegi seplik ha'm betlik jalg'awlarının' ko'p variantlarda jumsalıwı ayqın mısal bola aladı.

İyelik sepliginin' jalg'awlarınan [tın'], [tin'] u'nsiz dawıssız seslerge tamamlang'an so'zlerge, [dın'], [din'] jalg'awları u'nlilerge ha'm awızlıq sonorlar bolg'an [y], [l], [w], [r] seslerine tamamlang'an so'zlerge [nın'], [nin'] jalg'awları dawıslılarg'a ha'm murınlıq sonorlar bolg'an [m], [n], [n'] seslerine tamamlang'an so'zlerge jalg'anadı. Barıs sepliginin' jalg'awlarınan [qa], [ke] u'nsiz dawıssızlarg'a tamamlang'an so'zlerge, [g'a], [ge] jalg'awları basqa barlıq dawıssızlarg'a ha'm dawıslılarg'a tamamlang'an so'zlerge, al [a], [e] tartımnın' birinshi ha'm ekinshi betinin' jalg'awları jalg'ang'an so'zlerge, [na], [ne] tartımnın' u'shinshi betinin' jalg'awı jalg'ang'an so'zlerge qosıladı. Tabıs sepliginin' jalg'awlarınan [tı], [ti] aqırı u'nsiz dawıssızlarg'a tamamlang'an so'zlerge [dı], [di] jalg'awları u'nli dawıssızlarg'a ha'm sonorlarg'a tamamlang'an so'zlerge, [nı], [ni] dawıslılarg'a tamamlang'an so'zlerge, [n] tartımnın' u'shinshi betinin' jalg'awı jalg'ang'an so'zlerge qosıladı. Shıg'ıs sepliginin' jalg'awlarınan [tan], [ten] aqırı u'nsiz dawıssızlarg'a, [dan], [den] dawıssızlarg'a, u'nlilerge ha'm awızlıq sonorlar bolg'an [y], [l], [w], [r] seslerine tamamlang'an so'zlerge, [nan], [nen] murınlıq sonorlar bolg'an [m], [n], [n'] seslerine tamamlang'an so'zlerge ha'm tartım jalg'awı jalg'ang'an so'zlerge qosıladı. Orın sepliginin' jalg'awınan [ta], [te] aqırı u'nsiz dawıssızlarg'a tamamlang'an so'zlerge [da], [de] basqa barlıq seslerge tamamlang'an so'zlerge jalg'ana beredi. Mısallar:

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **A.** | ana, | anam, | anası, | shan', | jem, | qan. |
| **İ.** | ananın', | anamnın', | anasının', | shan'nın', | jemnin', | qannın'. |
| **B.** | anag'a, | anama, | anasına, | shan'g'a, | jemge, | qang'a. |
| **T.** | ananı, | anamdı, | anasın, | shan'dı, | jemdi, | qandı. |
| **Sh.** | anadan, | anamnan, | anasınan, | shan'nan, | jemnen, | qannan. |
| **O.** | anada, | anamda, | anasında, | shan'da, | jemde, | qanda. |



| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **A.** | at, | tas, | tay, | til, | aw, | qar. |
| **İ.** | attın', | tastın', | taydın', | tildin', | awdın', | qardın'. |
| **B.** | atqa, | tasqa, | tayg'a, | tilge, | awg'a, | qarg'a. |
| **T.** | attı, | tastı, | taydı, | tildi, | awdı, | qardı. |
| **Sh.** | attan, | tastan, | taydan, | tilden, | awdan, | qardan. |
| **O.** | atta, | tasta, | tayda, | tilde, | awda, | qarda. |

Atlıq so'zler betlengende so'zdin' aqırı u'nsiz dawıssızlarg'a tamamlansa, birinshi ha'm ekinshi bette u'nsizlerden baslanatug'ın [pan], [pen], [san'], [sen'] jalg'awları, u'nliilerge tamamlansa, birinshi bette u'nli dawıssızdan baslanatug'ın [ban], [ben] jalg'awları, so'zlerdin' aqırı dawıslıg'a yamasa sonorlarg'a tamamlansa, birinshi bette sonordan baslanatug'ın [man], [men] jalg'awları qosılıp u'nlesip keledi. So'zdin' aqırı u'nlige, sonorg'a yamasa dawıslıg'a tamamlansa da, ekinshi bette u'nsizden baslang'an [san'], [sen'] jalg'awları jalg'anıp, olar o'z-ara u'nlespeydi. Sonday-aq [s], [sh] seslerinen baslang'an basqa qosımtalar da o'zlerinin' aldında kelgen sesler menen dawıstın' qatnası boyınsha u'nlespeydi.

M ı s a l ı:

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **I b.** | ko'ppen, | azban, | sawman, | shopanman, | ermen, | suwshıman; |
| **II b.** | ko'psen', | azsan', | sawsan', | shopansan', | ersen', | suwshısan'; |
| **III b.** | ko'p, | az, | saw, | shopan, | er, | suwshı. |

Feyil so'zler betlegende so'zdin' aqırı u'nsiz dawıssızg'a tamamlansa, u'nsizden baslang'an [tım], [tim], [tın'], [tin'], [tı], [ti] jalg'awları jalg'anadı: u'nli, sonor ha'm dawıslıg'a tamamlang'an so'zge u'nliden baslang'an [dım], [dim], [dın'], [din'], [dı], [di] jalg'awları jalg'anadı.

M ı s a l ı:

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **I b.** | taptım, | estim, | jazdım, | aldım, | tan'dım, | basladım; |
| **II b.** | taptın', | estin', | jazdın', | aldın', | tan'dın', | basladın'; |
| **III b.** | taptı, | esti, | jazdı, | aldı, | tan'dı, | basladı. |

Ko'plegen so'z jasawshı, so'z tu'rlendiriwshi suffiksler jalg'anatug'ın so'zinin' son'ındag'ı sesi menen, sonday-aq



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

кo'meкshi so'zler dizbeкlesip кeletug'ın so'zinin' son'ındag'ı sesi menen ha'm so'z dizbegindegi so'zlerdin' shegarasındag'ı qon'sılas sesler o'z-ara bir-biri menen u'nlesip кeledi.

So'zdin' son'ındag'ı sestin' og'an qosılatug'ın suffiкstin' basındag'ı qon'sılas sesti dawıstın' qatnası jag'ınan o'zine usatıp, u'nlesip кeliwine bir neshe faкtler кeltiremiz: [ma], [me], [ba], [be], [pa], [pe] formaları atlıq jasawshı suffiкs xızmetinde jumsalg'anda yamasa feyildin' bolımsız tu'rin jasag'anda, qosılatug'ın so'zinin' son'g'ı sesine qaray birde [ma], [me], birde [ba], [be] ha'm t.b. tu'rinde jalg'anadı: [ma], [me]-dawıslılarg'a ha'm awızlıq sonorlarg'a, [ba], [be]-u'nlilerge ha'm murınlıq sonorlarg'a, [pa], [pe] u'nsizlerge tamalang'an so'zlerge qosıladı. Mısalı: [salma], [su'zbe], [tan'ba], [ısıtpa], [birlespe] sıyaqlı so'zler atlıq yamasa feyil xızmetinde jumsalg'anda, atalg'an qosımtalar qosılatug'ın so'zinin' son'g'ı sesine bag'ınıp u'nlesedi; [qı], [кi], [g'ı], [gi]; [qısh], [кish], [g'ısh], [gish] atlıq ha'm кelbetliк jasawshı suffiкsler xızmetinde jumsalg'anda u'nsiz seslerge tamamlang'an so'zge u'nsizden baslang'an [qı], [кi], [qısh], [кish],basqa seslerge tamamlang'an so'zlerge u'nliden baslang'an [g'ısh], [gish], [g'ı], [gi] formaları qosıladı. Mısalı: [ashıtqı], [tu'rtкu'], [кergi], [gu'zgu'], [azan'g'ı], [aldın'g'ı], [artqı], [tergish], [alg'ısh], [sezgish], [sanag'ısh] ha'm t.b; [maq], [meк], [baq], [beк], [paq], [peк] atlıq ha'm ha'reкet atı feyilin jasawshı affiкslerinin' [paq], [peк] forması u'nsiz dawıssızlarg'a tamamlang'an so'zlerge qosıladı; [baq], [beк] u'nlilerge ha'm murınlıq sonorlarg'a tamamlang'an so'zlerge qosıladı; [maq], [meк] awızlıq sonorlar ha'm dawıslılarg'a tamamlang'an so'zlerge qosıladı. Mısalı: [batpaq], [toqpaq], [qaqpaq], [dizbeк], [quymaq], [sırmaq], [ilmeк], [qarmaq], [aytpaq], [tu'rtpeк], [qazbaq], [sezbeк], [ton'baq], [кo'mpeк], [saqlanbaq], [jaymaq], [tapsırmaq], [almaq], [islemeк], [jawmaq] ha'm t.b.; [day], [dey], [tay], [tey], [gır], [gir], [qır], [кir] sıyaqlı кelbetliкtin' suffiкsleri de qosılatug'ın so'zinin' son'g'ı sesine qaray, yag'nıy son'g'ı sesi u'nsiz bolsa u'nsizden baslanatug'ın [tay], [tey], [qır], [кir] al basqa sesler bolsa [day], [dey], [g'ır], [gir] formaları qosıladı. Mısalı: *polattay, mestey, ushqır, o'tкir, maladay, muzday, кu'ndey, o'zindey, sezgir, кesкir, alg'ır, ushqır* ha'm t.b.

Joqarıda кeltirilgen so'zlerde ilgerili ta'sir dawıstın' qatnası boyınsha bolsa, sonın' menen birge tu'bir menen qosımtanın' shegarasında yamasa tu'birdin' ortasında sesler jasalıw ornı boyınsha



da ilgerili ta'sirge ushırap u'nlesedi. Bug'an to'mendegi faкtler da'liyil bola aladı: [sa], [se] affiкsleri [sh] sesine tamamlang'an so'zge qosılsa, olar [sha], [she] bolıp aytıladı. Mısalı: [ashsha], [ushsha], [кeshshe] — aytılıwı; *ashsa, ushsa, qashsa, кeshse* — jazılıwı.

Erinliк [w] dawıssızının' ta'sirinen onın' son'ında кelgen [ı], [i], [e] eziwliк dawıslıları sa'yкes erinliк bolıp aytıladı. Mısalı: [qawun], [sawun], [ta'wu'r], [sa'wu'r], [da'wot], [gewo'к] — aytılıwı; *qawın, sawın, ta'wir, sa'wir, da'wlet, geweк* — jazılıwı.

Joqarıdag'ı mısallarda [s] sesinin' [sh] bolıp aytılıwı, [ı], [i], [e] seslerinin' [w] erinliginin' ta'sirinen sa'yкes [u], [u'], [o] bolıp aytılıwı jasalıw ornı boıynsha u'nlesiw boladı. Dawıstın' qatnası boyınsha [s], [sh] seslerinin' eкewi de u'nsiz dawıssızlar, al [w], [ı], [i], [e] seslerinin' ha'mmesin aytqanda dawıs qatnasadı.

Sonday-aq [menen], [benen], [penen]; [da], [de], [ta], [te]; [ma], [me], [ba], [be], [pa], [pe] кo'meкshi so'zlerinin' da'slepкi sesinin' ha'r tu'rli bolıwı dawıssızlar u'nlesligine baylanıslı. U'nsiz dawıssız sesкe tamamlang'an so'zge u'nsizden baslanatug'ın variantı, al qalg'an seslerge tamamlang'an so'zlerge u'nli ha'm sonorlardan baslang'an variantları dizbeкlesedi. Mısalı: *at penen, at ta, at pa, qız benen, qız da, qız ba, to'ri menen, to'ri de, to'ri me, jer menen, jer de, jer me, ay menen, ay da, ay ma* ha'm t.b.

So'z dizbeginin' кomponentlerinin' shegarasında turg'an sesler o'z-ara u'nlesip кeledi. Anıg'ıraq aytqanda, so'z dizbeginin' birinshi sın'arı u'nli, sonor yamasa dawıslıg'a tamamlansa, eкinshi sın'arının' basında кelgen u'nsiz [q/к] foneması sa'yкes u'nli [g'/g] fonemasına aylanıp aytıladı. Mısalı: *alag'ashar* (ala qashar), *aqpag'ulaq* (aqpa qulaq), *tezgu'nde* (tez кu'nde), *jerg'abısıw* (jer qabısıw), *alag'anat* (ala qanat) ha'm t.b. Bunday so'z dizbeкlerindegi so'zlerdin' a'dettegi sesliк qurılısı tolıq saqlanıp, bo'leк jazıladı.

Joqarıda кeltirilgen mısallardan кo'ringenindey ilgerili ta'sir dawıs shımıldıg'ının' qatnasına baylanıslı boladı. Dawıs shımıldıg'ı qatnaspaytug'ın sesler (u'nsizler) u'nsiz dawıssızlar menen, dawıs shımıldıg'ının' qatnasıwı arqalı jasalatug'ın sesler (dawıslı, sonor, u'nli dawıssızlar) dawıslı, sonor yamasa u'nli dawıssızlar menen tirкesip кelip, olar o'z-ara u'nlesedi. Sonday-aq geypara sesler jasalıw ornı boyınsha da ilgerili ta'sirge ushıraydı.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

So'zdin' qurılısında yamasa so'z benen so'zdin' shegarasında qon'sılas seslerdin' son'g'ısının' aldın'g'ısın artikulyatsiyalıq jaqtan qanday da bir belgisi jag'ınan o'zine usatıwın yamasa da'l o'zindey seske aylandırıwın keyinli ta'sir dep ataymız. Seslerdin' bunday keyinli ta'siri regressiv assimilyatsiya dep te aytıladı.[1] Regressivlik assimilyatsiya progressivlik assimilyatsiyag'a salıstırg'anda ko'pshilik tu'rkiy tillerde, sonın' ishinde qaraqalpaq tilinde de, qatan' turaqlılıqqa iye emes ha'm kemirek ushırasatug'ınlıg'ı belgili.[2]

Son'g'ı ses aldın'g'ı sesti dawıstın' qatnası jag'ınan (dawıs qatnasatug'ın ses, dawıs qatnaspaytug'ın ses), jasalıw ornı jag'ınan o'zine usatıwı mu'mkin. Dawıstın' qatnası jag'ınan seslerdin' keyinli ta'sirge ushırawına to'mendegi faktlerdi keltiremiz.

U'nsiz dawıssız [q/k] fonemasına tamamlang'an so'zlerge dawıslıdan baslang'an qosımta qosılsa, onın' juwan ren'ki bolg'an [q] dawıslının' ın'g'ayına ko'nip, u'nli [g'/g] fonemasının' juwan [g'] ren'kine, u'nsiz jin'ishke ren'ki bolg'an [k] u'nli jin'ishke [g] ren'kine aynaladı. Mısalı: [jaq] — [jag'ı], [balıq] — [balıg'ı], [sho'ro'k] — [sho'ro'gu'], [ju'ro'k] — [ju'ro'gu'], [shelek] — [shelegi], [aq] — [ag'ıs], [jaq] — [jag'a], [yek] — [yegis] ha'm t.b.

Biraq [q/k] fonemasi sonor dawıssızlar menen birge dizbeklesken halda tu'bir so'zdin' aqırında kelse, og'an dawıslı sesten baslang'an qosımta qosılg'an menen joqarıdag'ıday bolıp, u'nli [g'/g] fonemasına aylanbaydı. Mısalı: [xalıq] - [xalqı], [ko'rk] - [ko'rki], [bo'rk] - [bo'rki], [dan'q] - [dan'qı], [sarq] - [sarqıl], [gu'n'k] - [gu'n'kil], [qırq] - [qırqıs] ha'm t.b. Sonday-aq [t], [s], [sh] u'nsizleri de bul qa'de tiykarında u'nlilerge aylanbaydı. Mısalı: [at]- [atı], [tas]- [tası], [shash]- [shashı] bolıp, olar o'zgerissiz jumsaladı. U'nsiz [p] sesine tamamlang'an so'zge dawıslıdan baslang'an qosımta qosılsa, [p] sesi u'nli [b] sesine aylanadı, al [p] sesine tamamlang'an so'zge [up], [ip] suffiksleri jalg'ansa, onda [p] sesi sonor [w] sesine aylanadı. Mısalı: [qap] - [qabı], [sap] - [sabı], [jip] - [jibi], [sep] - [sebi], [jap] - [jabıs] ha'm t.b. Biraq [jelpi], [gu'rpu'ldi], [serpil] usag'an so'zlerde [p] sesi dawıslı sestin' ta'siri na'tiyjesinde u'nli [b] sesine aylanbaydı. Buyrıq feyillerdin' aqırında kelgen [p] sesi so'ylew tilinde [w] menen almasıp ta aytıla beredi. Mısalı: [tap]-[taw], [sep]-[sew], [shap]- [shaw], [qap]- [qaw], [tep]- [tew]. A'debiy tildin' stillik o'zgesheligine qaray bul so'zlerdin'

[1] *Кононов А. Н.* Грамматика современного турецкого литературного языка. М. — Л., 1956, 39-bet; *Щербак А. М.* Сравнительная фонетика тюркских языков. 105-bet.

[2] *Sonda.*



birde aldın'g'ıları, birde son'g'ıları jumsalıwı mu'mkin. Ma'selen, *oq jawdırdı (japtırdı emes), at shaptırım (shawdırım emes), tepkile (tewkile emes), iyt qapqan (geyde qawg'an), qawıp (qapıp emes), jawın jawdı (geyde japtı) t.b.*

*U'nli* [z] sesine tamamlang'an so'zge u'nsiz [s] sesinen baslang'an qosımta qosılsa, [z] u'nli dawıssızı [s] g'a aylanıp aytıladı. Mısalı: [assın], [jassın], [bessin], [qassa], [du'ssu'n], [dussuz], [bissiz] t.b. Bular azsın, jazsın, t.b. tu'rinde tu'biri tolıq saqlanıp jazıladı.

Joqarıdag'ı seslerdin' u'nlesligi so'z ishinde tu'bir menen qosımtalardın' arasında bolsa, onda u'nleslik so'z dizbegindegi so'zlerdin' shegaralas sesleri ortasında da boladı. Ma'selen, *aq at, ko'p waqıt, ko'p na'rse, ko'p adam, ko'p jer, ko'k japıraq sıyaqlı so'z* dizbekleri awızsha so'ylewde *ag' at, ko'b waqıt, ko'b na'rse, ko'b adam, ko'b jer, ko'g japıraq* bolıp, aldın'g'ı so'zdin' aqırındag'ı u'nsiz [q/k], [p] son'g'ı so'zdin' basındag'ı seslerdin' ta'sirinen sa'ykes u'nli [g'/g], [b] fonemalarına aylanıp, orın almasadı. Al, *shek* ha'm *ara* so'zlerinen qa'liplesken *shegara* so'zinde u'nsiz *k* ren'ki u'nli *g* ren'ki menen almasadı ha'm solay jazıladı. Biraq *sarp etildi, gu'rp etti, sharp etti, qırq adam, bo'rk aldı, dan'q a'keldi* sıyaqlı so'z dizbeklerinde [q], [x], [p] sesleri u'nlilerge aylanıp *sarb etildi, gu'rb etti, qırg' adam* t.b. tu'rinde aytılmaydı. *Ko'z sal, tez soq, ju'z som* sıyaqlı so'z dizbekleri *ko's sal, tes soq, ju's som* tu'rinde so'zdin' basındag'ı u'nsiz [s] sesinin' ta'siri menen aldın'g'ı so'zdin' aqırındag'ı u'nli [z] sesi u'nsiz [s] g'a aylanıp aytıladı. Jazıwda bular esapqa alınbaydı.

Jasalıw ornı jag'ınan seslerdin' keyinli ta'sirge ushırap u'nlesiwine to'mendegi mısallardı keltiriwge boladı.

Til aldı [n] sesine tamamlang'an so'zge erinlik [b] sesinen baslang'an qosımta qosılsa, [n] sesi erinlik [m] sesine aylanıp aytıladı. Mısalı: [janbas]- [jambas], [janbaw]- [jambaw], [nanbay]- [nambay], [qanbadı]- [qambadı], [tınba]- [tımba], [minber]- [mimber], [nanba]- [namba] ha'm t.b. Jazıwda n saqlanıp jazıladı. Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde tu'bir so'z dep sanalatug'ın [gu'mbez], [su'mbil], [jumbaq] sıyaqlı so'zlerde qatar kelgen eki erinlik dawıssız (m, b) o'z-ara u'nlesedi. Bul sıyaqlı so'zlerdegi [m]

[1] *Севортян Э. В.* Фонетика турецкого литературного языка. М., 1955, 52-bet. Усындай еринлик ассимиляция бир канша түркий тиллерде ушырасады. Qaran'ız: *Решетов В. В.* Узбекский язык. I бөлим. Ташкент, 1959, 209-bet; *Кеңесбаев, Мусабаев.* Казирги казак тили. Лексика. Фонетика. Алма-ата, 1962, 298-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

erinlik sesinin' jumsalıwı keyingi ta'sirdin' (b sesinin') sebebinen ekenin biraz tyurkologlar tastıyıqlaydı[1].

So'zdin' aqırı [n] sesine tamamlanıp, og'an [l] sesinen baslang'an qosımta qosılsa, [n] sesi [l] g'a aylanıp aytıladı. Mısalı: *janlıq-jallıq, sanlıq-sallıq, ku'nlikshi-ku'llikshi, xanlıq-xallıq, ja'nlik-ja'llik* ha'm t.b.

Til aldı [n] sesine tamamlang'an so'zge kishkene tillik - til artı [q/k], [g'/g] seslerinen baslang'an qosımta qosılsa, [n] sesi kishkene tillik [n'] sesine aylanıp aytıladı. Mısalı: [jonqa]- [jon'qa], [minges]-[min'ges], [sa'nge]- [sa'n'ge], [tong'a]- [ton'g'a], [qong'an]- [qon'g'an] ha'm t.b. Bul so'zlerde [n] saqlanıp jazıladı. Sonday-aq [ma'n'gi], [man'g'ıt], [wo'n'ge], [gu'n'gu'rt] ha'm t.b. so'zlerdegi [n'] sesinin' jumsalıwı da keyinli ta'sirdin' na'tiyjesinde bolsa kerek; [jan'qa], [man'qa], [mo'n'ko'], [wo'n'ko'y'] sıyaqlı so'zlerde qatara qabatlasıp kelgen eki dawıssız ses dawıstın' qatnasına qaray u'nlespegen menen olar jasalıw ornı jag'ınan u'nlesedi.

Bir tosqınlıqlı [s], [z] seslerine tamamlang'an so'zge eki tosqınlıqlı [sh] sesinen baslang'an qosımta qosılsa, [s], [z] sesleri [sh] sesine aylanıp aytıladı. Mısalı: [basshı]- [bashshı], [qosshı]-[qoshshı], [isshen']- [ishshen'], [qusshu]- [qushshu], [izshen']-[ishshen'] ha'm t.b. Bul mısallarda [z] sesi [sh] g'a aylanıp aytılıw arqalı jasalıw ornı jag'ınan u'nlesiw menen birge dawıstın' qatnası jag'ınan da u'nlesip tur: [z] u'nlisi [sh] usap u'nsizge aylanadı. Jazıwda s, z ha'ripleri saqlanıp jazıladı. Qospa so'zdin' yamasa so'z dizbeginin' qurılısındag'ı son'g'ı so'zdin' basında [q/k], [g'/g] fonemaları kelse, aldın'g'ı so'zdin' aqırında kelgen [n] sesi [n'] sesine aylanadı; son'g'ı so'zdin' basında [b] sesi kelse, aldın'g'ı so'zdin' aqırındag'ı [n] sesi [m] sesine aylanadı; son'g'ı so'zdin' basında [j] sesi kelse, aldın'g'ı so'zdin' aqırındag'ı kelgen [s] sesi [sh] sesine, [z] sesi [j] sesine aylanadı; son'g'ı so'zdin' basında [sh] sesi kelse, aldın'g'ı so'zdin' aqırında kelgen [z] sesi [sh] sesine aylanıp aytıladı. Biraq ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' jazıwında bular esapqa alınbaydı.

## § 42. Dissimilyatsiya qubılısı

So'zlerdegi singarmonizm qubılısı boyınsha usas emes sesler o'z-ara usas yamasa birdey seslerge aylansa, kerisinshe seslerdin'



dissimilyatsiya qubılısı boyınsha usas yamasa birdey bolg'an eki sestin' birewi belgili da'rejede o'zgeriske ushırap, o'z-ara usamaytug'ın seslerge aylanadı. Solay etip, artikulyatsiyalıq jaqtan birdey yamasa usas bolg'an eki sestin' ha'r qıylı seslerge yamasa az da'rejede usas bolg'an eki seske aylanıwı dissimilyatsiya[1] qubılısı delinedi.

Dissimiliyatsiya qubılısı basqa tu'rkiy tillerdegi sıyaqlı qaraqalpaq tilinde ju'da' ko'p taralmag'an. Qon'sılas bolıp kelgen sesler ortasında ha'm tikkeley qon'sı bolıp kelmey, aralarında basqa sesler jumsalg'an qon'sılas buwınlardag'ı sesler ortasında dissimiliyatsiya qubılısı bolıwı mu'mkin; sonday-aq seslerdin' o'z-ara usaslıg'ın jog'altıwı progressivlik ha'm regressivlik dissimilyatsiya tu'rinde bolıwı mu'mkin. Qon'sılas seslerdin' o'z-ara usaslıg'ın joyıltıwın kontaktlı[2] dissimilyatsiya dep, al aralarında basqa sesler jumsalg'an qon'sılas buwınlardag'ı seslerdin' o'z-ara usaslıg'ın joyıltıwın distaktlı[3] dissimilyatsiya dep ataydı.

Qon'sılas seslerdin' o'z-ara usaslıg'ın joyıltıwına, yag'nıy kontaktlı dissimilyatsiyag'a to'mendegi faktlerdi keltiriw mu'mkin:

1. Dawıstın' qatnası boyınsha geypara qon'sılas sesler o'z u'nlesligin jog'altıp aytıladı. Mısalı: *ketpen, batpan, dushpan, ta'reptar, o'ytkeni* sıyaqlı so'zlerdin' so'ylew tilinde *ketben* (ketmen), *batban* (batman), *dushpan* (dushman), *ta'repdar, o'ytgeni* bolıp aytılıwı progressivlik dissimilyatsiya boladı. O'ytkeni qatar kelgen u'nsiz dawıssızlardın' son'g'ısı u'nlige (yamasa sonorg'a) aylanıp tur.

2. Awız yamasa murın boslıg'ının' rezonator xızmetin atqarıwı boyınsha geypara qon'sılas sesler o'z u'nlesligin jog'altadı. Mısalı: *tan'nay-tan'lay, man'nay-man'lay, minnet-mindet, kammag'al-ka'mbag'al* so'zlerinde qatar kelgen eki murınlıq dawıssızlardın' son'g'ısının' o'zgeriwi menen progressivlik dissimilyatsiya qubılısı payda bolıp tur.

3. Jasalıw ornı boyınsha ayırım qon'sılas sesler o'z-ara usaslıg'ın jog'altıwı mu'mkin. Mısalı: *tramvay -tranvay, bomba-bonba, gu'mbez-gu'nbez, qamba-qanba* (ılay ma'nisinde), *tanbadı* (tamshılamaw ma'nisinde), *Allambergen - Allanbergen,* t.b. Bul mısallarda qatar kelgen m ha'm mb erinlik seslerdin' da'slepki

---

[1] **Dissimilyatsiya** — latınsha *dissimiliatio* "usamaw", "sa'ykeslespew" degen ma'nini bildiredi.
[2] **Kontaktlı** — latınsha *contaktus* "tiyip turg'an" degen ma'nide. 22-301.
[3] **Distaktlı** — latınsha *distocus* "ajırasıp turg'an" degen ma'nide.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

(m sesi) til aldı n sesine aylanıp aytılıp, regressivlik dissimilyatsiyanı payda etedi.

4. Sonday-aq tabıs sepliginin' sonor dawıssızdan baslang'an nı, ni jalg'awları bir qatar tu'rkiy tillerde aldında keletug'ın sonor dawıssızlar menen u'nlesip, progressivlik assimilyatsiya nızamı boyınsha (qawınnı, awılnı, a'lemni tu'rinde) jumsalatug'ın bolsa; qaraqalpaq, qazaq, qırg'ız tilinde olar (nı, ni) u'nli dawıssızdan baslanıp, dı, di tu'rinde jumsaladı[1]. Mısalı: *qawındı, awıldı, a'lemdi* t.b. Bul mısallardag'ı sonor menen u'nli dawıssızlardın' qatar keliwi progressivlik assimilyatsiya bolıw menen birge basqa biraz tillerdegi sonordan baslanatug'ın (nı, ni) qosımtalardın' qaraqalpaq tilinde u'nliden baslanatug'ın (dı, di) bolıp jumsalıwı regressivlik dissimilyatsiyanın' na'tiyjesi bolıwı kerek.

Tu'rk tilinde ayırım fonetikalıq jag'daylarda *s (sh), dj* affrikatlarının' aldın'g'ı jabısın'qı *t, d* elementleri tu'sirilip, juwısın'qı *sh (sh), j* seslerine aylanıwın dissimilyatsiya qubılısı dep sanaydı.

Mısalı: *gesmek, gastı, usqın so'zlerinin' geshmek, qashtı, ushqun* bolıp aytılıwı s sesinin' dissimilyatsiyag'a ushırawı boladı; *edjdat* (ata-babalar), *tedjdit* (jan'alaw), *edjnas* (tuqım, sort) so'zlerinin' *edjat, ta'jdit ejnas* bolıp aytılıwı tu'rk tilinde *dj* affrikatının' dissimilyatsiyag'a ushırawı boladı.[2]

O'zbek ha'm basqa da bir qansha tillerde *kesti, qasti, usqun* sıyaqlı so'zlerde jabısın'qı dawıssızlardın' aldında jumsalıp turg'an affrikat s (sh) sesinin' qaraqalpaq tilinde *sh (sh)* sesi menen almasıp qollanıwının' o'zi de (qaraqalpaq tilinde) qashtı, keshti, ushqın (regressivlik dissimilyatsiya menen baylanıslı fonetikalıq qubılıs bolıp sanaladı.

Qon'sılas emes seslerdin' usaslıg'ının' jog'alıwına, yag'nıy distaktlı dissimilyatsiyag'a orıs tilinen kirgen koridor so'zinin' kolidor bolıp aytılıwı (aldın'g'ı r sesinin' l sesine aylanıwı), *fefrar* (latınsha *februarius*) so'zinin' *fevral* bolıp (son'g'ı r sesinin' *l* sesine aylanıwı) qa'liplesiwi mısal bola aladı. Sonday-aq eski orıs tilindegi *verblyud* usınday dissimilyatsiyanın' na'tiyjesinde verblyud bolıp qa'liplesken.[3] Aldın'g'ı *l* sesi son'g'ı *l* sesinen qashıqlasıp, *r* sesine aylang'an.

[1] *Аханов К.* Тіл білімінің негіздері. Алма-ата, 1973, 318-bet.
[2] *Севортян Э. В.* Фонетика турецкого литературного языка. М., 1955, 53-bet.
[3] *Реформатский А. А.* Введение в языкознание. М., 1967, 202-bet.



## SO'Z QURILISINDAG'I AYIRIM SESLİK QUBILISLAR

### § 43. Reduktsiya qubılısı

Ayırım fonetikalıq jag'daylarda seslerdin' artikulyatsiyalıq jaqtan a'dettegisinen qısqa ha'm ha'lsirep aytılıwı reduktsiya[1] qubılısı delinedi. Qaraqalpaq tilinde ko'birek sozımlılıg'ı boyınsha reduktsiyag'a ushıraydı.

Reduktsiya tiykarınan dawıslılarg'a ta'n qubılıs. Dawıssız seslerde sozımlılıg'ı jag'ınan barlıq fonetikalıq jag'daylarda bir qıylı bola bermeydi. Olar geypara fonetikalıq jag'daylarda ha'dden tıs qısqa aytılıwı mu'mkin[2].

Birdey fonetikalıq jag'daylarda ha'r qıylı seslerdin' ortasha sozımlılıg'ı ten'dey bolmaydı. Ma'selen, ashıq dawıslı so'zler birdey fonetikalıq jag'daylarda qısıq dawıslılardan bir qansha sozımlı boladı. Sonday-aq ashıq dawıslılardı o'z-ara, qısıq dawıslılardı o'z-ara salıstırg'anda, olardın' da ten'dey sozımlılıqqa iye emesligin ko'riwge boladı.[3]

Dawıslı sesler pa'tsiz buwınlarda kelgende ko'birek reduktsiyag'a ushıraydı. Dawıssızlardın' reduktsiyag'a ushırawına, yag'nıy sozımlılıg'ının' qısqarıwına qon'sılas dawıssız sesler, buwınnın' sıpatı, dawıslı sestin' so'zdin' qaysı jerinde (basında, ortasında, aqırında) ushırasıwı ta'sir etedi. A'sirese, qısıq dawıslılar bolg'an ı, i, u, u' sesleri sozımlılıg'ı jag'ınan qısqa aytılıwı ha'm ha'r qıylı fonetikalıq jag'daylardın' sebebinen ko'birek reduktsiyag'a ushırawına en' qolaylı jag'day olardın' pa'tsiz buwında

[1] **Reduktsiya** — latınsha *reductio* "qısqartıw" degen ma'ni an'latadı.
[2] Qaraqalpaq tilinin' dawıssız seslerinin' reduktsiyası ele izertlenbey atır. Sonlıqtan tek dawıslılar reduktsiyasın aytıw menen sheklenemiz.
[3] Dawıslı seslerdin' sozımlılıg'ı jo'ninde qaran'ız: *А. Даулетов*. Длительность гласных в односложных словах каракалпакского языка. «Вестник КК ФАН УзССР», 1970, № 3, 57-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

keliwi boladı. Mısalı: *tıp-tınısh, qıs-qıslaw, bir-biri, tu'p-tu'nek* sıyaqlı jubaylas so'zlerdin' aldın'g'ı bir buwınlısındag'ı pa'tli dawıslının' sozımlılıg'ı menen salıstırg'anda son'g'ı eki buwınlı so'zinin' birinshi buwınındag'ı pa'tsiz dawıslı a'dewir qısqarıp reduktsiyag'a ushıraydı.

Dawıslı seslerdin' reduktsiyag'a ushırawına qon'sılas seslerdin' sıpatı da (u'nsiz, jabısın'qı bolıp keliwi) sebepshi boladı. Mısalı, u'nli juwısın'qı *z*, j seslerinin' aldında dawıslılar sozımlı aytılsa, al u'nsiz jabısın'qı p, t, k, q seslerinin' aldında qısqarıp, reduktsiyag'a ushıraydı. Salıstırın'ız: qız-qıt, sız-sıq, diz-dik, buz-buq, du'z-du'k, ju'z-ju'k t.b. Dawıslılardın' reduktsiyag'a ushırawına olardın' so'z ortasında keliwi, qamaw buwında keliwi de sebepshi boladı. Mısalı: *is-tis-tisi, iz-biz-bizi, ıq-tıq-tıqtı* so'zlerinin' ishinde tis, biz, tıq so'zlerindegi dawıslılar so'zdin' basındag'ı ha'm aqırındag'ısına salıstırg'anda qısqa aytıladı; eki buwınlı so'zlerdegi pa'tsiz dawıslı ba'rinen de qısqa aytıladı; al son'ındag'ı pa'tli dawıslı sozımlı aytıladı.

Dawıslılardın' reduktsiyag'a ushırawına so'zdegi seslerdin' sanının' ko'beyiwi, buwın sanının' ko'beyiwi, qon'sılas buwındag'ı jumsalatug'ın dawıslının' ashıq dawıslı ses bolıwı ha'm t.b. fonetikalıq jag'daylar da sebepshi boladı.[1]

Sonday-aq seslerdin' reduktsiyag'a ushırawına so'ylew tezligi de ta'sir etedi. Qanshelli jıldam so'ylense, sesler sonshelli qısqa aytılıp, ko'birek reduktsiyag'a ushıraydı. Seslerdi qısqartıwshı bir neshe fakt birlikte kelse, sesler ko'birek reduktsiyag'a ushırawı mu'mkin. Mısalı: pitker, qutqar, ku'tsin sıyaqlı so'zlerde birinshi buwındag'ı dawıslı seslerdin' reduktsiyag'a ushırawına bir neshe fakt birden sebepshi bolıp tur. Atap aytqanda, birinshi buwınnın' pa'tsiz bolıwı, dawıslının' qamaw buwında keliwi, jabısın'qı u'nsiz dawıssızlardın' qorshawında turıwı sebepshi boladı.

## § 44. Eliziya qubılısı

Ayırım fonetikalıq jag'daylarda seslerdin' tu'sip qalıw qubılısı eliziya delinedi[2]. Seslerdin' tu'sip qalıwı reduktsiya qubılısı menen

[1] *Б. Калиев.* Каракалпак тiлiндегi дауысты дыбыс редукциясы туралы. «Известия АН Каз ССР», серия общественная №1, 1967.
[2] **Eliziya** — latınsha *elisio* — "tu'sip qalıw" degen ma'nini bildiredi.



baylanıslı boladı. Reduktsiyag'a ushırag'an sesler waqıttın' o'tiwi menen tu'sip qalıwı mu'mkin. Dawıslı sesler qanday fonetikalıq jag'dayda reduktsiyag'a ushırag'an bolsa, tiykarınan sonday fonetikalıq jag'daylarda eliziyag'a ushırawı mu'mkin. Dawıslı sesler eliziyag'a ushırag'anda reduktsiyag'a ushırag'andag'ıday fonetikalıq jag'dayda bolıw menen birge (pa'tsiz buwında keliw, jabısın'qı u'nsizlerdin' aralıg'ında keliwi t.b.) og'an qosımsha fonetikalıq jag'daylar da ta'sir etedi. Mısalı, tu'bir so'zge dawıslıdan baslang'an qosımta qosılg'anda, tu'birdin' aqırındag'ı jabıq buwındag'ı son'g'ı dawıssiz ses jan'adan qosılg'an affikske qaray o'tedi de, tu'birdegi buwın ashıq buwıng'a aylanadı. *Xalıq, awız, murın, qarın, kewil, qa'yin* usag'an atlıq so'zlerge dawıslı sesten baslanatug'ın tartım jalg'awı jalg'ansa, tu'birdin' son'g'ı buwınındag'ı pa'tli dawıslılar endi ashıq buwında pa'tsiz jag'dayda qaladı. Na'tiyjede *xalqı, awzı, murnı, qarnı, kewli, qa'ynim* bolıp, ortan'g'ı buwındag'ı dawıslı ses tu'sip qaladı.

Biraq usı tiptegi barlıq so'zlerde pa'tli buwınnın' aldındag'ı pa'tsiz buwındag'ı dawıslı sesler mudamı tu'sip qala bermeydi. Kerisinshe, *qulını, julını, qawını, kelini, bilimi* usag'an ko'pshilik atlıq so'zlerde ortan'g'ı dawıslı sesler a'welgi mısallardag'ı sıyaqlı fonetikalıq jag'dayda turg'anına qaramastan hesh tu'sip qalmay aytıladı ha'm jazıwda olar saqlanıp jazıladı.

Ayırım sestin', sesler dizbeginin' tu'sip qalıw qubılısı qarapayım so'ylew tilinde jiyi ushırasadı. A'debiy tilde jumsalatug'ın *balalar, qarıydar, alg'an, kelgen, salg'an, alıptı, salıptı, kelipti, qalıptı* usag'an so'zler qarapayım so'ylew tilinde *ballar, qardar, ag'an, sag'an, kegen, aptı, saptı, kepti, qaptı* tu'rinde aytıla beredi. Ayırım so'z dizbeklerinin' da'slepki sın'arının' son'g'ı sesi so'ylew tilinde tu'sirilip, olar pu'tin bir so'z tu'rinde aytıladı. Mısalı: *qarat, sarat, baraladı, kelaladı, altay, ekqollap, usyer, oyaq, sogu'ni* t.b. A'debiy tilde olar so'z dizbegi tu'rinde aytıladı ha'm jazıwda formaları tolıq saqlanıp, *qara at, sarı at, bara aladı, kele aladı, altı ay, eki qollap, usı jerde, ol jaq, bul jaq, sol ku'ni* tu'rinde jazıladı.

*Bul, ol, sol* almasıqlarına iyelik, barıs, tabıs sepliklerinin' jalg'awları qosılg'anda son'ındag'ı l sesinin' tu'sirilip, *bunın', sonın', onın', bug'an, sog'an, og'an, bunı, sonı, onı* tu'rinde aytılıwı ha'm jazılıwı da eliziyalıq qubılıs boladı.

Keltirilgen mısallardan ko'ringenindey-aq eliziya qubılısı dawıslılarg'a ta'n bolıp qalmastan, dawıssızlarda da ushırasadı eken.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## § 45. Epenteza qubılısı

So'zdin' basında eкi dawıssızdın' aralıg'ına dawıslılar u'nlesligine sa'yкes qısıq *ı, i, u, u'* seslerinin' birewinin' qosılıp aytılıwı epenteza[1] qubılısı delinedi. Mısalı: *plan, plenum, tramvay, traкtor, кrovat, gruppa, brus, кlub, byudjet* sıyaqlı so'zler *pılan, pilenum, tıramvay, tıraкtor, кıravat, guruppa, burıs, кulub, byuydjet* tu'rinde epentezalıq dawıslı menen aytıladı. Bunday bolıp dawıslı sestin' qosılıwı so'z basında eкi dawıssızdın' qatarına dizbeкlesip, qabatlasıp кeliwin saplastırıwg'a bag'darlanadı. So'z basında bir neshe dawıssız sestin' qatara кeliwi qaraqalpaq tili ushın, ulıwma tu'rкiy tiller ushın ta'n jag'day emes. Sonlıqtan, orıs tili arqalı qaraqalpaq tiline кirip кelgen so'zlerdin' basında qatara кelgen dawıssız seslerdin' aralıg'ına epentezalıq dawıslılar qosılıp aytıladı. Biraq, bul jazıwda esapqa alınbaydı.

Sonday-aq, so'zdin' aqırındag'ı dawıssızlar dizbeginin' aralıg'ında dawıslı sestin' qosılıp aytılıwı da epentezalıq qubılıs delinedi. Mısalı, *metr, litr, shifr, кitel* usag'an orıs tili arqalı кirgen so'zler *metir, litir, shiyfir, кiytil* tu'rinde eкi buwınlı bolıp aytıladı. Erteden qollanılıp ju'rgen *gu'rsh, bursh, qulp, mu'lк, ters* sıyaqlı tu'pкilikli so'zler *gu'rish, burısh, qulıp, mu'liк, teris* tu'rinde de aytıladı ha'm ha'zirgi imla qa'deleri boyınsha olardag'ı dawıslılar saqlanıp jazıladı. Qaraqalpaq tilinin' tu'pкilikli so'zlerinin' ha'm arab, parsı tillerinen кirgen so'zlerdin' aqırında sonorlar menen u'nsiz dawıssızlar qatarlasıp кele beredi. Mısalı: *qant, jent, gilt, sarp, tars, gu'rs, jalt* t.b. Bul so'zlerdegi qatara кelgen dawıssızlardın' arasına epentezalıq dawıslı ses qosılmaydı.

## § 46. Proteza qubılısı

Epenteza qubılısı boyınsha so'zdin' ishinde qatara кelgen dawıssız seslerdin' arasına dawıslı ses qosılıp aytılatug'ın bolsa, al proteza[2] qubılısı boyınsha so'zdin' basında dawıssız sestin' aldına dawıslı ses qosılıp aytıladı. Mısalı: *ray, ras, ret, ren', ra'ha't, ra'wshan* t.b. sıyaqlı so'zler *ıray, ıras, iret, iren', ira'ha't, ırawshan* tu'rinde aldın'g'ı buwınnın' juwan-jin'ishкeligine qaray juwan ı

[1] **Epenteza** — grekshe *epenthesis* "qosıp qoyıw" degendi an'latadı.
[2] **Proteza** — grekshe *protesis* — "o'zgertip qoyıw" ma'nisin bildiredi.



yamasa jin'ishкe i dawıslısı qosılıp aytıladı; *roman, rota, ruda, ruxsat, ruxlanıw* sıyaqlı so'zlerden birinshi buwınında erinliк sesler кelgenliкten so'zdin' basına *u* sesi qosılıp, *uroman, urota* t.b. tu'rinde aytıladı. Orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden кirgen *radio, raкeta, reforma,* t.b. кo'p g'ana so'zler *ıradio, ıraкeta, ıreforma* tu'rinde so'z basında dawıslı sestin' qosılıwı arqalı aytıladı. Solay etip, joqarıdag'ı mısallardan кo'rgenimizdey, *r* sesinen baslang'an so'zler protezalıq dawıslılardın' qosılıwı arqalı aytıladı.

Orıs tili arqalı кirip кelgen dawıssızlar dizbeginen baslanatug'ın *stol, staкan, spravкa, shкaf, sкelet, shtraf* sıyaqlı so'zlerge de protezalıq dawıslılar qosılıp, *ustol, ıstaкan, ıshкaf, ıspravкa, iskelet, ıshtraf (ıshtaraf)* tu'rinde aytıladı. Biraq, bul sıyaqlı qatara dizbeкlesip кelgen bir neshe dawıssızlardın' aldına (ha'm aralıg'ına) dawıslı sestin' qosılıwının' sebebi bir buwınnın' ishinde bir neshe dawıssızlardın' qabatlasıp, dizbeкlesip кeliwinin' qaraqalpaq tili ushın ta'n jag'day emesliginen bolıwı кereк. Dawıslı seslerdin' qosılıwı menen buwınnın' qurılısı o'zgeredi: *spravкa* so'zi ıs-pı-rav-кa, *stol* so'zi us-tol tu'rinde buwıng'a bo'linip aytıladı; qabatlasıp кelgen dawıssızlar bir buwınnın' quramınan endi ha'r tu'rli buwınnın' quramına o'tedi. Na'tiyjede buwınnın' quramında bir neshe dawıssız sestin' qabatlasıp кeliwine jol qoyılmaydı.

## § 47. Epiteza qubılısı

So'zdin' aqırına ayırım seslerdin' qosılıp aytılıwı epiteza[1] qubılısı delinedi. Ko'pshiliк jag'dayda qabatlasıp кelgen eкi dawıssızg'a tamamlang'an orıs tilinen кirgen so'zlerdin' aqırına dawıslı ses qosılıp aytıladı. Mısalı: *blanк, banк, кiosк, tanк, disк* usag'an so'zler *blanкa, banкa, кiosкa, tanкa, diskа* tu'rinde yamasa *blanкı, banкı, кiosкı, tanкı, disкı* tu'rinde olardın' son'ına dawıslı ses qosılıwı arqalı aytıladı. Sonday-aq, *Omsк, Minsк, Kursк* sıyaqlı so'zlerdin' *Omsкiy, Kursкiy, Minsкiy* tu'rinde aytılıwı da epiteza qubılısı bolıp sanaladı. Bunday epitezalıq qubılıslar orıs tilinen кirgen so'zlerge ta'n boladı.

[1] **Epiteza** — grekshe *epithesis* "arttırıw, qosıp qoyıw" ma'nisin bildiredi.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

## § 48. Metateza qubılısı

So'zdin' qurılısındag'ı geypara seslerdin' orın almasıp aytılıwı til biliminde metateza[1] qubılısı delinedi. Qaraqalpaq tilinde seslerdin' orın almasıwı mına sıyaqlı so'zlerde ushırasadı: *qıylanıw-qıynalıw, aylanıw-aynalıw, awhal-ahwal, o'кpe-o'pкe, saqpan-sapqan, qaqpan-qapqan, кepкir-кeкpir, tu'pкir-tu'кpir, sebgir-segbir* t.b. Sonday-aq, *tamg'a-tan'ba, jamg'ır-jan'bır* so'zlerindegi seslerdin' almasıwı da metateza qubılısı boladı. Joqarıda кeltirilgen jubaylas so'zlerdin' aldın'g'ıları tilimizde кo'birек jumsaladı. Sonlıqtan, olar a'debiy tilde norma retinde qabıl etiliwi кereк. Al, son'g'ıları qarapayım so'ylew tilinde jumsala beriwi mu'mкin.

---

[1] **Metateza** — grekshe *metathesis* "orın almastırıw" degendi an'latadı.



### BUWIN

## § 49. Buwınnın' jasalıwı

So'ylew waqtında so'ylew ag'ımı ta'biyiy tu'rde buwınlarg'a bo'linip aytıladı. So'ylew ag'ımın payda etiwdin' deregi bolg'an hawa ag'ımı ju'da' az waqıtqa bo'liniwi na'tiyjesinde buwınnın' jigi payda boladı. So'ylew ag'zaları musкullarının' seziwi ha'm esitiwi arqalı buwınlardın' shegarası esitilip turadı. Solay etip, buwın fonetiкalıq кategoriya bolıp awızeкi so'ylew arqalı ju'zege asadı. So'ylew waqtında sesler birgelкi aytılmaydı. Dawıssız seslerdi aytqanda so'ylew ag'zaları ortasında jabısıw yamasa jaqınlasıw payda etiletug'ınlıg'ı, dawıslılardı aytqanda so'ylew ag'zalarının' aralıg'ı ashıq halda bolatug'ınlıg'ı belgili. Al, so'ylew bolsa, dawıslı ha'm dawıssız seslerdin' maqsetкe muwapıq izbe-iz dizbeкlesкen ag'ımınan turadı. Sonlıqtan, so'ylew waqtında awız boslıg'ında u'nsiz jabısıw (yamasa juwısıw) ashılıw mudamı qaytalanıp turadı. Bunday qubılıslar buwınnın' jasalıwına sebepshi boladı.

So'ylew ag'zalarının' jabısıw (yamasa juwısıwı) ha'm ashılıw qubılısı menen so'ylew ag'zaları musкullarının' bosan'lasıw ha'm olardın' кeriliw qubılısı, basqasha aytqanda so'ylew ag'zalarının' teк belgili bo'liminin' кo'birек кu'sh jumsalıwı ha'm tutas barlıq so'ylew ag'zalarının' birliкte кo'birек кu'sh jumsawı, o'z-ara tıg'ız baylanıslı boladı. Dawıslı seslerdin' artiкulyatsiyası waqtında awız boslıg'ı anaw ya mınaw da'rejede кen'ireк ashıq bolıwı menen birge tutas so'ylew ag'zalarının' musкulları кerilip, barlıq so'ylew ag'zaları кo'birек кu'sh jumsaydı. Al, dawıssız seslerdi aytqanda so'ylew ag'zalarının' bir bo'liminde g'ana maкsimal jaqınlasıw (yamasa jabısıw) boladı ha'm da'l sol bo'limine кo'birек кu'sh tu'sip, кo'birек energiya jumsaladı da, qalg'an so'ylew ag'zalarının'



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

muskullarы bosan' halda turadı. Ko'birek ku'sh jumsalıp, muskullardın' keriliwi arqalı jasalatug'ın ses (dawıslı ses) buwın quraytug'ın ses delinedi ha'm ol buwındı sho'lkemlestiriwshi, buwınnın' orayı boladı. Al, az ku'sh jumsalatug'ın, muskullardın' bosan'lasıwı arqalı jasalatug'ın ses (dawıssız ses) buwın quray almaytug'ın ses delinedi ha'm ol dawıslı sestin' jeteginde buwınnın' qurılısında keledi.

## § 50. Buwıng'a bo'liw

Ha'r bir buwın artikulyatsiyalıq jaqtan u'sh basqıshtan turadı; birinshi ku'sh jumsawdın' kem-kem o'sip barıw basqıshı; ekinshi, ku'sh jumsawdın' shın'ı; u'shinshi, ku'sh jumsawdın' pa'sen'lep barıw basqıshı. Dawıssız sesler buwınnın' orayı bolg'an dawıslı sestin' aldında yamasa son'ında kelip, ku'shtin' kem-kem o'siw yamasa pa'sen'lep barıw basqıshına tuwra keledi. Eger buwın tek jalg'ız dawıslı sesten ibarat bolsa, ol dawıslı ses u'sh basqıshtı da tolıq bastan keshiredi. Bunı grafikalıq usıl arqalı tolqın ta'rizli iymek sızıq penen ko'rsetiw mu'mkin:

Buwınnın' shın'ı (ekinshi basqısh) iymek sızıqtın' en' do'n'is bo'liminde jaylasadı; do'n'istin' eki qaptalında birinshi ha'm u'shinshi basqısh jaylasadı; buwınlardın' shegarası to'mengi oyısta boladı.[1]

Muskullardın' bosan'lasıwı menen qaytadan kerilip, qataya baslawının' aralıg'ınan buwınnın' shegarası o'tedi. Buwınnın' shegarasında hawa ag'ımı az waqıtqa bo'linedi. Buwınnın' shegarasındag'ı dawıssız sestin' aldın'g'ı ha'm keyingi bo'limleri birgelki aytılmaydı. Eger de buwın dawıssız sesten baslansa, yag'nıy buwınnın' ishinde dawıssızdan keyin dawıslı kelse, onda ol dawıssızdın' son'g'ı bo'limi qattı aytıladı. Eger de buwın dawıssızg'a tamamlansa, onda ol dawıssız sestin' aldın'g'ı bo'limi qattı aytıladı. Bul a'sirese, jabısın'qı dawıssız seslerdin' son'g'ı — jarılıwshı bo'liminin' aytılıwında anıq ko'rinedi. Ma'selen, *tas* so'zindegi *t* sesinin' son'g'ı jarılıwshı bo'limi anıq ha'm ku'shli aytıladı, al, *at* so'zindegi *t* sesinin' jarılıwshı bo'limi ju'da' o'lpen' aytıladı yamasa geyde aytılmay da (jarılıw payda etilmey) qaladı. Sonday-aq, *tat*,

[1] *Л. Р. Зиндер* Общая фонетика. Л., 1960, 283-bet.



*qaq* sıyaqlı so'zlerdin' basındag'ı ha'm aqırındag'ı birgelki fonemalardı salıstırsaq ta bul qubılıstı an'laymız. Solay etip, buwınnın' ishindegi dawıssız sestin' dawıslıg'a jaqın bo'limi qattıraq aytıladı.

So'zlerdi buwınlarg'a bo'liw pawza ha'm pa't penen tıg'ız baylanıslı boladı. So'zdin' son'ında keletug'ın dawıssız ses pawzanın' aldında kelgende bir buwıng'a (aldın'g'ı buwıng'a), so'ylew ag'ımının' ishinde — so'z dizbegindegi so'zlerdin' shegarasında kelgende ekinshi (son'g'ı) buwıng'a qaraslı boladı. Mısalı: *Waqıt o'tiw menen jas ta qartayar.* Bul ga'pte *jas* so'zi baslawısh bolıp, onnan keyin pawza islenedi. Al, *ol — jas ag'ash* degen ga'pte *ol* so'zi baslawısh bolıp, onnan keyin pawza islenedi. *Jas ag'ash* — anıqlawshı ha'm anıqlanıwshılıq qatnastag'ı so'z dizbegi bolıp, olardın' arasında pawza islenbeydi. Sonlıqtan, *jas* so'zindegi pa't ko'meskilenedi ha'm ol so'z pu'tinligin jog'altıp, son'g'ısı *s* sesi kelesi so'zdin' birinshi buwını menen qosılıp, *ja-sa-g'ash* tu'rinde aytıladı.

So'ylew waqtında so'zlerdi jeke-jeke seslerge bo'liw tek lingvistikalıq tiykarda g'ana mu'mkin boladı. Bir-birine o'tlesip ketkenlikten so'ylew ag'ımına artikulyatsiyalıq belgiler tiykarında seslerdi bo'lip ala almaymız. So'ylew ag'ımı artikulyatsiyalıq jaqtan dara-dara seslerge emes, al buwınlarg'a bo'linedi. So'ylewdin' en' kishi artikulyatsiyalıq birligi buwınlar boladı. Sonlıqtan, so'zler morfologiyalıq qurılısına qaray tu'bir ha'm qosımtalarg'a bo'linse, fonetikalıq qurılısına qaray olar buwınlarg'a bo'linedi. Biraq so'zlerdin' buwınlarg'a bo'liniwi menen morfemalarg'a bo'liniwi mudamı sa'ykes kele bermeydi. Ma'selen, *at-lar, ayt-tı, bas-la* sıyaqlı so'zlerde buwınnın' shegarası menen morfemanın' shegarası bir jerden o'tip, sa'ykes kelip tur; al *sanas, kele, u'yrete* so'zleri morfologiyalıq jaqtan *san-a, ke-le, u'y-re-te* bolıp buwınlarg'a bo'linip morfemanın' shegarası menen buwınnın' shegarası sa'ykes kelmeydi.

## § 51. Buwınnın' tu'rleri

Buwınnın' qurılısındag'ı dawıslı menen dawıssız seslerdin' ornalasıw ta'rtibine qaray qaraqalpaq tilinde buwınlar ashıq buwın, tuyıq buwın, qamaw buwın bolıp bo'linedi.

Tek bir dawıslıdan ibarat bolg'an yamasa dawıssız sesten baslanıp, dawıslıg'a tamamlanatug'ın buwın ashıq buwın delinedi.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Mısalı: *a-ta, a-na, ke-le, je-ti, qa-la-g'a* so'zlerindegi buwınlardın' ba'ri ashıq buwın. Solay etip, ashıq buwın tek bir fonemadan (dawıslıdan) turıwı da, eki fonemadan (dawıssız benen dawıslının' dizbeginen) turıwı da mu'mkin. Qaraqalpaq tilinde tek ashıq buwınnın' o'zinen quralg'an so'zler ju'da' az gezlesedi. Mısalı: *ma', de, je, a* (tan'laq so'z) usag'an az sandag'ı so'zler ashıq buwınnan turadı. Dawıssız-dawıslıdan ibarat bolg'an eki fonemalı buwınlar ko'p buwınlı so'zlerdin' basında, ortasında ha'm aqırında ushırasa beredi. Mısalı: *xa-lıq, bas-la-g'an, bas-shı*. Dawıslının' o'zinen turatug'ın bir fonemalı buwın so'zdin' basında g'ana ushırasadı da, al onday buwın so'zdin' ortasında ha'm aqırında tu'pkilikli so'zlerde ushıraspaydı. Orıs tili arqalı qaraqalpaq tiline kirgen *ge-o-gra-fi-ya, zo-o-lo-gi-ya, ko-o-pe-ra-tiv* usag'an sanawlı so'zlerde bir fonemalı (tek dawıslıdan turatug'ın) buwın jazıwda so'zdin' ortasında keledi. Biraq olar ko'binshe awızsha *ge-gra-fi-ya, za-lo-gi-ya, ka-fe-ra-tiv* tu'rinde aytıladı. Tek dawıslının' o'zinen turatug'ın qosımtalar (sonday-aq dawıslıdan baslanatug'ın barlıq qosımtalar da) mudamı dawıssız seske pitken so'zge qosıladı ha'm qosılatug'ın son'ındag'ı dawıssız sesi son'g'ı qosılg'an buwıng'a qaray o'tip, dawıssız-dawıslı tu'rindegi eki fonemalı buwındı payda etedi. Mısalı: *bar+a-ba+ra, kel+e-kel+le*.

Dawıslıdan baslanıp, bir yamasa qatara kelgen eki dawıssız seske tamamlang'an buwın tuyıq buwın delinedi. Mısalı: *ay, as, aq, at, is, ut, uq, un, art, ant, u'rk* sıyaqlı so'zler, *ay-tıs, aq-la, art-qı, ant-qa* so'zlerinin' birinshi buwını tuyıq buwınnan ibarat. Solay etip, tuyıq buwın eki fonemalı ha'm u'sh fonemalı bolıp keledi. U'sh fonemalı tuyıq buwın sheklengen halda siyrek ushırasadı. Qa'de boyınsha eki dawıssızg'a tamamlang'an u'sh fonemalı tuyıq buwınnın' son'g'ı dawıssız sesi u'nsiz, aldın'g'ısı sonor bolıp keledi. Qaraqalpaq tilinde *u'st, ast* usag'an tu'bir so'zlerdin' aqırında eki u'nsiz dawıssız sesler qatara keledi. Biraq, ol so'zler mudamı *u'sti, astı* tu'rinde qosımta qosılg'an halda jumsaladı.

Ko'p buwınlı so'zlerde tuyıq buwın tek so'zdin' basında ushırasadı. Al, so'z ortasında ha'm aqırında tuyıq buwın jumsalmaydı. Bunın' sebebi qaraqalpaq tilinde so'zdin' ortasında ha'm aqırındag'ı buwının' basında dawıslı ses jumsalmaydı. *Qanaat, zu'ra'a't, saat* sıyaqlı so'zlerdi esapqa almag'anda (olar da *qanahat, zu'ra'ha't, sag'at* tu'rinde aytıladı) tu'pkilikli so'zlerdin' ortasında ha'm aqırında eki dawıslı ses qatara kelmegenlikten onday pozitsiyalarda tuyıq buwın ushıraspaydı. Orıs tili arqalı kirgen geografiya tipindegi so'zlerde eki dawıslı qatara kelgen menen de tuyıq buwın payda etilmeydi.



Qaraqalpaq tilinde tuyıq buwınnan turatug'ın qosımtalar mudamı dawıssızg'a pitken so'zge qosıladı ha'm qosılg'an so'zinin' son'ındag'ı dawıssız ses son'g'ı qosılg'an buwıng'a o'tip, dawıssız-dawıslı-dawıssız tu'rindegi qamaw buwındı payda etedi. Mısalı: *bar+ıp-ba+rıp, kel+ip-ke+lip* t.b.

Dawıssızdan baslanıp, bir yamasa qatara eki dawıssız seske tamamlanatug'ın, solay etip, dawıslı ses dawıssızlardın' qorshawında keletug'ın buwın qamaw buwın delinedi. Mısalı: *bas, tas, tis, ku'n, qant, jent, to'rt* t.b. so'zler qamaw buwınnan ibarat. Qamaw buwın ko'binshe u'sh fonemadan, sheklengen jag'dayda (en' son'g'ı dawıssızı u'nsiz, onnan aldın'g'ısı sonor keliw sha'rti menen) to'rt fonemadan turadı. *Qamaw* buwın jumsalıwı jag'ınan sheklenbeydi, yag'nıy o'z aldına so'z tu'rinde de, ko'p buwınlı so'zlerdin' basında, ortasında ha'm aqırında da jumsala beredi. Mısalı: *jas, ba-lıq, bi-lim-li* t.b.

Joqarıda ashıq buwınnın' bir ha'm eki fonemadan, tuyıq buwınnın' eki ha'm u'sh fonemadan, qamaw buwınnın' u'sh ha'm to'rt fonemadan turatug'ınlıg'ın ko'rdik. Ashıq, tuyıq ha'm qamaw buwınlarındag'ı fonemalardın' sanına qaray otırıp, buwınlardı to'mendegishe tu'rlerge bo'liw mu'mkin:

1. Bir fonemalı ashıq buwın-*A*, Mısalı: *a* tan'laq so'zi, *a-g'a, i-ni* so'zlerinin' birinshi buwını;
2. Eki fonemalı ashıq buwın — *BA*.[1] Mısalı: *de, ba-la, ke-le*;
3. Eki fonemalı tuyıq buwın — *AB*. Mısalı: *at* so'zi, *al-mas, u'l-ken* so'zlerinin' birinshi buwınları;
4. U'sh fonemalı tuyıq buwın — *ABB*. Mısalı: *ant* so'zi, *ayt-tı, u'rk-ti* so'zlerinin' birinshi buwınları;
5. U'sh fonemalı qamaw buwın — *BAB*. Mısalı: *tas, bas-paq, qal-paq*;
6. To'rt fonemalı qamaw buwın — *BABB*. Mısalı: *qant* so'zi, *tu'rt-ki* so'zinin' birinshi buwını.

---
[1] Sha'rtli tu'rde *A* — dawıslı, *B* — dawıssız ses ma'nisinde.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Buwınnın' bunday tu'rleri tek qaraqalpaq tilinde jumsalıp g'ana qoymastan, sonın' menen birge olar tu'rkiy tillerdin' ba'rine de ortaq sıpatqa iye boladı[1].

Joqarıda ko'rsetilgen buwınlardın' tu'rleri jeke so'z retinde de, ko'p buwınlı so'zlerdin' qurılısında da jumsala beredi. N.A. Baskakovtın' aytıwı boyınsha tu'rkiy tillerde tu'bir so'zlerdin' en' eski tu'ri BAB tipindegi so'zler bolg'an. Al, basqa tiptegi tu'bir so'zler (ma'selen, BA, AB, A t.b.) BAB tipindegi so'zlerdin' tu'rli o'zgerislerge ushırawınan payda bolg'an.[2]

Son'g'ı da'wirlerde orıs tilinen tu'rkiy tillerge, sonın' ishinde qaraqalpaq tiline de ko'plep so'zlerdin' kelip kiriwi menen buwınnın' qurılısına jan'alıqlar endi. Tu'pkilikli so'zlerde ushıraspaytug'ın, orıs tili arqalı kirgen so'zlerde g'ana jumsalatug'ın buwınnın' mınaday tu'rlerin ko'riwge boladı:

1. *BBA* tu'rindegi u'sh fonemalı buwın. Mısalı: *sta-kan, bri-ga-da* so'zlerindegi birinshi buwını;
2. *BBAB* tu'rindegi to'rt fonemalı buwın: Mısalı: *stol* so'zi, *trak-tor* so'zinin' birinshi buwını;
3. *BABBB* tu'rindegi bes fonemalı buwın: Mısalı: *punkt, tekst* so'zleri;
4. *BBABB* tu'rindegi bes fonemalı buwın: Mısalı: *front, sport* so'zleri;
5. *BBBAB* tu'rindegi bes fonemalı buwın: Mısalı: *sprav-ka* so'zinin' birinshi buwını.

Orıs tilinen kirgen so'zlerdegi buwınlardın' bul tu'rlerinin' aytılıwı menen jazılıwı ortasında parq bar. Bul parq orıs tilinen kirgen buwınlardın' qurılısında bir neshe dawıssız seslerdin' qatara keliwi menen baylanıslı. Qaraqalpaq tilinin' tu'pkilikli so'zlerinde bir buwınnın' ishinde dawıssız seslerdin' qatara keliwi ju'da' sheklengen; buwınnın' aqırında eki dawıssız ses (u'nsiz-sonor) dizbeklesip keliwi mu'mkin; al buwınnın' basında eki ya bir neshe dawıssızdın' qatara keliwi, buwınnın' aqırında ekiden artıq dawıssızdın' dizbeklesip qatara keliwi pu'tkilley ushıraspaydı.

[1] *Баскаков Н. А.* Структура слога в тюркских языках. Исследования по сравнительной грамматике тюркских языков, I, Фонетика, 333-bet.
[2] *Sonda, sol bette.*



## § 52. Qaraqalpaq tilinde so'zlik pa't ma'selesi

Eki yamasa ko'p buwınlı so'zlerdegi barlıq buwınlar aytılıwı jag'ınan birgelki bolmaydı. Ko'p buwınlı so'zlerdin' bir buwını, a'sirese ondag'ı dawıslı sesi basqaların salıstırg'anda ko'terin'ki aytıladı. Buwınnın' bunday ayrıqsha ko'terin'ki aytılıwı pa't dep ataladı. Pa't tu'sken buwın pa'tli buwın delinedi de, pa't tu'spegen, o'lpen' aytılatug'ın buwın pa'tsiz buwın dep aytıladı.

Pa'tli buwın pa'tsiz buwınnan ku'shli aytılıwı menen, joqarı tong'a iye bolıwı menen ha'm ondag'ı dawıslı sestin' ko'birek sozımlılıqqa iye bolıwı menen ayrılıp turıwı mu'mkin. Pa'tli buwınnın' ku'shli aytılıwı, joqarı tonda bolıwı ha'm dawıslı sesinin' sozımlı bolıw faktlerinin' ba'ri belgili da'rejede birgelikte keliwi menen birge olardın' birewi artıqmashılıqqa iye boladı.[1] Sonlıqtan da geypara tillerge ko'binese ku'shli (dinamikalıq) pa't, bazıbir tillerge muzıkalıq (tonikalıq) pa't ta'n boladı; bir qansha tillerde pa'tli buwın sozımlılıq mug'darı menen (kvantitativ pa't) ko'zge tu'sedi.

Tu'rkiy tillerde so'zlik pa't ha'm onın' ta'biyatı menen onı jo'ninde, atqaratug'ın xızmeti haqqında ko'p jıllardan berli tyurkologiyalıq a'debiyatlarda so'z etilip kelmekte. Biraq, ilimpazlar ortasında bul haqqında pikirler og'ada ha'r qıylı. Ko'pshilik izertlewshiler tu'rkiy tillerde pa't turaqlı sıpatqa iye boladı ha'm mudamı son'g'ı buwıng'a tu'sedi dese, birewler kerisinshe pa't so'z qurılısındag'ı ha'r tu'rli buwınlarg'a tu'sedi ha'm ol fonologiyalıq xızmet atqaradı deydi.

Ha'tteki son'g'ı da'wirde tu'rkiy tillerde so'zlik pa'ttin' ulıwma joq ekenligi jo'ninde, onın' xızmetin tolıq tu'rde singarmonizm atqaratug'ınlıg'ı haqqında pikirler orın alıp kiyatır. Tu'rkiy tillerde pa't jo'ninde belgili tyurkolog A. M. Sherbak bılay dep jazadı: „Tyurkologlardın' pikirleri og'ada qarama-qarsılıqlı, ha'tteki bir tildin' o'zinde ko'pshilik jag'dayda pa't jo'ninde tikkeley qarama-qarsı juwmaqlar shıg'arıladı".[2]

Bunday pu'tkilley qarama-qarsılıqlı pikirlerdin' bolıwının' da teren' sebebi bar. Birinshiden, tu'rkiy tillerde pa't fonologiyalıq xızmet atqarmaydı; ekinshiden, fonetikalıq jaqtan da pa'tli buwın

[1] *М. И. Матусевич.* Введение в общую фонетику. М., 1959, 95 — 96-betler.
[2] *А. М. Щербак* Сравнительная фонетика тюркских языков. Л., 1970, 117-bet.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

pa'tsiz buwınnan shamalı g'ana parqlanadı; u'shinshiden, aktsentlik tillerdegi pa'ttin' atqaratug'ın xızmetin tu'rkiy tillerde tolıq tu'rde singarmonizm atqaradı. Mine, bul jag'daylardın' ba'ri singarmonizmnin' tu'rkiy tillerde baslı supersegmentlik qubılıs ekenin tastıyıqlaydı.

Qaraqalpaq tilindegi pa'tli ha'm pa'tsiz buwınlardın' ayırmashılıq da'rejesin orıs tilindegi pa'tli ha'm pa'tsiz buwınlardın' ayırmashılıq da'rejesi menen salıstırsaq, qaraqalpaq tilinde pa'tli buwın pa'tsiz buwınnan az da'rejede ayrılatug'ının bilemiz. Qaraqalpaq tilinde (ulıwma tu'rkiy tillerde) pa't anıq bildirilmeydi ha'm onın' oraylastırıwshılıq qa'siyeti bolmaydı. So'zde neshe buwın bolsa, sonshelli pa't bar sıyaqlı ko'rinedi. Buwınlardın' birewin basqalarınan ko'terin'kirek aytqanımız benen onın' ko'binshe ma'nige ta'siri bolmaydı. Durıs, qaraqalpaq tilinde *alma -a lma, shıg'arma -shıg'a rma , salma -sa lma* tu'rindegi jubaylas so'zlerde pa'ttin' o'zgeriwi ma'ninin' o'zgeriwine de sebepshi bolg'anday ko'rinedi. Biraq ta „Sen kitaptı alma " ha'm „A lma pisti" degen ga'plerdegi alma so'zindegi pa'tti o'zgertip aytqanımız benen ma'nige onshelli ta'sir etpeydi. Pa'tti nadurıs aytqan menen yag'nıy *a lma* — feyil ma'nisinde, *alma* — atlıq ma'nisinde aytılg'anı menen ol so'z ma'ni shıg'armaytug'ın a'piwayı sesler dizbegine aylanıp ketpeydi, tek a'debiy normadan shetlewshilik bayqaladı. Al, orıs tilinde pa't anıq bildiriledi ha'm onın' oraylastırıwshılıq qa'siyeti ku'shli boladı. Pa'ttin' o'zgeriwi menen so'zdin' ma'nisi (za mok-zamo k), so'zdin' forması (tra vı-travı ) o'zgeredi yamasa so'z ma'ni bildirmeytug'ın a'piwayı sesler dizbegine aylanadı (kipi t-ki pit).[1]

So'zdegi pa'ttin' ornına qaray tiller eki toparg'a bo'linedi: erkin pa'tli tiller ha'm turaqlı pa'tli tiller. Erkin pa'tli tiller qatarına orıs tili kiredi. Orıs tilinde pa't so'zlerdin' basındag'ı, ortasındag'ı ha'm aqırındag'ı buwınlarg'a tu'se beredi. Al, tu'rkiy tillerde, sonın' ishinde qaraqalpaq tilinde pa't mudamı derlik so'zdin' aqırg'ı buwınına tu'skendey ko'rinedi. Sonın' menen birge, qaraqalpaq tilinde pa't jıljımalı boladı. Tu'birge qosımtalardın' qosılıp barıwı menen tiykarg'ı pa't son'g'ı buwınlarg'a qaray jılısıp otıradı. Mısalı: *bala , balala r, balaları , balalarımı z, balalarımızg'a* .

[1] *Л. Л. Буланин*. Фонетика современного русского языка. 7; 62-betler.



U'sh ha'm onnan da ko'p buwınlı so'zlerdin' aqırında tiykarg'ı pa't penen birge ayırım buwınlarda ko'mekshi, ekinshi da'rejeli pa't te bar sıyaqlı seziledi. Ma'selen, *ba lala r, i nime* t.b. so'zlerdegi barlıq buwınlar birgelki aytılmaytug'ının bayqaymız. Tiykarg'ı pa't son'g'ı buwıng'a, al birinshi buwıng'a ko'mekshi pa't tu'setug'ınlıg'ın ortan'g'ı buwıng'a salıstıra otırıp an'lawg'a boladı. Sebebi ortan'g'ı buwın o'lpen' aytıladı. Bes-altı ha'm onnan da ko'p buwınlı so'zlerde ko'mekshi pa'ttin' sanı birden de ko'birek sıyaqlı ko'rinedi. Biraq, ko'p buwınlı so'zlerdegi ko'mekshi pa'tli buwınlardı pa'tsiz buwınlardan ayırıw ju'da' qıyın. Mısalı, balalarımızdı , aytqanımızdı degen so'zlerde tiykarg'ı pa't son'g'ı buwıng'a tu'setug'ınlıg'ı belgili. Al, ko'mekshi pa't la (3-buwındag'ı) ha'm qa buwınlarına tu'sedi desek, olardın' basqa pa'tsiz buwınlardan parqı anıq bilinbeydi. Sonın' menen birge birinshi buwında da (ba, ayt), son'g'ı buwınnın' aldın'g'ı buwınında da (mız) ko'mekshi pa't bar sıyaqlı ko'rinedi. Subektiv baqlaw arqalı ko'mekshi pa't jo'ninde anıq sheshimge kele qoyıw qıyın. Bul haqqında eksperimental-fonetikalıq izertlewler na'tiyjesinde g'ana anıq juwmaq shıg'arıw mu'mkin.

Orıs tili arqalı kirgen so'zlerge qaraqalpaq tilinin' qosımtaları qosılg'anda, a'welgi tu'birdegi pa't saqlanadı. Qaraqalpaq tilinin' nızamına bag'ıng'an halda pa't sonday-aq so'zdin' son'g'ı buwınına da tu'sedi. Mısalı: *ra dio-ra diola r, tra ktor-tra ktorla r, telefo n-telefo nla r.* Bul so'zlerge *lar* qosımtası qosılıw menen og'an pa't tu'sedi. Sonday-aq, tu'birdegi pa't te saqlanadı.

Tilimizde jumsalatug'ın ko'p buwınlı so'zlerdin' son'g'ı buwınına pa't tu'sedi. Biraq bul nızamg'a bag'ınbaytug'ın yag'nıy so'zdin' son'g'ı buwınına pa't tu'spey, aldın'g'ı buwınları pa'tli aytılatug'ın tu'bir so'zler de, do'rendi so'zler de ushırasadı. Sonday-aq, geypara qospa so'zlerdin' son'g'ı sın'arına pa't tu'spey, aldın'g'ı sın'arı pa'tli aytılatug'ın jag'daylar da ushırasadı. Aldın'g'ı buwını pa'tli aytılatug'ın tu'bir so'zlerdin' shıg'ısı ko'binshe arab, parsı tillerinen qaraqalpaq tiline kirgen so'zler boladı. Mısalı: *le kin, a'lbe tte* (yamasa a' lbette), *ba zı, ya g'nıy, ha' mme* t.b. Sonday-aq, orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden kirgen so'zler grammatikalıq formalardı qabıl etpegen halda jumsalg'anda orıs tilindegisi tu'rinde aldın'g'ı ha'm ortan'g'ı buwınlarına pa't tu'sirilip aytıla beredi. Mısalı: *o pera, o blast, ene rgiya, gaze ta, diktatu ra, revolyu tsiya, kommu na* t.b.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

A'dette pa't son'g'ı buwıng'a tu'setug'ın, biraq ayrıqsha bir intonatsiya menen aytılg'anda pa't endi son'g'ı buwıng'a emes, al aldın'g'ı buwıng'a tu'setug'ın tu'pкilikli so'zler de ushırasadı. Mısalı: sanaq sanlar — *e кi, a ltı, je ti, se giz, to g'ız, e lli, a lpıs, je tpis, se кsen, to qsan,* soraw almasıqları — *qa ysı, qa nsha, qa nday,* buyrıq meyiller — *o tır, to qta, ta sla* t.b. tu'rinde aytılıwı mu'mкin. A'dette pa't ol so'zlerdin' son'g'ı buwınına (eкi , qaysı ,otı r) tu'sedi. Pa'ttin' da'slepкi buwıng'a tu'siwi ol so'zlerdin' belgili bir jag'dayda jumsalıwına baylanıslı ayrıqsha intonatsiya menen aytılıwınan bolıp otır.

Geypara qospa so'zlerdin' da'slepкi sın'arına pa't tu'sedi de, son'g'ısı pa'tsiz aytıladı. Mısalı: almasıq so'zler — *a'lle кim, a'lle ne, he sh кim, he sh na'rse, ha' r кim, ha' r bir, ha' r na'rse, ha' r qanday* t.b. Sonday-aq, ayrıqsha intonatsiya menen aytılatug'ın qospa sanaq sanlardın' birinshi sın'arı pa'tli, eкinshisi pa'tsiz aytılıwı mu'mкin. Mısalı: *o n bir, o n eкi, o n u'sh, o n to'rt, o n tog'ız* t.b. Al, olar a'dettegi jag'dayda basqasha intonatsiya menen *on bir , on eк i, on u' sh, on to' rt, on tog'ız* tu'rinde aytıladı. Jup so'zlerdin' geyparalarının' aldın'g'ı sın'arına (кu'nne n-кu'nge, jılda n-jılg'a, u'lкe n-u'lкen, ayta -ayta) geyparalarının' son'g'ı sın'arına (ayma-a y, qolma-qo l, bes-altı , jeti-segiz , on-on be s) pa't tu'siwi mu'mкin.

Qaraqalpaq tili agglyutinativlıк (jalg'amalı) tiller qatarına кiretug'ınlıg'ı belgili. Sebebi qaraqalpaq tilinde bir neshe qosımtalar birinen son' biri tu'birge tirкesip jalg'ana beredi. Pa't tu'birge qosılg'an qosımtalardın' en' son'g'ısına tu'sedi. Sonın' menen birge so'zdin' aqırında кelgen barlıq qosımtalar o'zlerine pa'tti qabıl ala bermeydi. Qaraqalpaq tilinde pa't tu'speytug'ın affiкsler de ushırasadı. Olar кo'binshe omonimlıк affiкsler bolıp, bir ma'nide jumsalg'anda pa'tti qabıl etip, pa'tli aytılsa, eкinshi ma'nide jumsalg'anda pa't tu'speydi.

Pa't tu'speytug'ın ha'm pa't tu'setug'ın omonimlıк affiкsler mınalar: Betlıк jalg'awlarına pa't tu'speydi. Mısalı: *bala man, balasa n', bala mız, bala sız, biri men, biri sen', biri miz, biri siz, bara man, bara san', bara sız, bara mız, bara dı* ha'm t.b.

Bul jerde qosımsha esкertetug'ın jag'day — feyildin' o'tкen, кeler, ha'm ha'zirgi ma'ha'l formaları betlengende birgelкi bolıp,



u'sh bette de pa't son'g'ı buwıng'a, yag'nıy betlıк jalg'awlarına tu'speydi. Mısalı:

**I.** baratı rman, baratı rmız
**II.** baratı rsan', baratı rsız
**III.** baratı r

Predıкativlıк feyildin' o'tкen ma'ha'l forması betlengende pa't son'g'ı buwıng'a tu'sedi. Mısalı:

**I b.** bardı m ,saqladı m, bardı q, saqladı q
**II b.** bardı n' ,saqladı n', bardın'ı z, saqladın'ı z
**III b.** bardı , saqladı

Al, predıкativlıк emes, кelbetlıк feyiller o'tкen ma'ha'l formasında betlengende feyildin' ha'zirgi ma'ha'li sıyaqlı bolıp, birinshi ha'm eкinshi bettegi betlıк jalg'awlarına pa't tu'speydi. Mısalı:

**I b.** barg'a nman ,кelge nmen, barg'a nbız ,кelge nbiz
**II b.** barg'a nsan' , кelge nsen', barg'a nsız, кelge nsiz
**III b.** barg'a n ,кelge n

Mız/miz affiкsi betlıк jalg'awı emes, al tartım jalg'awı xızmetinde jumsalg'anda ol o'zine pa't qabıl etedi. Salıstırın'ız: *biz bala mız — bizlerdin' balamı z; biz bi rimiz — bizlerdin' birimi z, sız/siz* affiкsi betlıк jalg'awı emes, кelbetlıк so'z jasawshı suffiкs xızmetinde jumsalsa, ol o'zine pa't qabıl etedi: *siz bala sız — balası z (u'y), siz ada msız — adamsı z (u'y).* Sonday-aq, *ın'ız/in'iz* affiкsi tartım jalg'awı xızmetinde jumsalsa, onın' son'g'ı buwınına pa't tu'sedi (sizin' qalın'ı z, sizin' tilin'i z, sizin' terin'i z, sizin' barın'ı z), al buyrıq meyildin' betlıк jalg'awı xızmetinde jumsalg'anda ol affiкsкe pa't tu'speydi. Pa't tu'birge tu'sedi (siz qa lın'ız, siz ti lin'iz, siz te rin'iz, siz ba rın'ız). Biraq, bul ayırmashılıqtı кonteкstsiz an'g'arıw ju'da' qıyın. Ayrıqsha intonatsiya menen aytılg'anda buyrıq meyil ma'nisinde ol affiкslerdin' birinshi buwınına (qalı n'ız, tili n'iz, teri n'iz, barı n'ız tu'rinde) pa't tu'siwi mu'mкin. Tartım jalg'awı xızmetinde jumsalsa, n'ız/n'iz formasına pa't tu'sedi (sizin' qalın'ı z, sizin'



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

to'len'i z), al betlik jalg'awı xızmetinde jumsalsa, og'an pa't tu'speydi (siz qala n'ız, siz to'le n'iz).

2. Feyildin' bolımsızlıq affiksi xızmetinde jumsalg'anda *ma/me, ba/be, pa/pe* formalarına pa't tu'speydi. Mısalı: *ba spa, ke spe, basla ma,. te rme, ko'rgi zbe* ha'm t.b. Al, olar atawısh so'zler jasawshı affiks xızmetinde jumsalsa, o'zlerine pa't qabıl etedi: *baspa , kespe , baslama , terme , ko'rgizbe , ezbe , gezbe* .

3. Feyildin' affiksi xızmetinde jumsalsa, shı/shi formalarına pa't tu'speydi. Mısalı: *ba sshı, qo sshı, ti lshi* t.b. Al, *shı/shi* so'z jasawshı affiks xızmetinde jumsalsa, olarg'a pa't tu'sedi. Mısalı: *basshı , qosshı , tilshi* t.b.

Joqarıdag'ı affiksler omonimlik ma'nide jumsalıp, olardın' birine pa't tu'sse, ekinshisine pa't tu'speytug'ınlıg'ın ko'rdik. Bunın' sebebi omonimlik affikslerdin' grammatikalıq-fonetikalıq jaqtan differentsiyalaw za'ru'rligine baylanıslı bolsa kerek.[1]

Geypara affikslerge ha'm ko'mekshi so'zlerge pa't tu'speydi. Mısalı: kelbetliktin' *day/dey, tay/tey* affikslerine (bala day, a ttay, u' ydey, qu rttay), ra'wishtin' *sha/she* affikslerine (adamla rsha, sizi n'she) pa't tu'speydi. Biraq, *sha/she* affikslerine pa'ttin' tu'spewi turaqlı emes: onssha , qaraqalpaqsha t.b. usag'an so'zlerde ol formalarg'a pa't tu'sip te aytıladı. *Ma/me, ba/be, pa/pe, she* soraw janapaylarına, *da/de, ta/te, g'oy, g'ana, shekem, sheyin, deyin, sayın* tirkewishlerine pa't tu'speydi. Mısalı: *bara ma, kele me, se n she, aspanda da, jerde de, me n g'oy, se n g'ana, sog'a n shekem, barg'a n sayın* ha'm t.b. Solay etip ko'mekshi so'zler o'zlerinin' aldındag'ı tiykarg'ı pa'tli so'zlerge aktsentuatsiyalıq jaqtan g'a'rezli bolıp keledi.

ushın,

[1] Qazaq tilinin' materiallarına tiykarlana otırıp, akademik S. Ken'esbaev usınday juwmaqqa keledi. *Qaran'ız:* Современный казахский язык. Алма-ата, 1962, 83-bet.



ORFOEPİYA

## § 53. Orfoepiya haqqında tu'sinik

A'debiy til ha'm onın' tarawları qa'liplesken ja'ne ha'mmege ortaq qabıl etilgen qa'delerine iye boladı. A'debiy tildin' grammatika tarawında da, leksikasında da, sonday-aq awızsha so'ylewde de belgili bir normalarg'a, qag'ıydalarg'a tiykarlanıwshılıqtı ko'remiz. Bul normalardın' buzılıwı, bul qag'ıydalardan shetlew — a'debiy tilde so'ylewden shetlew degen so'z. Tildin' so'zlik fondın quraytug'ın so'zler, tildin' grammatikalıq qurılısı sol tilde so'ylewshi xalıq ushın ortaq bolatug'ını sıyaqlı, olardan sol tilde so'ylewshiler ten'dey paydalanadı. Til seslerinen paydalang'anda ha'r qıylılıqqa, normadan shetlewge jol qoyıwg'a bolmaydı.

A'debiy tilde durıs so'ylew normalarının' jıynag'ı fonetikanın' orfoepiya[1] tarawında izertlenedi. A'debiy tildin' orfoepiyası jeke sesler ha'm ses dizbeklerinin' durıs aytılıwın u'yreniw menen birge so'zler ha'm so'z dizbeklerinin' durıs aytılıwın da izertleydi.

Ha'r bir ses o'zinin' artikulyatsiyalıq ayrıqshalıg'ına iye bolatug'ını ma'lim. Sonın' menen birge bir sestin' jeke turg'andag'ısı menen basqa sesler dizbeginde, so'z ishinde jumsalg'andag'ısı ortasında artikulyatsiyalıq jaqtan ayırmashılıg'ı bar. Belgili bir ses so'zlerde jumsalg'anda ha'r tu'rli ta'sirlerdin' sebebinen fonetikalıq jag'daylarg'a baylanıslı ma'lim da'rejede o'zgeshelikleri menen aytıladı.

Pu'tkil adamzattın' so'ylew ag'zalarının' qurılısı anatomiyalıq, fiziologiyalıq jaqtan birgelki boladı. Biraq barlıq tillerde so'ylew

[1] **Orfoepiya** — grekshe *orthos* — "durıs", *epos* — "soylew" degen so'zlerden kelip shıqqan.



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

§31. Til aldı dawıssız fonemalarının' sıpatlaması ........ 108
§32. Til ortası dawıssız fonemasının' sıpatlaması ........ 121
§33. Kishкene tilliк-til artı dawıssız fonemalarının' sıpatlaması ........ 121
§34. Kishкene tilliк dawıssız fonemalardın' sıpatlaması ........ 124
§35. Ko'meкey dawıssız fonemasının' sıpatlaması ........ 125
§36. Dawıssız fonemalardın' кlassifiкatsiyası ........ 126

## Tiyкarg'ı fonetiкalıq nızamlar

§37. Seslerdin' fonetiкalıq o'zgerisleri haqqında ........ 133
§38. Singarmonizm - qaraqalpaq tilinin' tiyкarg'ı seslik nızamı ........ 134
§39. Buwın qurılısındag'ı singarmonizm ........ 137
§40. Dawıslılar singarmonizmi ........ 145
§41. Morfemalar shegarasındag'ı dawıssızlar singarmonizmi ........ 156
§42. Dissimilyatsiya qubılısı ........ 164

## So'z qurılısındag'ı ayırım seslik qubılıslar

§43. Reduкtsiya qubılısı ........ 167
§44. Eliziya qubılısı ........ 168
§45. Epenteza qubılısı ........ 170
§46. Proteza qubılısı ........ 170
§47. Epiteza qubılısı ........ 171
§48. Metateza qubılısı ........ 172

## Buwın

§49. Buwınnın' jasalıwı ........ 173
§50. Buwıng'a bo'liw ........ 174
§51. Buwınnın' tu'rleri ........ 175
§52. Qaraqalpaq tilinde so'zliк pa't ma'selesi ........ 179

## Orfoepiya

§53. Orfoepiya haqqında tu'sinik ........ 185
§54. Ayırım dawıslı seslerdin' aytılıwı ........ 188
§55. Ayırım dawıssız seslerdin' aytılıwı ........ 189

## Jazıw ha'm imla

§56. Jazıw ha'm onın' a'hmiyeti ........ 191
§57. Jazıwdın' tariyxınan mag'lıwmat ........ 192
§58. Jazıw ........ 194
§59. A'lipbe ........ 196
§60. İmla ........ 200
§61. Ayırım ha'riplerdin' jazılıwı ........ 202



PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com

Abatbay Da'wletov

# HA'ZİRGİ QARAQALPAQ TİLİ

***F o n e t i k a***

Joqarı oqıw ornının'
filologiya fakulteti ushın sabaqlıq

*"Qaraqalpaqstan" baspası*
*No'kis — 2005*

Bas redaktor *J. İzbasqanov*
Redaktor *R. Abbazov*
Xudojnik *K. Reypnazarov*
Ko'rk. redaktor *İ. Qıdırov*

IB № 5258

Teriwge berilgen waqtı 8.09.2004. Basıwg'a ruqsat etilgen waqtı 25.01.2005. Qag'az formatı 84 x 108 1/32. Ofset usılında basıldı. Garnıturası —Times". Ko'lemi 6,5 baspa tabaq. 12,08 sha'rtli baspa tabaq. 12,84 esap baspa tabag. Ja'mi 1000 nusqada. Buyırtpa №198.

*Bahası sha'rtnama boyınsha*

„Qaraqalpaqstan" baspası:
*742 000, No'kis qalası, Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9*

Qaraqalpaqstan Respublikası Baspaso'z ha'm xabar agentliginin' JSHJ No'kis poligrafkombinatı
*742 000, No'kis qalası, Qaraqalpaqstan ko'shes.*

PDF created with pdfFactory Pro trial version www.pdffactory.com